# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**март 2 апрель**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид, Кхъуэlуфэ Хьэчим,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2019

# Псалъащхьэхэр


**ЖьантIэ**

*УсакIуэ Ацкъан Руслан илъэс 70 ирокъу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Си къежьапIэмкIэ згъэзэжынт. *Интервью* .... 3
**БакIуу Хъанджэрий.** Ацкъан Руслан и сонетхэм теухуауэ.................. 12
**Ацкъан Руслан.** *Сонетхэр* .................................................... 19

**Прозэ**

**КIэбышэ Лилэ.** Си блэкIам есщIэнур сыт? *Повесть* ........................ 35
**Лагулаа Анатолий.** *Рассказхэр* ................................................ 81

**Литературэ щIэныгъэ. Критикэ**

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Зи усыгъэр щIэщыгъуэ...................................... 95

**Усыгъэ**

**Гугъуэт Заремэ.** *Усэхэр* ........................................................ 101

**Публицистикэ**

**Къумахуэ Аслъэн.** Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ.......................................... 109
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь....................................... 121

**Культурэ**

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Нэхей Аслъэн: Сэ макъамэр сытым дежи си псэм хэлъщ. *Интервью* .............................. 133
**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Адыгэ театрым и вагъуэщIэ цIыкIу *Интервью* ................................................. 141

**Егъэджэныгъэ. Гъэсэныгъэ**

**Истэпан Залинэ.** Зи IэщIагъэм къыхуигъэщIа........................................ 149

**IуэрыIуатэ**

Нарт ШукIасэ и хъыбархэм щыщщ........................................................ 154

**Сабийхэм папщIэ**

**Перро Шарль.** *Таурыхъэхэр* ..................................................... 159

**Мыз Ахьмэд.** Псалъэзэблэдз.......................................................... 166

*УсакIуэ Ацкъан Руслан илъэс 70 ирокъу*





# СИ КЪЕЖЬАПIЭМКIЭ ЗГЪЭЗЭЖЫНТ

*КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ усакIуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Ацкъан Руслан и тхыгъэщIэхэр япэу щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ изыхьэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщщ «Iуащхьэмахуэ» журналыр. Дэтхэнэ цIыхуми ещхьу, Руслан езым и гупсысэкIэ, и гъащIэ еплъыкIэ иIэжщ. Дэ усакIуэ цIэрыIуэр зэрытцIыхур и творческэ дунейрщ, и IэдакъэщIэкIхэм щIилъхьэ гупсысэхэрщ, ар къызэриIуатэ и бзэрщ.*

*Адыгэ литературэм и классикхэм дащыхэплъэкIэ, Ацкъаныр иджырей тхакIуэу зэрыщытым, гъащIэм и купщIэмрэ и зэхэлъыкIэмрэ философие куу щIэлъу къызэригъэлъагъуэм, лъэпкъ IуэрыIуатэр зи тегъэщIапIэ тхыгъэхэр и Iэдакъэ къызэрыщIэкIым ар адрейхэм къахегъэщ. Адыгэ литературэм и хэлъхьэныгъэ къызэрымыкIуэщ абы адыгэбзэм къригъэзэгъа Лермонтов Михаил и кавказ поэмэхэри – «Шэрджэсхэр», «Кавказ гъэр», «Къанлы», «Исмэхьил-Бей», «Бэстунджы жылэ», «Абрэдж Хьэжы», «КIуэрыкIуэсэж», «Демон», «Мцыри». Мы поэмибгъур урысыбзэкIэ ятхауэ зэрыпщIэн щымыIэу, адыгэбзэ бейкIэ, къабзэкIэ, куукIэ ди пащхьэ кърилъхьащ усакIуэм.*

*Дунейпсо усыгъэм и дахапIэхэр пшыналъэ гуакIуэу зи псалъэхэмкIэ къэзыгъэлъэгъуэф, адыгэ лъэпкъым и щхьэхуэныгъэхэмрэ цIыху гъащIэм и*

*купщIэмрэ псалъэ зэгъэкIуахэмкIэ ди пащхъэ къизылъхьэ усакIуэм, и юбилейр ди тегъэщIапIэу, дэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.*

**– Руслан, ди псалъэмакъыр есшэжьа зэрыхъунум согупсыс. Нэхъ жыжьэмкIэ къыщедгъэжьэн, хьэмэрэ, нобэм къыщыщIэддзэу, блэкIамкIэ дыIэбэжын?**

– Псом нэхърэ нэхъыщхьэр щIэдзапIэрщ, къежьапIэрщ. Сэ сыщалъхуащ Лэскэн аузым, псэр зыгъэпсэху икIи зыгъэпIейтей щIыпIэ дахэм. Си къуажэ цIыкIур, Ерокъуэ, зы унагъуэшхуэ хуэдэт, зыр зым дэIэпыкъуу псэурт. Нобэм къэсыхукIэ си нэгу къыщIохьэж щIыхьэхукIэ зэджэу щыта ди зэхуэсхэр. Зыгуэрым унэ ищIын хуей хъуамэ, чырбыш ящIыну ятIэр псоми зэгъусэу лъакъуэкIэ дутэрт, ар ныбафэм телъу тхьырти, къизыгъэжыкIхэм еттырт. Махуэ псом апхуэдэу дылажьэрт, икIи дештэкъым. Чырбышыр зыгъэж «IэщIагъэлIхэр» къытщытхъуамэ, дамэ къыттекIауэ къэтлъытэрт. Зыгуэрым сэбэп дызэрыхуэхъум къару къыдитт. Абы щыгъуэм зыхэсщIэу щытар ноби си лъым хэтщ. ТIэкIу зыдагъэгъэпсэхуну дагъэтIыса нэужь, къыдату щыта шхын къызэрыгуэкIыр-щэ! Абы и IэфIыр нобэми си Iум итщ. Дызэрызэдэшхэра хъунт къызыхэкIыр. Фыгъуэ е нэгъуэщIым еиж слъэгъуауэ къысхуэщIэжыркъым абы щыгъуэм. Аращ сэ сыкъызыхэтэджыкIар, си псэукIэ хъунум лъабжьэ хуэхъуар.



**– Дэтхэнэ зы сабийри дэзыхьэх куэд щыIэщ. Е и ныбжьэгъухэм я гъусэу мэджэгу, е езым нэхъ фIэфI Iуэху гуэрхэм иужь итщ. КIэщIу жыпIэмэ, сабиигъуэ иIэщ, уэ апхуэдэ пIалъэ уимыIауэ ара?**

– Дэ хабзэ ткIийм дыщIапIыкIащ. Илъэситху-хы сыщыхъум къыщыщIэдзауэ сэ къалэн гуэрхэр си пщэм дэлъу щымытауэ сщIэжыркъым. ИужькIэ, япэу стха усэхэм ящыщ зым хыхьащ абы щыгъуэм сиIа щытыкIэр.

*Бжыхь схурт си адэм щIыгъуу. Сабиигъуэр*
*сэ страхауэ къэслъытэжт имыгъуэу.*

*Мы Iуэхум зыкIи си гур химыгъахъуэт,*
*ауэ, чы лантIэу, къагъэшт си пагагъэр.*

*Щызухуэрти си пщIыхьхэм сэ чэщанэ,*
*бжыхь хунырт къысхуэнэжыр, нэхур щамэ.*

*Си адэм ибжт захуагъэм я нэхъыщхьэу,*
*балигъ сыхъухукIэ, си пщIэнтIэпс мыгъущым.*

*Бжыхь тхурт, си сабиигъуэр хэдухуанэу,*
*Iэнэ лъакъуищыр къигъэувыхукIэ нанэ.*

*Чыхэр хуэсшийт си адэм, сигу пымыкIыу,*
*абыхэм сышэсыну си нэ къикIыу...*

Мис аращ зэрыщытар, ауэ абы зыкIи сыхущIегъуэжыркъым, зыгъэгусэныгъэ гуэри си гум къинакъым. Си сабиигъуэр апхуэдэу мыкIуамэ, гъащIэр иджы хуэдэу IэфIу зыхэзмыщIэнкIэ хъунт.

**– Иджы уи гъащIэр зытеухуа хъуам нэхъ гъунэгъуу декIуэлIэнщ. Тхэным гу хуэпщIын хуей щIэхъуаращ жыхуэсIэр.**

– Си Iуэхуми щIэщыгъуэу зыри хэлъкъым. IуэрыIуатэм сыдихьэхат, нэхъыжьыфIхэм яIуэтэж хъыбархэм седэIуэну сфIэфIт. ЛIыжьхэр дэнэ деж щетIысэхми, абыхэм гъунэгъу зэрызахуэсщIын Iэмал къэзгъуэтырт, я псалъэмакъыр хъыбархэм зэрыхуэкIуэжынур сщIэрти. Пасэ дыдэу стха усэхэм ящыщ зым щыщщ мы сатырхэр:

*БжэIупэм лIыжьхэр щоуэршэр,*
*хъыбархэр зэпадзыжу.*
*Дзэ узыр зэуэ сщогъупщэж,*
*лIыгъэнши зэспэсыжкъым.*

Нарт хъыбархэр щызэхуэхьэса тхылъышхуэр си блэгущIэм щIэлъу къесхьэкIыу щытащ, сришэхыу. ЖэщкIэ ар си пIэщхьагъым щIэлът, ара хъунщ нарт лIыхъужьхэм сахэту куэдрэ пщIыхьэпIэ щIэслъагъур. IуэрыIуатэм ижь зыщIимыхуар усакIуэ хъуну си фIэщ хъуркъым.

**– Уи усэхэр хэт япэ дыдэу зэбгъэлъэгъуар?**

– Сэ адэ къуэш гъуэзэджэ сиIащ. Ар къалэм дэст, инженер Iэзэт, имыщIыф дунейм теттэкъым. Къуажэм нэкIуэжыху ди деж ныдыхьэрт. Езым фIыуэ илъагъу и IэщIагъэм сыхуригъэджэну хуейти, сыкъигъэдэIуэну хэтт, ауэ зыри спихыртэкъым, си гур нэгъуэщIым зэрыхуэзгъэпсри схужеIэртэкъым. Сытми, зы махуэ гуэрым къызжьэдишащ си мурадыр. «НтIэ, птха гуэр къысхуеджэт», – къыспиубыдащ абы. СикIуэтыжыну Iэмал сиIэтэкъыми, си уэншэкум щIэзгъэпщкIуа тхылъымпIэ кIапэхэр къэсхьащ. СыукIытапэурэ щIэздза щхьэкIэ, сыкъызэрыкIри, стха усэ зытIущым абы сыкъыхуеджащ. «Уи гъуэгур езым къыхэпхыжа хуэдэщ, афIэкIа хэгъэзыхь щыIэкъым, – жиIащ абы, хэплъэу тIэкIу щыса нэужь. – СыбгъэгуфIащи, сэри узгъэгуфIэжынщ куэд мыщIэу».

Си адэ къуэшым сыщигъэгуфIэнум тепыIэншэу сыпэплъэу щIэздзащ. Ар къуажэм къызэрымыкIуэжа махуэ зытIур мазэ бжыгъэу къысщыхъуат. Си щхьэм Iэджи щызэблэзгъэкIт, ауэ лъакъуэрыгъажэ къызэрысхуащэхунур нэхъ тезгъакIуэрт. Iуэхум сызэрыпэмыплъауэ зыкъызэридзэкIащ. «НакIуэ си гъусэу, – жиIащ абы зы махуэ гуэрым, ди пщIантIэм къыдыхьэурэ, – си гуфIапщIэр уэзгъэлъагъунущ». Къуажэбгъум дызэрынэсу, джабащхьэ лъагэм тет жьыху инывщэр къэслъэгъуащ. Ар зыкIэ дахэу джэрэзти, зигъафIэ щIыкIэу зигъазэу! Си нэр къысхутехыртэкъым. «Мор уэ пхуэсщIащ, – жиIащ си адэ къуэшым. – УсакIуэм жьыр къыщепщэ лъэныкъуэр ищIэу щытын хуейщ»... Илъэс куэд дэкIа нэужь, «Пшэм хэт унэ» поэмэм къыщызгъэсэбэпащ мы жьыхум и хъыбарыр.

**– ГукъэкI гъэщIэгъуэнщ. ИужькIэ поэзием нэхъ хэзыщIыкI гуэрхэми ебгъэлъэгъуа хъунщ уи усэхэр.**

– Дауи. НэхъыбэӀуэ стха нэужь, къалэм сыкӀуэну мурад сщӀащ, си адэ-анэри къэзгъэдэӀуат саутӀыпщыну. Къэнэжыр хэт и деж сыкӀуэнуми зэхэзгъэкӀынырт. Дызэреджэ тхылъхэм ит усакӀуэхэм я сурэтхэм сеплъурэ, ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм сыкъытеувыӀащ – и нэгур нэхъ зэӀухауэ, нэхъ цӀыху гуапэу къысщыхъуат. Зы пщэдджыжь гуэрым тездзэри сыкӀуащ къалэм, гъуэгупщӀэ тӀэкӀурэ зы морожнэ уасэрэ бжауэ сӀыгъыу. ЗэрысщӀэжымкӀэ, Ӏэдэм «Ӏуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэт а зэманым. Ӏэдэм лэжьапӀэм щымыӀэу къыщӀэкӀащ. Апхуэдэу щыхъум, щыпсэур зэхэзгъэкӀри, и унэ сыкӀуащ. Згъэзэж хъунутэкъым, иужькӀэ щӀэх дыдэ сытемыгушхуэжынри хэлът. УсакӀуэр егъэлеяуэ гуапэу къысӀущӀащ, си усэхэри сӀихри, абы щыщу тӀу и журналым къытридзат. Абы сызэригъэгушхуам ущӀэмыупщӀэми хъунущ.

**– ИтӀанэ-щэ?**

– ИтӀанэ Тхьэгъэзит Зубер и деж сыкӀуащ, Нало Заур и деж сыкъыщыщӀидзащ...

**– Абыхэми къыбдаӀыгъа усакӀуэ ухъуну узэрыхуей гукъыдэжыр?**

– КъыздаӀыгъа къудейкъым, хуабжьу щӀэгъэкъуэн къысхуэхъуахэщ. ИужькӀэ Зубер шынэхъыжьыфӀым хуэдэ схуэхъуащ, Заури псэуху кӀэ и нэӀэ стригъэкӀакъым.

**– Курыт еджапӀэр къыщыбухым узыхуеджэнур къыхэпхакӀэу зэрыщытар гурыӀуэгъуэщ. Ущеджэну щӀыпӀэр дауэ къыхэпха хъуа?**

– Мэзкуу сыкӀуэу литинститутым сыщеджэну Ӏэмал сиӀащ, зэи сежьат, ауэ къэзгъэзэжащ. КъызгурыӀуащ адыгэбзэр кууу зджымэ зэрынэхъыфӀыр. Апхуэдэу ди университетым сыкъыщыщӀидзащ. Абы зыкӀи сыхущӀегъуэжыркъым. ЕгъэджакӀуэ гъуэзэджэхэр сызэриӀам нэмыщӀ, университетым сащыхуэзащ иужькӀэ ныбжьэгъу пэж схуэхъуахэу ӀутӀыж Борис, ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд, Абдокъуэ Ӏэуес, Хьэх Заурбий, нэгъуэщӀхэми. Абыхэм куэд къапысхащ щӀэныгъэ, адыгагъэ я лъэныкъуэкӀэ, утыку сихьэу срагъэсащ. Ахэр зыкъомкӀэ нэхъыжьт, гъащӀэм фӀыуэ хащӀыкӀырт. Ар нэгъуэщӀ лъэхъэнэт. Дэ, зэрыжаӀэу, Ӏэжьэкъур итчырт. Езым ди блын газет къызэрыдэдгъэкӀым нэмыщӀ, ди республикэм къыщыдэкӀ газетхэм щхьэкӀэ литературэм и напэкӀуэцӀхэр дгъэхьэзырырт, радиомкӀэ дыкъэпсалъэрт, телевидением дынэсырт. ИужькӀэ, ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд университетым къыщыдэкӀ газетым и редактор хъуа нэужь, абыи щӀэх-щӀэхыурэ къытехуэ хъуащ ди тхыгъэхэр. А псори дызыхэтыну гъащӀэм дыхуэзыгъэхьэзырт.

**– ИужькӀи ныбжьэгъу пэж зыбжанэ зэрыбгъуэтам дэ фӀыуэ дыщыгъуазэщ, ныбжьэгъугъэр уэ зыхуэбгъадэ зэрыщымыӀэри дощӀэ.**

– СиӀэщ ныбжьэгъуфӀхэр. Ахэр куэд хъункӀэ хъунукъым. Зыгуэр бгъэныбжьэгъуныр псэм и дежкӀэ лэжьыгъэшхуэщ, абы зыри лейуэ къыкӀэрыпщӀэ хъунукъым, ущызэпхыплъу щытын хуейщ. «Ныбжьэгъур уи гъусэу ныбжь зыдзырщ», – щыжысӀауэ щытащ си усэхэм ящыщ зым. Си ныбжьэгъуфӀхэщ ХьэӀупэ ДжэбрэӀил, Тут Заур, къуэшми йофӀэкӀ жыхуаӀэм хуэдэу. Мыбыхэм япэу сащыхуэзам иджыри курыт еджапӀэм сыщӀэст. Ахэр дауэ иужькӀэ згъуэта ныбжьэгъухэм зэрахэзбжэнур? Нэхъ иужькӀэ къэсцӀыхуахэщ, ныбжьэгъу пэж схуэ-

хъуахэщ сурэтыщI Iэзэхэу Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Црым Руслан. Абыхэм сыткIи си дзыхь схуегъэзынущ. Дэ ди гупсысэкIэ зэтохуэ, абы мыхьэнэшхуэ иIэщ.

**– Иджы литературэ Iуэхумкlэ къэдгъэзэжынщ. Уэ блэкIа лIэщIыгъуэм и блыщI гъэхэм ди литературэм къыхыхьахэм уащыщщ. А лъэхъэнэр сыткIэ къыщхьэщыкIрэт нобэ къекIуэкIым, литературэм егъэщIылIауэ жыпIэмэ?**

– Къэралри цIыхухэри литературэм зэрыхущытыр нэгъуэщIт. Талант гуэр уиIэу къалъытамэ, уагъэгушхуэнут. Еджэр куэдт. Уи лэжьыгъэм къыпэкIуэри мащIэтэкъым. ТхакIуэхэм я союзым а зэманым лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIырт, литературэм къыхыхьэ щIалэгъуалэм защIигъэкъуэнкIи хузэфIэкI къигъанэртэкъым. Псори зэлъытар Iуэхум къэралыр зэрыбгъэдыхьэрщ. Абы щыгъуэм лъэпкъ цIыкIухэм я литературэхэр, урыс литературэм ещхьыркъабзэу, яIэту щытащ. Къэралым мылъкушхуэ тригъэкIуадэрт ахэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыным, утыкушхуэ ишэным. УрысыбзэкIэ зэрадзэкIа тхыгъэхэм адрей лъэпкъ псори щыгъуазэ хъурт. Нобэ езым мылъкушхуэ хэплъхьэн хуейщ, апхуэдэ утыку уихьэн щхьэкIэ. Ар усакIуэм, тхакIуэм хузэфIэмыкIын Iуэхущ.

**– КъызэрыщIэкIымкIэ, дякум блын къыдагъэуващ.**

– Апхуэдэу къыщIокI. А блыным дызэребэкъуэн Iэмалхэм дылъыхъуэн хуейщ.

**– Уэ дауэ къэплъытэрэ ди лъэпкъ литературэм нобэ и зэфIэкIыр? Ди литературэр и пIэм иуджыхьу къэзылъытэхэр щыIэщ…**

– Япэрауэ, убэн зи мыжагъуэ сыт щыгъуи щыIащ. Апхуэдэхэм я нэхъыбэр зэмыджам, зыщымыгъуазэм топсэлъыхь, блэкI пэтрэ зыгуэрым жиIар ягъэныщкIун яфIэфIщ. Махуэ къэс зыгуэр имытхмэ, усакIуэр е тхакIуэр литературэм къыхэхуауэ къэзылъыти щыIэщ. АтIэми дэ дыщыгъуазэщ мащIэ дыдэ фIэкIа зымытхауэ классикхэм хабжа усакIуэхэр зэрыщыIэм. Нэхъыщхьэр бжыгъэркъым, купщIэр зыхуэдэрщ. Нобэ ди литературэм къыщIэхъуэ щIэблэм мыпIащIэу, уигу ягъэзагъэу тхэ яхэтхэщ. Сэ абы егъэлеяуэ сыщогугуфIыкI.

**– Иджы а литературэр къызыхэкIыж гъащIэм тIэкIу дытепсэлъыхьамэ арат. Уи тхыгъэхэм ятеухуауэ профессор ЩоджэнцIыкIу Нинэ итха лэжьыгъэм сфIэфIу седжауэ щытащ. ЛIэныгъэм теухуа уи усэхэр зэпкърихыурэ, ар гъащIэм и IэфIагъым топсэлъыхь. ГъащIэр фIыуэ плъагъун щхьэкIэ, лIэныгъэр зищIысыр пщIэн хуейщ – аращ уи усэхэм хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр.**

– Нинэ гупсысэ куу, гулъытэ нэс зиIэ къэхутакIуэщ. Сатыр зэхуакухэм щызгъэпщкIуу си гугъэж гупсысэхэр тыншу къегъуэт абы. Сыт гъащIэр зищIысыр? А упщIэм нэсу жэуап езыта щыIэу си фIэщ хъуркъым. Зы цIыху цIыкIум и гъащIэр дуней псом пыщIащ, дунейм кIэ иIэкъым. ЗищIысыр зэрумыщIэращ гъэщIэгъуэну гъащIэм хэлъыр. Ар къэхутэным и ужь уитыху уопсэу.

**– Уэ дауэ упсэурэ нобэ?**

– Адрей псоми хуэдэу. ФIыуэ слъагъу си лэжьыгъэм зэман куэд тызогъэкIуадэ, къысщIэхъуэ щIэблэм гулъытэ нэхъыбэ

зэрыхуэсщIыным иужь ситщ. Псэгъэтыншу сиIэщ си Iыхьлыхэр, си ныбжьэгъуфIхэр.

**– А псоми закъыдэбгъэахуэу ущытхэр сытым деж, Руслан?**

– Сэ сытIысу зэи сытхэркъым. Стхам и нэхъыбэр уэрамым сыдэту, къыздэскIухьым, къэкIуащ. Усэр си гум щызэпкърыува нэужь, тхылъымпIэм дзыхь хузощI.

**– ГъащIэм щекIуэкIыу хъуар псом япэ усакIуэм и гум зэрыпхыкIым шэч хэлъкъым. А псор дауэ абы зэрыхуэхьыр?**

– Усэм хелъхьэ. Аращ къезыгъэлыр. УсакIуэм гуауэри гуфIэгъуэри егъэлеяуэ зыхещIэ, атIэми абы и Iуэху зытетыр къызыгурыIуэр мащIэщ, усэ къызыгурыIуэр зэрымащIэм ещхьу. А къызыгурыIуэ мащIэр щыIэху – усакIуэри щыIэнущ.

**– Сэ зэрысщIэмкIэ, уэ птхащ усэу щэ бжыгъэ, поэмэ зыбжанэ, философие куу зыщIэлъ сонету щитIрэ хыщIрэ, рассказхэр, новеллэхэр. Лермонтовым и Кавказ поэмэхэр адыгэбзэкIэ ятхам хуэдэу зэрызэбдзэкIар псоми ящIэ. ПщIэрэ щхьэрэ уиIэу илъэс бжыгъэ гуэри, жытIэнкъым ар куэд хъуэ, къэбгъэщIащ. Иджыпсту сыт хуэдэ гугъэ пщIыми къохъулIэнущ жаIамэ, дэтхэнэ уи гукъыдэжрауэ пIэрэт япэ къиищынур?**

– Си къежьапIэмкIэ згъэзэжынт...

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**



И адэ Хьэсбий.



И анэ Рае и гъусэу. *1978*





И къуэ Ратмир и гъусэу. *1979*





Кинорежиссёр цIэрыIуэ Сокуров Александррэ композитор ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ я гъусэу. *2017*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* Адыгейм щыщ композитор цIэрыIуэ Нэхей Аслъэн, уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Тут Заур, Ацкъан Руслан сымэ. *2006*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* Ацкъан Руслан, усакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Шкляревский Игорь, Къунаш Хьэсэнбий сымэ. *Iуащхьэмахуэ лъапэ. 1978*





УсакIуэ Гъубжокъуэ Лиуан и гъусэу. *1986*

# АЦКЪАН РУСЛАН И СОНЕТХЭМ ТЕУХУАУЭ

Къэбэрдей-шэрджэс усакӀуэхэм ящыщу сонет нэхъыбэ дыдэ зытхар Ацкъан Русланщ. Абы и ӀэдакъэщӀэкӀхэр я темэкӀи, я ухуэкӀэкӀи, я фащэкӀи зэмыфэгъущ. Адрей адыгэ усакӀуэхэм я нэхъыбэм къагъэсэбэп «инджылыз сонет» фащэр куэду хэтщ абы и поэзием, ауэ «итальян сонет» ухуэкӀэри ӀэщӀыб ищӀакъым.

Сонетыр лирикэ пкъыгъуэм хабжэ, зытепсэлъыхь, къызэкӀуэцӀих темэкӀэ ар бгуэш хъунущ пейзажым, жылагъуэм («граждан лирикэ» жыхуаӀэрщ), философием, хэкум теухуауэ. Ацкъаным и сонет куэдым лъабжьэ яхуэхъуащ псэукӀэм, цӀыхугъэм, адыгагъэм, нэмысым хуэгъэза гупсысэхэр. УрохьэлӀэ цӀыхум и хьэл мыхъумыщӀэхэр сэтей къэзыщӀхэми. Апхуэдэщ, псалъэм папщӀэ, Ацкъаным илъэс зыкъомкӀэ узэӀэбэкӀыжмэ итха «ТхьэмыщкӀэщ, хэтми, мылъкум дихьэхар» сонетыр. Мыр и зэхэлъыкӀэкӀэ «итальян» сонетщ, катрену тӀурэ терцету тӀурэ зэпхащ. УсакӀуэм къелъытэ нэпсеиныр хущхъуэ зыпэмылъэщ узу. Абы цӀыхухэр зэрегъэукӀ, мылъку нэпцӀым щхьэкӀэ «ящыгъупщауэ Тхьэм къыщӀигъэщӀар». Сонетым и мыхабзэу, и кӀэ сатырищым деж парадокс Ӏэмалыр къегъэсэбэпри, усакӀуэм апхуэдэ цӀыхур ауан ещӀ:

*«СылӀарэ, жылэр пщӀантӀэм къыдыхьам,*
*Нэхъыбэм ялъагъунут си псэукӀэр», –*
*ӀэщӀокӀ гупсысэ мылъкум дихъэхам.*



ИщхьэкӀэ зэрыжытӀащи, «инджылыз сонетхэр» куэдрэ еух гупсысэ нэхъыщхьэр къызэщӀэзыкъуэж сатыритӀкӀэ, апхуэдэ Ӏэмалым «резюме»-кӀэ йоджэ. Ацкъан Руслан и япэрей сонетхэм къыщыщӀэдзауэ ар къегъэсэбэп, философие зыщӀэлъ гупсысэхэр сонетым и «пащӀэӀуантӀэ» ищӀыжурэ. Къэтхьынщ «Щхьэегъэзыпӏэ» тхылъым итхэм ящыщу щапхъэ зыбжанэ: «ЗэрыжаӀащи – дунеижьыр хьэхущ. Нэхъ инщ птелъ щӀыхуэр, нэхъ куэд къэбгъэщӀэху»; «И пэжыр зыщӀэ щымыӀэн. Тэлай къэсыху езым и пэж иӀэжщ»; «Дунейр зы гъуэмбщи, гъуэмбри зы дунейщ. А тӀум нэхъ хуитыр зыщӀэ гъуэтыгъуейщ». «ӀэпапӀэ хуэлъэу щылъщ мы дунеижьыр. Ар щомэхъашэ япэ къэс лъэужьым»; «ЗищӀысыр умыщӀэхущ мы гъащӀэм хэлъыр, насыпщ, умылъагъухукӀэ абы къуэлъыр»; «ПсэухукӀэ къыщагъэпщкӀу и вагъуэр цӀыхум, щыкӀуэдыжынум дежщ щызэрыцӀыхур».

Ацкъан Руслан и сонетхэр я поэтикэкӀэ епхащ адыгэ гупсысэкӀэм, менталитетым, адыгэ мифологием, фразеологием, лъэпкъ нэпкъыжьэ щӀаӀэри аращ. Шым пыщӀа образхэр къэзымыгъэсэбэп адыгэ усакӀуэ щыӀэу къыщӀэкӀынкъым, КӀыщокъуэ Алим я пашэу, ауэ Ацкъаным и сонетхэм ящыщ зым щыжиӀэр щӀэщыгъуэщ: «Си гъащӀэр, шэсурэ гупсысэм, къытригъэзэжу зекӀуэ макӀуэ».

Поэтикэ и лъэныкъуэкӀэ Ацкъаным Ӏэзэу къегъэӀэрыхуэ олицетворенэр, зэгъэпщэныгъэр, метафорэхэр. Къэтхьынщ щапхъэ:

*Ныжэбэ си гупсысэр щтэӀэщтаблэщ,*
*Къыхыхьэри хэкӀыжри къысхуэмыщӀэу.*

*Псэр жьым ириудэкI уэздыгъэу маблэ,*
*Уэгу щIагъым щызэблэкIым къыхэмыщу.*

*Сыт псэр зищIысыр, сыт ар зыщыгъуазэр?*
*Толъэт а упщIэр Iупэм, хъэндырабгъуэу.*
*Абдежым щIыIэу погуфIыкIыр мазэр,*
*Ауан щэхурыпхъуэр хоцIуукI Шыхульагъуэм.*

УсакIуэм псоми псэ хелъхьэ: гупсысэр щтэIэщтаблэщ, псэр жьым иреудэкI, мазэр погуфIыкIыр щIыIэу, ауаныр щэхурыпхъуэщ. Иужьрей строфам (катреным) хэт зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэныр: «Толъэт а упщIэр Iупэм, хьэндырабгъуэу» жыхуиIэр щыхьэт тохъуэ усакIуэм и Iэзагъэм.

Сурэт щIам хуэдэу, Ацкъаным уи нэгу къыщIегъэувэ дунейм и щытыкIэр, абы дахагъэу тетыр, зымащIэ дыдэми мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Мыбдеж щапхъэу къэтхьынщ зы сонет къызэрыщIидзэ строфар:

*Мыл гъуанэм къощыр псыежэхыр,*
*И щхъэ хуэпсальэу къысщыхъужу,*
*Къыхэпс щхъуантIагъэм сыдихъэхыу*
*Зыхузогъэщхъри – сыщIогъуэжыр.*

Псыр «и щхьэм хуэпсалъэу» йожэхыр (зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэтщ), мыл гъуанэм и дамэдазэм дэплъым «дунейр езым ей къыщохъуж». ЦIыхур куэд хуейкъым езым и мыхьэнэм егупсысыжын папщIэ. Сонетыр зэриух сатыритIым ар дыдэрщ къикIыр: «Уи лъэкIым пфIэщIми дунейр зэлъищIысу, зытIэкIущ къозыгъэщIэжыр узищIысыр». Мыр философие зыщIэлъ гупсысэщ, куэдым уи гур зыгъажэщ.

ЗымащIэ дыдэкIэ, Iуэхугъуэ цIыкIукIэ гупсысэ куум ухуэзышэ сонет и мащIэкъым Ацкъаным. Къэтщтэнщ абыхэм ящыщ зы. Сонетыр къызэIуех мы строфам:

*Сэ пхуэсщIэфынур мащIэщ, икъукIэ мащIэщ,*
*Сыббгъэдэтынщ псэ къабзэкIэ – ар сыт,*
*Псэр хиутэжу зекIуэ хъуащи гъащIэр,*
*Си гъусэу жыжьэ унимыгъэсын.*

«Псэр щыхаутэж зэманыр» – ар дызытетхыхь иужьрей илъэсхэрщ, а псалъитI-щым къагъэлъагъуэ ди лъэхъэнэ зэхэтхъуар. Псэ къабзэкIэ цIыхум убгъэдэтынми къаруушхуэ зэримыIэжыр кIэщIу къеIуатэ усакIуэм. АдэкIи къеIуатэ нэгъуэщIым хуищIэфыну мащIэ дыдэхэр: «Сэ пхуэсщIэфынур зырикIщ, ауэ игъуэщ, ущыщIилъафэм узэпхъуэн зы шхийщ. ПхуэсIуэтэфынущ зы хъыбар щIэщыгъуэ, ущIригъэгъуэжу, ущикIынум хъийм». Ещанэ строфам деж абы къыдыщIегъу: «Зы пхуэзмыщIэфу щытми – услъагъунщ». Строфаищым я къыщIэдзапIэ сатырыр рефрену къытрегъазэ. «Сэ пхуэсщIэфынур мащIэщ, икъукIэ мащIэщ», абыкIэ усэм еджэр «хуегъэхьэзыр» иужькIэ жиIэну гупсысэм:

*ИкIа фочышэр, гъущIыр зэпхигъэзу,*
*КъигъэувыIэнкIэ мэхъур тхылъымпIэпсым.*

Литературэм ущиен гъущэр и къалэнкъым, ауэ цIыху гъэсэныр IэщIыб ищI хъунукъым. УсакIуэхэм я къалэныр цIыхум образкIэ къыгурыгъэIуэнырщ дахэр, Iейр, фIыр, цIыхур зыгъэпIейтейр, зыгъэгузавэр, зыгъэгуфIэр, абы и псэр зыгъатхъэр, н.къ. ГъащIэм и пэжыр, ар зэрыпхъашэр, зэзэмызи зэрыгущIэгъуншэр къызыгурымыIуэхэм яхуэгъэзащ Ацкъаным и сонет къыкIэлъыкIуэр: «УфIэщщIыгъуафIэу уи нэм къысхуаIуатэ...»

УсакIуэм ди пащхьэм кърегъэувэ цIыху хьэрэмыгъэншэм и образыр, абы и нэм «къощ щыуагъэу къыпэщылъхэр», «и нэгум хьэндырабгъуэ щызолъатэ», и псэри къыпфIощI кIэлъызелъатэу, абы дежкIэ «вагъуэр щыфIэдзащ бжыхь кIапэм», «дыгъэр кхъужьей щхьэкIэм фIэсщ». Апхуэдэ цIыху хьэлэлым, гу зэIухам чэнджэщ папщIэу жреIэ авторым:

*Си гъащIэр стынщ уэр щхьэкIэ къыбжезыIэр,*
*ЩIэфыгъуэжынкIэ мэхъу зы махуэ псыIэм.*

Адыгэ IуэрыIуатэм хэтщ къебжэкI хуэдэу гъэпса хъыбар хьэлэмэт. Ар теухуащ дунейм щынэхъ лъэщым, абы щытепщэм: дыгъэм, пшэм, мазэм, жьыбгъэм... Ар и тегъэщIапIэу, философие гупсысэ дахэ зыхэлъ сонет къигъэщIащ Ацкъан Руслан:



*ЗриупцIыжу, зыгуэр уафэм щофэ,*
*ирикIуташ аргуэру шагъыр плъыжьыр.*
*Гу жан ищIащ мэ гуакIуэм дунеижьыр,*
*акъужь Iущабэм губгъуэ псор къыдофэ.*

IуэрыIуатэм дунейм и къэхъукъащIэхэр къару закъуэкIэ щызэпеуэмэ, Ацкъаным и сонетым деж а къарухэр дунейр дахэ щIынымкIэ, егъэфIэкIуэнымкIэ щызэпоуэ: акъужьыр Iущабэщ, дыгъэ гумызагъэм (эпитет щIэщыгъуэщ!) уэгу лъащIэм къримынэ бжьыгъэ закъуэ, ауэ «дыгъэри щтапIэ» изыгъэхьэж къаруи щыIэщ. Сонетыр еух упщIэкIэ:

*Щытепщэр хэт атIэ мы дунеижьым?*
*Хъун дыщIэупщIэ? Е нэхъыфI дымыщIэм?*

Жэуап щыIэкъым, ар къыхуонэ тхылъеджэм.

Ацкъан Руслан и сонетхэр темэкIэ зэхэбдзу щIэбдзэмэ, гу лъумытэну Iэмал иIэкъым лъэпкъым, хэкум, цIыхугъэм ятеухуа лирикэр зэребэкIым. Лъагъуныгъэ лирики хэтщ къищтэ темэхэм, ауэ ар мащIэщ. Абыхэм ящыщ зыщ мыр - «Аргуэру гъэрэ щIырэ зэхэкIащ». Лъагъуныгъэр зищIысыр цIыху псоми къазэрыгурыIуэр зэтехуэркъым, зы усакIуи щыIэу къыщIэкIынкъым а гурыщIэ дахэр и кIэм нэс къиIуэтэфауэ, ауэ дэтхэнэ зыри блэкIыфыркъым а темэм. Ацкъаным къигъуэтащ езым и еплъыкIэ:

*Аргуэру гъэрэ щIырэ зэхэкIащ,*
*сыкъигъэпцIакIэщ сэри лъагъуныгъэм.*

*СфIэщIат къыптепсэм хуабэ зэфIэкIа,*
*щIэрэщIэжыным щхьэкIэ гъащIэ ныкъуэр.*

Лъагъуныгъэр хуабэ къудейкъым зыхуейр, «Ялъагъумэ хуабэ, жыгхэри къотIэпI». Аргуэру гъэрэ щIырэ зэхэкIащ, ауэ лирическэ лIыхъужьыр аргуэру «пыкIащ и гухэлъым» щыщ зым. ИкIэ сатыритIымкIэ усакIуэм лъагъуныгъэр еIэт, езым къызэремыхъулIэм щхьэкIэ къэмынэу: «ИтIани гъащIэ хъужыр лъагъуныгъэрщ. Аращи мафIэр – адрей псори Iугъуэщ». Дахэу, гукъинэжу жиIащ.

Ацкъаным 2010 гъэм къыдигъэкIа «Сонетхэр» усэ тхылъым и пэублэ псалъэм щIэныгъэлI Гъут Iэдэм тэмэму гу щылъитащ усакIуэр, «сыт хуэдэ темэ къыхимыхами, сонетым и хабзэ ткIийм хухэха зы композицэм» зэрытетым, «гупсысэм и нэхъ курыхыр усэм и кIэухым зэрихьым», ахэр «псалъэжьым хуэдэу, жыIэгъуэ шэрыуэ» зэрыхъум. Iэдэм жиIар щапхъэхэмкIэ щIегъэбыдэж. Дэри абы дыщIыдгъунщ Руслан нэхъ пасэу итха сонетхэм къыхэтха щапхъэ зыбжанэ:

*... ЛIэныгъэр зыуэ къытхуигъакIуэ щхьэкIэ,*
*къольадэ абы япэ лIэгъуэ Iэджэ.*

*... ИщIэркъым дунейр зыкъутэ жьапщэм*
*цIыхум игу иль мафIэм зэрыщIэпщэр.*

*... Уэсэпс ткIуэпсу, ильщ насыпыр гущIэм,*
*уи гур нэхъ пщтырыху – мэгъущ нэхъ псынщIэу.*

*... Къыппэджэжынкъым уеблэм джэрпэджэжыр,*
*Мэз Iув е къурш имыIэу щыхъэт пэжу.*

Мыхэр щыхьэт тохъуэ усакIуэм и Iэзагъым хигъахъуэ зэпытурэ сонет жанрым зэрелэжьым.

Ацкъаным и «Сонетхэр» тхылъым итщ сонетищэ. Сонетищэм щыщу дунейпсо литературэм классикэ щыхъуа фащэкIэ тхащ мыхэр: «Зы гугъэ хьэнцэгуащэу къызошэкI» (33), «А си пщIыхьэпIэр нэгъуэщI гъащIэт» (43), «ТхьэмыщкIэщ, хэтми, мылъкум дихьэхар» (48), «Си гъащIэм щыхэссат зы гухэлъ жыг» (79), «ЗымащIэщ лажьэхэр зэрыхъур» (80), «ИтIанэ сыкъокIуэж си псэупIэжьым» (84), «Тестхат гурыщIэр нэкIэ псыежэхым» (88), «Сымыужэгъуа иджыри дунеижьыр» (93), «Аргуэру псэм къэкIуэнур зыхищIащ» (94). Адрей бгъущIрэ зыр тетщ къэбэрдей-шэрджэс литературэм нэхъ къыщагъэсэбэп инджылыз сонет тхыкIэм.

Ацкъаным и мащIэкъым и къуажэм, и хэкум теухуа усэхэр, сонетхэр. УсакIуэ къэс емыгупсысынкIэ Iэмал иIэкъым и гъащIэр зытригъэкIуадэм, лъэужь къигъанэм. А темэмкIэ къыщIедзэ мы сонетыр:

*Псыкъуий къыщистIыкIынур къэзгъуэтащ,*
*зэман къысхуэнэжарэт ар къэстIыну.*
*Си гъащIэр Iуэху жыгъейм тезгъэкIуэдащ,*
*си гугъэурэ нэхъыщхьэр къызатыну.*

Псыкъуийм и образыр гъэщIэгъуэну зэпкърех икIи къыкIэлъыкIуэ строфам къеIуатэ усакIуэм и къалэн нэхъыщхьэр зэпха Iуэхугъуэ гъуэзэджэ: «Нэхъыщхьэр уиIэжынырт уи псыкъуий, гур игъэтIысрэ уи сурэтри къищу». Мы псалъэухам гупсысэ зыбжанэ щызэхэухуэнащ: цIыху къэс езым и псы къабзэ, гурыщIэ къызыхихын псынащхьэ иIэн хуейщ, псыр къиурэ псы ежэхым уефэ мыхъумэ, «И къуажэ кIыхьым щыщу псы хуэлIэ псори псыкъуийм къишэу». ЩIагъыбзэ гъэщIэгъуэн хэлъщ мыбы. Сонетым и кIэухми уегъэгупсысэ:

*ТекIуэдыкIакъым гъащIэр – текIуэдащ.*
*А гурыфIыгъуэр зэкIэ псэм къыдощI.*

Жьыбгъэм и мыхьэнэр ихъуэжу, ар олицетворенэм хуихь закъуэкIэ къимыгъанэу, символым пэгъунэгъу образ щхьэхуэ щищIыр мащIэкъым Ацкъан Руслан: «Акъужьыр ди бжыхь кIапэм толъэтыж, тогужьеикIыж и хуитыныгъэм» (гъэщIэгъуэнщ!), «Жьапщэм губгъуэ хужьыр иупIышкIуащ», «Пшэхэм я гъащIэр – жьыр къатеуэхущ».

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я усакIуэ пажэхэм лIэщIыгъуэ блэкIам куэду къагъэсэбэпу щытащ символ мыхьэнэм хуагъэкIуа образхэр: мывэ, бгы, шы, къамэ. Мыпхуэдэ символхэр хьэлэмэту хэуващ Гамзатов Расул, Кулиев Къайсын, КIыщокъуэ Алим сымэ я усыгъэхэм. Адыгэхэр илъэс мин бжыгъэкIэ пыщIауэ щытащ шы гъэхъуным, шым тесу я хэкур яхъумэрт, зекIуэ кIуэхэрт. Шым пыщIа псалъэ куэд дыдэ хэтщ ди бзэм, ахэр хэпхъащ адыгэ IуэрыIуатэм, литературэм. Ацкъан Руслан и сонетхэми абыхэм уащрохьэлIэ. И сабиигъуэр къэзыгъэлъэгъуэж сонетым деж усакIуэр псом япэ щыхуозэж шым: «Щыджэгуу щыта губгъуэм зэрынэсу, елъагъу шым я нэхъ дахэр зэрыхъуакIуэр». Шым пыщIа псалъэхэр усакIуэм ирепх нэгъуэщI гурыIуэгъуэхэм, хегъэхьэ егъэпщэныгъэхэм – «шу гъусэу жьыбгъэм сыкъищтэну сщIам», «жьы езэшым уанэ зэщIелъхьэ».

ИщхьэкIэ зэрыжытIащи, Ацкъаныр гъащIэр зищIысым и жэуап зэпымычу мэлъыхъуэ. ГъащIэм и философиер абы хелъагъуэ бзум хиш уэрэдым. НаIуэкъым уэрэдыр зыусар: бзура хьэмэ «нэгъуэщI гумащIэ гуэр?» Уэрэдым «узри егъэхъуж», ауэ «зыхуаусам иужэгъункIи» мэхъу:

*Апхуэдэщ гъащIэр. Куэдкъым зейм къылъысыр,*
*къылъысыпами, пщIэуэ хуищIыр мащIэщ.*
*Бзу цIыкIум къыщелъыхъуэ зыхуэусэр*
*Пшэ гуартэ фIэкI къызыхэмыщ уэгу лъащIэм.*

ИкIэм-икIэжым, гъащIэм и IэфIагъыр, «бзум и уэрэдыр зыхуэунэтIар ищIэркъым уэрэдгъуом:

*Хухеш уэрэдыр уафэм, игу къэмыкIыу*
*ар псом нэхъыфIу щIым щызэхащIыкIыу.*

Лъагъуныгъэ темэм щIыпIэ куэд щиубыдкъым Ацкъаным и сонетхэм, ауэ а мащIэми хэтщ гум къинэж, образ дахэкIэ, зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэкIэ гъэнщIа сатырхэр. Къэтщтэнщ «Уэс щабэр къос,

къыщIесым егупсысу» сонетыр. Уэсым и дахагъэм, ар къыщесым деж къишэ гурыщIэхэм темытхыхьа усакIуэ щыIэу къыщIэкIынкъым, ауэ уэсыр «къыщIесым егупсысу», а гупсысэ нэхум «дунейр щIэтIысыкIыу» жызыIэфынур усакIуэ нэсырщ. А япэрей строфам нэгъуэщI зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэти, цIыхум и щытыкIэ дахи къыпещэ авторым: «Уэс налъэ пIащэр, Iупэу, къызоIусэр, япэрей бам и IэфIу, щхьэм доуей». Ар сонетым экспозицэ хуэхъуауэ сюжетым дыхешэ, зэманым кърегъэгъэзэж:

*Сыхохутэжыр япэ лъагъуныгъэм,*
*ФIыуэ слъэгъуам и пащхъэ сохутэж.*
*Ар гуфIэнэIут. Абы сыкъыщилъагъум,*
*И нитIым гуфIэр, бзууэ, щIолъэтыж.*

Поэтикэ и лъэныкъуэкIэ «и нитIым гуфIэр, бзууэ, щIолъэтыж» жыхуиIэ егъэпщэныгъэр къызэрымыкIуэу дахэщ, шэрыуэщ. КъыкIэлъыкIуэ строфами хэтщ усакIуэм къигъуэт Iэмал гъэщIэгъуэнхэр:

*НэщI хъуа абгъуитIу, нитIыр къыщысIуплъэм,*
*ЗэрыблэкIар къэкIуэнур мэхъу си фIэщ...*
*ЗыкъызощIэжри – уэсыр щхъэщытщ щIылъэм,*
*Игъэзэжыну зэрыхуейр къыпхощ.*

Лирикэм зэрихабзэу, лирическэ лIыхъужьыр зэрыува щытыкIэр, ар зэрыпIейтейр, зэрыгузавэр нэрылъагъу ещI усакIуэм. Абы щхьэкIэ къегъэсэбэп: «нэр абгъуэ нэщI хъуам» зэрыригъапщэр, глагол «къэкIуэнур» блэкIа зэманым пещIэри, къыбгурегъаIуэ лъагъуныгъэр зэрыщымыIэжынур. Апхуэдэщ уэс щIылъэм щыщми «игъэзэжыну зэрыхэтыр». УсакIуэм гъащIэм къыхипхъуэта щытыкIэр, сурэт дызригъэплъыр еух узыгъэнэщхъей гупсысэкIэ:

*ЗэIищIэжащ си гъащIэр уэс Iущабэм.*
*Гупсысэм хэтт – сыщыIэуи ищIакъым.*

Дунейр къызэригъэщIрэ зыми жэуап нэгъэса иритыфакъым «лъагъуныгъэ», «насып», «зэман», «гъащIэ» жыхуаIэ гурыIуэгъуэхэм, абы и жэуап куэд къагъэщIащ философхэм, еджагъэшхуэхэм, усакIуэхэм. Ацкъан Руслан и сонетхэм и гугъу щещI «насып» жыхуаIэм [57, 61 н.], ар къиIуэтэну хэтщ философием и диалектикэм хуишэ гупсысэхэмкIэ:

*НасыпыфIэу ябжу – насыпыншэ,*
*Насыпыншэ фащэу – насыпзащIэ.*

Мы сатыритIыр рефрену къытрегъэзэж сонетым и строфаитIхэм я пэщIэдзэу (1, 3 катренхэм), абыхэм я мыхьэнэхэр зэпэщIоуэ, ахэр «зым хуигъэкIуэжыну хэтщ тэлай къэскIэ зызыхъуэж мы гъащIэм». УсакIуэм нэгъуэщI зы упщIи къегъэув «хэт и Iуэху нэхъыфI», «Гуауэр лъэщIыхьэхукIэ – насыпыфIэ, къыпежьэху гуфIэгъуэр – насыпыншэ», абыи жэуап иритыфыркъым зыми. ИкIэ сатыритIым жэуапым и Iыхьэ гуэр кърет авторым:

*Уэсэпс ткӀуэпсу, ильщ насыпыр гущӀэм.*
*Уигу пщтырыху – мэгъущ нэхъ псынщӀэу.*

«Насыпым и нэм сыщӀэплъа си гугъэщ» жыхуиӀэ сонетми а проблемэр лъабжьэ хуещӀ усакӀуэм. Насыпым куэдрэ зиӀэжьэ и хабзэкъым, ар ирегъапщэ ежьэжыну «уэнжакъым щхьэщыт Ӏугъуэм», «пшэ хужь зызыгъэпсэхум». Лъэныкъуэ зыбжанэкӀэ «зэпигъазэурэ» насыпым и бзэр къищӀэну хэтщ, «и гугъэщ насыпым и нэм щӀэплъа», ауэ насыпым и бзэр «щӀагъыбзэщ», гурыӀуэгъуейщ. Сонетыр еух къызэщӀэзыкъуэж, жэуапыншэ гупсысэкӀэ:

*Насыпыншагъэм къыспигъаплъэр сщӀэрт,*
*Насыпым къызищӀэнур зыщӀэр хэт.*

ИщхьэкӀэ зэрыщыжытӀащи, Ацкъан Руслан сонет нэхъыбэ дыдэ зытха адыгэ усакӀуэщ, абы и Ӏэдакъэм къыщӀэкӀащ «итальян сонетхэри», «инджылыз сонетхэри», къыдигъэкӀащ сонет фӀэкӀа зэрымыт тхылъ щхьэхуи. Ди литературэм хэтщ усакӀуэ зыбжанэ, «эксперимент» папщӀэу сонет зытӀущ ятхрэ щагъэтыжауэ. Ацкъаным нобэр къыздэсым шэрыуэу егъэлажьэ литературэм нэхъ гугъу дыдэу хэт сонет жанрыр. Ахэр къулейуэ гъэщӀэрэщӀащ поэтикэ и лъэныкъуэкӀэ. Сонетхэм я композицэри сюжетри жанрым и хабзэхэм тетщ. Ахэр я темэкӀэ бгуэш хъунущ лирикэм телажьэ къудамэхэу лъагъуныгъэм, пейзажым, жылагъуэм (хэкум) теухуахэу. Ацкъан Руслан хэлъхьэныгъэ нэс хуищӀащ сонет жанрым адыгэ усыгъэм зыщиужьын Ӏуэхум.



**БАКӀУУ Хъанджэрий,**
*филологие щӀэныгъэхэм я доктор*

*Сонетхэр*

## АЦКЪАН Руслан

* * *

Аргуэру бжьыхьэ плъыжьыр къощэщэх,
хэкIэзызыкIыу, щIыпцIэм зыхеIубэ.
Иджы абы иIэжкъым зыри щэху,
хуеший, ба хуищIу, япэ къэсым Iупэр.

Гухэлъу бжьыхьэм ихьыр сыт хуэдиз,
Iущащэ макъыр щIэз ищIащ уэгу щIагъым.
Зэм гукъэкIыжыр абы и куэдыжыщ,
зэм гугъэр къыздрихыр согъэщIагъуэ.

Дахагъэ нэхур быбу мэкъутэж,
гумащIэщ бжьыхьэр, ищIэу зэрисыкIыр.
ЩIым щылъ жыг тхьэмпэр жьыбгъэм къыдотэдж,
мыгъуауэ хэлъ IэпапIэр хэузыкIыу.

Дахагъэр мэлъэлъэж, щымысхьу IэплIэм,
си гъащIэр къыщIегъэщыр, псори хэплъэу.

* * *

Сыпэмыплъауэ, гугъэ къысфIотIэпI,
бжьыхьэкIэ хуабэм къигъэпцIа кхъужьейуэ.
Сихьэнум щыгум къэнэжар зытIэкIут —
къыскIэлъыс макъым «къегъэзых!» къызжеIэ.

Абдежым мы дунейр зэлъыIуокIуэт,
бгыр зыгъэнэху уи нитIым сылъагъэсу.
БлэкIауэ хъуар а плъэгъуэм щызэщIэтщ,
сызышэжыну мафIэр зэщIигъэсту.

Махъсымэу пшагъуэ Iувыр къыбоший,
сыхофри — зэIещIэж аргуэру си лъыр.

Сыкъызэрыпц̆Ӏэр сщӀэурэ сыбошэж,
уи ӀэплӀэм сыхуопӀащӀэ, зым семыплъу.

Зи пӀалъэ икӀа хущхъуэщ си гухэлъыр,
къысхуимыщӀа щымыӀэт, симыгъалӀэм.

* * *

БгъэӀэпхъуэу фӀэфӀкъым жыгым. И гум щӀыхьэу,
щыхэмыкӀэжи Ӏэджэрэ долъагъур.
Сыт цӀыхухэр апхуэдизу дыщӀепщӀыхьыр
хамэ щӀыналъэм дыхуэзышэ лъагъуэм?

ХамэщӀым къилъэлъ сабэр тфӀощӀ дыжьыну,
къытщохъур псы инари зэнзэныпсу.
ДыхуеплъэкӀыжтэм жыгым, дыщежьэнум,
къиший къудамэм къыпхыпсынти и псэр.



Ди хэку, ди лъапсэ, ди псэм пэтщӀ ди лъахэ.
ЩӀэкӀащ апхуэдэ псалъэхэм я ӀэфӀыр,
арщхьэкӀэ къэнэжащ нэхъыщхьэу ахэр.
Аращ къыткӀэлъыплъ жыгым жимыӀэфыр.

ДригъэплъэкӀыу тхьэмпэр къредзыхыр.
Дэ дыгунэфщ, бзэ къритакъым жыгым.

* * *

КъыхуэмыгуфӀэ гум зыхуэжэ псор,
къыщӀэкӀкъым зэрыхуейуэ зыщӀэхъуэпсыр.
Уи гъащӀэр зыхуэпхьам ущылъэӀэсым —
къыщепхъуэ щыӀэщ, дэп жьэражьэу, псэм.

Дунейм и гурымыкъи сыӀууащ,
зыкъысщигъэхъужу фӀэмыфӀ хьэщӀэу.
Гухэлъым я нэхъ пщтырыр щыпесхьэжьэм,
нэщхъ ӀейкӀэ щыӀэщ сызыгъэупщӀыӀуа.

Сызэрыхуа щытыкӀэр мис абдеж
сигу къыщыкӀыжкӀэ, гъащӀэр сфӀэӀэфӀыжкъым,
си плъапӀэу щыта уафэр си фӀэщ хъужкъым.
КъыздикӀыжынур дэнэ гукъыдэж.

Пэжщ къыпхуэгуфӀэр нышэдибэ уафэр,
пщыхьэщхьэ къуимыдзыжмэ щыблэ мафӀэ.

* * *

Дыхьэндырабгъуэщ, ди псэм хуабэр фӀэфӀщ,
дыхапӀыкӀащ дыгъэпсым, къытхуэсакъыу.
Дызэрыпсэур дэ зы махуэ закъуэщ —
къэдгъащӀэу илъэс Ӏэджэ ящӀ ди фӀэщ.

Дыхьэндырабгъуэщ, мафӀэр къыхыдох,
абы дызэрисынур тщӀэрэ пэткӀэ.
Дыкъэзыхъумэу хъуар ӀудогъэкӀуэтри,
дыкъэзыгъапцӀэ нэхум псэр худохь.

Дыхьэндырабгъуэщ, хъуркъым ар я фӀэщ,
ди гъащӀэм хьэлъэу щыӀэр къыкӀэращӀэ.
Хуэпабгъэу щытми ди псэр уафэ лъащӀэм,
мы щӀым пэхъун щымыӀэу къытфӀагъэщӀ.

Дыхьэндырабгъуэщ гукӀи, нэкӀи, псэкӀи.
Ар сыт, уабрэмывэм адрей псомкӀи.

* * *

Жьапщэм губгъуэ хужьыр иупӀышкӀуащ,
къепэгэкӀ Ӏуащхьэжьри къыхэтыжу.
Жыгхэми жейкъутэ дэджэгуащ,
иджы йоӀэ унэм, къыхичыну.

Къыщыхухэмычым — йощӀыӀэкӀ,
и абджынэм трищӀэхукӀэ сытхъур.
Къэмылэнджэж унэм цӀыху къыщӀокӀ,
жьапщэр фӀэмыӀуэхуу, уэсыр етхъур.

Фэм ихуэжкъым жьапщэр, зэгуоуд,
и зэфIэкIыр зымылъытэм щхьэкIэ.
Долъэтейри, зэм зыкъещIыр уд,
зэм, иудэу, уэсыр кърехьэкIыр.

ИщIэркъым дунейр зыкъутэ жьапщэм
цIыхум игу илъ мафIэм зэрыщIэпщэр.

* * *

Къэзгъащlэщ гъащIи, зыри къысхуэщIакъым,
зищIысыр гъащIэр зэрызмыщIэм фIэкI.
Гум пищIэу мыл, сыщIоплъэ уафэ щIагъым,
къыспэщылъ гъуэгум вагъуэ къоувэкI.

Къроплъэ гъуэгум, сщIэнур сагъэлъагъуу,
арщхьэкIэ, сэ зыкIэрызощIэ щIым.
Иджыри сыхуеижщ зы дуней плъэгъуэ,
гуIэфIтещIэжу хуейщ зы гугъэ сщIын.

Гум пищIэу мыл, сыщIоплъэ уафэ щIагъым.
Шынагъуэщ гъуэгур, щIыIэщ икIи псыфщ.
И тетым хьэршым — езыр сымылъагъуу —
тIысыпIэ псэм хуищIынур схуеубзыху.

А псор къыкъуокI, къуохьэжыр, ещхьу мазэм.
Нэху мэщри — псэр хохьэжыр зыщыгъуазэм.

* * *

Пщыхьэщхьэм щоу зэшыгъуэ псыIэм и мэ,
уафэгури мафIэм щыужа хьэкужьщ.
Кърихыр яжьэщ, жьапщэр абы иуэм.
ЗицIэлэжащи — щIэх хъужынкъым хужь.

ЗицIэлэжари хъунт, дунейр ецIалэ,
ди лажьэр сыт, Iуэхуншэм и гур плъым?
Жэщ кIыфIым, арыншами, къос и пIалъэр,
абы фIыцIагъэм дыкъыхигъэплъынщ.

МытIысыж сабэу, щIым щхьэщытщи пшагъуэр,
емынэр гъуэгум ирижа къыпфIощI.
Нэм имылъагъуми, псэм зыхищIэ лъагъуэм
и кIапэр, нэр зэтеспIэмэ, къыхощ.

КъэкIуэну жэщым си псэр щымыгъуащэм,
пщэдейрей махуэр ещхь хъужынущ гъащIэм.

* * *

Сыкъэзылъхуа си лъэпкъыр хым йопщIыхь,
хъеям удз кIырыр — къыщохъуж толъкъуну.
Езы тенджызым зыхухихыу щIыхь
щытар хэт и гугъэнт апхуэдэ хъуну.

Хы Iуфэм къыхуалъхуар хы макъ щIобэг,
есэнкъым псыхъуэм, илъэс мин дэгъэкIи.
Псыпыхум ещхьу, тхьэмпэхэр къыпоху,
щхъыщхъ макъым хы бэуэкIэрщ игу къигъэкIыр.

Бжэм и кIыргъ макъыр хы тхьэрыкъуэ фIощI,
пщIэнтIэпсыр къокIуэ, зэхихам хуеплъэкIыу.
Гуэл щхъуантIэм куэдрэ ныхэплъэн и фIэфIщ,
шынэжу зэми ар къигъэкъуэлъэнкIэ.

А псор и гъусэщ лъэпкъым и жэщ кIыхьым.
ЩIэтIысыкIа гурыщIэрщ махуэм здихьыр.

* * *

Си гъащIэр зэрыщыту гъуэгу гъуэмылэт,
ар зэрыхъуххэр зы Iэмыщ Iэ изт.
ГуэпIэскIухьын а тIэкIуми къыппэмыплъэу
уэ бощIэ уагъэкIуну щытмэ бжьиз.

Си гъащIэр гъуэгу гъуэмылэу аркъудейти,
ядэзгуэшащ ар сызыхуэзэу хъуам,
нэхъыфIу слъагъухэм и IэфIыпIэр есту,
сыдэгуфIэжу зи гур хэзгъэхъуам.

Ялъызгъэсаи си гъуэмылэр Iэджэм,
Iыхьэншэ сыту куэди сэ сфIэхъуа.
Си гъащIэр гъуэгу гъуэмылэт. Дыджт и дыджыр.
И IэфIри фоупсу къысщыхъуащ.

ХэпкIэ зэпытщ зэрылъыр си гъуэмылэр.
Илъыжри сщIэрэ — абы хъуркъым уиплъэ.

* * *

Мы гъащIэм Iэджэ зэхетхъуэж,
и хабзэ гуэрхэри ехъуэж.
Сабийр, лIыжь хуэдэ, къопсэлъэнщ,
лIыжьыр, сабийуэ, къыпIуплъэнщ.

Сабиймрэ лIыжьымрэ зэщIыгъущ,
зэрыщымытыр къалъыкъуэкIыу.
ЛIыжьым и Iэгум мэл цIыкIу щохъу,
сабийм иутIыпщыркъым пхъэ фочыр.

Зым и дунейр адрейм къыхуопс,
лъэмыIэсыжми, и гум пхыкIыу.
Зым и блэкIам адрейр щIохъуэпс,
зищIысым зыри химыщIыкIыу.

Сабийр жьы хъуауэ илъагъуным
щIэхъуэпс дунейр къыщIоплъ уэгу гъунэм.

* * *

И куэдщ си гъащIэм си гур зыгъэныкъуэ,
абыхэм Iэджэ щIауэ сесэжащ.
СызэрыIэрыхьэу закъуэныгъэм,
зэрыгъуэтыжынщи, къызэжэнщ.

А псори зырикIщ. Из хъужынщ, ныкъуамэ,
ИгъэхъуэжыпIэ куэд гум иIэ хъунщ.
АрщхьэкIэ сиIэщ илъэс Iэджэ хъуауэ,
схуемыщIэу зыри, гуныкъуэгъуэ ин.

ЩIигъэхуу си лъэр куэдрэ къытрегъазэ,
си гъащIэр зыгъэдахэу хъуам поув.
Зыщызгъэгъупщэну ар сохъуапсэ,
арщхьэкIэ гъащIэм щымыщ сымыщIыф.

Слъэгъуати анэр быным щыфIэлIыкI,
абы и узыр ноби къызофыкI.

* * *

Дыгъужьым согупсыс ныжэбэ псом,
дызэпызыщIар къызгурымыIуэу.
Мэз лъагъуэм тету нэгу къыщIохьэ зэм,
зэм къыщокъугъ Iуащхьэжьым и гущIыIум.

И кIыфIыр мэзым си псэм хошыпсыхь,
и щэхум Iуащхьэм щIыIэм срегъэсыр.
Дыгъужьым си гупсысэм къыпекIухь,
и нитI къэлыдым жэщыр зэпхигъэзу.

Жэщ кIыхьыр си щыхьэту согупсыс
ар щIыхуэмейм щытыну си ныбжьэгъуу.
Ди хьэ джафэжьыр зэщхьыр мывэ псыфщ,
бэджыхъщ ди бжыхьыр, ди куэбжэжьри щIыгъуу.

Мэкъугъ дыгъужьыр, пэджэу хуитыныгъэм,
къысфIощI си гъащIэм щхьэкIэ и гур ныкъуэу.

* * *

БжьыхьэкIэщ. ЛIахэм жэщкIэрэ сопщIыхь,
пщэдджыжь сщыгъупщэжынур къэсIущэщу.
Тхьэмпэ гъужахэм сыкъауфэрэзыхь,
къысхуаIуэтэн къысфIэщIу щIыпыщэщыр.

Нэм къыщIэплъэну, жыгхэм зыкъагъэщхъ,
мэщхъыщхъыр хъуреягъыр щтэIэщтаблэу.
Сигъэшынэжу жэщым ещIыр нэщхъ,
йокIуэкI пшэ гупыр, щIэт къысфIэщIу кхъаблэм.

Абыхэм си гупсысэри яхэтщ,
бэлыхьыр телъщ, имыщIэу здэувынур.
Ныжэбэ кхъаблэм телъу дахыр хэт,
къыщIэкIыу псэууэ ар — сыгуфIэжыну?

Пщэдей зыгуэрым къызжиIэн пэжыпIэр?
Жэуапыр Iуэху кIыхьлIыхьщ, исынущ махуэр чымпэу.

* * *

Уэздыгъэу, мэункIыфIыжри жыг гъэгъахэр,
дунейр аргуэру къопэзэзэхыж.
Йощащэ вагъуэр уэгум, тхьэмпэ гъуауэ,
жыжьэIуэщ — я щхъыщхъ макъ зэхэзмыхыж.

Сэ къысхуэщIэжкъым зэрикIар гъэмахуэр,
сыпэмыплъэауэ бжьыхьэр къыкъуэкIащ.
Си гъащIэр кIуащ, зэрыкIуэм хуэдэу махуэр,
а махуэ зэхэтхъуари сыту кIэщIт.

Ныжэбэ бжьыхьэр уэгум щопэщащэ,
зыхуэкIуэжынум схуригъасэу псэр.
Спшыныжым ещхьу щIыхуэ, кIуащ мы гъащIэр,
сыхуэхьэзыркъым адрей гъащIэм сэ.

ЗэрыжаIащи — дунеижьыр хьэхущ.
Нэхъ инщ птелъ щIыхуэр, нэхъ куэд къэбгъэщIэху.

* * *

СыщыщIыкIум щыгъуэ нэхъыжьт си псэр,
хузэмыгъэзахуэри нэхъыбэт.
Ар щызыхэсщIар зы напIэзыпIэт,
къыщысщIарт си фIэщ мыхъужу шыпсэ.

СыщыщIыкIум щыгъуэ нэхъ инт си псэр,
хэзэгъэнут дунейр зэрыщыту.
Жыжьэти и гъунэр къыспэщытым —
псэми зыхишынут, абы нэсу.

СыщыцIыкIум щыгъуэ нэхъ нэхут си псэр,
щхьэщыт нурми къигъэнэхут нэхъ жыжьэ.
Иджы абдж къэсыху сыкъощыр лIыжьу,
ауэ си фIэщ хъужу хуожьэ шыпсэр.

СыщыцIыкIум щыгъуэ, сыщылIыжьым...
А тIум япэ итыр щыIэ зыщIэ.

* * *

Уи фIэщ мыхъуну куэд щокIуэкI дунейм,
уи фIэщ хъуа куэди къыщIокIыжыр пцIыуэ.
ИтIани, си фIэщ сщIыну сэ сыхуейщ
къысхуэгъэзауэ я уэрэдыр бзухэм.

Зы гъуэгурыкIуэ гуэрым къызжиIащ
къызэрыгуэкIрэ псэм къыдыхьэу псалъэ.
Си фIэщ ар хъуакъым, ауэ хъу пэтащ,
сэ а зытIэкIум сищIыжащ нэхъ щIалэ.

Куэд мэхъу си фIэщ. А къомым сыхэмыту
си фIэщ сэ сщIынут гъащIэр зэрыщыту,
арщхьэкIэ мис аргуэру сыщIогъуэжыр.

Сэ сощIэ фIэщхъуныгъэм хузэфIэкIыр.
Слъэгъуащ, и пэжыр пцIыуэ къыщыщIэкIым,
гущIэгъу зыхуащIым щыщ ар зэрыхъужри.

* * *

Гупсысэхэр лъэужь щылъыхъуэ жэщщ.
Уэс къос, увыIэжыну игъуэ пэтми.
Си гукъэкIыжхэр къигъэушыжащ,
си адэм къигъэщIам щыщ куэди хэту.

Уэгу гъунэр игъэIэпхъуэу, уэсыр къос.
Лыдащ зауэлI си адэм и нэджыджыр.
Япха уIэгъэу, жэщым къызэпхопс
жыг щхьэкIэм Iуву къыпына зэрыджэр.

Си сабиигъуэм къеса уэсым ещхьщ
ныжэбэ псом зыуфэбгъур дунеижьыр.
Абы си нэгу къыщIыхьэр Iэджэ ещI,
си гъащIэ псор зэпещIэ зы лъэужьу.

Уэс къос, гур зэм хигъахъуэу, зэм хигъэщIу.
ЩIихъумэм нэхъ нэхъыбэщ къыщIигъэщыр.

* * *

ЙокIуэкI щIы фIыцIэм хэплъэ защIэу къуаргъыр,
зыхуейр зымыщIэж гуэруи къысщымыхъу.
Итын хуейт уэгум, къеплъым игу хигъахъуэу,
езым си пащхьэ тIэкIум къыщекIухь.

Абы нэхъ сымыцIыху сэ сыхуэзакъым,
си нэгу къыщIэхуэ пэтрэ махуэ къэс.
ХэсщIыкIыр сыт абы зэригъэзахуэм,
ар зэрызмыщIэм щIыIэм срегъэс.

Зыгуэр хэлъщ къуаргъым мафIэми къелауэ,
кIэгъуасэм и мэ къыкIэрих къысфIощI.
Хэгупсысыхьу иджыпсту солъагъур,
игу къигъэкIыжу Iэджэ мэхъу си фIэщ.

Хэт тыншу жызыIар и гъащIэр къуаргъым?
Лъэтэжуи хуабэ щIыпIэм ялъэгъуакъым.

* * *

Псэун щIэздза къудейуэ си гугъати,
СызоплъэкIыжри — куэд къызэзнэкIащ.
Си гъащIэр ибг иуауэ къыщIэкIащ,
арщхьэкIэ сэ зыщызгъэнщIакъым гъатхэм.

Иджыри гу щысхуакъым сэ гъэмахуэм,
хэслъагъукIари бжьыхьэм сигу къинащ.
Гъэныкъуи ахэр — си гур хъунущ нэщI,
щызеуэу и жьы щIыIэр си щIымахуэм.

ЩIымахуэм и гъуэгу псори зыщ зэрыхъур,
нэгу къыщIигъэхьэу хъуари зы сэтейщ.
Сыхуэхьэзырт абыи сытым щыгъуи,
арщхьэкIэ зыхэсщIам пIейтей сыкъещI.

Къэгъэш-нэгъэш щыIэжкъым, гъуэгур занщIэщ.
Сысейр абы къыщызэхъулIэ мащIэрщ.

* * *

Ухуеймэ сыти жыIэ, псом нэхъыщхьэр
уэрэдырщ, псэм и хущхъуэри аращ.
Мис, нобэ гуэрым бзум уэрэд къраш,
абыхэм яхэмыт дунейм хуэхъущIэ.

УсакIуэми и псалъэр къокI и гущIэм,
мэпсэур, и уэрэдым хилъхьэу псэ.
Абы и псалъэр ихьыжынущ псым,
къыхэзыхыжыну гуэр Iумыщ Iэм.

Зэгуэр лъэпкъ набдзэу ялъыта усакIуэр
иджы мэпсэур щтэIэщтаблэу, сакъыу.
Абы и теплъэм сэ гумащIэ сещI.

Узэхэзых щымащIэщ дуней иным.
Уэрэд къыщришкIэ, бзум егъэпщкIур и нэр,
усакIуэр и щхьэ хуэпсэлъэжым ещхьщ.

* * *

ЩIы фIыцIэм щыму хоплъэ жыгей иныр,
сакъыпэу уафэ лъащIэм ходэIухь.
Аргуэру сфIытоплъызэ жыгым си нэр,
абы къыпих мэ гуакIуэр Iум йоткIухь.

Абы къысщохъу зыгуэркIэ сриблагъэу,
дызэрызэщхь лъэныкъуи къызогъуэт.
А жыгыр зэрищIэжрэ гумызагъэщ,
а тIэкIур зэрысщIэжрэ сильми хэтщ.

Игу щыщIэр жыгым куэдрэ къыпхыпсынущ,
щIым гъуэгуу иIэм, плъагъукъэ, нэщхъ яхуещI.
Абы зэрихьэ зэшым сынэсыным
си гъащIэм хуэдэ куэд иджыри хуейщ.

Тхытхащ и щIыфэр, слъагъуу, жыгеижьым.
И нэгу къыщIыхьэжар нэхъыфIщ сымыщIэм.

* * *

ГукъуэпскIэ сыпыщIащ мы дунеижьым,
си адэжь лъахэм бынжэкIэ сепхащ.
Дунейм си лъахэм и гур фIы къыхуищIым,
си гъащIэм напIэзыпIэм ар къыхощ.

Си адэжь лъахэм сызэрыщыпсэур
сэ сыщIэпсэууэ щыIэм ящыщ зыщ.
Нос и кIэм гъащIэр, къыспэщылъым сэри
сызэрыщышынэр сымыбзыщI.

СыщегупсыскIэ си псэр зэрыхъунум,
зи нэгу сиплъари сщIыгъуу щIыIэм ес.
Мы дунеишхуэм тIэкIу трагъэтыну
сэ сыхуолъаIуэ си псэм махуэ къэс.

Адрей дунейм Iэпхъуакъэ — ар хэхэсщ.
Узэхъуэпсэн хэхэсым лъамыгъэс.

* * *

Зэгуэр слъэгъуа пщIыхьэпIэм согъэзэж,
абы хэтам щыщ куэд си нэгу щIэкIауэ.
Лъапсэжь сыкъыщалъхуам щызэхуозэж
пэж дыдэ хъуамрэ пцIыуэ къыщIэкIамрэ.

Ди хадэм имытыж жыг закъуэ фIэкI,
а зыри нэщхъей дыдэу щIылъэм хоплъэ.

Щэху дыдэу шындэбзиймкIэ сыкъокIуэкI,
сыносри ди унэжьым — нэпсыр къоблыр.

Пхъэ дэкIуеипIэ тIэкIур хъуащ ныкъуэф,
къекIэкIыжа удзыжьыр къызоплъ пагэу.
СыпхокI, къилъэту си гур, сыбэкъуэху,
щхьэр доуназэ и мэ гуакIуэм лъахэм.

Слъагъуащ къыспежьауи симыIэж си анэр,
исащ си гущIэр къепхъуа шыпсыранэм.

* * *

А жыгым дэрэ дызэрыщIэрт псэкIэ.
Сигу хэхъуэу, сэ абы сыхудэплъейт.
Къызэплът езыри, зримыгъэзэкIыу,
абдеж щызекIуэр игу къэмыщIэгъуейт.

ХуэмыгъэпщкIунут зэрыпыгуфIыкIыр.
Щигъэубзэнт и тхьэмпэр си щхьэщыгу.
Ар сфIэгуэныхьт зэрыземыкIуэм щхьэкIэ,
езым къызэрызжыхьыр фIэемыкIут.

А тIэкIурт дэлъыр дяку тхузэтемыхуэу.
Апхуэдэу гъащIэ кIыхь къызэднэкIащ.
СызекIуэрейт сэ, сыкъалъхуати цIыхуу,
гъуэгу сыздытетым жыгыр сIэщIэкIащ.

Ар паупщIащ. Итыжкъым и пIэм жыгыр.
И псэм, зыхэсщIэу, дунейм къыщежыхьыр.

* * *

ЗимыIэм унэ иIэкъым дуней,
щхьэегъэзыпIэ жьыбгъэри хуэныкъуэщ.
Зэшыгъуэм щихьым дежщ жьыр щыдэуейр,
аракъэ жьапщэм си гур щIыхуэмыгъуэр.

А жьыр езыр къуэладжэхэм я бынщ,
нэхъыбэщ зыщигъэпщкIур, зыщиудыгъур.
Дуней тетыкIэ ищIэркъым жыпIэнщ,
Iэ зыдилъэнум еIунщIынкIи мэхъур.

ИтIани псэкIэ жьым сыпэгъунэгъущ.
Абы къызищIэ псор си жагъуэ мыхъу,
симыудыныщIэм, сызэшын къысщохъур.

АрщхьэкIэ и нэм щIэслъэгъуа къудейщ:
зимыIэм унэ иIэкъым дуней,
и унэу дуней псор зи гугъэр щоуэ.

* * *

МыупщIэу гъащIэм ихъуэжащ си теплъэр,
щытар къуршыбгъэу хъуащ тхьэрыкъуэ хужь.
Си хьэлыр-щэ? Псы уэрыр хъуащ псытепхъэ,
и толъкъун щIыкIэр къысхуэмыцIыхуж.

Къэгубжьу мывэ гуэр ирихьэжьэжкъым,
дэтхэнэ зыми фIэфIщ едэхэщIэн.
Жыг хэплъызам и щIагъым ныщыщIэжкIэ,
къыпыхумэ тхьэмпэ, щэхуу къыздищтэнщ.

МыупщIэу гъащIэм ихъуэжащ си гъащIэр,
ар язынькъуэм сфIощI къысщыдыхьэшх.
Иджы абы зыхуейуэ хъуар сегъащIэ,
сыпэувыну къару симыIэж.

Зэрыщытауэ къэнэжар си бгъэгурщ.
Дунейм тез хъунщ абы ихъумэ тIэкIур.

* * *

Куэд дэмыкIыу сынэкIуэнщ уи деж,
сыкъыкIэрыхуауэ гъащIэ псокIэ.

СызэрынэкIуэнур сщIэ къудейщ,
сыныщIэкIуэр езым сщIэркъым зэкIэ.

Уэ ныпхуэсIуэтэну арагъэнщ
Iэджэ щIауэ щызбзыщIыжыр си щхьэм.
Уэ узимыгъусэу къэзгъэщIар,
къызгурыIуэжащ, си гъащIэм щыщкъым.

НэгъуэщI гуэрым и пIэкIэ сопсэу
нобэм къэскIэ. Ари гъащIэ дахэт.
Зыкъызолъыхъуэж, итIани, сэ,
си гур къуэгъэнапIэ къэскIэ дыхьэу.

СынэкIуэнщ пщыхьэщхьэу е нэхущу,
пхуэсIуэтэнщ си гъащIэр, сыкъыумыщIэу.

* * *

Сэ зэрысщIэжрэ, гъащIэр фIыуэ слъагъут
абы пыщIауэ хъуари и гъусэжу.
Сшэчынут, сыту щытми, къыстрилъхьар,
аргуэру си зэфIэкIым сехъуэпсэжу.

Семышу дунеижьым фIыщIэ хуэсщIт
а лъагъуныгъэр сызэриIэм щхьэкIэ.
ИтIани, дунейм куэдрэ сигу хигъэщIт,
щхьэусыгъуэ гуэркIэ гъащIэм сигу щигъэкIыу.

Апхуэдэм деж къызгурымыIуэр зыт,
сымыщIэу си гурыщIэм есщIэжынур:
щIэзбгъэлъагъуххэнур фIыуэ сыт,
ухуежьэжынум сигу щыбгъэкIыжыну?

А хьэлыр ибзыщIыну дунейр хэтми,
Ар, зэ нэхъ мыхъуми, егъэунэхур хэти.

* * *

СыкъэкIуэжауэ мывэхэм сащIыгъущ.
Ди псыхъуэм мывэр щыкуэдщ псом хуэмыдэу.
Къызэпсэлъэну ахэр зэм къысщохъу,
арщхьэкIэ щымхэщ, сызэгуагъэуду.

Акъужьыр щэхуу куэдкIэ къызоупщI,
мыбы сыкъэзышар щищIэнур дэнэ.
И гъащIэм мывэм сегупсыс нэужь,
къебла гурыщIэр си тэмакъым тонэ.

И нықъуэм нэс зы мывэр щIылъэм хэлъщ,
пэщIэтщ псы уэрым адрей мывэм и тхыр.
Пагагъэр мывэ къэскIэ къызэпхощ,
си щIыфэр зэзэмызи игъэтхытхыу.



Къилъхуауэ мывэм жаIэ Сосрыкъуэ.
Я напщIэм телъщ ар мывэу дэлъым псыхъуэм.

КIЭБЫШЭ Лилэ

# СИ БЛЭКIАМ ЕСЩIЭНУР СЫТ?

*Повесть*



Зи суд ящIэ цIыхубзым жиIэм едэIуэну, еплъыну цIыху куэд къызэхуэсати, тIурытI-щырыщ защIауэ, къэхъуам тепсэлъыхьырт.

– Плъагъуркъэ ар зытегушхуар, апхуэдэ къэхъуу хэт илъэгъуа?

– Къыщыхъуи щыIэу къыщIэкIынщ, ауэ адыгэ цIыхубзым апхуэдэ илэжьыныр...

– Хуэфащэр ярищIащ и щхьэгъусэжьми, и бын напэншэхэми...

Псалъэмакъыр зэщIэплъэурэ зэщIэвэр ин щыхъум, мылицэ щIалэр ткIийуэ къэпсэлъащ:

– Апхуэдэу фызэрызехьэнум, псори фыщIэзгъэкIынущ.

Мадинэ, и щхьэр ехьэхауэ, уэчылым къыжриIэм едаIуэрт. СудыщIэ цIыхубзыр къыщыщIыхьэм, секретару щыс хъыджэбзыр къэтэджащ: «СудыщIэр къыщIохьэ, фыкъэтэдж...»

СудыщIэм иIыгъ папкэ Iувыр къызэгуихри, Мадинэ и цIэунэцIэмкIэ, къыщалъхуа гъэмкIэ къыщIидзэри, адэкIэ щIэпхъаджагъэ илэжьам къеджэу хуежьащ: «ЦIыхуитху зыщIэс унэм мафIэ щIидзащ, щIэсхэр щIригъэсхьэн мурад иIэу. И щIалэ нэхъыщIэмрэ и щхьэгъусэмрэ фэбжь ягъуэтащ. Къанэ щIагъуэ щымыIэу, унэр мафIэм исащ...»

СудыщIэр иджыри куэдрэ къеджащ папкэм дэлъхэм. Абы и псалъэр иуха нэужь, прокурорыр къэтэджащ. А лIы гъум цIыкIу хэщIыхьам зи суд ящIэр игъэкъуэншэн щIидзащ:

– И бынхэмрэ и щхьэгъусэмрэ мафIэм щIригъэсхьэну мурад зыщIыфа анэ флъэгъуа! Си щхьэкIэ срихьэлIакъым. Сыт хуэдэ анэгу абы и бгъэм къыщеуэр? Апхуэдэ анэ тхьэм дыщихъумэ! Зи щхьэгъусэ зигу ебгъи щыIэщ. Ари къызгуроIуэ, ауэ бынхэр-щэ? А бынхэр уэ къэплъхуакъэ? Хьэмэрэ къыумылъхуарэ? – зигъэзащ прокурорым цIыхубзым дежкIэ.

– Сысейщ, – и щхьэр къызэримыIэтым хуэдэу жэуап къритыжащ зи суд ящIэм.

– АтIэ, ахэр бгъэсыну дауэ уигу къэкIа? Апхуэдэу сыщIыщIэупщIэр усыт хуэдэ цIыхуми къэсщIэну сыхуейщи аращ.

– СынолъэIу Iуэхум зыкIи щымыщ упщIэхэр прокурорым щебгъэгъэтыну, – жиIэу уэчылым судыщIэм зыщыхуигъазэм, иужьрейм къыжриIащ абыкIэ зэрыарэзыр. Ауэ прокурорым, судыщIэм и псалъэхэм мыхьэнэ лъэпкъ иримыту, Мадинэ дежкIэ и Iэр ищIри, къыпищащ: «Мыр и анэми, и адэми, и анэшхуэми – зыми езэгъакъым,

уэрамым дэту къэхъуащ. Апхуэдэ цIыхубзым щхьэгъусэ игъэпэжыфынт?..» И псалъэхэр зэрыхузэфIэкIкIэ игъэщIэращIэурэ, прокурорым нэгъуэщI IэджэкIи игъэкъуэншащ зи суд ящIэр. ЖиIэнур иухыу, ар щытIысыжым, уэчылыр къэтэджащ: «Нобэ уэчыл сызыхуэхъуа цIыхубзым и гъащIэр гугъу дыдэу къекIуэкIащ. Илъэс пщыкIузым иту и адэ-анэр зэбгъэдэкIыжри, и сабиигъуэр абдежым щиухащ. Мадинэ зэмызэгъар и анэракъым, атIэ и анэр зыдэкIуэжа хамэ цIыхухъуращи, абы бгъэщIэгъуэну зыри хэлъкъым. АдэнэпIэсыр зыкIи къыхуейтэкъым къимылъхуа хъыджэбзым. Анэшхуэм, игу къыщIэузри, зришэлIэжат Мадинэ, арщхьэкIэ илъэсищ нэхъ дэмыкIыу, абыи лей щыхъуащ: и анэшхуэр дунейм щехыжым, «уи анэм деж кIуэж», къыжраIэри, къыдагъэкIыжащ».

Прокурорыр губжьауэ къыщолъэтри, судыщIэм зыхуегъазэ: «А къомым хуейр хэт? Мы уэчылым къригъэкIуэкIхэр Iуэхум щыщкъым. И сабиигъуэр жэнэту щытамэ, щIэпхъаджагъэ имылэжьыну арат? Жэнэтымису къэгъуэгурыкIуа куэд гъащIэм ущрихьэлIэрэ? Мы Iуэхум сыткIэ епха уэчылым дызригъэдаIуэхэр?»

Тхэуэ щыс судыщIэм, и щхьэр къызэримыIэту, и натIэм къыщIэплъащ:

– Прокурорым жиIэмкIэ сыарэзыщ, щIэпхъаджагъэ щыIам тепсэлъыхь.

– Дауи, а псо дыдэми нобэ и гугъу щIэтщIын щыIэу къыщIэкIынкъым, – пещэ уэчылым и псалъэм, – ауэ мыпхуэдэ Iуэху дыщыхэплъэм и деж, цIыхум къикIуа гъуэгуанэм дримыплъэжу къыщыхъуар дапщэщ? ИтIанэ, мы сэ зи гугъу сщIыхэр зэ еплъыгъуэкIэ Iуэхум щымыщ хуэдэу къыпфIэщIми, абыхэм наIуэ ящI къэхъуам и щхьэусыгъуэр. Мы цIыхубзым и щхьэгъусэр щылажьэм нэхърэ щымылажьэр нэхъыбэу зэдэпсэуащ а тIур. МафIэм иса унэр зэращIар нобэ суд пащхьэм итым и ахъшэщ. Къэралым кърaIыха щIыхуэшхуэри зыпшыныжар мыращ. А псор зэригъэпэщыху, къемыкIуалIэу Урысейм итащ, зы къалэм къыщищэхур адрейм щищэжу. Унэ щIынри, щIыхуэ пшыныжынри щызэфIэкIым, лей хъужащ. Игъэсыжар езым и гуащIэкIэ иухуа унэщ. Абы ищIакъым унэм зыгуэр щIэсу, псори хьэгъуэлIыгъуэ кIуэн хуеяти. Ауэ щIэсахэми фэбжьышхуэ хахакъым. И щхьэгъусэм и лъакъуэ ижьымрэ и Iэ сэмэгумрэ нэхъ исащ. БынитIым я зыр щIэсакъым, адрейхэм я Iуэхуми шынагъуэ щыIэкъым, мис справкэхэр, – жиIэри, судыщIэм и пащхьэм ирилъхьащ. – Ауэ, прокурорым имыдами, мы Iуэхум и щхьэусыгъуэр жыжьэ къыщожьэ. Езыр-езыру зыри къэхъуркъым. И щхьэгъусэр къыщыхуэмеижым, и бынхэми къыщамыдэжым, хъунымрэ мыхъунымрэ хузэхэхыжакъым. А псом къыхэкIыу, нобэ уэчылу сызыхущыт цIыхубзым гущIэгъу хуэщIын хуейуэ къызолъытэ.

– Уэ зыгуэр жыпIэну ухуей? – еупщIащ судыщIэр ягъэкъуаншэм.

– Сэ зыми зыри къащызгъэщIыну сыхуеякъым, унэм зыри щIэмыс си гугъащ, – и щхьэр зэрехьэхам хуэдэу щэхуу жиIащ Мадинэ.

Iуэхум хэплъэн яуха нэужь, судыщIэр щIэкIри къыщIыхьэжащ. Ар, судым и унафэм кIыхьу зыкъомрэ къеджэри, нэхъыщхьэм нэсащ... Илъэсих кърaтауэ щызэхихым, Мадинэ и нэр щыункIыфIыкIри, щIыбкIэ ещIащ. АрщхьэкIэ щIэх дыдэу зыкъищIэжри, зыгуэрым лъыхъуэу, къызэхуэсахэм яхэплъащ.

Илъэс пщыкIутI-пщыкIущым ит щIалэ гъур цIыкIум Мадинэ гъунэгъу зыкъыхуищIыну хуейт, арщхьэкIэ мылицэхэм къыIуагъэхьэртэкъым. Ар щилъагъум: «Заур, си щIалэ цIыкIу!» – жиIэри куэд щIауэ зэхуихьэса нэпсыр Мадинэ и напэм уэру къежэхащ.

– МащIэщ къыуатар, зэхэпхрэ, мащIэщ. Уэ пхуэфащэр нэхъыбэт. Псори дыбгъэсыну ухуеящ, дыщыпсэун димыIэжу дыкъэбгъэнащ, – мылицэхэм Iуалъэфыж пэтми, итIани щIалэр кIийрт.

Мадинэ и IитIымкIэ быдэу и щхьэр фIиубыдыкIыжри, тетIысхьэпIэ зытесым къехуэхащ. И Iупэ гъущIахэмкIэ щэху дыдэу зэрыIущащэмкIэ къапщIэрт абы иджыри псэ зэрыхэтыр.

«ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» машинэр щIэх дыдэу къэсащ. Дохутырым жиIащ Мадинэ псынщIэу сымаджэщым нэгъэсын хуейуэ. «Дыхуиткъым, абы и судыр ящIащи, здэшэн хуейр тутнакъэщ сымаджэщыращ», – къэуващ мылицэхэм ящыщ зы. Ауэ ар дохутырым идакъым: «Мыбы зыгуэр къыщыщIмэ, къуаншагъэр ди деж къамыхьын щхьэкIэ, сымаджэщым зэрыдумыгъашэмкIэ уи Iэр зыщIэлъ тхылъымпIэ къыдэт», – щыжиIэм, мылицэр къэшынэжри, хуит ищIащ Мадинэ сымаджэщым яшэну.

Абы хэту, зи ныбжь хэкIуэта цIыхубз гуэр къыIулъэдащи, зэщыджэурэ мэлъаIуэ:

– КхъыIэ, си щIалэ цIыкIу, зы псалъэ закъуэ нэхъ мыхъуми жезвгъэIэ, сэ абы сырианэщ.

АрщхьэкIэ, мылицэхэм ар къыIуагъэкIуэтыж: «Хьэуэ, хьэуэ, ди анэ, дыхуиткъым, уэлэхьи, къытхуамыдэну», – жаIэурэ.

«ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» ис дохутырыр нэхъ гу щабэу къыщIэкIри, зигу хэщI анэр кърigъэтIысхьащ.

Мадинэ зыкъимыщIэжу махуищкIэ хэлъащ, итIанэ и нэр къызэтрихри, къыщхьэщытхэм къеплъащ. «Сыт къысщыщIар?» – къыдришеиф къудейуэ щIэупщIащ ар.

– Модрей дунейм укIуэну зыбгъэхьэзыращ укъэдгъэувыIэжащ, – жиIащ дохутырхэм ящыщ зым.

– Сыт щхьэкIэ? Сэ абы сыкIуэну сыхуейщ.

– Абы ухуэмыпIащIэ... Уэ ущIалэщ, удахэщ, псори хъарзынэ хъужынщ, тхьэм жиIэмэ. Абы зэи шэч къытумыхьэ. Адыгэм жиIар пщIэркъэ? «Е мыхъу фIы хъужыркъым», – жи.

Мыбы щылажьэхэм ягу щIэузырт Мадинэ. Ар реанимацэм къыщIагъэкIыжмэ, пIалъэ къыхэмыкIыу тутнакъэщ сымаджэщым яшэнути, дохутырхэр щэхуу зэгурыIуат Iуэхум емыпIэщIэкIыну.

Лусенэ и пхъум деж щIамыгъэхьэми, жэщхэми унэм мыкIуэжу, жыг щIагъым щIэт тетIысхьэпIэм тесу нэху къекIырт. ТIысыпIэу къыхихари – плъэмэ, и пхъур зыщIэлъ палатэм и щхьэгъубжэр илъагъуу апхуэдэт.

«Бын гузэвэгъуэ зымылъэгъуам, сыт илъэгъуа? – гузасэрт ар, итIани, и щхьэр фIиудыжу, къыфIыдрисейрт: «Сыту «щIэх» къыбгурыIуэжа?! Анэ тэмэму ущытамэ, апхуэдиз мыгъуагъэр уи пхъум и щхьэм кърикIуэнт? Иджы ар къыпхуеижынкIэ ущыгугърэ?»

ЛэжьапIэ жыыуэ къакIуэ дохутырхэм тетIысхьэпIэм тес цIыхубзыр щалъагъукIэ, ягу щIэгъурт. Ахэр зэчэнджэщыжри, Лусенэ и пхъур кърагъэлъагъуну мурад ящIати, медсестра хъыджэбзыр Мадинэ зы-

хъумэ щIалэм бгъэдыхьэри, нэфIэгуфIэу жриIащ: «НакIуэ, ди шхапIэр нобэ IэфI дыдэу пщэфIащи, зыгуэр уедзэкъэнщ».

– Хьэуэ, хъунукъым, уэлэхьи мыхъуну, мыбдежым сыIукIыну сыхуиткъым. Умыгузавэ, сэ нышэдибэ сышхащ.

– Сэри сышхащ. НакIуэ, кхъыIэ. Уи гъусэу сышхэну гукъыдэж сиIэми пщIэркъыми, – жиIэурэ, щIалэм и Iэблэр иубыдри Iуишащ.

Абы ирихьэлIэу Лусенэ псынщIэу къыщIашэри: «Куэдрэ ущIэс хъунукъым», – жаIэурэ щIагъэхьащ Мадинэ зыщIэлъым.

Мадинэ хэлът. Ар фагъуэт, нэхъ гъури хъуат, и нэщIащэхэри иуэжат. И нэр зэрызэтепIам хуэдэу, шхыIэным телъ и IитIыр абы зэм къиIэтырт, зэми игъэтIылъыжырт, зэми и Iупэ гъущIахэмкIэ Iущащэрт.

– Мадинэ, си хъыджэбз цIыкIу, къоузыр сыт? Къаплъэт, ар сэращ, уи анэращ, – жиIэурэ гъыуэ и натIэм щеIусэм, Мадинэ къаскIэри, и нэхэр къызэтрихащ.

– Мамэ, ма-мэ, сэ сыт щIауэ сыножьэрэ... КхъыIэ, япэхэм хуэдэу, иджыри зэ IэплIэ къысхуэщIыт, – жиIэурэ ерагъыу къызэфIэтIысхьащ Мадинэ, и нэпсыр уэру къежэхыу.

Щысабиям хуэдэу, и пхъур и бгъафэм быдэу щIикъузэурэ: «Си гурыфIыгъуэ закъуэу, си хъыджэбз цIыкIу, сынолъэIу, къысхуэбгъэгъуну», – жиIэурэ лъаIуэрт анэр.

– Мамэ! Хэт и ма-мэ? СыкъыбогъапцIэ, сэ си мамэ дэкIуэжащ. Уэ ухэт? – жиIэурэ и анэр къыIуидзыжащ Мадинэ. Ар хъыжьпIыжьт. – ЩIалэ цIыкIу гуэрым Iейуэ си жагъуэ къищIащи, хэтми сщIэркъым. Ар уэ пцIыхурэ?

– ЩIэхыу, щIэхыу, хъумакIуэр къокIуэж, – жиIэурэ медсестрар къыщыщIыхьэм, Лусенэ псынщIэу къыщIэкIыжащ палатэм.

– Си хъыджэбзым си гур хигъэщIащ. Сыт абы и лажьэр? – еупщIащ ар медсестрам.

– ЦIыху псори зэхуэдэу пэщIэтыфыркъым гуауэм. Зэманзэманкlэрэ Мадинэ апхуэдэу мэхъу. И акъылым къыщихьэжи щыIэщ, нэхъыфIым дыщыгугъынщ, – къыжриIэщ медсестрами, псынщIэу Iуигъэзыкlыжащ.

Лусенэрэ абы и щхьэгъусэ Назиррэ насыпыфIэу, «унагъуэ хъуэпсэгъуэщ» зыхужаIэм хуэдэу, дахэу зэдэпсэурт, быну яIэри Мадинэ закъуэт. Апхуэдэу екIуэкIынуи къыщIэкIынт, университетыр къэзыухагъащIэ хъыджэбз лъагэ цIыкIу гуэр егъэджакIуэу я школым къамыгъэкIуамэ. А хъыджэбз зэкIужыр занщIэу итхьэкъуат я директорым. УнафэщI хуэхъуам щхьэгъусэ иIэми, Иринэ къилъытат ар пшэрыIуэу, зыхуэпэкIи имыщIэу, кIэщIу жыпIэмэ, апхуэдэ щхьэгъусэ Назир хуэмыфащэу. Зэман къызэрыхудэхуэу, абы директорым и кабинетым зыщIигъахуэрт. Урок итхэм щхьэкIэ еупщI, ечэнджэщ хуэдэурэ къригъажьэрти, псалъэмакъыр нэгъуэщI гуэрхэм хуишэжырт, директорыр къызэрыдихьэхыным нэхъ тещIыхьауэ.

Лусенэ къыдэлажьэхэм кърaIуэкIрей хъуат: «Мы хъыджэбзым уи щхьэгъусэм деж куэдрэ зыщIегъахуэ, умыбэлэрыгъ», – жаIэурэ.

АрщхьэкIэ ар Лусенэ и тхьэкIумэм иригъэхьащэртэкъым. «Апхуэдиз илъэс лъандэрэ сызыдэпсэуа щхьэгъусэр зы хъыджэбзыжь цIыкIу щхьэкIэ пхухэлъэдэнкъым, – егупсысырт ар. – ИгъащIэм зы псалъэмакъ дяку дэлъакъым. Ди хъыджэбз цIыкIуращи, дыщэм хуэдэщ, ар

Назир зэрыпхухыфIидзэн дунейм теткъым». ИтIани, гурыщхъуэр и гущIэм хуэмурэ къепIэстхъырт.

Пщыхьэщхьэ гуэрым, ахэр шхэуэ здэщысым, Лусенэ, Iэнкун дыдэу, и щхьэгъусэм еупщIащ Иринэ теухуауэ.

Назир ину дыхьэшхри: «Къэбгъуэтаи ущIэгузэвэн», – къыжриIэри, шхэни имыухауэ къэтэджыжащ. Абы и ужькIэ Лусенэ и гур нэхъ зэгъэжат, игъащIэм сыкъигъэпцIакъым, апхуэдэу щыжиIэкIэ, псалъэмакъ мыфэмыцхэр пцIы къыщIэкIынщ, жиIэри.

А псалъэмакъым и ужькIэ, махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, Лусенэ кърихьэлIэжащ и щхьэгъусэм и зы щыгъын шифонерым дэмылъыжу. ЦIыхубзым и фэр пыкIри, хуэмурэ етIысэхащ. «Мадинэ, мыдэ къакIуэт», – зэуэ зызыхъуэжа макъкIэ еджащ ар адрей пэшым урокхэр зыщIыжу щIэс и пхъум.

Мадинэ шифонерыбжэ Iухар щилъагъум, псори къыгурыIуащ. «Сыт дэ абы етщIар, фIыуэ дымылъэгъуауэ ара, хьэмэрэ зыгуэркIэ и жагъуэ тщIа?» – и анэм зришэкIауэ хъыджэбз цIыкIур зэщыджэрт.

– Тхьэм гущIэгъу къыхуищI, Мадинэ, физ хей иумыгъэкIыж, хьэ хей умыукI, жаIэ игъащIэми, – къыдришеящ Лусенэ, ерагъыу зызэтриIыгъэурэ.

– Сыт «тхьэм гущIэгъу къыхуищI» жыхуэпIэр?! Зэи къыхуимыщIыну ращ. Уэ зыкъэбгъанэрэ, абы щыгъыным я нэхъыфIыр щебгъэтIагъэу, Iуэху иумыгъащIэу, псори уи пщэм дэплъхьэжауэ упсэуащ. Еплъ иджы къыуищIэжам, – нэхъри зэщыджэрт Мадинэ, и анэм зришэкIыурэ.

Назир къуажэ школыр къигъанэри, къалэм лэжьапIэ кIуащ. Иринэ и адэр зылъэкI гуэрт, яIэри а зыпхъурати, малъхъэр зыхашэжащ. Ар ягу ирихьырт зыхыхьэжахэм: щIалэ зэкIужу зэрыщытым и мызакъуэу, гушыIэ дахэ, хабзэ хэлът, цIыху щабэт. Адэ-анэм шэч къытрахьэртэкъым я пхъур насыпыфIэ зэрыхъуам.

Езы Назири къалэдэс гъащIэр игу ирихьат. ЛэжьапIэ нэужьым ерыскъы IэфI зэмылIэужьыгъуэхэр стIолым тету кърихьэлIэжырти, шхэныр зэфIэкIа нэужь, телевизор еплъырт, журнал еджэрт. Къуажэ дэсыным пыщIар сыт хуэдизт...

Лусенэ и лIыр зэрежьэжар къыщащIэм, зыкIи пэмыплъауэ, лъыхъу Iэджэ къыхукъуэкIащ. Езыри зыщIэгупсысыжри, апхуэдэ пудыныгъэ Назир къыщызихакIэ, сэ зыри къысхуэмей хуэдэ, жагъуэгъу гъэгуфIэ зысщIынкъым, жиIэри дэкIуэжыным триухуащ. И пхъум зыкIи емычэнджэщу, абы зыхигъэхьэжащ щэнейрэ щхьэгъусэ зиIа, ефэнри зи мыжагъуэ лIы ехьэжьа гуэр. Мадинэ зэи теплъэ хъуакъым и адэнэпIэс Сэлэдин. И анэр хамэлIым зэреубзэмрэ зэрелIалIэмрэ зримыгъэлъагъун щхьэкIэ, нэхъыбэм ар и пэшым щIэст, е и ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэм я деж кIуэрт. Ар Лусенэ псалъэмакъ ищIырт. «КъыуищIэр сыт, уи жагъуэ къищIрэ? Иджы щыщIэдзауэ си дунейр физабэу сыбгъэхьыну ара узыхуейр?» – жриIэрт. Апхуэдэхэм деж Мадинэ и анэм зыри пидзыжыртэкъым, и пэшым щIыхьэжырти, телевизор цIыкIур пигъанэрт.

Илъэс пщыкIутхум ит Мадинэ, и анэми хуэдэу, щIыфэ хужьт, нэкIущхьэплъ дахэт, и щхьэцыгъуэшхуэр сыт щыгъуи зыуэ ухуэнауэ едзыхат. Абы Сэлэдин зэрехъуапсэр IупщIт. Лусенэ лэжьапIэм щыщыIэхэм деж, щхьэусыгъуэ гуэрхэр ищIурэ, щIэх-щIэхыурэ къыды-

хьэжырт, накIуи сыгъашхэ, жиIэу, Мадинэ и пэшым щыщIыхьи къыхэхуэу.

– Мамэ къэкIуэжмэ, уигъэшхэнщ, мыбы укъыщIэмыхьэ, – жриIэрт абы Мадинэ. Апхуэдэхэм деж мылъхуадэр нэхъ Iеижу къызэкIуэкIырт:

– Еплъыт абы, къэзлэжьыр ишхмэ, мэхъу, и пэшым сыкъыщIыхьэ хъунукъым. Уэлэхьи, угубзыгъэмэ уэ!

– Сэ сшхыр си анэм къилэжьыращ, щIэкI мыбы! – губжьырт Мадини.

Махуэ гуэрым Сэлэдин, тIэкIуи ефауэ къыдыхьэжри, хъыджэбз цIыкIум щыхьэпащ.

– СутIыпщ, сутIыпщ, Iуплъэгъуей, си анэм ужесIэжынщ, сыкIиинщи, хьэблэр зэхуэсшэсынщ, – жиIэурэ, лIым зыкъыIэщIиудыжащ. – ЗэгъащIэ, иджы зэ си гугъу къэпщIыжмэ, ущыжеям деж, мис мыр уи къурмакъейм хэсхуэнщ, – жиIэурэ гъущI псыгъуэ гуэр кърigъэлъэгъуащ. – Апхуэдэу щIэсщIам и щхьэусыгъуэр тхауэ къэзгъэнэнщи, итIанэ сэри зызукIыжынщ. Мыр си пIэщхьагъым щIэлъу сыщIэжейр уэращ.

Сэлэдин зызэтриубыдэжри, псынщIэу пэшым щIэкIыжащ. Абы къыгурыIуат Мадинэ Iэсэлъасэу, щэныфIэ цIыкIуу щыт щхьэкIэ, къэбгъэгубжьмэ, сытри къыузэрищIэфынур.

ЛэжьапIэ къикIыжа Лусенэ бжэр къызэрыIуихыу, диваным илъ лIыр къыщылъэтащ.

– Мыр сыт, унэр тутын Iугъуэ пщIарэ щыгъын фIеймкIи ухэлъу, – жеIэ Лусенэ губжь лъэпкъ зыщIэмыт макъ щабэкIэ. – Сыту пасэуи укъэкIуэжа нобэ!

– Уэлэхьи, мыпасэ, сыкъэкIуэжа къудейуэ аращ. Машинэжьыр къутэри, и зэгъэзэхуэжыным куэдрэ селIэлIащ, – жеIэ Сэлэдин, тIэкIуи къэгузэвауэ.

– Мадинэ щIэскъэ?

– СщIэркъым, слъэгъуакъым. Сыкъыдыхьэжа къудейщ, жысIаи.

– Мадинэ, – жиIэурэ, и пхъур зыщIэлъ пэшым и бжэр Iуихащ Лусенэ.

Гъыуэ пIэм илъ хъыджэбз цIыкIум и анэр къызэрилъагъуу, «мамэ», жиIэри зыкъридзащ.

– Мыр сыт, си гъэфIэн закъуэ, къэхъуар сыт, щхьэ угърэ? Зыгуэрым уи жагъуэ къищIа?

– Хьэуэ, хьэуэ, мамэ, зыми си жагъуэ къищIакъым, папэ сигу къихьащи аращ.

– Сыт тщIэну ди къару, си хъыджэбз цIыкIу, дыкъыхыфIидзэри ежьэжащ. Сэ ар сигу къемыуэ, хьэмэрэ сщыгъупща уи гугъэ? Ауэ сыт си Iэмал, сэ нэхърэ нэхъ щIалэ, нэхъ дахэ къигъуэтати, дэ лей дыхъуащ. Ди закъуэкъым апхуэдэ къызыщыщIыр, уи гум иумыгъэжалIэ... Дытумыгъэпсэлъыхь абы афIэкIа, мыдэ шхын хьэзыр щыIэщи, иджыпсту фызгъэшхэнщ, – жиIэурэ Лусенэ пщэфIапIэмкIэ иунэтIащ.

И анэм и урокхэр иухыху ежьэу щыс хъыджэбз цIыкIур мызэмытIэу зылъагъу егъэджакIуэхэм къагурыIуат Мадинэ унэм кIуэжыну зэрышынэр.

– А уи лIым зыгуэр жеIэ, уи пхъур уи гъусэу фIэкIа кIуэжыну зэрыхуэмейм уэ зыри хэплъагъуэркъэ? – жаIэу къыдэлажьэхэр къыщеупщIым: – Сэлэдин абы зэи Iейуэ хущымытыну арат. Теплъэ

мыхъур езы Мадинэщ, есщIэнур сщIэркъым. Сэлэдинрэ сэрэ хъарзынэу дызэдопсэу, зы псалъэмакъи димыIэу. Мадинэ апхуэдэу къызэрыхущытыр езы Сэлэдини и жагъуэ мэхъу. Си хъыджэбзым и адэр Iейуэ игу къоуэри, псори къызыхэкIыр аращ, – жиIэри, Лусенэ псалъэмакъыр абдежым щиухащ.

Пщыхьэщхьэ гуэрым, Сэлэдин щIэмысу, Лусенэ и пхъур игъэтIысри епсэлъащ:

– Мадинэ, илъэс зы-тIу дэкIым, уэ удэкIуэнурэ уежьэжынущ, итIанэ сэ си закъуэу сыкъонэ. Пэжщ, закъуэныгъэр къызыфIэмыIуэхухэри щыIэщ, ауэ сэ абыхэм сащыщкъым. Бэлыхьлажьэу щымытми, гъусэ гуэр сиIэну сыхуейщ. ИтIанэ, сэри зыгуэр зэрызгъуэтыжар уи адэм ирырещIэ. Солъагъур Сэлэдин уи нэм бжэгъуу къызэрыщIэуэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, си анэм деж узгъэкIуэнщи, абы школыр къыщыбухынщ, адэкIэ еджапIэ ущIэтIысхьэнщи, къалэм ущыIэнщ. Ауэ, дэнэ ущымыIэми, уэрэ сэрэ зэи дызэфIэкIуэдынукъым, си хъыджэбз цIыкIу. Жьы сыхъурэ, сымылажьэу сытIысыжмэ, уи бын цIыкIухэр пхуэзыпIынур сэракъэ? ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ уиIэу, уэркIэ си щхьэр лъагэу щыслъагъужын зэман къэхъуну сыщогугъ.

– Хъунщ, мамэ, а жыхуэпIэм хуэдэу сщIынщ. Дауи, сызэса школыр си ныбжьэгъухэр сигу къеуэнущ, ауэ зэран сыпхуэхъуну сыхуейкъым. Сэ гугъу сехьми, Iуэхукъым, уэ унасыпыфIэмэ. Сэр щхьэкIэ умыгузавэ, сыкIуэдынкъым.

– Е си Iэсэлъасэ цIыкIу, сыту цIыхуфIыщэу тхьэм укъызитат... Уэ си анэм деж ущытыншынущ. Сытым хуэдэу фIыуэ укъилъагъурэ уэ абы! – жиIэри, Лусенэ и пхъум и щхьэм ба хуищIащ.

Мадинэ къыгурыIуащ и сабиигъуэ насыпыфIэм щыщу къэнэжа зы мащIэри зэрыкIуэдыжар. Иджы къыпэщылъыр зеиншэ гъуэгуанэ зытрагъэувэм и закъуэу ирикIуэнырт. Сыт хуэдизу къемыхьэлъэкIми, и анэм гу лъримыгъатэу, ар и анэшым кIуащ.

Мазэ зыщыплI нэхъ дэмыкIауэ, къуажэ амбулаторэм медсестрауэ щылажьэ нысэр губжьауэ къыдохьэжри, и гуащэм деж щIолъадэ:

– Уи пхъур зыдэкIуэжам тегужьеикIри, и бынир дэ къыджьэхидзауэ, дегъэпI. Дэ езым дыдейхэр ерагъыу зыхуей хуэдгъэзэф къудейщ. Мазэ къэс ахъшэ ныфхуезгъэхьынщ, жиIатэкъэ? Дэнэ щыIэ-тIэ ахъшэр? Зыхигъэхьэжар епIри щысщ, дапщэ къилэжьми, абы хурикъуркъым.

– Хъунщ, хъунщ, нысащIэ, къэхъуар сыт? «ЦIыхуфIщ, тэмакъкIыхьщ», жысIэурэ сыпщытхъурти, нобэ сыту Iейуэ укъэтэмакъа? – жиIэурэ, нанэм нэмэзлыкъыр зэкIуэцIилъхьэжри зигъэукIуриящ. АрщхьэкIэ нысэм и псалъэм адэкIи къыпищащ:

– Школым щIэс щIалэ цIыкIухэм Мадинэ къыкIэлъажыхь. Абы щхьэкIэ зозауэ, нобэ дыдэ и накIэр хущIаудауэ зы щIалэ цIыкIу нэкIуащ, и анэм нишэри. Дахэщ, нэIурытщ, къагъэпцIэну Iэджэми зыкъырапщытынущ. Апхуэдэ ныбжьым ит хъыджэбз цIыкIум, Iэмал имыIэу и анэм и нэIэ къытетын хуейщ.

– Хъунщ иджы, нысащIэ, Iуэхур апхуэдизу умыгъэбатэ. Зэзэуамэ, езым я Iуэхужщ, зремызауэ, узауэкIэ зыри къызэрумыхьынур къагурымыIуэмэ, езыхэм я мыгъуагъэжщ. «НэIурытщ» жыхуэпIэр сыт? А тхьэмыщкIэр дыхьэшхыу зыгуэрым илъэгъуауэ зэи си фIэщ

хъунукъым. КъызэрикIухьыр и щхьэр ехьэхауэщ. Ар зыгуэрым къигъэпцIэнкIэ е щIалэ Iуэху зэрихуэнкIэ умышынэ, апхуэдэ гукъыдэж абы иIэкъым, зэгуэр иIэнуми – тхьэр хуитщ.

– Ар псори гурыIуэгъуэщ, ауэ абы ищIэнум уэри сэри дыщыгъуазэкъым. И анэр къакIуэрэ ишэжмэ, нэхъ тэмэму къызолъытэ сэ. ЛIы щхьэкIэ зи бын хыфIэзыдзэф анэ сэ слъэгъуауэ сщIэжыркъым, – нэхъ щабэ хъужами, жиIам темыкIыу нысащIэр щIэкIыжащ.

– Бынми, абы къалъхужами я бэлыхьым ухэтын хуейуэ ар сыт гъащIэ? – и нысэ щIэкIыжам кIэлъыпсалъэурэ, и щхьэ хужиIэжырт нанэм. – Хъыджэбз цIыкIум и гум семыуэнкIэ Iэмал имыIэу, еплъыт абы си пщэ къыдилъхьа къалэным. И анэм сыт жезмыIэми, зыри зэхихыну хуейкъым. Щхьэгъусэншэу мыпсэуфыну и Iуэхур абы триухуащи, къызэрытебгъэкIын щыIэкъым. Зэхэзедзэну къэна си тхьэмыщкIэ цIыкIум Тхьэм гущIэгъу къыхуищIыну солъэIу. Си гущIэм уэр папщIэ зыкъегъазэ, ауэ сыт си Iэмал?..

Абы хэту, школым къикIыжри къыщIыхьэжащ Мадинэ.

– Нанэ, си нанэ дахэ цIыкIу, сыт къэхъуар, щхьэ угърэ? Уи жагъуэ къащIауэ ара? – жиIэурэ и анэшхуэм зришэкIащ. – Арамэ, ар уи щхьэм ирумыгъажэ, нанэ. Сэ Iэджэми си жагъуэ къащI, Iейм сесэжауэ сопсэу. Сызыхэс классми Iэджи къызахъуэн. Ауэ зыри жысIэркъым. Зэхэзмых нэпцI зызощI. ЖыIэт, мыдэ, си нанэ цIыкIу, сыт уи нэпсыр къыщIекIуар?

– Фи деж уигъэкIуэжыну Рае апхуэдэ унафэ ищIащ.

Сытми пэщIэтыфу жызыIа хъыджэбз цIыкIум, блэ зэуам хуэдэу, зызэхуишэри къыщиудащ:

– Сыт щхьэкIэ, нанэ? ЕсщIар сыт? Сыт хуэдэ къуаншагъэ злэжьар? Нанэ, си нанэ цIыкIу, кхъыIэ, сумыгъэкIуэж. Iуэхуу сщIэр фIэмащIэмэ, нэхъыбэж сщIэнщ.

Мадинэ, лъэгуажьэмыщхьэу тIысауэ, гъуэгыурэ анэшхуэм и лъакъуэхэм ба хуищIырт:

– СхуелъэIу, си нанэ цIыкIу, школыр къэзухыху сыщигъэIэну. ИтIанэ сэ еджапIэ нэхъыфI дыдэм сыщIэтIысхьэфынущ. Къэзухрэ лэжьэн щIэздзэмэ, сыкъыдэIэпыкъужынщ, Iэмал имыIэу сыкъыдэIэпыкъужынщ. Апхуэдэу жеIэ, нанэ, хъункъэ?

– Къэтэдж, къэтэдж, си хъыджэбз цIыкIу, си гур умыкъутэу. Хъунщ, селъэIунщ, – жиIэурэ анэшхуэм Мадинэ къызэфIигъэувэжащ.

– Нанэ, уэ нэхъыжьу унагъуэм ущискIэ, къодэIуэн хуейкъэ ар?

– Жьы ухъуныр – Iуэхушхуэ мыгъуэщ! Унафэ уагъэщI хуэдэу защIми, псом жаIэми уэ урагъэдэIуэну хэтщ.

ЕтIуанэ пщэдджыжьым Рае жьы дыдэу къыщIыхьащ и гуащэм деж.

– Сыт, нысащIэ, нэху пхуэмыгъэщыжу ара? – жиIэурэ къызэфIэтIысхьащ нэмэзщыгъэ зыгъажэу щылъ нанэр. – КIуэи къеджэ си къуэм.

– Ар хущIыхьэркъым, Iэщым яхэтщ.

Нанэм и псалъэхэм нэхъ пхъашэу къытригъэзэжащ:

– КIуэи къеджэ, жысIащи, къеджэ.

Рае щIэкIри, зытэлай нэхъ дэмыкIыу и лIыр и гъусэу къыщIыхьэжащ.

– Мыдэ фыкъэдаIуэ иджы. Мы унэ-лъапсэ фыщыпсэур си щхьэгъусэ тхьэмыщкIэмрэ сэрэ духуащ. Гугъу дехьу, шхыни, щыгъыни зы-

хуэдгъэныкъуэу. ПщIантIэм дэт Iэщхэри джэдкъазхэри дэращ зэзыгъэпэщар. Пхъэщхьэмыщхьэм, хадэхэкIым, гъэшхэкIым щыщу дэ тшхыр нэхъыкIэрат. Фэ фхуэдэу нэхъыфIыр тшхыну зэи дигу къэкIакъым. НэхъыфIыр зэдгъэкIуэкIырти, абы дрипсэурт.

– Сыт-тIэ, мамэ, иджы а псор къыщIэбгъэхъеижыр? – жеIэ и къуэм.

– КъыщIэзгъэхъеижри? Апхуэдизу гугъу зыщIедгъэхьар фэращ. Ди гугъуехьым пщIэ гуэр къыхуэфщIыжыну къыфтохуэ.

– Уэлэхьи, сымыщIэ, адрей адэ-анэхэми я бынхэм зыгуэр къыхуагъанэ.

– Зыгуэрымрэ Iейуэ гугъу узыдехьамрэ зэхуэдэкъым. А псор фигу къыщIэзгъэкIыжри мыращ: Мадинэ школыр къиухыху мыбы щыIэнущ. Абы и шхын щхьэкIи фымыгузавэ, си пенсэм тIури дрикъунущ.

– ЖыпIэнуIа, си щIалэ, си унафэм теухуауэ?

ЩIалэм и дамэр дрегъэуейри, и щхьэгъусэм хуоплъэкI.

– Уэлэхьи, сэ ар зыкIи зэран къысхуэмыхъу, сщIэркъым, мыбы зэрыжиIэщ.

– Абы зэрыжиIэкъым, сэ зэрыжысIэщ. Иджы, фыкIуэ, лэжьапIэм фыкъыкIэрыхуу къыщIэкIынщ, – жиIэри, нанэм зигъэукIуриижащ.

– Тхьэ, а хъыджэбз цIыкIум ишхым сыщысхьу армыра, мамэ, тшхыр ишхынщ, иджы сыт – щхьэхуэу дыпщэфIэн хуейуэ ара? – къэгузэващ нысэр.

– КIуэ, нысащIэ, кIуэ, зыкъыкIэрумыгъэху лэжьапIэм.

Рае зыгуэр къыпидзыжат гуащэм жиIам, ауэ ар нанэм зэхихакъым, зэхихами, зыкIи къыфIэIуэхунутэкъым. Куэд щIауэ къэмыхъужауэ, и унафэр зэрыпхигъэкIыфам абы дамэ къытригъэкIат.

Шэджагъуэ нэужьым Мадинэ къэкIуэжу, и анэшхуэм ищIа унафэр щыжриIэм, абы зришэкIри, гуфIэ нэпс къыфIыщIэлъэлъащ.

Ебгъуанэ классыр Мадинэ фIы дыдэу къиухат, и анэри къакIуэурэ къилъагъурти, и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжат.

– Нанэ, сэ сыт хуэдэ еджапIэми сыщIэтIысхьэфынущ, сытым сыхуеджэмэ нэхъ къапщтэрэ? – зы пщыхьэщхьэ гуэрым Мадинэ бгъэдэтIысхьащ и анэшхуэм.

– Алыхь сымыщIэ, уэ нэхъ къыхэпхыр сыт? Ахъшэншэу ущIэтIысхьэфыну уи гугъэу ара, си хъыджэбз цIыкIу?

– Зыри щIэзмыту, къулыкъущIэхэм я бынхэр зыщеджэм сыщIэсу уэзгъэлъагъунщ, нанэ. Сэ «тху» защIэщ сиIэр. Ар псори зи фIыщIэр уэращ, си нанэ дахэ цIыкIу.

– Зи фIыщIэр уи еджэкIэращ, си хъыджэбз цIыкIу. Ауэ, тхьэм жиIэ ахъшэ темыкIуадэу зыщIыпIэ ущIэхуэну.

– СыщIэтIысхьэфынущ, плъагъункъэ! Мис ар къэзухмэ, итIанэ сэ пхуэсщIэну жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ!

– КъысхуумыщIэми Iуэхутэкъым, жьы хъуахэр куэд дыхуеиж уи гугъэрэ? Нэхъыщхьэращи, уи мурадыр тхьэм къыуигъэхъулIэ, сипхъу цIыкIу!

Пщыхьэщхьэ гуэрым, зрихьэлIэ хущхъуэхэри сэбэп къыхуэмыхъужу, нанэр и гум нэхъ къыхигъэзыхь хъуащ. Мадинэ имыгъэгузэвэн щхьэкIэ, зыкъримыгъэщIэну хэтт, арщхьэкIэ псори нэрылъагъут.

– Нанэ, си нанэ дыщэ цIыкIу, сумыгъэгузавэт, уэр фIэкIа сэ зыри сызэримыIэр пщIэркъэ? Сэ сызеиншэщ, – еIущащэрт абы Мадинэ, бгъэдэтIысхьауэ..

Анэшхуэм хъыджэбз цIыкIум и щхьэм Iэ дилъэурэ ерагъыу къыдришейрт:

– Сыт ущIэзеиншэр, уэ адэ-анэ уиIэщ.

– Ахэр сиIэми, симыIэ пэлъытэщ. Сэ сызеиншэщ, сызеиншэщ, нанэ, ар уэ пщIэркъэ?

– Уи анэм фIыуэ укъелъагъу, укъимылъагъункIи Iэмал иIэкъым, укъилъхуащ, урибынщ... Умыгъ, си хъыджэбз цIыкIу, си гур умыкъутэ.

Зы тхьэмахуэ нэхъ хэмылъауэ, анэшхуэр дунейм ехыжащ. Мадинэ ар зэригъеямрэ къигуIамрэ къызэхуэса псоми я гур игъэузат.

И анэр дунейм щехыжым, Лусенэ къыгурыIуащ Мадинэ анэшыр афIэкIа псэупIэ зэрыхуэмыхъужынур, икIи езым деж къишэжащ. Нэхъ гъур хъуам и мызакъуэу, хъыджэбзыр нэхъ цIыкIуи хъуауэ къыпщыхъурт, щыгъын фIыцIэкIэ хуэпауэ анэшхуэм хуэщыгъуэрти.

– IэлъэщI закъуэр птелъми куэдщ, бостей фIыцIэр зыщых, – жиIэу и анэр къелъэIуами, Мадинэ ауи къыхутегъэхьакъым.

– Си къэкIуэнум ар и плъыфэщ... КхъыIэ, мамэ, си гугъу къыумыщI, – жиIэри, и пэшым щIыхьэжащ.

Мадинэ бжэ гъэбыдакIэ щIэсти, къыщыщIэкIри щышхэри зэзэмызэт. Хъыджэбзым и анэм зыхуигъэгусэу е пхъашэу хущыту пхужыIэнутэкъым, ауэ кIуэ пэтми абы пэжыжьэ зэрыхуэхъур нэрылъагъут.

Лусенэ тегузэвыхь хъуат езым и Iуэхуми, и пхъум и Iуэхуми. Хъарзынэу зэтеувэжауэ къыфIэщI и насыпыр икъутэнуи хуейтэкъым, и пхъур фIэкIуэдынкIи шынэрт.



Пщыхьэщхьэ гуэрым Сэлэдин и шыпхъур Лусенэхэ я деж къокIуэ. Ари ящыщт Iуэхум иригузавэм. Абы щхьэусыгъуэ иIэт: и гуащэм емызэгъыу, и дыщ къигъэзэжат, и сабиищри щIыгъуу. И дэлъхумрэ абырэ игъащIэми зэзэгъатэкъым. Иджы, хъарзынэу лъэныкъуэ еза и дэлъхум къигъэзэжрэ къахэтIысхьэжмэ, аргуэрыжьти, къаугъэмрэ псалъэмакъымрэ щIэрыщIэу щIидзэжынут.

И пщыпхъум щыгуфIыкIыу кър득гъэблэгъащ Лусенэ. Сэлэдин щIэстэкъыми, хуиту зэпсэлъэну Iэмал яIэт тIуми.

– Сэри хуабжьу срогузавэ, Лусенэ, уи Iуэхум, – къыхутрагъэува шхыным хэIэбэурэ кърригъэжьащ цIыхубзым. – Уи жагъуэ умыщI, ауэ Мадинэ и хьэлыр гугъум и мызакъуэу, IуэнтIащ. Быным игъэтхъа плъэгъуа? Бетэмал, емынэм сызэрихуэу щы къэслъхуат! Ахэр мыхъуамэ, си Iуэхути, сыдэмыкIуэжу зы махуэ сыщыстэм. Мадинэ и ныбжьыр сытым ит?

– Илъэс пщыкIух хъунущ.

– Лусенэ, абы нэгъуэщI Iэмал иIэкъым, лIы етын хуейуэ аращ.

– Хьэуэ, хьэуэ! Ар мыхъун Iуэхущ, си анэм и махуэ плIыщIыр тщIа къудейщ. ИтIанэ, езым и ныбжьри нэсакъым. Суд Iуэху ящIынущ.

– Сыт мыбы суд Iуэху жыхуиIэр, ахъшэм нобэ имыщIэ щыIэ! Куэд схузэфIэмыкIми, зыгуэркIэ сэри сыбдэIэпыкъунщ. Си ныбжьэгъум и нысэм дэлъху хъарзынэ иIэщ и къэшэгъуэу, а тIур зэрызэхуэтшэнум егупсысын хуейщ.

– Мадинэ зыми пхудэкIуэнукъым, сэри залымыгъэкIэ схуетынукъым. Жейр сфIэкIуэдауэ, си сабий закъуэм согупсыс. И щIыбыр къэгъэзауэ махуэ псом хэлъщ, жэщми зэхызох ар зэрыгъыр. И мурадри

и Iуэху зытриухуари къызжиIэркъым. Хамэ дыдэ схуэхъункIэ сошынэ. Си анэм и лIэныгъэр егъэлеяуэ зыхищIащ, – тхьэусыхэрт Лусенэ.

– Хэгъэзыхьи залымыгъи хэмылъу, а уи хъыджэбз цIыкIур дэкIуауэ плъагъунщ-тIэ. Зи гугъу сщIы щIалэр псэукIэ зыщIэщ, нобэрей зэманым зыдезыгъэкIуфщ...

... Мадинэ нэхъыфI хъужами, ябзыщIурэ, сымаджэ хьэлъэхэр зыщIэлъым щаIыгъащ. ТхьэмахуитI хуэдиз дэкIауэ, тутнакъэщым щылажьэ дохутырыр къуишэри, мылицэр къэкIуащ. Дохутырыр къеплъу: «И узыншагъэм зыри шынагъуэ пылъыжкъым», – щыжиIэм, Мадинэ тутнакъэщым яшащ.

ТепIэнщIэлъыныр и блэгущIэм щIэлъу, Мадинэ мылицэ фащэ зыщыгъ цIыхубз лъахъшэ цIыкIум камерэм щыщIишам, абы псори къеплъащ.

– Мыр Мадинэщ, зэвгъэцIыху. Дыгъуасэ хуит къэхъужа гъуэлъыпIэр мыбы ейщ. Мэлэчыпхъу, мыбы уи нэIэ тегъэт, – жери цIыхубзыр щIэкIыжащ.

Мадинэ къызыхэхуа гупым яхэплъэну шынэрти, и щхьэр ехьэхауэ здэувам и деж щытт. Мыдрейхэми, я Iуэхур къагъэнауэ, ар зэпаплъыхьырт. ГъурыIуэщи, щыгъын къыщатIэгъари щолэлыхь, ауэ цIыхубз дахэщ. Апхуэдэу IэмащIэлъэмащIэ цIыкIухэр тутнакъэщ гъащIэм щIэх дыдэу хегъащIэ. Мыбыи ихьыфынур зыщIэр Тхьэшхуэращ.

– Умышынэ, дэри дыцIыхущ, зэрыжаIэм хуэдэуи дышынагъуэкъым. Мыри куэдрэ пIыгъыну?! – зэхех Лусенэ къаруушхуэ зыхэлъ макъ. Къыдэплъеймэ, и пащхьэ къитыр цIыхубз пшэр лъагэт. Пшэрми, и Iэпкълъэпкъым лейуэ зыри хэмылъу, зэкIужт.

Абы тепIэнщIэлъыныр ихьри, Мадинэ къыхуагъэлъэгъуа гъуэлъыпIэм ирилъхьащ, иужькIэ уэншэкур иукъуэдийри псори хузэщIилъхьащ.

Мыбы ис цIыхубзхэм я дежкIэ ар, зэи къэмыхъуауэ, гъэщIэгъуэн дыдэт. Сыт жиIэми, ягъэзэщIэн хуейуэ, псоми тепщэ яхуэхъуа Мэлэчыпхъу абыкIэ къагуригъэIуат и дамэ Мадинэ зэрыщIигъэувар.

– Мыдэ къакIуэ, куэдрэ абдежым ущытыну? – жиIэу Мэлэчыпхъу къыщеджэм, Мадинэ кIуэри гъуэлъыпIэм итIысхьащ.

– Си щхьэр къыхэлъэдащ, мыбдежым зыгуэр къыхаIуу фIэкIа сщIэркъым, – жиIэурэ и щхьэр IитIкIэ быдэу икъузащ.

– Гъуэлъ, уешащи аращ, умыгузавэ, псори тэмэм хъужынщ, – жиIэурэ Мэлэчыпхъу абы шхыIэныр трипхъуащ.

Зытэлай дэкIри, Мадинэ къызэфIэтIысхьащ: «Дэ дыхэт? Сэ дэнэ сыздэщыIэр?» – жиIэурэ, къыщхьэщытхэм къахэплъащ.

ЦIыхубзхэр зэплъыжащ.

– Зэи узыхэмыхуа Iуэху ущыхэхуэм деж апхуэди къохъу. Умыгузавэ, псоми уесэжынущ. «Е мыхъу фIы хъужыркъым», жаIэу зэхэпхакъэ? – къыбгъэдыхьащ абы Мэлэчыпхъу. – Зыгъэпсэху, зыми уемыгупсысу жей.

ТIэкIу дэкIри, Мадинэ аргуэру къызэфIэтIысхьащ:

– Си щхьэцыр паупщIащ, сыгъыурэ. СелъэIуа пэтми, итIани сызэхахакъым. Си анэшхуэм схуигъэкIат ар, тхьэмыщкIэ, и жагъуэ хъуауэ къыщIэкIынщ... Фэ къомри дэнэ фыкъикIа? Сэ фэ зэи фыслъэгъуакъым.

– Тутнакъэщым езым и хабзэ иIэжщ... Уи щхьэцри къэкIыжынщ, абы щхьэкIэ апхуэдизу уи гур хыумыгъэщI, – жеIэ цIыхубзхэм ящыщ зым.

Адрейхэр зоплъыж. Зыри жамыIэми, цIыхубзхэм къагурыIуащ Мадинэ и щхьэм зыгуэр зэрилажьэр.

Шэджагъуэ щыхъум, цIыхубзхэм загъэхьэзырри, шхапIэм кIуэну ежьащ. Мадини яхэуващ, Мэлэчыпхъу бгъурыувэри.

– «Мэлэчыпхъу»–р уи анэм къыпфIищауэ арат? – еупщIащ Мадинэ цIыхубзышхуэм, тIэкIу дэуэршэрыну зэман къызэрыхуихуар къигъэсэбэпри.

– Хьэуэ, сэ си цIэр Ритэщ. Мыбы япэу сыкъыщихуам, зи ныбжь хэкIуэта цIыхубз гуэрым сыкърихьэлIати, угубзыгъэ дыдэщ икIи псоми гу лъыботэ, жиIэри къысфIищати, абы сыкъытенащ. Мыбы уи цIэ дыдэр щызекIуэркъым, щызекIуэр узыхэтым къыпфIащыращ. Дуней хуитым си пшэрагъым и зэран фIэкIа къыщызэмыкIами, мыбы къыщысхуэсэбэпащ. Си анэр дунейм ехыжа нэужь, си адэм нэгъуэщI къишэжати, абы сипIыну хуейтэкъым, сабий цIынэр пIыгъуафIэ? Зеиншэхэр щапI унэм сритыну хуежьат, сыIахакъым. Сыт ищIэнт, имыкIыжу исыну хуеймэ, симыпIу хъунутэкъым. Ауэ нэхъыбэу сигъэшхыр фошыгъу шейм щIакхъуэ хэпIытIауэт. «БыртIым цIыкIу хъужауэ зэрызгъашхэр, сызэрегугъур флъагъуркъэ?» – жиIэурэ псоми саригъэлъагъуэрт. А ерыскъым апхуэдизкIэ сесати, нэгъуэщI гуэр зэзэмызэ къызитами, шей сызэрефэ стэчанымкIэ сыплъэрт. Арати, хуэм-хуэмурэ мы плъагъу теплъэм сыхуэкIуащ. АнэнэпIэсым ауан сыкъищIырт: «Хэт и делэжьи мэбагъуэ!» – жиIэурэ. Школми ауан сыкъыщащIырт. Ныбжьэгъу сищIыну зыри хуейтэкъым, сыт щыгъуи си закъуэт. Псоми делафэ къызаплъырт. Сыгубзыгъэу игъащIэм жызыIар зи гугъу пхуэсщIа цIыхубзым и закъуэщ. Сыпсэуну сыщыхуэмея дакъикъэ Iэджэрэ къысхуихуащ. АрщхьэкIэ: «Уделэу ара, уэр нэхърэ нэхъ пшэрыжу дапщэ щыIэ?» – жысIэурэ къэзгъэнэжащ.

Ерагъыу еянэ классыр къэзухри, школыр хыфIэздзащ. ЛэжьапIэ гуэр къэзгъуэтынкIэ сыгугъэу, къалэм сыкIуа щхьэкIэ, уеблэмэ пхъэнкIакIуэ къудейуи сыкъащтакъым. Ауэрэ зыгуэрхэр пэшэгъу схуэхъури, щIэпым къыхэщIыкIа афиян яхуэсщэмэ, ахъшэ хъарзынэ къыпагъэкIуэну къыщызжаIэм, арэзы сыхъуащ. КIэщIу жыпIэмэ, а Iуэхум и зэранкIэ мыр еплIанэу тутнакъэщым сыкъохуэ. СапэщIэхуэмэ, щысхь лъэпкъ ямыIэу, тезыр къызэрыстралъхьэнур фIы дыдэу сщIэрт. Ауэ, итIани, нэхъ гъур зысщIыныр си хъуэпсапIэти, нэгъуэщI зыми сегупсысыртэкъым. Сщэм къыпэкIуэр сыгужьеяуэ зэхуэсхьэсырт, ауэ псори псыхэкIуадэ хъужырт.

– Уи теплъэм апхуэдизу щхьэ уигу ебгъа? Тхьэм насып къыуитынумэ, гъурти, пшэрти, жиIэу зэхигъэкIынукъым. Уэ пшэр гущыкIыгъуэхэм уащыщкъым, уи фIэщ щIы уи Iэпкълъэпкъыр уэ уэкIужкIэ.

– Пэжу, апхуэдэу къыпщыхъурэ? – къэгуфIащ Мэлэчыпхъу.

– Пэж дыдэщ. Тхьэ, пэж дыдэмэ. Сэ зэрыщымыт зэи жысIэркъым.

ШхапIэм къызэрикIыжу, Мадинэ и щхьэр аргуэру къеузу щIидзэри, зигъэукIуриящ.

– Дохутырым жеIамэ, хущхъуэ гуэр къритынт, – шынапэурэ, цIыхубз гуэр къыбгъэдыхьащ Мэлэчыпхъу.

– Хуейкъым ар дохутыр, тIэкIу дэкIмэ, нэхъыфI хъужынущ. КIуэ, ущымыт мыбдеж, – щIэкIиящ абы Мэлэчыпхъу..

– Сыту пIэрэ мы жьгъейм апхуэдизу ущIытегузэвыхьыр? Джэдкъуртым хуэдэу, уи дамэм щIэту къыщIепшэкIым, дауи, щхьэусыгъуэ гуэр иIэу къыщIэкIынщ, – жиIэри, куэзыр джэгуу щыс цIыхубзхэм ящыщ зы къэгуоуащ. Абы жиIэр нэгъуэщIхэми къыдаIыгъащ:

– ИгъащIэкIэ имыгъуэтыну и бын хуэдэу къызыщегъэхъу жыпIэнущи, жьгъейр фызыжь цIыкIущ.

– Къыхуахь гъуэмылэхэр иригъэшхынкIэ щыгугъыу арамэ, щрегугъи щрес.

– Псалъэмакъыр зэфIэкIа, хьэмэрэ иджыри зыгуэр къэзывын щыIэ? Гукъеуэ зиIэ иджыри къыфхэтмэ, къыхэвдзэ. СывэдэIуэну сыхьэзырщ, – жиIэурэ и вакъэшхуитIыр зылъитIагъэри, Мэлэчыпхъу и Iэ пIащэхэр и шхужьышхуэм иригъэуващ. Апхуэдэу ищIамэ, зэуэным зыхуигъэхьэзыру арати, зыгуэр жызыIахэри, щыму щытахэри къэгузэвэжауэ зэплъыжхэрт.

Псалъэмакъыр къезыгъэжьам бгъэдыхьэри, Мэлэчыпхъу ар зэ уэгъуэм къриудащ. Абы къыдэщIхэм зыкърадзауэ Мэлэчыпхъу и щIыбым ист, адрейхэри и нэкIум къылъэIэсыну хуейуэ къыдэлъейрт. АрщхьэкIэ, абы ахэр зыуи къыщымыхъуу, Iуидзыжырт.

– Къэхъуар сыт, иджыпсту щывгъэтыт, – жиIэу хьэфэ баш зыIыгъ цIыхубз хъумакIуэр губжьауэ къыщыщIэлъадэм, Мэлэчыпхъу и щIыбым иджыри зытIущ исти, къепкIэжахэщ.

– Хьэпсым хуэзэша къыфхэтмэ, фымыбзыщI! Япэу къезыгъэжьар хэт? ЖыфIэ! Щэху фыхъужаи. Тезырыр къызытехуэр хэт? Хэт махуипщIкIэ цемент щIыIэм телъыну гукъыдэж зиIэр?

Зэуэ щэху хъужа цIыхубзхэр, унэ лъэгум зыгуэр къыщалъыхъуэм хуэдэу, я щхьэр ехьэхауэ щытт.

– Уэри ухуейкъэ зыгуэр жыпIэну? – зыхуигъэзащ абы Мэлэчыпхъу.

– Зыри къэхъуакъым... Дэ дызэгурыIуэжынщ, кхъыIэ, тезыр Iуэху къыхыумыгъэхьэ.

– Уэ абыхэм сыт щыгъуи ящхьэщыпхын хуейуэ уи къалэн, хьэмэрэ узыхащIыкIын уи гугъэу ара? Сэ сощIэ мы Iуэхум уи къуаншагъэ зэрыхэмылъыр. Хъунщ, мы зэм фхузогъэгъу, ауэ дяпэкIэ апхуэдэ зыгуэр къэвгъэхъумэ, нобэрей тезырри абы гъусэ хуэсщIыжынщ, – жиIэри, хъумакIуэр щIэкIыжащ.

Псори щыгъуазэт Мэлэчыпхъу бзэгу зэримыхьым, ауэ езым и тезыр телъхьэкIэ зэриIэжым. «Сыту пIэрэ иджы абы къигупсысынур?» – жаIэурэ цIыхубзхэр щэхуу зэупщIыжырт. Мадинэ псалъэ жиIэн шынэу щыст. Ар дауэ: цIыхубзхэр зэхэлъэдэжауэ зозауэ!.. Абыхэм Мэлэчыпхъу япэлъэщми, сэ схуэдэр хьэпIацIэ цIыкIум хуэдэу япIытIыфынущ. Щхьэ зэрылъагъу мыхъурэ, зыр адрейм игъэтIысам хуэдэу щхьэ зэхущыт? Си щхьэ узри увыIэжа, хьэмэрэ сыгужьеяуэ зыри зыхэзмыщIэжу ара?

Мэлэчыпхъу зыри жимыIэу и пIэм гъуэлъыжри, тхылъ къищтащ. Мыдрей цIыхубзхэри щхьэж къызыпэрыкIа Iуэхум пэрыувэжащ. Мадинэ гъуэлъыпIэм къехри, цIыхубзхэм къахыхьащ. Абы псори къеплъащ: «Мыри зыхуейр сыту пIэрэ?» – жыхуаIэу.

– Си гуапэу псори фызэзгъэцIыхуу, итIанэ си Iуэху къызэрекIуэкIар вжесIэну сыхуейщ. Иджыри къэс фи цIэ дыдэр сщIэркъым. Сэ си

анэр къызэрызэджэу щытар Мадинэщ. Си фIэщ мэхъу фэри фи анэхэм къыффIащар зэрынэхъ дахэжыр.

Зырызыххэу псоми я цIэр жригъэIа и ужькIэ, Мадинэ адэкIэ къыпищащ:

– Иджы мы «тхъапIэм» сыкъагъэкIуэн хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр вжесIэнщ. Илъэс зыбжанэ тезгъэкIуадэу, Iейуэ гугъу сыдехьу сщIа унэ зэтетым мафIэ щIэздзэри згъэсыжащ.

ЦIыхубзхэр, щэху хъуам и мызакъуэу, я бэуэныр щагъэтауэ пIэрэ, жыпIэу, Мадинэ къеплъхэрт.

– Ар дауэ плъэкIа, уэ пщIа унэр бгъэсыжыну? – жиIэри зыгуэр къыхэпсэлъыкIащ.

– СлъэкIащ икIи сыщIегъуэжыркъым, – жиIэурэ, Мадинэ и пIэм зригъэукIуриежащ.

– Хухэтщ, зэрыхухэтри кууущ, апхуэдизрэ и щхьэр къыщIеузри аращ. А жыгъейм зэхищIыхьыфам еплъыт, – къэпсэлъащ зы цIыхубз, псоми я гум къипсэлъыкI хуэдэ.

Мэлэчыпхъу тхылъ еджэныр щигъэтауэ, зэми цIыхубзхэм, зэми Мадинэ еплъырт. Абы игу зэгъат, и гуапэ хъуат, кIыхьыщи зримыгъэщIу, иужькIэ зыхущIегъуэжыни химыгъэхьэу, Мадинэ нэхъыщхьэр зэрыжиIар.

«Флъагъурэ ар хэтми, тегушхуэгъуафIэ ищIыну апхуэдэ мурад хэт иIами, зыщIыпIи нэмысу, къигъэувыIэжакъэ?!» – жиIэрт игукIэ Мэлэчыпхъу.



Мадинэ, и щIыбыр къигъэзауэ, гъуэлъауэ щылъщ. Абы и щхьэм гупсысэ Iэджэ щызэрызохьэ: «Сыту пIэрэ гъащIэм, захуагъэм тету, цIыхум и унафэ щIимыщIыр? – зоупщIыж ар. – Пэжщ, гъащIэм псори гугъу ирегъэхь, ауэ сыт хуэдэу зэрыригъэхьыр? Къулейм и мылъкур къекуэдэкIми, итIани нэхъыбэж ищIыну хуейщи, абы гугъу дохь. Гугъу йохь сомыр къызэмэщIэкIри, къащэхун хуейр яхузэхуэгъэхъуркъыми. Зэхуэдэ-тIэ а тIум я гугъуехьыр? Языныкъуэхэм, зэрыхуейм хуэдэу, гъащIэр дауэ къагъэIурыщIэфрэ? Мураду ящIар къехъулIэу, гъащIэм и IэфIыр зэхащIэу мэпсэу апхуэдэхэр. Сэ схуэдэхэр-щэ? Сэ си деж щынэрылъагъущ гъащIэр зэрыгущIэгъуншэр. Сыт хуэдэ къуаншагъэ сэ мы гъащIэм щызлэжьар? Сэри сыхуейт насыпи гуфIэгъуи. АрщхьэкIэ – сиIэкъым. Абы и щхьэусыгъуэри зэи къысхуэщIэнукъым».

Мадинэ, и жагъуэми, къикIуа гъуэгуанэм зэ ириплъэжын, и щхьэ къырикIуахэр аргуэру зэригъэзэхуэжын хуей хъуащ...

... Пщыхьэщхьэ гуэрым Мадинэ и анэм къыжреIэ: «Си хъыджэбз цIыкIу, уи анэшхуэр Iейуэ зэрызыхэпщIар солъагъури, сыхуейт къалэм усшэу шхапIэ гуэрым ущIэзгъэсыну, уи гукъыдэжыр тIэкIу къэсIэтыну».

Мадинэ зытэлай хуэдизкIэ мэгупсысэри, арэзы мэхъу. Ауэ абы зыри хищIыкIыртэкъым щIалэ гуэр къэрагъэплъыну зэрашэм. А шхапIэ дыдэм ари щIэст, и ныбжьэгъуитI и гъусэу. ЩIалэм, Мадинэ зэрилъагъуу, игу ирихьащ. ЩIалэхэр щIэкIыжри, щIыбым къащыпэуващ икIи псалъэмакъ куэди кърамыгъэкIуэкIыу, Мадинэ машинэм ирадзэри, ирахьэжьащ.

Къэхъуар къыгурымыIуэу, и Iэпкълъэпкъыр гъэжам хуэдэу щытащ Лусенэ япэщIыкIэ. ИужькIэ: «Мадинэ, си хъыджэбз цIыкIу», – жиIэу щетIысэхым, блэкIхэр къыбгъэдыхьэри мылицэ къраджэну хуежьащ.

АрщхьэкIэ а дакъикъэм машинэ гуэр къыIулъадэри: «Хуейкъым мылицэ, сэ а щIалэхэр соцIыху, къитIысхьэ мыдэ», – жиIэурэ, Лусенэ и пщыпхъум бжэр къыIуихащ.

– ДызэрызэгурыIуар апхуэдэут-тIэ? – жеIэ Лусенэ, и гур къызэфIэнауэ.

– А Iуэхур кIыхьлIыхь пщIыкIэ сыт? Игу ирихьати, ирихьэжьащ. Къэхъумэ, къэхъур аракъэ?

– Ар сэ зэи Мадинэ къысхуимыгъэгъуну аращ.

– ЖиIэнщ иджы... Къыпхуимыгъэгъуну сыт абы хэлъыр? Мадинэ щынэ IэрыпI цIыкIум хуэдэщ.

Лусенэ и щхьэр игъэкIэрахъуащ:

– Ар уэ пцIыхуркъым иджыри.

ЦIыхубзым и насыпри, и насыпыншагъэри къыщежьэр щхьэгъусэ хуэхъуам дежщ.

И щIалэ быртIым цIыкIум Мадинэ хуэдэ цIыхубз дахэ щхьэгъусэ хуэхъуну зи пщIыхь къыхэмыхуа анэм, дуней гуфIэгъуэр иIэу, абы и Iуфэлъафэр къижыхьырт. АрщхьэкIэ, ар дэнэ къэна, зыхьа щIалэри зыбгъэдигъэхьэртэкъым Мадинэ.

– Сыпхуейкъым, игъащIэкIи сыбдэкIуэнукъым. Сэ иджыри си ныбжь нэсакъым сыдэкIуэну, уезгъэгъэтIысынщ, – жиIэу гъуэгырт хъыджэбзыр.

– Мадинэ, си псэ, сэ куэд щIауэ сигу урохь. Укъызогъэгугъэ насыпыфIэ усщIыну. Университет къэзухащ, узыхуей ухуэзгъэзэн папщIэ, жэщ-махуэ симыIэу, сылэжьэнщ. Уэри щIэныгъэ зэбгъэгъуэтыну ухуеймэ, зыри къыппэрыуэнукъым. Илъэс дапщэкIэ ухуейми уезгъэджэну укъызогъэгугъэ. Сэ сылэжьэнщ, уэ уеджэнщ. Унэ сыт жытIэу гугъу дехьынукъым. Умыгузавэ, ди Iуэхур хъарзынэ хъунущ, – жиIэурэ щIалэм тригъэчыныхьырт.

«СыщригъэджэнукIэ, уни щиIэкIэ», – жери Мадинэ къытохьэри арэзы мэхъу, и напэм къежэх нэпсыр ирилъэщIэкIыу...

Мадинэ къызэфIэтIысхьэри: «КхъыIэ, си Iур Iейуэ игъущIыкIащи, псы крушкIэ къысхуэфхь», – жиIащ.

ЦIыхубзитI-щым зэуэ я крушкIэр къапхъуэтэну хуежьащ, арщхьэкIэ «ЦIыплъ цIыкIур» япэ ищащ.

– Уи щхьэр къыхэлъэдауэ ара?

– Ар щымыуз щыIэ?! ЩIыбым сыщIэкIыну сыхуейт.

– НакIуэ, сэ ущIэсшынщ.

– Уи пIэм ис, ЦIыплъ, ар езыр щIокIыф, – жиIэурэ Мэлэчыпхъу къэтэджри, Мадинэ кIэлъыщIэкIащ.

ТетIысхьэпIэм тес Мадинэ бгъэдэтIысхьэри, Мэлэчыпхъу къригъэжьащ: «Мыбы ис псоми ди щхьэм Iэджи къырикIуащ, ауэ, итIани, къэкIуэнум нэхъыфIкIэ дыщыгугъыурэ допсэу. ЗыкIи зытумыгъэуфу, уи псэр апхуэдизу зэхэзехуэн зыщIыр сыт? Хэт ищIэрэ, сэ къызжепIамэ... »

– ЕдаIуэт... Мо жыгыщхьэм пыс бзу цIыкIум дахащэу уэрэд зэрыжиIэ! Унэм сыщыщыIэми, и уэрэдым сыщIигъэдэIуу, апхуэдэу зы бзу цIыкIу си щхьэгъубжэм и гъунэгъуу къыщыт жыгым тест.

Мэлэчыпхъу зыри жимыIэу, ауэ Мадинэ игу щIэузу еплъащ.

– Си блэкIам есщIэнур сщIэркъым. Зыщызгъэгъупщэу, нэгъуэщIым сегупсысыну Iэмал къызитыркъым. Абы и закъуэ... дуней сы-



4 Заказ №75

зытетыр сфIэкIуэдауэ, сыIэбэрабэу кIыфIым сыхэту къысщохъу. ЗытIэкIу докIри, нэхутхьэху гуэрхэр къызолъагъуж. Къэхъур къызгурыIуэркъым...

Егъуанэ классыр къэзуха къудейуэ сызыхьа щIалэм сыкъызэригъэгугъам щыщу зыри игъэзэщIакъым. Сригъэджэну, сызыхуей псор къысхуищIэну жызыIам, сишэри, мазитI-щы нэхъ дэмыкIыу, «лэжьапIэ къэгъуэт», жери, срихужьащ. «Сыкъащтэркъым», жысIэмэ, и фIэщ хъуртэкъым. «Тэмэму уелъэIуфыркъыми аращ. Уэ улэжьэну ухуейкъым. Уэлэхьи, си закъуэкIэ унагъуэр псэуа мыхъуну», – жиIэрт.

Зыри къыщысхуэмыгъуэтым, пщIантIэпхъэнкIыу сигъэуващ: «Хьэуа къабзэм ухэтмэ, къэплъху сабийр куэдкIэ нэхъ узыншэ хъунущ», – жиIэри. Улахуэ къызатамэ, зыри къимыгъанэу сIихырт. Езыри лажьэрт, ауэ къихьыр дапщэми сеупщIыну сыхуиттэкъым. Фадэ е тутын ефэуи апхуэдэтэкъым, ауэ щIэмычэу къысщыдыхьэшхырт: «Сэ университет къэзухащ, уэ пхъэнкIакIуэ фIэкIа узэрыхъун щыIэкъым», – жиIэурэ. «АтIэ, щхьэ сыкъэпша? – жысIэу сыщеупщIкIэ, – укъэсшащ, усфIэгуэныхь хъури», – жиIэрт. «НасыпыфIэ сыпщIыну сыкъэбгъэгугъати, – жесIэмэ, ину дыхьэшхырт, – уэлэхьи, уэ умыныкъуэделэ, уделэ дыдэщ армыхъумэ, къыщашэм деж къызэрагъэгугъар ягъэзэщIэжауэ зы щапхъэ къысхуэхьыт», – жиIэрти.

Пщыхьэщхьэм къыщIыхьэжамэ, сышынэрти, дахэ защIэкIэ фIэкIа сепсалъэртэкъым. ХуэспщэфIар зыри жимыIэу щишхи, губжьауэ къыщыIуигъэкIуэтыжи щыIэт. ГъэщIэгъуэнырати, абы къызипэс мыхъумыщIагъэхэм хуэдэ скIэрылъу зыкъысщыхъуж сыхъуат. ЦIыхухэм сахыхьауэ къысщыгуфIыкIыу сэлам къызахамэ, «сыкъызэрапэс», жысIэрти згъэщIагъуэрт... «Апхуэдиз мыхъумыщIагъэ зыхэлъ цIыхухъу щыIэ?» – жыпIэ хъунщ. ЩыIэщ, уеблэмэ, нэхъыкIэжхэри щыIэщ. Гъунэгъу уахуэмыхъумэ нэхъыфIщ апхуэдэхэм, ауэ уи натIэ къритхамэ, сыт пщIэн... Псори щIэсшэчар си щIалэ цIыкIуитIырт. СикIыжыпэуи сощIри, сыздэкIуэн сиIэтэкъым. Езыми, икIыж хъумэ, жыхуиIэу, гъунэгъухэм сахуиубырт, сыхуэмыхуу, бынхэр схуэмыпIу яжриIэрт. Сэ схуэдэу адэншэ сщIынкъым си къуитIыр жысIэурэ апхуэдиз бэлыхь щIэсшэчахэм еплъ иджы къызащIэжам, къысхуэмеиж хъуахэщ...

– НакIуэ, дыщIэгъэхьэж, уезгъэша хъунщ. Сэ си гур нэхъ тIысащ, си бампIэр бжесIэри.. Зэрыплъагъущи, мафIэми псыми и курыкупсэм сыхэтщ, адэкIэ къыспэплъэри сщIэркъым. НакIуэ, дыщIыхьэжынщ, – жиIэурэ Мадинэ къэтэджыжащ.

Пщыхьэщхьэшхэм къикIыжа цIыхубзхэр гуп-гупурэ уэршэру зэхэст. Мадини и щIыбыр къэгъэзауэ хэлът. Мэлэчыпхъу утыкум къиувэри: – «Уэ, уэ, уэ, – жиIэурэ, и Iэпэр яхуишиящ къезэуэну хэта цIыхубзищым, – ныжэбэ нэху щыху фытIысыркъым икIи фыгъуэлъыркъым, блынджабищым зырызу фыкIэрыту нэху вгъэщынущ. АбыкIэ мыарэзы къыфхэт? Къыфхэткъым, тэмэмри аращ». Ар жиIэри, Мэлэчыпхъу зигъэукIуриижащ.

А псалъэмакъыр Мадинэ зэхихамэ, апхуэдэ залымыгъэ зэримыхьэну, дауи, елъэIунт ныбжьэгъу къыхуэхъуам. Мэлэчыпхъу сыткIэ ищIэнт а и унафэм и зэран Мадинэ къекIыжыну...

Мадинэ къикIуа гъуэгуанэм сыт хуэдизрэ иримыплъэжми, гуфIэгъуэу хилъэгъуэжыр мащIэ дыдэт. Ар щиухырт и адэ-анэм и Iэпэр

яIыгъыу Налшык паркым щашэу щыта зэманым. Ар зэрыблэлъэтрэ Iэджэ щIат. И бынунагъуэрати, гупсэхугъуэм и пIэкIэ абы къыхуихьыр гуныкъуэгъуэт. «Сабийхэм щхьэкIэ», жиIэурэ зыгуэрхэри иIыгъыу къакIуэ и анэми зэрыщыгуфIыкI щыIэтэкъым. И пхъур къызэрыхуэмеижми, и насыпыр зэфIигъэувэжыну къызэремыхъулIами иринэщхъейт Лусенэ. Пасэу къытеуа жьыфэми гуакIуагъэу бгъэдэлъам щыщу къыхинэжар мащIэт. И щхьэгъусэм ефэн къригъэжьати, Лусенэ школым зэрыкIуэу, и ефэгъухэр къызэхуэсырт. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, ар кърихьэлIэжырт хьэзыру унэм щIэлъыр яшхауэ, птулъкIэ нэщIхэр стIолым тету. Пэжу, щычэфми, Сэлэдин къаугъэ къигъэхъейртэкъым, уэрэд жиIэурэ, Лусенэ утыкум къришэрти, залымыгъэкIэ къигъафэрт. «Къафэ уэ, къафэ, си дахэшхуэ, хъуну зы цIыхубз мы дунейм тетмэ, ар уэращ. Уэ пхуэдэу цIыхухъу зылъагъуф къэгъуэтыгъуейщ», – жиIэурэ ину Iэгу еуэрт. Ауэ щIэх дыдэу жейр къытеуэрти, и уэрэдыр зэпыурт. ЧэфыфI щымыIэми, лIым нэгъуэщI къаугъэ къигъэхъейртэкъыми, Лусенэ ари ишэчырт. Ауэ зэгуэр ар щIихьэIуэри, махуэ зытIущкIэ къэтауэ, къуажэ щIыбым лIауэ къыщагъуэтыжащ, и ефэгъухэр зэбгрыкIыжри, абдеж къыщанауэ.

Мадинэ зэрашэрэ илъэсищ ирикъуатэкъым, Лусенэ етIуанэу щхьэгъусэншэу къыщынам. «Уи лIым гугъу уригъэхьмэ, нэкIуэж, сабийхэр дэ тпIыжынщ», – жиIэу и пхъум елъэIун мурад иIэу ар Мадинэ деж мызэ-мытIэу къэкIуат. АрщхьэкIэ: «Сэ адэ-анэ сиIэкъым», – къыжриIэри, Мадинэ зытригъэхьакъым.

Мадинэ и гуащэр къыкIэлъыкIуэрт, жэщи къыщынэ щыIэу. Ар абы и гуапэ хъурт, нэгъуэщI мыхъуми и анэр щысу си лIым апхуэдэу зыкъысхуищIынкъым, жыхуиIэу. Зэанэзэкъуэр фIыуэ зэхущытт. И къуэм хуэдэу гъэсарэ губзыгъэрэ щымыIэуи къыщыхъужырт анэм.

– Алыхь, нысащIэ, апхуэдэу фыщыскIэ псэуа фымыхъуну. Мы пэш цIыкIу закъуэм фыщIэсу дунейр фхьыну! ЩIалэм и улахуэ закъуэкIэ унэ къыфхуэщэхунукъым. Сабийхэри зыхуей хуэгъэзэн хуейкъэ. Ди гъунэгъу цIыхубз Ленинград кIуауэ щолажьэри, увыIэгъуэ имыIэу ахъшэу къахуригъэхьыр къыпхуэщIэнкъым. Тхьэ, унэ дэгъуэри ящIащи, машини къащэхуамэ. Уэри апхуэдэ Iуэху гуэр зепхуамэ арат. Уэ абы дауэ уеплърэ, Тимур?

– Уэлэхьи, тэмэму къызолъытэмэ, къэзлэжьыр зыри тхуэхъуркъым.

– ЦIыхубз къыкъуэмытмэ, лIым и закъуэ унагъуэр зэи хуэгъэтэмэмынукъым. Иджы батэр зыгъэшыр цIыхубзхэращ, – жеIэ и гуащэми.

Мадинэ зыри жимыIэу пщэфIапIэмкIэ щыщIыхьэм, абы зэхимых и гугъэу, гуащэм къыпещэ:

– Къэпшэну узыхэта адрей хъыджэбзым щIэныгъи иIэти, лэжьапIэ хъарзыни пэрытт. Ар къэбгъанэу мы къэпшар зищIысыр сыт? Е щIэныгъэм, е IэщIагъэм щыщкъым.

– Уэлэхьи, сэр дыдэм сымыщIэ ар зэрыхъуар. А пщыхьэщхьэм си гъуса мыхьэнэншитIым: «Уэлэхьи, къыбдэмыкIуэну-тIэ! Ар зи дахагъ уэ быртIым кIэщIым сыту къыбдэкIуэрэт», щыжаIэм, – сыкъэгубжьри баз сапихьати, сыкъикIуэтыж хъуакъым.

– «Дахэти», «дахэтэкъыми», жаIэу къыщытIысым и деж сызэгуоп. Дахэщ, и щхьэм итмэ, дахэщ, мылъку бгъэдэлъмэ. Уэ къэпшар факъырэщ.

Мадинэ пщэфIапIэмкIэ къикIыжри къыщIыхьэжащ.

– А Ленинградым сэри сыкIуэнт, ауэ сабийхэр иджыри цIыкIу-Iуэщ... – къыдришеящ абы ерагъкIэ.

И гуащэр къэгуфIащ:

– Абыхэм щхьэкIэ умыгузавэ, нысащIэ. Ахэр зыхуей хуэзмыгъэзэфмэ, сэ си Iуэхущ. Арыншами, зыгуэркIэ садэIэпыкъуамэ арат, жызоIэри согузавэ. Уэ а Iуэхум дауэ уеплъырэ, щIалэ?

– Си щхьэкIэ тэмэму къызолъытэ. Сэ мыбы сыщылэжьэнщ, Мадинэ къригъэхь ахъшэмкIэ ди къуэхэм унэ-лъапсэ яхуэдухуэнщ. Уэлэхьи, сэр дыдэри зыщIыпIэ сыкIуэнтэмэ, ауэ цIыхухъухэм IэнатIэу ягъуэтыр мыхьэнэншэщ: е пщIантIэпхъэнкIыу е ухуакIуэхэм уахэту, рабочэу. ЦIыхубзым и Iуэхур нэхъ тыншщ, абыхэм лэжьапIэ нэхъ тэмэм къагъуэтыф.

– Хьэуэ, хьэуэ, ар уигу къыумыгъэкIыххэ. Уэ илъэситхукIэ ущIеджар ара?! Тэмэму уегупсысащ, си хъыджэбз цIыкIу, тэмэм дыдэу. УщIалэми, хъарзынэу псори къыбгуроIуэ. А зи гугъу сщIа цIыхубзыр пщэдей дэкIмэ ежьэжынущи, гъусэ уищIыну селъэIунщ.

И щхьэр зэрырагъэуэжагъуам къыхэкIыу, япэщIыкIэ арэзы хъуами, щежьэну пIалъэр къыщысым, Мадинэ щIегъуэжат. «Сабийхэр дауэ хъуну, сэ схуэдэу абыхэм якIэлъыплъыфынур хэт? ИтIанэ, куэдрэ сыкъамылъагъумэ, къысщыужынкъэ?» – жиIэурэ гузавэрт.

И нысэм и щытыкIэм гу лъызыта гуащэм ар щIримыгъэгъуэжыну яужь итт:

– Умыгузавэ, уэр нэхърэ нэхъыфIу абыхэм семыгугъумэ, си Iуэхущ. ИтIанэ, абы кIуэхэм псоми я бынхэр къагъанэ. УкъэкIуэжурэ плъагъункъэ ущыхуейм деж. Пэжкъэ, Тимур?

– Уэлэхьи, пэжмэ, дэ зыщIыпIи дыкIуэнукъым, умыгузавэ.

Мадинэ ежьэрэ сабийхэр езым къыхуэнэмэ, гуащэм и фейдэи хэлът. Абы къыIэщIэужагъуат Iэщ, джэдкъаз зехьэныр, зэи арэзы хуэмыщI и нысэхэр, абыхэм я бын къомыр. Иджы а псоми къахэкIыу, сабиитIым яхэсыну щхьэусыгъуэ иIэ хъурт.

Ищэну хьэпшыпыр къызэрищэхун ахъшэ имыIыгъыу зэрымыхъунур гуащэм къыщыжраIэм, игъащIэм зэхуихьэса сом минипщIыр и нысэм къыхущIихащ:

– КъысщIагъахъуэрэ, къысщIагъахъуэркъым, цIыкIуи ини си пенсэ тIэкIум къыщогугъ. СывдэIэпыкъунут нэхъыбэкIи, ауэ мыращ сиIэр, – жиIэурэ гуащэм ахъшэр стIолым къытрелъхьэ. – Уэ уиIэр дапщэ, си щIалэ?

– Сэри апхуэдиз естыфыну аращ. Зэуэ куэд къыумыщэхуну Iэмал имыIэу щыткъым. Нэхъ мащIэкIэ къыщIадзэри, хуэмурэ нэхъыбэм хуэкIуэу аращ псори.

– Алыхь арамэ-тIэ, ахъшэшхуэ зыIыгъыу абы кIуэр хэт?

Мадинэ щIэкIыну зигъэхьэзырти, ар здэкIуэр къыгурыIуа хуэдэ, нэхъыщIэ цIыкIу Ислъам и анэм кIэрыкIыртэкъым, уи IэплIэм сигъэтIысхьэ, жиIэу гъынанэрт. Нэхъыжь Заур машинэм къригъэжыхьу утыкум ист. Мадинэ Ислъам къищтэри быдэу IэплIэ, ба хуищIащ. «Умыгъ, си фо, сэ куэд мыщIэу сыкъэкIуэжынущ», – жриIэурэ, езым зыхуэмыIыгъыжу гъырт. Заури IэплIэ хуищIащ: «Умызэран, нанэ федаIуэ. Сэ машинэ дахэ къыфхуэсщэхунщ», – жиIэурэ. Ислъам и анэм кIэрыкIыну хуэмейуэ гухэщIу гъыми, ар и адэм къыкIэритхъыжри анэшхуэм иритащ.

Тимуррэ Мадинэрэ автобусым къыщыIухьам, Женэ къежьэу щытт. Нэщхъей дыдэу къыIухьа Мадинэ ар ней-нейуэ къеплъащ, уэ сэ слъагъум сыти къэблэжьын, жыхуиIэу.

Гъуэгуанэ кIыхь зэпачу, здэкIуэнум щынэсам, Мадинэ апхуэдизкIэ щIыIэм исати, и дзэр зэтеуэу кIэзызырт.

– Щыгъын нэхъ хуабэ щхьэ щумытIэгъарэ, мыбы сыт щыгъуи жьы щIыIэ къыщопщэ, – жи Женэ, абы къеплъурэ.

– Мы сщыгъым нэхъ хуабэ къэсщтакъым, – жеIэ Мадинэ, нэгъуэщI зэримыIэр къригъэщIэну хуэмейуэ.

Унагъуэр гъэпсэуным ирихулIа цIыхубзхэм апхуэдиз гугъуехь я фэм дэкIыу Мадинэ зэи и гугъэнтэкъым. Зы пэш цIыкIу закъуэм цIыхуибгъу-пщIы щIэст. Лъэгум щылъи яхэтти, Мадини къылъысар аращ.

ЦIыхубзхэр жьыуэ къэтэджырти, нэгъуэщI къалэ е нэгъуэщI район кIуэрт, я хьэпшыпхэр ящэну. КъыщыкIуэжкIи, ящэн гуэрхэр къыздашэрт. Ахэр махуэ псом щIыIэм исами, мэжэлIами, хьэпшып хьэлъэхэр къралъэфэкIами, зэи тхьэусыхэу зэхэпхынутэкъым. Я унагъуэр зыхуей хуагъэзэн папщIэ, сыт хуэдэ гугъуехьри яшэчырт. ЗыгъэпсэхугъуэуяIэр пщыхьэщхьэ закъуэрат. ПщэфIэныр къызылъысар нэхъ жьыуэ къэкIуэжырти, шхыныр хьэзыру адрейхэр къригъэхьэлIэжырт. СтIолым къетIысэкIа нэужь, махуэр сыт хуэдэу къахущIэкIами, сыт ялъэгъуами тепсэлъыхьыжхэрт. Жэщым къэмыхъейуэ жейхэрт. КъыкIэлъыкIуэ махуэ гуэрым, аргуэрыжьти, жьы дыдэу къэтэджхэрти, щхьэж и Iуэху и ужь ихьэжырт.

Женэ Мадинэ дэIэпыкъун мурад иIэти, езым и хьэпшыпхэм щыщ иритурэ здэкIуэхэм здишэрт. АрщхьэкIэ, абы гъуэгуанэр къызэрытехьэлъэр щилъагъум, бэзэрым щиIэ и увыпIэр хуит хуищIащ. ИтIани, Мадинэ махуэ псом зыри щыхуэмыщэр нэхъыбэт, хуэмыщэм и мызакъуэу, сымаджэ хъуауэ пщыхьэщхьэм къэкIуэжырт. Апхуэдэу щыхъум, цIыхубзхэр зэхэтIысхьэри, мыр унафэу ящIащ:

– Мадинэ сатум хэзэгъэнукъым, нэгъуэщI лэжьапIэ къыхуэгъуэтын хуейщ.

– Уэ сыт жыпIэн, Мадинэ? Хьэмэрэ укIуэжмэ нэхъ къапщтэрэ? – къеупщIащ абы Женэ.

Мадинэ и щхьэр игъэкIэрахъуэурэ жиIащ:

– СыкIуэжыну сыхуейкъым. Сабийхэр си гум къэкIауэ сахуозэш, ауэ, тIэкIу зыхуэзгъэшэчрэ, ахэр зыхуей хуэзгъазэмэ нэхъыфIщ. Лэжьыгъэми сесэнщ хуэмурэ.

– Дэри бын диIэщ, дэри дахуозэш. Ауэ сыт тщIэн, зыхудогъэшэч. Сыт езгъэшхын, сыт щезгъэтIэгъэн, жыпIэу угузавэ нэхърэ, мы дызыIут IэнатIэри нэхъыфIщ, – жеIэ цIыхубзхэм ящыщ зым.

ЕтIуанэ махуэм кIэзет зытIущ къыздахьри, Мадинэ лэжьапIэ къыхуалъыхъуэу щIадзащ, икIи нэхъ зыхэзэгъэну къащыхъу зыбжанэм къытеувыIахэщ: зым пщэдджыжьым жьыуэ укIуэрэ шэджагъуэ хъуху ущыIэу, адрейм – шэджагъуэм щыщIэдзауэ пщыхьэщхьэ пщIондэ; ещанэм – сыхьэтыр пщыкIуийм щегъэжьауэ тIощIрэ тIу хъуху ущылажьэу.

– Мы щыри пхуздэхьамэ, ахъшэ хъарзынэ къэпхынут.

– ЛэжьапIищ абы здихьыфыну? Ар дауэ жыпIэфа? Зыр хузэфIэкIащэрэт!

– Зым куэд къикIын уи гугъэрэ? Унэ хуабэм щыщIэтынукIэ хузэфIэкIынщ.

– Тхьэм жиIэмэ, щыри схуздэхьынщ. ЩIыIэм сыхэмытмэ, хьэлъэ къэзмыIэтмэ, адрей псори схузэфIэкIыну сыкъегъэгугъэ. Сэ сыгъур щхьэкIэ, зыри къызэузыркъым, сыузыншэщ.

– Сыт ущIэгъурыр, Iэпкълъэпкъ дахэ цIыкIу уиIэщ. Гъури пшэри къыпхужаIэнукъым. Ауэ екIуу зыпхуэпэн хуейщ. Абы ягу ирихьыр къыхахыну аращ. Плъагъурэ ятхыр: «Илъэс тIощIрэ тхум фIэмыкIауэ, лъагъугъуафIэу, къабзэлъабзэу».

– Тхьэ, сэ апхуэдэ щыгъын симыIэ.

– Умыгузавэ, си хъыджэбз цIыкIу, къупщхьэгуащэу дэ иджыпсту укъэтхуэпэнкъэ, – жиIэри, ныбжь зиIэ зы цIыхубз гуэрым и сумкэм плIэ дахэ къыдихащ.

Адрейм – кIэ фIыцIэ, ещанэм – цыджанэ кърартри щрагъэтIэгъащ. Щыгъынхэр дахэ защIэт, иджы къэтыр вакъэт, ауэ Мадинэ хуэхъун яIэтэкъыми, ахъшэ хузэхалъхьэщ, зы цIыхубзи гъусэ хуащIри, вакъэщэху ягъэкIуащ.

ЕтIуанэ махуэм, адрей пщэдджыжьхэм нэхърэ нэхъ жьыжу цIыхубзхэр къэтэджри, Мадинэ яхуэпащ. И Iуэху къикIыну тхьэ хуелъэIури, щIагъэкIащ, чэнджэщ Iэджэ иратурэ.

ПщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуауэ, ахэр зытет бэзэрым Мадинэ къыщытехьэжам, ар занщIэу къаухъуреихьащ:

– Сыт, сыт? ПсынщIэу жыIэт!

– Щыми сыкъащтащ, – гуфIэгъуэм зыщIищтауэ, абы псоми IэплIэ яхуищIырт.

– Нэхъ пасэу дытокIыжри, а Iуэхум теухуауэ Iэнэ къыдогъэув, – жаIэ зыжьэу.

Пщыхьэщхьэм цIыхубзхэр къызэхуэсыжу, Iэнэм зэрыпэрытIысхьэу, Мадинэ къыпкърыупщIыхьу щIадзащ.

– УмыпIащэу, псори къыжыIэжыт иджы. СыткIэ къоупщIа? Сыт яжепIэжа? Дауэ уакъыщыхъуа?

– Япэу сыздэкIуам нэхъ сыкъагъэгузэващ. Пэшышхуэ сыздыщIа-шам щIэт стIолым, хуабжьу защIу, цIыхубзитIрэ зы цIыхухъурэ бгъэдэст, зэзэмызи инджылызыбзэкIэ зэпсалъэу. Дауэ замыщIынрэт?! Кином хэту фIэкIа, сэ апхуэдэ унэ кIуэцI дахэ игъащIэм слъэгъуакъым. IэджэкIэ къызэупщIа нэужь, аргуэру инджылызыбзэ защIри зэчэнджэщахэщ. Сэ инджылызыбзэ къызэрызгурыIуэр абыхэм сыткIэ ящIэнт. Сэри закъезгъэщIакъым. Сытми, сэ сыкъыхахащ къекIуэлIауэ хъуам. Абыхэм уахэплъэну фIэкIа ухуейтэкъым, пщIэнтэкъым мыдэ кином щыджэгуну къэкIуа фIэкIа.

– Абы гъэщIэгъуэну зыри хэлъкъым. Иджы зыри къоплъынукъым, дахэу, екIуу, ныбжькIи ущIалэу щымытмэ. Мы ди зэманыр зейр зи дахэгъуэмрэ зи щIалэгъуэмрэщ, дэ тхуэдэхэм зыри хуеижкъым.

– А кIэ кIэщI зэхэцIэлахэм нэхърэ IэджэкIэ нэхъ гуакIуэщ Мадинэ. Ар къагурымыIуа фи гугъэ лэжьапIэ къэзыщтахэм?

– Ар псори хъарзынэт, ауэ апхуэдизыр пхуздэхьыну пIэрэ? Апхуэдэ лэжьапIэхэм къарууэ текIуадэр зыхуэдизыр пщIэрэ?

– Тхьэм жиIэмэ, сыпэлъэщынщ, зы дагъуи зыхуезмыгъэщIу.

ЦIыхубзхэр Мадинэ и Iуэхум апхуэдизкIэ щыгуфIыкIати, гу лъамытэжурэ жэщ ныкъуэ хъуху зэхэсащ, абы тепсэлъыхьу.

Зыр зэфIигъэкIым, адрейм кIуэурэ Мадинэ лэжьыгъищри зэдихьырт. Абыхэм щылажьэхэр инджылызыбзэкIэ е французыбзэкIэ зэпсалъэу щызэхихкIэ, ар егъэлеяуэ хъуапсэрт а бзэхэр фIыуэ зригъэщIэну.

Школым щыщIэсым абы инджылызыбзэр иджат, нэхъыфI дыдэу зыщIэхэми хабжэу щытат, ауэ адэкIэ пищэну Iэмал иIакъым. Япэ лэжьапIэм цIыхугъэ къыщыхуэхъуа цIыхубз хэкIуэтар инджылызыбзэми французыбзэми зэрыхуэшэрыуэр къыщищIэм, Мадинэ и хъуэпсапIэр нэхъ пэгъунэгъу хъуауэ къыфIэщIат. Ар щриIуэкIым, абы къыжриIащ:

– Сэ Минводи Налшыки сыщыIащ, абы щисфа нарзаныпсхэр хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ. Егъэлеяуэ щIыпIэ дахэщ, цIыхухэри гуапэу сигу къинэжащ. Инджылызыбзэр зэбгъэщIэну апхуэдизу уи нэ къыщикIкIэ, сэ сыбдэIэпыкъунщ, ауэ си зэманыр хуабжьу зэпэубыдащ.

– Сэри зэман куэд сиIэкъым, – жи Мадинэ, – лэжьапIищ сыIутщ. Сэ бзэр псынщIэ дыдэу къызопхъуатэри, зэман мащIэри срикъунут. СыщIэгузавэр абы щIэстыну ахъшэращ.

ГущIэгъуи лъагъуныгъи зыхэлъ плъэкIэкIэ ар Мадинэ и нэгум къиплъэри, гуапэу зыкъыхуигъэзащ:

– Абы щхьэкIэ умыгузавэ, сэ зыри къыпIысхынукъым...

... Илъэс ныкъуэ дэкIри, ахъшэ хъарзыни иIыгъыу, Мадинэ лъагъунлъагъу къэкIуэжащ. АрщхьэкIэ абы мымащIэу къилъытар зэанэзэкъуэм я ни я пи къихьакъым.

– Уэлэхьи, сымыщIэ, мыфIэкIа къыумылэжьу, дауэ унэ къызэрытщэхунур? Си гугъати абыкIэ ахъшэ тэмэм къыщалэжьу...

– Алыхь, сымыщIэ мыгъуэ-тIэ фхуэсщIэнур? Сэри нэхъыбэкIэ сыгугъащ. Си жьыщхьэ сабиитIыр къыщIеслъэфэкIыр зыгуэркIэ сэбэп сыфхуэхъун, жызоIэри аращ.

Зэанэзэкъуэм жаIэм мыхьэнэ лъэпкъ иримыту, Мадинэ и щIалэ цIыкIухэм защимыгъэнщIу бгъэдэст, щыгъын дахэ къахуихьахэр ящитIагъэу.

– Плъагъурэ ахэр мамэ фIыуэ зэрипIыр? – жи Тимур, псалъэмакъыр зэрамыухар къигъэлъагъуэу.

Пэжу, сабийхэр зыхуей зэрыхуэзэр нэрылъагъут.

– Сэ нэхъыбэ къысхуэлэжьыну фыкъэзгъэгугъэркъым. Абы щыгъуэм сыкIуэжынкъым, – жиIащ Мадинэ, къызэфIэувэри.

– Хьэуэ, хьэуэ, жыпIэр сыт? Мыбдежым тумэнипщI къэщызылэжьыфыр закъуэтIакъуэщ, нэхъыбэм я улахуэр тумэнитхущ. АбыкIэ игъащIэкIэ унэ къыпхуэмыщэхуну аращ.

– Сэ мы Iуэхум сызэреплъыращи, Тимур, кредит къыумыщтауэ, алыхь, унэ Iуэху ухэмыхьэфыну.

– Уэлэхьи, мис ар тэмэму къэбгупсысамэ, ди анэ.

– НэгъуэщI хэкIыпIэ щыщымыIэкIэ, сыт-тIэ пщIэнур? Пэжщ, процентышхуэ пIах, ауэ абыи зыгуэрурэ дыпэлъэщынщ.

ЩIыхуэр нэхъыбэу къратын папщIэ, улахуэри нэхъыбэу щытын хуейти, Мадинэ къихьа ахъшэр Iулъхьэу итурэ, Тимур зыхуеину тхылъхэр зэригъэпэщащ. ЩIыхуэр къезытхэми я Iыхьэр хигъэкIыну къигъэгугъэри, мелуанищкIэ гурыIуащ. Ауэ абы мазэ къэс техуэну процентыр къыщищIэм, Мадинэ и щхьэр фIиубыдыкIыжащ:

– Мыр куэдыIуэщ, мазэ къэс мыпхуэдиз къезмыгъэхьыфмэ-щэ? – зигъазэри и щхьэгъусэм еупщIащ: – Уэ езым уи улахуэм къыхэкIыу зыри пхуэмыпшынынура?

Ар щызэхихым, и гуащэр къыхуилъащ:

– Сыту гъэщIэгъуэныщэ жыпIэрэ! Абы и улахуэм си пенсэри хэтыжу, шхынрэ унапщIэу ерагъыу тхурикъу къудейщ. Сабийхэм я шхынымрэ я щыгъынымрэ-щэ?

Сыт щыгъуи хуэдэу, Мадинэ и гуащэм зыри пидзыжакъым.

Унэм зэрыщыIэн хуей тхьэмахуэр икIри, Мадинэ и ежьэжыгъуэр къэсащ. И IэплIэм ис нэхъыщIэ цIыкIум быдэу абы зыкърикъузэкIауэ гъырт. «Мамэ, мамэ умыкIуэ зыщIыпIи», – лъаIуэрт ар. Нэхъыжь цIыкIуми, Мадинэ къыхудэплъейурэ: «Мамэ, мамэ, дапщэщ иджы укъыщыкIуэжынур?» – жиIэрт.

... Кхъухьлъатэм здисым, Мадинэ и тхьэкIумэм зы дакъикъи икIыртэкъым сабийхэм я гъы макъыр. Иджы езым и нэпсыр, пэмылъэщу, къыфIежэхырт. Къыбгъэдэсыр хъарзынэу жейрти, илъагъуртэкъым. «Мылъкуи ахъши сыхуейтэкъым. Сабийхэм сахэсыжамэ, си дежкIэ абы пэхъун фIыгъуэ щыIэтэкъым, – жиIэрт игукIэ. – Мы дунейм сыкъыщIытехьар щIэмычэу сыгъын хуейуэ арат? Си сабийхэри сэ схуэдэу зеиншэу къэнащ. Къэзгъэнащ. Ярэби, згъэзэжрэ: «ЗыщIыпIи сыкIуэнукъым, сэ щIым щыт уни сыхуейкъым, сызыхуейр гу ящысхуэу си быным сахэсыжыну аращ», жысIэмэ, дауэ хъуну пIэрэ?.. Бын сиIэми, си унагъуэр си гуащэм зыIэщIиубыдэри, сэ лъэныкъуэкIэ сригъэкIуэтэкIащ. И къуэри изотыж, унэри къыхузогъанэ. Ауэ си щIалэ цIыкIуитIыр зейр сэращ, ахэр зыми схуетынукъым».

Пщыхьэщхьэр фIыуэ хэкIуэтауэ Мадинэ къыщыщIыхьэжым, шей ефэу стIолым бгъэдэс цIыхубзхэр къыщылъэтащ, къыхуэгуфIэу. ИтIанэ упщIэ зэхуэмыдэхэр къытракIутэу щIадзащ:

– Сыт жиIар уи щхьэгъусэм? IэджэуИ къыпхуэзэшауэ къыщIэкIынт!

– Ахъшэ яхуэпхьар дауэ къащыхъуа?

– «НэгъуэщI зыгуэр къэбгъуэта», жиIэу тегузэвыхьакъэ уи щхьэгъусэр?

– Япэрауэ, си щхьэгъусэм гуфIэкIэ ищIэркъым, етIуанэрауэ, ахъшэ яхуэсхьар зэанэзэкъуэм яфIэмэщIащ. Ещанэрауэ, зыгуэр къэзгъуэткIи захъунщIэнукъым а сэ слъэгъуахэм. ЗыщахъунщIэнур ахъшэр нэхъ мащIэу езгъэхьмэщ, – кIэщIу жэуап итащ Мадинэ.

– Еплъыт абыхэм! Уи гуащэри сыт зыхуейр?

– Куэдым я гугъэщ ахъшэр уафэм къытхуещэщэхыу. Ар къэлэжьыным пыщIа гугъуехьыр зыхуэдэр е ямыщIэрэ, е ящIэну хуэмейрэ?

– Ар тыншу щытамэ, дэ къытлъагъэсынтэкъым.

– Зи Iуэху хъу цIыхубзым, и быныр, и унагъуэр зэридзэкIыу, мыпхуэдэ гугъуехьым зэрыпэщIэмыувэнур гурыIуэгъуэкъэ?

– Сэ сыщIэгузавэр сабийхэр къысщыуужмэ, жызоIэри аращ, – жи Мадинэ. – Нэхъыжьым сыкъыфIэмыIуэхужу къысщохъу.

– Апхуэди къохъу, Мадинэ, бын дапщэ уимыIэми, я хьэл зэтехуэу зыри яхэткъым. Хэти анэмкIэ нэхъ гумащIэщ, хэти хуэпхьам фIэкIа укъызэрыфIэIуэху щыIэкъым. Си хъыджэбз цIыкIу нэхъыжьыр ебгъуанэ классым макIуэ. IэкIуэлъакIуэу унагъуэр зэрызэрихьэм и мызакъуэу, и дэлъху цIыкIухэми якIэлъоплъ. СыкIуэжамэ, лейуэ зыкъысщохъуж. Ахэр зыкIи къызэрысхуэмыныкъуэр солъагъу. СымыкIуэжыххэми ядэнут, яхуэсхьыр мыхъуамэ. Си щхьэгъусэращи, тыншыжауэ, щыхуейм деж тIэкIу мэпэщащэ, нэхъыбэм уэршэру уэрамым тесщ. Зэрыхуейм хуэдэу мэпсэу. «Зыгуэр щIэ!» жиIэу зыми унафэ къыхуищIыркъым. СыщыкIуэжам деж сымыдэн Iэджэ ядызолъагъу си щхьэгъусэми си

бынхэми, ауэ зыри къызэримыкIынур сощIэри, сымылъагъу нэпцI зызощI.

– ГъащIэр дызыхуеймкIэ къыдэупщIауэ щытамэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэтэкъым, дауи, дэ къыхэтхынур.

– Куэдщ, кхъыIэ, фи тхьэусыхэныр къэвгъанэ. Бынхэри зэщхькъым, уи гугъуехьыр къызыгурыIуи, къызыфIэмыIуэхуи къахэкIынущ. Мыпхуэдэ къалэ дахэшхуэм и уэрамхэм урикIуэн къудейр сыт и уасэ! Ари фымылъагъуххэнкIэ хъунут. КъыфлъысаIамэ, зэвгъэзэгъ.

– Къэтпсэлъари хъунщ, пщэдджыжь жьыуэ дыкъэтэджын зэрыхуейр фщыгъупщэжауэ ара? Дывгъэгъуэлъ.

ЦIыхухэр къызэхуэсыху псори зэщIилъэщIэн, зэщIилъэсэн хуейти, Мадинэ лэжьапIэм жьы дыдэу къакIуэрт. Зи лъэгур мраморкIэ къищIыкIа пэш иным телъэщIыхьын иухри, абы ерагъыу зыкъиIэтащ. АрщхьэкIэ, и бгым къызэфIигъэувэртэкъыми, удз гъэгъахэр зытетым и бгъум деж щетIысэхащ.

ЦIыхубз гуэр хуабжьу пIащIэу къыщыщIыхьэм, абдеж щыт пэгуным лъакъуэкIэ жьэхэуэри, псы фIейр утыкум кърикIащ. Ари фIэмащIэу, инджылызыбзэкIэ: «Мы цIыхум щымыщри дэнэ къикIауэ пIэрэ?», – къыжриIэри, и туфлъэ лъэдакъэ лъагэм нэхъри Iэуэлъауэшхуэ иригъэщIмэ нэхъ къищтэу, дэкIуеипIэм дэжейуэ хуежьащ.

– Дахагъэм ухуэхейуэ, уи анэм укъилъхуамэ, абыкIэ зыри къуаншэкъым, – кIэлъыжиIащ абы Мадинэ, ар къызэрепсэлъа бзэмкIэ.

ЦIыхубзым иджыри зыгуэр къыжриIэну къыщIэкIынт, арщхьэкIэ лIитI къыщIыхьэр щилъагъум, адэкIэ дэкIуеящ. «Зэпытыр зыхуэкIуэн», жиIэри Мадинэ и нэпсым къызэпижыхьауэ, лъэгур къилъэсыжу щIидзащ. Ар зэхэзыха лIыхэм я зыр къыбгъэдыхьэри, адыгэбзэкIэ зыкъыхуигъэзащ: «Догуэт, догуэт, иджыри зэ жыIэжыт а жыпIар».

Мадинэ, къэщтауэ, лIым къыхудэплъеящ. Шынапэу икIи тIэкIуи зэIынэурэ ерагъыу къыдришеящ: «Зэпытыр зыхуэкIуэн». ИтIанэ: «Сэ сыкъуаншэкъым, псыр изыкIутар езыращ. Сыкъуаншэмэ, къысхуигъэгъуну селъэIунщ», – урысыбзэкIэ жиIэри, къэгъащ.

– Умыгузавэ, сэ зыкIи узгъэкъуаншэркъым... Зы сыхьэт дэкIмэ, си кабинетым нызщIыхьэ.

– Къысхуэгъэгъу, сыхущIыхьэнукъым, сэ иджыри нэгъуэщI лэжьыгъэ къыспоплъэ, – жиIэри, псы икIутар къилъэщIыжу увыжащ.

ЛIыхэм зыри жамыIэу IукIыжащ. Куэд дэмыкIыу, псыр изыкIута цIыхубзыр къыIухьэри, губжьауэ, швабрэмкIэ Iэбащ: «Къащтэ мыдэ!».

– Хьэуэ, хьэуэ, сэ теслъэщIэжынщ, къысхуэнэжаи щыIэкъым, – жиIэри, къритын идакъым.

ЕтIуанэ пщэдджыжьым Мадинэ лъасэу здэщытым дыгъуасэрей лIыр къыбгъэдыхьащ:

– Си кабинетым нызщIыхьэт, дызэпсэлъэн хуейщ.

– Хъунщ, сэ иджыпсту...

Мадинэ кабинетым щыщIыхьэм, жьантIэм дэс лIыр къэтэджри, стIолым шэнт къыхущIигъэкIуэтащ.

Мадинэ зыри жимыIэу етIысэхащ, щтэIэщтаблэу лIитIым еплъу.

– Уэ инджылызыбзэр фIыуэ пщIэрэ? Сэ шэрджэсыбзэкIэ тэмэму сыпсэлъэфыркъым, – къеупщIащ нэхъ къепсалъэ зи хабзэ лIыр.

– Си гугъэмкIэ, сощIэ.

– IэщIагъэ гуэрым ухуеджа?

– Зыми сыхуеджакъым, школым ебгъуанэ классыр къыщызухауэ аращ.

– АдэкIэ щхьэ уемыджарэ?

– Хъуакъым.

– Уи цIэр сыт? КъыщыщIэддзэн хуеяри арат...

– Мадинэ.

– Сэ къызэрызэджэр Сэлимщ, мор си къуэш нэхъыщIэ Нихьэтщ. Узыщыщымрэ уи лъэпкъымрэ къыджеIэт.

– Кавказым сыкъикIащ, Налшык сыщыщщ. ЛъэпкъкIэ сыадыгэщ.

– Ушэрджэсщ?

– Апхуэдэуи жыпIэ хъунущ.

– Дэри ди адэшхуэ-анэшхуэхэр шэрджэс лъэпкъщ. Кавказым дапщэрэ ахэр темыпсэлъыхьми, яфIэмащIэт. «Зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, ди щIыпIэр тлъагъужащэрэт», – жаIэурэ дунейм ехыжахэщ. Сыту гъэщIэгъуэну шэрджэс цIыхубз цIыкIум дыпхуэза. Куэд щIа мыбы узэрыщылажьэрэ?

– Илъэсым нэблэгъащ.

– Мыбы уи закъуэ ущыIэ, хьэмэрэ гъусэ уиIэ?

Мадинэ мащIэу къыпогуфIыкIри, цIыхубзих зэригъусэр жреIэ.

– Ахэри шэрджэс? Адыгэ ахэри? Налшык щыщ?

– Псори адыгэщ.

Иджыри къэс псалъэмакъым щIэдэIуу щыса мыхъумэ, зыри жызымыIа Нихьэт къопсалъэри: «ХьэщIапIэ дынакIуэмэ, дауэ къащыхъуну пIэрэ?» – жи.



– Адыгэр хьэщIэм щыгуфIыкIыу къызэрекIуэкIам ноби дытетщи, ди бжэр сыт щыгъуи зэIухащ фэркIэ.

– Компьютерым хэпщIыкIрэ? ХыумыщIыкIмэ, ар сыт хуэдиз зэманкIэ пхузэгъэщIэн?

Нихьэт Мадинэ къызэрепсалъэр французыбзэти, езыми а бзэмкIэ жэуап иритыжащ: «Зы махуэ е махуитI, зэман сызэриIэм елъытащ».

Блынджабэм фIэлъ сыхьэтышхуэр, зэманыр зэрыхъуар къыуигъащIэу, къеуащ. Абы худэплъейри, Мадинэ къэтэджыжащ:

– СыщIэмыкIыжу хъунукъым. МахуэфI тхьэм къывит!

Мадинэ щIэкIыжа нэужь, Сэлим псалъэмакъым пищащ:

– Еплъыт абы, илъэс хъуауэ щолажьэри, зэи гу лъыстакъым. АдыгэбзэкIэ а псалъитI-щыр жимыIамэ, гу зэрылъызмытэм хуэдэу екIуэкIынут иджыри. Сыту цIыхубз дахэ! Езыр хужьрэ и щхьэцыр фIыцIэу – нэгъэсауэ шэрджэс цIыхубз теплъэщ. Абы и закъуэ, зэрыгубзыгъэми гу лъыптакъэ? Бзэ зыщыплIкIи мэпсалъэ.

– Ар уигу зэрырихьами гу лъыстащ.

– Сигу ирихькIэ сыт? Сэ щхьэгъусэ, бын сиIэщ. Нэхъыщхьэр аракъым, нэхъыщхьэр ди лъэпкъэгъу цIыхубз цIыкIум дэIэпыкъун зэрыхуейрщ. А слъагъум къыдэIэпыкъуни иIэкъым.

– ИIамэ, лъэсакIуэу лэжьэнт. ИтIанэ, гу лъыптакъэ: ар щыгуфIэм дежи и нитIыр нэщхъейщ. Зыгуэрым щышынэу, щтэIэщтаблэу щытщ.

Пщыхьэщхьэм къызэхуэсыжа цIыхубзхэр, Мадинэ пэплъэу, уэршэру зэхэст. Куэд дэмыкIыу ари къыщIыхьэжри, Iэнэр къагъэуващ. Мадинэ егъэлеяуэ нэжэгужэт.

– Сэ нобэ сызыхуэзар фщIатэми... – къыщIидзащ абы, и гур къигуфIыкIрэ и Iупэхэр зэтежу.

– Сыту пIэрэ апхуэдизу узрихьэлIар?

– Нарт Сосрыкъуэ ухуэза?

– Сосрыкъуэ сыт къытхуищIэжын, адыгэ щIалэ сыхуэзащ – миллионеру!

«Миллионер» псалъэр зэрызэхихыу, зым иIыгъ гуахъуэр IэщIэхуащ. Адрейми и жьэм ихьыну игъэхьэзыра шхыныр къигъанэри, щIэупщIащ:

– ИкIи миллионеру, икIи адыгэуи? ХьэдагъэпцI ухъу ар!

– Пэжщ, Тыркум щыщ адыгэ щIалэхэщ. Илъэс хъуауэ сызыхуэлъасэри ахэращ.

– Еплъыт абыхэм, иджыри къэс щхьэ узрамыгъэцIыхуарэ-тIэ?

– Уэ пхуэдэ цIыхубз дахэм иджыри къэс щхьэ гу лъамытарэ?

– КъыжыIэжыт псори, дауэ Iуэхур зэрыхъуар.

МэжалIэ пэтми, Iэнэм тет шхыныр къафIэмыIуэхужу, псори Мадинэ едаIуэрт.

– СызэреплъымкIэ, а уи псыр изыкIута цIыхубзым нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщ дыху къыхуэпщэхун хуейщ.

– Абы и зыхуэпэкIэмрэ и щытыкIэмрэ тепщIыхьмэ, ар зыри хуэныкъуэкъым.

– Апхуэдэ лъагъугъуейхэм цIыхубз дахэхэр Iэмал имыIэу жагъуэгъу ящIын хуейщ. Ар сыт хуэдэ лэжьапIэми хабзэу къыщокIуэкI...

ЦIыхубзхэм нэхъ гъэщIэгъуэныж ящыхъуар миллионерхэр хьэщIапIэ къэкIуэну къызэрылъэIуарщ. Иджы абыхэм яхуэзэмыгъэзахуэр миллионерхэм хуагъэхьэзырыну шхыныгъуэхэмрэ ахэр зыпщэфIынумрэт.

– Сыбгъэдэсын дэнэ къэна, игъащIэм зы миллионер сепсэлъакъым.

– Мы стIолым зы миллион телъу слъэгъуащэрэт...

– Ахэр миллионерыр пэжу пIэрэ?

– Мыпэжмэ, умыгъэхьэщIэну ара?

– ХьэщIэм хьэщIагъэ иумыхыу хъурэ? Апхуэдэ щыIэ сытми? Ауэ сыщIэупщIауэ аращ.

– КъэмыкIуэххэнкIи хъунщ ахэр.

– КхъыIэ, дывгъэгъуэлъыж, жэщыр хэкIуэтащ.

– ЯхуэтпщэфIынум девгъэгупсыс зэ.

– Хъыбар къыдагъащIэмэ, ари дубзыхунщ. Иджы дывгъэгъуэлъ.

Пщэдджыжьым жьыуэ лэжьапIэм нэса Мадинэ халатыр зыщитIагъэщ, пэгуныр къищтэри, и IэнатIэм пэрыуващ.

– ДяпэкIэ уэ узыпэрытынур нэгъуэщI IэнатIэщ, – жиIэурэ, щэху дыдэу къыIухьа Сэлим абы пэгуныр къыIэщIихащ.

Мадинэ, Iэнкуну, лIым къеплъащ. Абы иджыпстут япэу гу щылъитар Сэлим и щIалэ къекIуагъымрэ абы и нэгум гуапагъэу кърихымрэ. Сэлим Мадинэ дихьэхати, кIуэ пэтми нэхъри зыIэпишэрт. «Апхуэдэ цIыхубз уи унэ щIэсыныр сыт и уасэ?! И щхьэгъусэм дзыхь ищIу дауэ къиутIыпща?» – жиIэрт игукIэ.

– Бухгалтерыр иджыпсту къэсынущи, къэблэжьар къеIыхыжи, си деж ныщIыхьэ.

– Сэ нэгъуэщI лэжьапIи сыкIуэн хуейщ.

– Абы щхьэкIэ умыгузавэ, я телефоныр къызэти, сэ сепсэлъэнщ. ДяпэкIэ абыхэм уахуеижкъым. Мыбы къыщыблэжьыр урикъунущ.

Сэлим IукIыжа нэужь, Мадинэ и щхьэм гупсысэ Iэджэ щызэблэжащ: «Апхуэдэ щхьэгъусэ зритам, Тхьэшхуэр хуэупсакъэ?! Сэ сыту Iейуэ псоми сыхэнат. Си адэ-анэр къысхуэмеижу гъащIэр къыщIэздзащ, ноби апхуэдэу йокIуэкI. Си щхьэгъусэр къыщIысхуейр ахъшэ къэзлэжьырщ.

ГугъапIэу сиIэр си щIалэ цIыкIухэращи, абыхэми лей самыщIащэрэт. Иныкъуэхэм деж зыри къысхуэмеижу дунейм сытету къысщохъу. Сэри Тхьэшхуэм насып къызитынт, схуэфащэу щытамэ, къыщызимытакIэ, схуэфащэкъым. Абы и щхьэусыгъуэр къысхуэщIэркъым, ауэ апхуэдэущ си Iуэхур зэрыщытыр. Псори насып хуейщ, дэтхэнэм иритын?.. Нобэ къызэхъулIа Iуэхур си фIэщ сщIын хьэмэрэ сымыщIын? Дунейм тетыху гугъу ехьын хуейхэм сащыщу си фIэщ зэрыхъужрэ куэд щIащ сэ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм и пщэдджыжьым Мадинэ жьы дыдэу къэтэджащ. ЦIыхубзхэри къызэфIэувэри, ар зэпеуэу яхуапэу щIадзащ, чэнджэщ Iэджэ кърату:

– ДяпэкIэ IэлъэщI зытумылъхьэ.

– ЦIыхухъу къоплъу гу лъыптамэ, уи нэщхъыр хузэхэукIэ.

– Автобус къэувыIэпIэхэм ущытетым деж уи закъуэу ущымыт. ЦIыху нэхъ здэщыIэмкIэ кIуэ.

– Ди Тхьэ, сыту хъарзынэ защIэу дызрихьэлIэжат! – Мадинэ, и гур къызэфIэнауэ, псоми IэплIэ яхуищIырт.

– Мо дыху къыпхуэтхьар зытеутхэ. Дапхуэдизу екIуу умыхуэпами, дыху лъапIэм и мэр къыпкIэримыхмэ, зыгуэр къыпхуэт хуэдэу мэхъу.

– Иджы мы сумкэ дахэр уи дамэм фIэдзэжи, тхьэIухудхэм я зэпеуэм къэгъазэ уимыIэу кIуэ...

Апхуэдэ Iэджэ къыжраIэурэ Мадинэ щIагъэкIащ.

ЛэжьапIэм и щIыхьэпIэм хъумакIуэу щыт щIалитIым я зым: «Уэ дэнэ укIуэрэ?» – жиIэри Мадинэ къигъэувыIащ. КъызэрамыцIыхужар и гуапэ хъуауэ, Мадинэ гуфIэжу жеIэ: «Сэ Сэлим и деж сыкъэкIуащ».



УнафэщIым и кабинетыбжэм теуIуэу Мадинэ щыщIыхьам, щIэсхэм псоми зыкърагъэзэкIри, я жьэр Iурыхуауэ къеплъащ. Сэлим къэтэджщ, къыпежьэри, гуапэу сэлам кърихащ. «ЗэвгъэцIыху, Мадинэ. ДяпэкIэ ди деж щылэжьэнущ», – яжриIащ къызэхуэсахэм.

Абыхэм я Iуэхур зэфIэкIыу щIэкIыжа нэужь, Мадини къэтэджыжащ.

– Уэ, умыпIащIэу, зэ тIысыжыт, – къыжриIэщ Сэлими, секретарым унафэ хуищIащ, Галинэ Ивановнэ кърирджэну. Зытэлай дэкIри, кабинетым къыщIыхьащ зи ныбжьыр илъэс плIыщIым нэблэгъа цIыхубз гуэр.

– Галинэ Ивановнэ, мыр Мадинэщ, фызэрыцIыху. Компьютерым уэ хэпщIыкIым хуэдиз мыбыи егъащIэ. Умыгузавэ, уи лэжьыгъэр зыми пIихынукъым, ауэ уэ пхуэдэу Iэзэу иджыри зы цIыху дыхуейщ, – жриIащ.

– Хъунщ, сэ ар зыкIи къызэхьэлъэкIынукъым, – жиIэри, Галинэ Ивановнэ щIэкIыжащ.

– Мадинэ, – жи унафэщIым, – уи гъусэу квартирэм щIэсхэм яжепIэжа фи деж деблэгъэну дызэрыхуейр?

– ЯжесIэжащ, я гуапи хъуащ.

– АтIэ, хъунумэ, пщэдей пщыхьэщхьэ лэжьыгъэ нэужьым дынэкIуэнщ.

– Сыт щIэмыхъунур? Псори дынывэжьэнущ.

– Уэри укъыдэжьэну?

– Сэ псом япэ ситу сынывэжьэнущ.

– Компьютерым урилэжьэну ухуэмейми, сщIэртэкъым, сыномыупщIу...

– Хьэуэ, хьэуэ. Сэ сыт щыгъуи сехъуапсэрт абы ирилажьэхэм. Умыгузавэ, фIы дыдэу зэзгъэщIэфынущ.

Мадинэ пщыхьэщхьэм къызэрысыжу, и гъусэхэм псори яжриIэжащ. Ахэр Iейуэ гуфIащ. Апхуэдэуи, хуабжьу щыгуфIыкIащ Мадинэ компьютерым зэрыхурагъэджэнум.

– Сыту цIыхуфI защIэу фыкъызихьэлIат, – къэгумэщIащ Мадинэ. – Фэр мыхъуамэ, куэд щIат си лъэр зэрыщIэхурэ. Iэджэ щIащ сэ гъащIэм фIыкIэ сызэрыщымыгугъыжрэ. «Зыгуэр къызохъулIэ», – щыжысIэ дыдэм, си Iуэхур зэIыхьэжурэ сыкъекIуэкIащ. Иджы апхуэдэ къысщымыщIыну тхьэм жиIэ...

ХьэщIэхэр къыщыкIуэн хуей пщыхьэщхьэм цIыхубзхэр нэхъ пасэу къекIуэлIэжри, зэхэзежэу щIадзащ – хэти пщафIэу, хэти зигъэщIэращIэу, хэти унэр зэщIикъуэу. Куэдрэ зыпамыгъаплъэу, хьэщIэхэри къэсащ. Абыхэм я ужьым иту сумкэ хьэлъэхэр къыщIэзыхьа щIалэм ахэр игъэувауэ щыщIэкIыжым: «Дэнэ укIуэрэ, щIалэ?» – жиIащ Женэ. Адыгэ щIалитIым зыгуэрхэр зэжраIэри, абыи кърагъэгъэзэжащ.

ЩIалэхэр ягъэтIысащ, шхынри хьэзырыххэти, псынщIэ дыдэу Iэнэ къаухуащ.

– Лыр гурыхь дыдэу вгъэхьэзыращи, дымышхыу тлъэкIынукъым. Ауэ ди дежкIэ лы щашхыр зэзэмызэххэщ. Ари мащIэ дыдэу, – жиIэурэ Нихьэт джэдым и дамэ цIыкIур къиищтащ.

– Дэ лы дымышхмэ, зыри дымышхауэ къытщохъу.

Плъыжьу гъэжьа джэдылым щыщу хьэщIэхэм яшхар Iыхьэ зырызщ, ауэ жэмыкуэм нэхъ хэIэбащ.

– Бытырбыхурэ Кавказымрэ фIыуэ зэпэжыжьэщ. Мыбы нэс дауэ фыкъэкIуа, фи щхьэгъусэхэми дауэ фыкъаутIыпща? – щIоупщIэ Сэлим.

– Абыхэм дэ дзыхь къытхуащI. Унагъуэмрэ бынымрэ зыхуей хуэгъэзэныр Iуэху тыншкъым. Ахэри мэлажьэ, ауэ я улахуэр мащIэщи, Iэмалыншагъэм къыхэкIыу, дэ дыкъежьащ.

– Езыхэр къыздэфшэ хъунукъэ?

– Ахэри къетшажьэмэ, ди лъапсэхэр хэкIуэдэжынкъэ...

IэджэкIэ зэщIэупщIащ хьэщIэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ, ауэ куэд дыдэри щымысу, щIалэхэр къэтэджыжащ.

– СыткIэ дывдэIэпыкъуфыну? Зыгуэр фыхуеймэ, фымыукIытэ, – къажриIащ Сэлим машинэм щитIысхьэжым. – Ди адэ-анэм яжетIат адыгэ дызэрыхуэзари, флъэкI къэвмыгъанэу сэбэп фахуэхъу жаIащ.

– Упсэу, Сэлим, уи адэ-анэми сэлам тхуехыж. Дэ зыри дыхуейкъым, ди Iуэхур тэмэмщ, – жеIэ Женэ псом я цIэкIи.

ХьэщIэхэр ирагъэжьэжри, цIыхубзхэр къыщIыхьэжащ. Нэхъ пкъы мызагъэу яхэтым занщIэу кърилъэфэжьащ сумкэхэр, икIи IэфIыкIэ къахьахэр стIолым къытрикIутащ:

– Ей, мыдэ фыкъеплъыт, сшхын дэнэ къэна, мыпхуэдэ щIэлъу зы тыкуэни срихьэлIакъым игъащIэм.

– УрихьэлIакъым, ахэр щащэм ущIыхьакъыми.

– Сыту цIыху бжьыфIэхэ! Я узыншагъэм и мызакъуэу, я теплъэми икъукIэ хуосакъ ахэр.

– Дагъэ зыщIэлъ яшхыркъым, лым хашхыкIари мащIэ дыдэщ.

– Я теплъэр-щэ?.. Япэм адыгэ цIыхухъухэр зэрыщытам ещхьщ.

– Апхуэдэ щхьэгъусэ сиIамэ, си Iэгум ису къесхьэкIынт!

– Алыхь, сысейр тутынымрэ самопалымрэ ятхьэлащи, игъащIэм узыншэу щытауэ къыпхуэмыщIэжыну.

– Си щхьэгъусэри аращ.

– Сыт хуэдэу щымытми, сабий ядэдгъуэтакъэ? Тхьэ, сэ си лIыжь цIыкIум сыхуозэшкIэ. Гугъу ехьу пIэрэ, тэмэму ягъашхэу пIэрэ? – жысIэу сыщыгузави куэдрэ къохъум.

– Тхьэ, сэри сыхуозэшмэ. Ауэ гъащIэр апхуэдэу хъуащи, дыкъэрехуэкI.

– Мадинэ, а Сэлим уэ зыкIэ гуапэу къоплъащи, шэч хэмылъу, игу урихьащ.

– Гу лъыдимыгъэтэну хуеями, къехъулIакъым.

– «Щхьэгъусэ уиIэ?», жысIэу сыщIеупщIар арат сэри.

– ИIэмэ, сыт? Мыбы къыхуэкIуэн идэркъым. Щимыдэкlэ, уи насып хэлъми пщIэркъым, Мадинэ.

– АфIэкIа Iуэхум хэлъкъэ? Iейми-фIыми, щхьэгъусэ сиIэщ сэ.

– Абы нэмыщIуи, Мадинэ, зыгуэр фIыуэ щыплъэгъуа махуэм уи тыншыгъуэр зэфIэкIащ. Заводым къыддэлажьэ гуэр фIыуэ слъэгъуат сэ, апхуэдизкIэ слъэгъуати, адэкIэ сызэрыпсэунур сщIэртэкъым. Абы щхьэгъусэ иIэт, сэ иджыри сыдэкIуатэкъым. ЗэрыжесIэнум куэдрэ сегупсысауэ, сытми зыкъызогъащIэ. ЩIалэр мащIэу погуфIыкIри, къызэмыплъыххэу: «Сыкъэплъагъур пэжмэ, хьэщIэщым накIуэ», – къызжеIэ.

– УкIуат-тIэ?

– Къэбгъуэтат, тхьэ, кIуэн. Ауэ ноби ар сщыгъупщэжауэ схужыIэнукъым. А псор къыщIезгъэкIуэкIращи, цIыхум ишэчын хуей гугъуехьхэм ящыщ зыщ ди гум къыщыуш гурыщIэхэри.

Мадинэ хъарзынэу лэжьапIэм хэзэгъат, компьютерми фIыуэ хищIыкI хъуат. Улахуэ хъарзынэ къилэжьми, и щхьэм зыри тримыгъэкIуадэу, псори унэм иригъэхьырт, сэ сыхуэныкъуащэкъым, жиIэурэ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, щIалэ нэхъыжь цIыкIум и школ щIэтIысхьэгъуэр къэсащ. Абы ирихьэлIэу Мадинэ къэкIуэжащ, и къуэр зыхуеину хъуар къыхуихьри.

– Мыри мыпхуэдэу къытхуэнащ, – жи Тимур, Мадинэ къригъэхь ахъшэмкIэ иригъэщI чырбыш плъыжь унэ зэтетышхуэмкIэ и Iэр ещIри. – КIуэ пэтми псори нэхъ лъапIэ мэхъу...

– Алыхь, мэхъумэ-тIэ, – къопсалъэ и гуащэри. – ЩIалэр Iейуэ гугъу йохь. УкъамыгъапцIэу икIи мылъапIэу лэжьакIуэ тэмэм къэбгъуэтын жыхуэпIэр Iуэху тыншкъым. Сэращи, абыхэм я шхыныр пщэфIын хуейкъэ? ЩIалэ цIыкIухэри къуейщIейщи, зы дакъикъэ уатеплъэкъукI хъуркъым. А псор щIыжысIэр сытхьэусыхэу аракъым. Дэри ди Iэр зэтедзауэ дыщыскъым, жыхуэсIэщ. Быным щхьэкIэ умыщIэн сыт щыIэ?..

Анэр щыщымытым деж, Тимур Мадинэ къыхуэгуапэт. «КIуэ пэтми нэхъ дахэ уохъу, устрахмэ, дауэ сыхъуну?» – жиIэурэ къыдэгушыIэрт.

Пэжу, Мадинэ тIэкIу лы къиищтэри, нэхъ гуакIуэж хъуат. Тимур пшэр лъахъшэ цIыкIут, Мадинэ нэхъ щхьэпэлъагэт. Зэгъусэу зыщIыпIэ кIуамэ, Тимур шхыдэу къэкIуэжырт. «Псори дэ къыдоплъ, апхуэдизу гъэщIэгъуэну къыддалъагъур сыту пIэрэ?» – жиIэрт.

– КъыщIывэплъыр пщIэркъэ, си щIалэ? Сыту дахэу тIури зэрихьэлIэжа, жари аращ, – и гур фIы къыхуищIырт апхуэдэхэм деж и анэм.

Тимур Iейуи жыпIэнтэкъым, ауэ, асыхьэту зыгуэрым къигъэгубжьа фIэкIа умыщIэну, сыт щыгъуи и нэщхъыр зэхэлът. ЗыгуэркIэ арэзыуэ щыплъагъур зэзэмызэт.

– Уэлэхьи, Мадинэ, ахъшэр къытIэщIэухамэ, – жиIащ абы пщыхьэщхьэ гуэрым. – Плъагъуркъэ мы сэ сщIы унэр! Уэлэхьи, гъунэгъухэм

я нэр иращIыж хъунмэ. АрщхьэкIэ, езыхэм я унэр нэхъ дэгъуэжщ. Мыр зыхуей хуэдгъазэмэ, къытхуэнэжа гъащIэр тыншу тхьынут.

– Унэр пщIы закъуэкIэ зэфIэкIрэ? – къыпищащ и анэми. – УнэлъащIэхэм я уасэр сыт хуэдиз! Мо ди гъунэгъум зы пщIантIэ яIэщи, сохъуапсэ. ЩIалэ цIыкIухэми лэгъунэ зырыз яхузэгъэпэщын хуейщ. Тхьэм игъэузыншэхэ, ахэри нобэ хуэдэу балигъ хъунущ.

Мадинэ щигъэзэжын хуей пIалъэр псынщIэ дыдэу къэсри, и бынхэм гу ящимыхуауэ, нэхъри гуитIщхьитI хъуауэ, ежьэжащ. Унэ иригъэщIыр и кIэм нэсын щхьэкIэ иджыри ахъшэшхуэ зэрыхуейр ищIэрти, къилэжьу хъуар пIащIэу унэм иригъэхьырт. Ауэ езыр, япэм хуэдэу, щIэх-щIэхыурэ кIуэжыфыртэкъым. ЗдэщыIэ щIыпIэр езэгъыртэкъыми, и узыншагъэм зэран хуэхъурт. Кхъухьлъатэри, мафIэгум махуэ зыбжанэкIэ исын зэрыхуейри къехьэлъэкIырт. Арати, мыкIуэжу илъэси, нэхъыби щыдигъэкI щыIэт. Сабийхэм телефонкIэ епсалъэмэ, ар и гурыфIыгъуэт.

Сэлим пщэдджыжьым нэхъ пасэу лэжьапIэм къакIуэрти, и кабинетыбжэр Iухауэ щIэст, Мадинэ къыщыщIыхьэкIэ, илъагъун хуэдэу. Iуэху Iэджи зэфIигъэкIын, телефонкIи куэдым епсэлъэн хуейт ар, ауэ зыми игу хэмыхьэу, и нэр плъызауэ щыст, тутын ефэу.

– Iэу, Сэлим, игъащIэм узэмыфа тутыныр щхьэ къэбубла? Сыт хуэдэ сэбэпынагъ абы уи Iуэхум къыхилъхьэнур? – жиIэрт Нихьэт. – Мы цIыхубзыр лэжьапIэ къэбгъэуври, бэлыхьышхуэм ухэхуащ. Уэ щхьэгъуси быни уиIэщ, ар зыщумыгъэгъупщэ. Ауэ апхуэдизу ухуэзэну ухуеймэ, ресторан гуэрым шэи епсалъэ.

– НысхуэкIуэрэ, нысхуэкIуэркъым...

– Иджыри жеIэ, арэзы хъухукIэ елъэIу.

– Хъунщ, аргуэру селъэIунщ.

Пщыхьэщхьэм Мадинэ цIыхубзхэм ечэнджэщащ:

– Сыт сщIэнур? Сэлим рестораным дыгъакIуи дыщыгъэс, дызэгъэпсалъэ, къызжеIэ, – жиIэри.

– Уделэу ара? Апхуэдиз къыпхуэзыщIэм и гъусэу рестораным укIуэ щIэмыхъунур сыт?

– Щхьэ умыдэрэ, ущышынэу ара?

– «Дызэгъэпсалъэ», щыжиIакIэ, епсалъэ, кIуэи. Иджы зэ къолъэIужмэ, хьэуэ къыхыумыгъэкI.

– Абы уригъусэу хым узэпрыкIын хуей хъуми, умышынэ...

Мадинэ зыщышынэр езым ищIэжырт. Япэрауэ, езыр цIыхубзым гурыщIэ куу щищIыфыну ныбжьым итт. ЕтIуанэрауэ, зы цIыхухъу и дежи къыщызэкъуимыха лъагъуныгъэр къызэрыхущIэкIынур ищIэртэкъым.

Сэлим аргуэру къыщелъэIум, Мадинэ арэзы хъуащ.

Пщыхьэщхьэм, Мадинэ лажьэу здэщысым, Нихьэт коробкэ гуэр къыщIихьэри, абы и стIолым трилъхьащ. КъыщIыхьар щилъагъум, Мадинэ къэтэджащ.

– Упсэу, Мадинэ, си къуэшым и мызакъуэу, сэри си гуапэ къэпщIащ. Тхьэм щхьэкIэ, хьэуэ къыхыумыгъэкIыу, мыбы илъ бостейр щытIагъэ. Иджыпсту си машинэмкIэ уезгъэшэжынщи, сыхьэтитI дэкIмэ, Сэлим ныIухьэнщ, – жиIэри щIэкIыжащ.

Мадинэ къэзышэжа шофёрым нэгъуэщI пакетышхуитIи машинэм кърихри дрихьеящ.

– Мыбы имылъ фIыгъуэ щыIэ! – жаIэурэ цIыхубзхэм пакетхэр яунэщIырт, бостейм и дахагъэр ягъэщIагъуэу еплъхэрт.

– ЩIэхыу щытIагъи дызэгъэплъыт, Мадинэ.

– Иджы напэщыхуэхэри къэбгъэсэбэп хъунущ, ауэ иумыгъэлей.

– АбыкIэ ар пхуэгъэIущыжынкъым. ДахэIейуэ зыхилъхьэу зригъэсащ.

– Мыпхуэдэу дапщэрэ къытхурагъашэрэ мы щIалэхэм...

–Узыншагъэр тхьэм къарит! Нэхъ къулеижи тхьэм ищI!

Мадинэ дарий бостей щIыху-фIыцIафэр зэрыщитIагъэу, цIыхубзхэм ящыщ зым и Iэгур зэтригъэуащ:

– Iэстофрилэхь, Мадинэ, уи дахагъэр сэ сиIатэмэ...

– Сэ сыдахэу зэи зыкъысщыхъужакъым. ИтIанэ, удахэми, абы щхьэкIэ нэхъ лейуэ гъащIэм зыри къыпхуищIэнукъым. Нэхъыщхьэр насып, цIыхубз насып уиIэнырщ.

– Мес, машинэ дэгъуэри къэсауэ къожьэ, – жиIащ щхьэгъубжэм пэгъунэгъуу щыт цIыхубзым.

Мадинэ щыщIэкIым, Сэлим машинэм къикIщ, бжэр хуIуихри иригъэтIысхьащ.

– Еплъыт абы гъэсэныгъэу хэлъым, цIыхубзым пщIэ зэрыхуищIым, – жаIэрт щхьэгъубжэм кIэрыт цIыхубзхэм.

– Апхуэдэ щхьэгъусэ зыхигъэкIыжмэ, делэщ Мадинэ. Ауэ а Iуэхум тегушхуэгъуейщ...

– Ари пэжщ. УакъыгурыIуэ-уакъыгурымыIуэми, быным щхьэкIэ анэм Iэджэ ишэчын, куэдми зыхигъэкIыжын хуей мэхъу.

Рестораным и бжэм деж щыт хъумакIуэхэм я щхьэр ягъэщхъыурэ Сэлим сэлам кърахащ. ЩIалэ зыIэщIэлъ гуэр къапежьэри, здагъэтIысыну стIолым бгъэдишащ. Асыхьэтуи лIы бжьыфIэшхуэ къабгъэдыхьэри, сэлам къарихащ. ТыркубзэкIэ зыгуэр жиIэурэ Мадинэ къеплъащ: «Сэ адыгэбзэ тIэкIунитIэ... шэрджэсхэм... цIыхубзхэр дахэIей, дахэIей», – жиIэри, IукIыжащ.

– Мы шхапIэр зейращ, ари Истамбыл къикIащ.

Егъэлеяуэ игу ирихь цIыхубз цIыкIум еплъу зэман куэдкIэ щысыфынуми, Сэлим нэхъуеиншэу щыттэкъым: Мадинэ зэрыукIытэр илъагъурт.

ПсынщIэ дыдэу къыхуахьа тырку шхыныгъуэхэм хуэдэ Мадинэ, дауи, зэи ишхатэкъым. Гуахъуэмрэ сэмрэ зэгъусэу иримышхэфын и гугъами, хъарзынэу хуэIэрыхуэу къыщIэкIащ.

– Мадинэ, сэ тыншу, жьыр къыщепщэр ищIэркъым, жыхуаIэм хуэдэу сыпсэуащ, тхьэм и фIыщIэкIэ. Ноби аращ. Си гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ гуэр хэслъхьэн хуейуэ апхуэдэ Iуэху зэи сыхэхуакъыми, иджы абы егъэлеяуэ семыгупсысын слъэкIыркъым. Уэри бын, щхьэгъусэ уиIэщ. Сэри сиIэщ. Абыхэм ди зэран едмыгъэкIыу икIи тфIэмыкIуэду, дэ тIум ди насыпым, ди гъащIэм дегупсысамэ, мыхъуну пIэрэт?

– Ар дауэ, Сэлим? Сэ абы жэуапу естынур сщIэркъым...

– Си щхьэгъусэми, «абы цIыхубз тэмэм къыщыгъуэт, укъихъумэну, къыпхуэсакъыну», къызжеIэ. Сэ къэзгъуэтауэ си пащхьэм исыр тэмэм къудейкъым, атIэ нэхъыфIу щыIэм я зырызщ. Уи фIэщ щIы, Мадинэ, уэр папщIэ сэ куэд зэрысщIэфынур.

– Япэрауэ, Сэлим, уи щхьэгъусэм зэрыжиIэм хуэдэу, сысейм зэи жиIэнукъым. ЕтIуанэрауэ, сабийхэр стрихынущ. Си щхьэ насып

папщIэ, сэ сабийхэр зеиншэ схуэщIынукъым. Мыгъуагъэу гъащIэм хэлъыр згъэунэхуащ сэ. КъысхуэпщIамкIэ фIыщIэ ин пхузощI. Iей пщIами, фIы пщIами, уи деж къигъэзэжу жаIэри, сэ къысхуэпщIар уэ уи щхьэкIэ къыпхуэщхьэпэжын тхьэм ищI.

– Мадинэ, сынолъэIу, кхъыIэ, иджыри зэ мы ди Iуэхум дегъэгупсыс. Ухуеймэ, щIалэ цIыкIухэр мыбы къашэ, сэ унэ къэсщэхунщи...

– Хьэуэ, хьэуэ, Сэлим, ар мыхъун Iуэхущ. Ахэр я адэм къыпхукIэрыкIынукъым. Сэри мыбы игъащIэкIэ сыщыIэнукъым. Дызэдэлэжьэху, дызэрылъагъунщ. ГурыщIэ зэхудиIэр ди гурыфIыгъуэу дыпсэунщ, атIэ ар мащIэ, Сэлим? – ар жиIэри, Мадинэ и Iэр гуапэу лIым и Iэм трилъхьащ.

– Шэч хэмылъу, ар насып инщ, ауэ иджыри егупсыс, Мадинэ. Тхьэм иухар хэт ищIэрэ?

– Тхьэми ебгъэухыр еух... Ауэ абы теухуауэ аращ сэ жысIэнур.

– Къэхъунур зыщIэр хэт? – Сэлим къикIуэтыну хуейтэкъым.

– Пэжщ, ар зыми ищIэркъым.

Сэлимрэ Мадинэрэ щызэрымылъагъум деж зэхуэзэшми, абы щхьэкIэ леи жаIэртэкъым, лейуи защIыртэкъым.

«ДяпэкIэ тутын сыщIефэн щыIэжкъым, – егупсысащ Сэлим махуэ гуэрым. – СэркIэ нэхъ лъапIэ дыдэу щыIэ цIыхубз цIыкIум езыми гурыщIэ къысхуиIэу къыщIэкIащи, ар зэбгъапщэ хъун щымыIэ тыгъэщ».

Дохутырым я нэхъыфIыр Сэлим къригъэIэзэурэ, Мадинэ и узыншагъэри зэтеувэжат. Ауэ зэпимыгъэууэ хущхъуэхэм емыфэу хъуртэкъым. Япэхэм хуэдэуи, щIэх-щIэхыурэ я деж къэкIуэжыфыртэкъым. Гъуэгум къыщызэIыхьэнкIэ шынэрт. АрщхьэкIэ, сабийхэр Iэджэ щIауэ зэримылъэгъуар хуэмышэчыжыххэ щыхъум, зы махуэ гуэрым къытридзэри къэкIуэжащ.

Ухудэплъейуэ лъагэу халъхьа я куэбжэр къэгъэбыдати, зэрытеуIуэу, макъ шынагъуэкIэ банэу я хьэр къыIулъэдащ. «Текъузэ» жиIэу зытетхам Мадинэ гу лъитэри трикъузащ: «Хэт ар?» – къэIуащ и гуащэм и макъыр.

– Мадинэщ.

– Ана-а-а, укъэкIуэжа? Сэ иджыпсту...

– IукI, IукI, жысIакъэ? – Хьэшхуэр Iуихуурэ, и гуащэм бжэр къыIуихащ. – Щхьэ зыгуэр жумыIарэ, щIалэр ныппежьэнтэкъэ.

ПщIантIэм машинэ фIыщIэ лъапIэр дэтт, пщIантIэкум удз гъэгъа дахэхэр щыхэсат, унэ щIыхьэпIэм алэрыбгъу ин иубгъуат, вакъэхэр абдежым щызэхэтт. Къыбжьэхэлъэну загъэхьэзырам хуэдэу, къаплъэнитIи щIыхьэпIэм и лъэныкъуэ зырызымкIэ «къытест».

– Мамэ, мамэ къэкIуэжащ, – жиIэурэ гуфIэу и къуэ нэхъыщIэ Ислъам и анэм къыпежьащ.

– Дэнэ щыIэ Заур, щIэскъэ?

– ЩIэсми, компьютерым бгъэдэсщ.

– Заур, мамэ къэкIуэжащ, зэхэпхыркъэ?

– Сыт ущIэкIийр, зэхызох, – жиIэурэ, къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу, Заур къыщIэкIри, и анэм сэлам кърихащ.

– ФыкъакIуэт мыди, фIыуэ сызэвгъэплъыт. Сыту щIэх ин фыхъуа?

– УкъэмыкIуэжу апхуэдиз зэман дэбгъэкIмэ, псори нэгъуэщI зыгуэру къыпщыхъунущ, – жеIэ Заур мытIысу, и Iэри и жыпым къримыхыу.

5 Заказ №75

– УемылIалIэ абы жиIэхэм, мамэ.

Ислъам и анэм къыхуихьахэм апхуэдизкIэ щыгуфIыкIащи, зэ зыр, зэ адрейр щитIагъэурэ йоплъ. «Си мамэ цIыкIу, ситу уцIыхуфIыщэ!» – жиIэурэ, щысабиям хуэдэу и анэм IэплIэ хуещI.

– Абыхэм зыкIи дыхуэныкъуэкъым дэ, апхуэдиз щыгъынкIэ дыбгъэщIэнур сыт? Телефон къытхуэпхьамэ, нэхъыфIыр арат, – жеIэ Заур, и Iэр и жыпым зэрилъу.

– Щхьэ угузавэрэ, си щIалэ цIыкIу, къыфхуэзмыхьа уи гугъэрэ? Къащтэт модрей сумкэр.

– УиIэкъэ уэ телефон, аргуэру зэрыпщIынур сыт? – щIогубжьэ Ислъам и къуэш нэхъыжьым.

– Сыт-тIэ сиIэмэ?.. Ди классым тIу-щы зимыIэ щIэскъым. Сэ сысейр жьы хъуащ.

– Уэ зэи арэзы уахуэщIынукъым.

Мадинэ сумкэм кърехри телефон зырыз щIалэ цIыкIухэм къарет.

– Ма-мэ, мыпхуэдэ зэи слъэгъуакъым. ЛъапIэ Iей хъунщ! – жиIэурэ Ислъам телефоныр зэпеплъыхь. ИтIанэ гуфIэу и анэшхуэм зыхуегъазэ:

– Нанэ, нанэ, еплъыт мамэ къытхуихьа телефоным.

– Алыхь, дахэ гуэрым. Iэджэуи лъапIэ хъунщ. Телефон щхьэкIэ апхуэдиз ахъшэ дауэ бгъэкIуэда? А лъапIэм къыпхуищIэ дыдэр къыпхуищIэнущ нэхъ пудми.

– Уэлэхьи, нанэ, игъащIэкIэ а тIур зэхуэмыдэн.

– Алыхь, Ислъам, содэмэ. Сэ абы и унафэ сщIырэ?! Ауэ, вгъэкIуэдынщ е евгъэдыгъунщ, жызоIэри аращ.

Мадинэ и нэпсым къызэпижыхьащи, ерагъыу зызэтреубыдэ:

– ЛъапIэми, пудми – ар Iуэхукъым. Сэ сыщIэпсэури гугъу зыщIезгъэхьри фэращи, ар зыщывмыгъэгъупщэ.

– Уэлэхьи, ар дэ зэи тщымыгъупщэн, абы щхьэкIэ умыгузавэ, мамэ. Уэр нэхърэ нэхъ мамэфI дунейм тету си фIэщ хъуркъым. Псом нэхърэ унэхъыфIщ. Пэжкъэ, Заур? – жеIэ Ислъам.

– Пэжщ, мамэ мыхъуамэ, мыпхуэдэ унэ едгъэщIыфынутэкъым, ди хьэпшып лъапIэ къомри къытхуэщэхунутэкъым, – щыхьэт тохъуэ Заури, ифIэмыфI-ифIэмыфIурэ.

Анэшхуэм ар и гуапэ мыхъуауэ, Ислъам щIокIие:

– Куэдщ иджы, мыр мыпхуэдиз, мор мыпхуэдиз и уасэти жыпIэу, физ хьэл ухъужауэ. Дэ зыри дымыщIэу дыщысауэ ара?

– Абы дытевмыгъэпсэлъыхь, – жеIэ Мадинэ, псалъэмакъыр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ ишэм фIэфIу. – Абы нэхърэ нэхъыфIщ дауэ феджэми къызжефIи.

– Алыхь, хъарзынэу йоджэхэм, емыджэу Тимур яхуидэну, яхуидэнукъым. Сэри слъэкI къэзмыгъанэу гъэса зэрыхъунум сыхущIокъу. Си ныбжьыр здынэсам тынш уи гугъэрэ щIалитI упIыныр. Узыншагъи збгъэдэлъыжкъым. Ауэ сыт сщIэн, бын щхьэкIэ умыщIэн щыIэ? – жиIэурэ, дарий кIэпхын кIапэмкIэ и нэпсыр щIилъэщIыкI хуэдэу зещI гуащэм.

Мадинэ зыри жимыIэу и гуащэм еплъащ. ЩIалэ цIыкIухэр къыдэкIуэтеями, и гуащэм и теплъэм зэхъуэкIыныгъэ гуэр игъуэтауэ къыпхуэщIэртэкъым. И ныбжьыр и пIэм имыкIыу къэувыIа хуэдэт. «Ар хъарзынэкъэ-тIэ, жьы хъуамэ, щIалэ цIыкIухэм якIэлъыплъыжыфрэт», – жиIэрт Мадинэ игукIэ.

Зыгуэрхэр жиIэу, ину дыхьэшхыу, Тимур къыщIыхьэжащ, цIыхубз гуэр и гъусэу. Ахэр Мадинэ къыщилъагъум, пакет иIыгъыр занщIэу IэщIэхуащ. ЦIыхубзри щытт, зэрызищIынури жиIэнури имыщIэу.

Анэшхуэри цIыкIухэри зэм Мадинэ, зэми къыщIыхьахэм еплъырт.

Мадинэ къэтэджри, нэфIэгуфIэ дыдэу япэщIыкIэ цIыхубзым, итIанэ и щхьэгъусэм сэлам ярихащ. «ЦIыхуфI и Iэнэ хьэзырщ, жыхуаIэращи, фыкъэтIыс», – жиIэри, езыр стIолым бгъэдэтIысхьащ.

– Мадинэ, щхьэ хъыбар думыгъэщIарэ? Уэлэхьи, сынэкIуэнти укъэсшэжынтэм. Апхуэдэу зыри хэдмыщIыкIыу... – зэIынэурэ ерагъыу къыдришеящ Тимур, и щхьэгъусэм пежьэ зэримыхабзэр щыгъупщэжауэ.

– Умыгузавэ, Тимур, сэ ягъафIэхэм сащыщкъым, – жиIэри, абы зигъэзащ цIыхубзым дежкIэ: – Линэр уэракъэ?

– НтIэ, сэращ, – жеIэ абы, зэрыщтэIэщтаблэм гу лъыптэу.

– Хъарзынэщ. Мы унэлъащIэхэр нэхъыфIу, нэхъ дахэу къыхэзыхари, дауи, уэрауэ къыщIэкIынщ. Сэ занщIэу къызгурыIуат цIыхубз акъыл абы зэрыхэлъыр.

– Тхьэ, пэжу, мыбы щыIэхэр сигу иримыхьу, нэгъуэщI къалэхэм дыкIуэн хуей хъуамэ, – жеIэ Линэ, и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжауэ.

СтIолым бгъэдэсхэр, яшхаи щымыIэу, къэтэджыжащ.

– НакIуэ, Ислъам, уи пэшымкIэ. Гъуэгуанэм сригъэшащи, тIэкIу зызгъэпсэхунщ, – жи Мадинэ.

– Сыт щхьэкIэ, нысащIэ, фи лэгъунэр-щэ? – жеIэ и гуащэм.

– Ягъэ кIынкъым. Сэ хэплъыхь сиIэкъым, сыт хуэдэ пэшрами содэ.

– Хъунщ-тIэ, сэри сежьэжынщ, – жи Линэ. – Узыншэу фыщыт.

– Узыншэу, Линэ, дяпэкIи къакIуэ, къакIуэ, зы щхьэкIи къыумыгъанэу, – жи Мадинэ.

Ар зэхэзыхахэм къагурыIуакъым Мадинэ гушыIэми е и фIэщу жиIэми. Абы теухуауэ езы дыдэм уеупщIами, и тэмэмыпIэр къыбжиIэфыну къыщIэкIынтэкъым.

– КхъыIэ, мамэ, афIэкIа умыкIуэж. Иджы псори диIэщ, дяпэкIэ ди гъусэу псэу. Сэ уэ сызэрыпхуэзэшыр пщIатэмэ... «Ди мамэ дапщэщ къэкIуэжыпэну пIэрэ?» – жеIэ Заури сыт щыгъуи. АпхуэдэурэзищI щхьэкIэ, ар бзаджэкъым, цIыхуфIщ. ПщIэрэ, телевизорым сыщеплъкIэ, Петербург щIыIэ къыщыхъуну щыжиIэкIэ, согузавэ, хуабэ къэхъужмэ, согуфIэ. АбыкIэ щIыIэIейщ. КхъыIэ, мамэ, сымаджэ умыхъу щIыкIэ къэкIуэжыпэ.

– Сэри апхуэдэ мурад сиIэщ, си щIалэ цIыкIу, – жиIэурэ Мадинэ и къуэм и щхьэм Iэ делъэ.

– Ар ыту фIы хъунут! «Уэ зыгъэпсэху, мамэ, сэ Заур и пэшым сыщыжеинщ... Хьэуэ, абыи сыкIуэнкъым, кхъыIэ, уи гъусэу сыхэгъэлъ.

Мадинэ мащIэу къыпогуфIыкIри: «Хъунщ, къэгъуэлъ», – жи.

ТIэкIу хилъэфауэ къыфIэщIыжми, Мадинэ IупщIу зэхех зи бжэр Iухауэ къэна пщэфIапIэм къыщIэIукI псалъэмакъыр:

– Алыхь, щIалэ, уэ сыти жыIи, сэ а нысащIэм и щытыкIэр сигу иримыхь.

– Сыт и лажьэр? Уэлэхьи, сызэримыгугъауэ Iэсэу къыщIэкIамэ. Ар нэгъуэщI гуэру щытамэ, ущIэмыупщIэт зэрызищIынум... Мыбы къыфIэIуэхуакъым. Уэлэхьи, мамэ, пэжыр жысIэнщи, ари си гуапэ мыхъуа. СлIо, апхуэдизу абы сыкъыфIэмыIуэхужу ара? Хьэмэрэ здэщыIэм зыгуэр къыщигъуэтауэ пIэрэ? Ари пщIэххэнукъым.

– Алыхь абы гъэщIэгъуэну зыри хэмылъ, и дахагъэмрэ зэрызищIымрэ плъагъуркъэ? Сыти жыIи, си щIалэ, апхуэдэ щхьэгъусэ зыIыгъыф куэд щыIэкъым. Уэри ар пхузэфIэкIыну си фIэщ закъуэ хъуркъым. Ауэ сэ сыщIэгузавэр нэгъуэщIщ. Уэ, мес, фIыуэ укъилъагъуу, уи акъылым къытехуэу, цIыхубз хъарзынэ къэбгъуэтащ. Iэмал имыIэу щыткъым псори Мадинэ хуэдэу мыдахэну. Дахэр нэхъ щхьэгъусэфI хъуууэ зыми илъэгъуакъым. Сыщыуэу тхьэм къыщIигъэкI, ауэ сэ Мадинэ фIы игу илъу схужыIэнукъым. КъытщымыужыпауиI къыщIэукI ар.

– Къытщыужами, уэлэхьи, мыхьэлэмэт, илъэс дапщэ хъуауэ щыIэ ар абы? Сыти жыIи, ди анэ, апхуэдэу фIэкIа сыкъызэрыфIэмыIуэхуар, уэлэхьи, си жагъуэ хъуамэ.

– Алыхь, а сэ слъагъум ахъшэр къолъэлъэхмэ. Абы и сумкэм зы щыгъынхэр дэлъщи, уэзгъэлъэгъуащэрэт. Дэ зыгуэр къытхурегъэхь, жыдоIэри, фIыщIэ худощI. Къыдигъахуэр сыт хуэдиз?!

– АтIэ, мамэ, апхуэдэу щыцIыхубз дахэкIэ, зыгуэри щитIэгъэнщ, ауэ, уэлэхьи, апхуэдэу тыншу сызэриутIыпщыр, сыти жыIи, си гум къоуэмэ.

– Iэстофрилэхь, дапщэрэ мыр зэрыжыпIэнур? А здэщыIэм зыгуэр къыщигъуэтмэ, хъарзынэщ... Хэт ищIэрэ, абы къыщынэжыпэнкIи хъунщ.

– И къуэхэр къигъанэуи?! Ар зэи къэмыхъунщ.

– Заур и анэм щхьэкIэ зыри къыпхуищIэнукъым. Ауэ Ислъам и анэм и гъусэну ищIэмэ, щIым и гъунапкъэм кIуэнущ... Ахъшэ къыуита абы?

– Хьэуэ, зэкIэ зыри къызитакъым.

Пщэдджыжьым Мадинэрэ Ислъамрэ етIуанэ къатым къехащ. Мадинэ щыгъ бостейр дыгъуасэрейм нэхърэ куэдкIэ нэхъ дахэт. ЩIалэ цIыкIуми, и щыгъыныщIэхэр щыгъыу, гуфIэжу и анэм и Iэпэр иIыгът.

– ФынакIуэ, шейр хьэзырщ. Сыт, нысащIэ, зыщIыпIэ укIуэну зыбгъэхьэзырауэ ара?

– Къуажэм, си анэм и деж сыкIуэжынущ.

– Си анэм деж жыпIа? Алыхь хъарзынэмэ, сыт хуэдэу щымытми, уи анэщ.

– КIуэт, Ислъам, си сумкэр къысхуэхьыт, – жиIэри, шейми емыIусэу Мадинэ къэтэджыжащ.

«ЗэкIэ фэстыфынур мыращ, си анэшхуэм зэи зыри хуэсщIакъыми, сигу къоуэ, ар сымыгъэзэкIуэжу хъунукъым», – жиIэри, къахуихьа ахъшэр и гуащэм IэщIилъхьащ. Абы ар зэрыфIэмэщIам Мадинэ гу лъитат, ауэ зыри жиIакъым.

– УзэрыкIуэжынур жепIамэ, Тимур зыкърigъэутIыпщынти, – фэрыщIагъым къыхэкIыу кIэлъыпсэлъащ гуащэр гъуэгу теува нысэм.

Мадинэ куэд щIауэ зыдэмыхьэжа куэбжэм нэсри, къэувыIэжащ. Зытэлай дэкIыу, ар щыIуихым, зигъэщIагъуэу икIи иримыгъэлеищэу банэу абы къыпежьащ хьэ къуэлэн дахэ цIыкIу.

– Мишкэ, IукI, IукI, къэхъуауэ зыщIэплIэжыр сыт? – жиIэурэ Лусенэ къыщIэкIащ. Анэр апхуэдизкIэ Iей хъуат, тхьэмыщкIафэ къытеуати, Мадинэ ар занщIэу къыхуэцIыхужакъым. Анэри зэхэзещхъуэну къеплъыртi и пхъум.

– Мамэ, – жиIэри Мадинэ и анэм зришэкIащ.

– Е си хъыджэбз тхьэIухуд, сыту фIыт укъызэрысхуэкIуэжар!

ТIури гъыуэ, гу зэщамыхуэжу зыкъомрэ щытауэ, Мадинэ зыкъэщIэжри жеIэ: «Мамэ, мыр си щIалэ нэхъыщIэ Ислъам цIыкIущ».

– Мыдэ къакIуи, IэплIэ зыхуэзгъэщIыт, гъащIэшхуэ тхьэм зритын си щIалэ цIыкIу. Уи анэм сыту урещхьыщэ. ФынакIуэ, фынакIуэ, фынышIыхьэ. Нобэрей махуэм сыту гуфIэгъуэшхуэ къысхуихьа, сымыщIэххэу икIи сыпэмыплъауэ, – жиIэурэ Лусенэ ахэр щIишащ унэм.

Мадинэ пэшхэр къиплъыхьащ. Псори япэм зэрыщытам хуэдэт:

– Мыр си пэшу, мыр си гъуэлъыпIэу щытащ. Си сабиигъуэр мыбы щыкIуащ, Ислъам. НакIуэт хадэмкIэ дыкIуэнти, псори сигу къэкIащ.

– ФынакIуэ, фынакIуэ, сэ фысшэнкъэ.

Жыгхэм бэву пхъэщхьэмыщхьэ япытт, хадэ кIуэцIым псы къабзэ цIыкIу щежэхыу щытари иджыри зэрыщытт, жыг щIагъхэри дахэт.

ЗытIэкIурэ хадэм итхэри, унэм къыщIыхьэжахэщ.

– Мадинэ, шатэ сиIэщи, абы джэдыкIэ хэгъэжьауэ фхуэзгъэхьэзырынщ. ПщIэжрэ, уэ ар фIыуэ плъагъуу щытати?

– Хъунщ, мамэ. Сэ ар дапщэрэ сымыпщэфIами, апхуэдэу IэфIу зэи схуэщIакъым. Сэри шхын гуэрхэр къыпхуэсхьащ, – жери, Мадинэ псори пакетым кърихри стIолыщхьэм къытрилъхьащ.

– Мыр сыту куэдыщэ къэпщэхуа, си хъыджэбз цIыкIу, Iэджи текIуэда мыгъуэ хъунщ, – жеIэ Лусенэ.

– Абы щхьэкIэ умыгузавэ, мамэ. ДяпэкIэ, тхьэм жиIэмэ, сыбдэIэпыкъунущ.

– КхъыIэ, умыгузавэ сэр щхьэкIэ, си пенсэр мащIэми, зрызогъэкъу, пхъэщхьэмыщхьэ сиIэхэри сощэ, – жиIэурэ Лусенэ Iэнэр къеухуэ.

– Сыту IэфI дыдэу пщIа, мамэ, тхьэ, куэд щIауэ мыпхуэдэу сигу ирихь ерыскъы сымышхыжат.

Лусенэ, ар и гуапэ хъуауэ, мащIэу къыпыгуфIыкIри жиIащ:

– Ар уи анэм зэригъэхьэзыраращ, си псэр зышхын.

– Уэлэхьи, нанэ, пэжу IэфIу пщIамэ, упсэу. Сэ срикъуащи, хадэмкIэ сыкIуэнщ, – жиIэри, Ислъам щIэкIащ.

Мадинэ и шхэныр зэфIэкIри, сумкэр къищтащ.

– Мыр, мамэ, нанэ тхьэмыщкIэм хуэгъэкIуэд, зэи зыри хуэсщIакъыми сигу никъуэщ. Мыбы уэ щыгъын кърищэху. Уэ сыт щыгъуи дахэу зыпхуапэу щытащ. Иджыри жьы ухъуакъым, екIуу зыпхуэпэн хуейщ, – жиIэри, ахъшэ зэкIуэцIылъитI и анэм хуишиящ.

– Тобэ, тобэ, мыпхуэдиз ахъшэ зэгъусэу зэи сIыгъакъым, мы къомыр дауэ зэхуэпхьэсыфа? ЗыбгъэмэжалIэурэ къыдэбгъэхуа хъунщ, – Лусенэ и нэпсым къызэпижыхьауэ, ахъшэм еплъ пэтми зыщигъэнщIыртэкъым.

Мадинэ мэдыхьэшх:

– Сыт мамэ, зыщIэзгъэмэжэлIэнур, сэ лэжьапIэ хъарзынэ сыIутщ.

– УIутыпэуи сощIри, апхуэдиз ахъшэ къызэптыну къэзлэжьакъым. Сэ анэ щIагъуэу сыщытакъым. Уи адэр зэрыслъэгъуамрэ къызэрысхущIэкIамрэ схуэзмыгъэзахуэу нобэр къыздэсым абы и бампIэм сехь. Апхуэдэ Iуэху сытепсэлъыхьыну си ныбжьым къызэремыкIужри сощIэ, ауэ, итIани, сымыукIытэжыххэу жысIэнщи, абы хузиIа гурыщIэр сщызыгъэгъупщэн гуэр щыIатэмэ, псибл зэпысчынт, – жиIэри, Лусенэ къэгъащ.

– Е си анэ тхьэмыщкIэ, иджыри къэс абы уегупсысура? Апхуэдиз илъэс блэкIам ар сыту пщымыгъупщарэ?

– Iэмал хуэзгъуэтыркъым, си хъыджэбз цIыкIу, сыт сщIэн, слъэкIыркъым. А зыхэзгъэхьэжам Iейуэ сыхуейуэ и гугъэу арат? Модрейр сщыгъупщэнщ, жысIэри арати... адэкIэ уэ псори бощIэ. ИгъащIэкIэ апхуэдэ Iуэху сыхэмыхьащэрэт, жысIэу, нобэми си щхьэр фIызоудыж.

– Дауэ щыт-тIэ си адэм и Iуэхур, и насыпым щыгуфIыкIыу псэурэ?

– Хьэуэ, ар абы щыIэжкъым, къэкIуэжащ.

– Дауэ къызэрыкIуэжар?

– Илъэсийрэ мазищрэ зэдэпсэуауэ, и щхьэгъусэ тхьэмыщкIэ мыгъуэр машинэм иукIащ. Зы хъыджэбз цIыкIурэ щIалитIрэ иIэт абы. ЗэрызэхэсхамкIэ, егъэлеяуэ псынщIэу къакIуэ машинэ гуэрым и сабийр пэщIэхуэрти, ар кърригъэлри, езыр зэшэзэпIэу иукIащ. Шофёрыр чэфт жаIэ. Iэстофрилэхь, сыту нэщхъеягъуэ куэд къыщыхъурэ мы гъащIэм! А тхьэмыщкIэ цIыкIу мыгъуэми, цIыхубз насып хуейуэ, си щхьэгъусэр сIэщIигъэкIат... ИтIани си гур щIоуз. И фызыр мыпсэужмэ, а унагъуэм сыт щищIэжынт уи адэм... Зэрахыхьам хуэдэу къахэкIыжащ. Псоми я гугъэщ дызэхыхьэжауэ, ауэ ар пэжкъым. ЕкIуэлIапIэншэу къэнати...

– АтIэ, иджы дэнэ здэщыIэр?

– Сабийхэр слъагъунщ, жери кIуащ. Куэдрэ уи гугъу ещI. Сэ абы есщIар зэи къысхуигъэгъунукъым, жи. Нэхъ пщыхьэщхьэ хъуху ущыIамэ, езыри плъагъунт. Iейми, фIыми, – уи адэщ.

– Хьэуэ, мамэ, сэ апхуэдизрэ сыщыс хъунукъым. ИтIанэ дызэрылъагъунщ. Ауэ фызэдэпсэуамэ нэхъыфIт, сыт хуэдэу щымытми, аргуэру гъащIэм фызэришэлIэжащ.



Лусенэ занщIэу къэгуфIащ.

– Пэжуи, си хъыджэбз цIыкIу, уэри а Iуэхум узэреплъыр апхуэдэу? Ар дыдэр куэдым къызжаIэ, ауэ сэ, итIани... Iеищэу си гум къызэреуар хуэзгъэгъуфыркъым.

– Езым сыт жиIэр?

– Езыр къызолъэIу: «Уэри сэри дыщыуащ, ауэ иджы къытхуэнэжа тIэкIум, хамэм хуэдэу дызэхущымыту, тыншу дызэдэгъэпсэу», – жи.

– Тэмэму жеIэ, фызэдэпсэу, мамэ.

– Ар жесIэжмэ, сыт хуэдэу и гуапэ хъуну!

Пхъэщхьэмыщхьэ гуэрхэр иIыгъыу щIалэ цIыкIур къыщIохьэж.

– НакIуэ, Ислъам, дыкIуэжынщ, – жи Мадинэ.

– Дапщэщ ущежьэжыр, си хъыджэбз цIыкIу, хьэмэрэ умыкIуэжыххэнурэ? КхъыIэ, умыкIуэжу уи унагъуэм яхэсыж. Илъэс дапщэ хъуауэ укъэт?..

– Сэри ар си гум илъщ, мамэ. ЩIалэ цIыкIухэр къысщыуужмэ, жызоIэри согузавэ.

– Алыхь, нэхъыфIыр уи унагъуэм уахэсыжыныр аратэмэ. Догуэт, модэ пхъэщхьэмыщхьэ къыпыча щыIэщ.

Лусенэ пакет къеха мыIэрысэрэ кхъужьрэ изуи, Ислъам кърет.

– Семыжьэж щIыкIэ, тхьэм жиIэмэ, иджыри сыкъэкIуэнщ, – жеIэри, Мадинэ и анэм сэлам ирехыж.

Таксим ису къыздэкIуэжым, Мадинэ гупсысэ Iэджэм зэщIаубыдат. Абы и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжырт, и анэм и хъыбари и Iуэху зытети имыщIэу иджыри къэс зэрыпсэуам щхьэкIэ. Ар зэгупсысыр къищIа хуэдэ, Ислъам щIоупщIэ:

– Мамэ, иджыри къэс нанэ деж щхьэ дыкъыумыгъэкIуарэ! Щхьэ зэи и гугъу къысхуумыщIарэ? Хуабжьу цIыхуфIщ ар. Плъагъуркъэ къызэрытщыгуфIыкIар.

– Ар хъыбар кIыхьщ, си щIалэ цIыкIу, иужькIэ бжесIэжынщ.

Мадинэрэ Ислъамрэ щыщIыхьэжам, Тимур, телевизор еплъу, диваным ист, и лъакъуэр шэнтым тегъэлъэдауэ.

– Уэлэхьи, зэ фыкъекIуэлIэжамэ, ари хъарзынэмэ. Щхьэгъусэу мыбдеж сыщыщIэскIэ, уздэкIуэр сщIэн хуейщ сэ.

– Апхуэдэ куэд пщIэн хуейт уэ, – жиIэурэ Мадинэ етIуанэ къатым дэкIуеижащ. Ислъами абы кIэлъыкIуащ.

Мадинэ зигъэукIурия щхьэкIэ, и щхьэр къезауэти, щигъэлътэкъым. Щымыхъум, ар Ислъам еджащ:

– КIуэт, си псэ, псы тIэкIу къысхуэхьыт, хущхъуэ семыфэу хъунукъым, си щхьэр мэкъутэ, – жиIэри. Куэд дэмыкIыуи, ар жейм хилъэфащ.

– Куэд щIауэ апхуэдэу IэфIу сыжеяуэ сщIэжыркъым. Ар сыту хьэлэмэт, – жиIэурэ, Мадинэ къызэфIэтIысхьэжащ, сыхьэт нэхъ дэмыкIыу. Ислъам щэху дыдэу компьютерым бгъэдэсти, бгъэдыхьэри жриIащ:

– Ислъам, а сыздэщыIэм афIэкIа сымыгъэзэжыну мурад сщIащи, уэ дауэ уеплърэ?

ЩIалэ цIыкIум и гуапэ хъуащ лIышхуэм хуэдэу и анэр къызэрепсалъэр.

– Пэжуи, мамэ? Уэи, абы нэхъыфI къыумыгупсысын. Сэ бжесIакъэ: иджы псори диIэщ, ущIэкIуэжын щыIэкъым. Папэ кIуэнщ, хуеймэ.

– Зэанэзэкъуэм яжесIэнщи, зэрызащIым деплъынкъэ.

Мадинэ къыщехам, и щхьэгъусэри, и гуащэри телевизор еплъу щысхэт.

– А нысащIэ, дапщэщ укъэкIуэжа? Пхъэщхьэмыщхьэ хъушэри уи анэм къыуигъэхьауэ къыщIэкIынщ. Дауэ щыт уздэщыIар? Iэджэ щIауэ плъэгъуатэкъым...

– Сыт-тIэ абы щхьэкIэ?.. Апхуэдэ анэ щIэплъагъуни щыIэкъым. Тэмэму ищIат апхуэдиз зэманкIэ зэрыкIэлъымыкIуар, ауэ къысхуэмыщIэр иджы къыщIыдилъэфыжаращ, – къыпищащ анэм и псалъэхэм Тимур.

– Абы щхьэкIэ уэ умыгузавэ. Ар зи Iуэхур дэращи, дэ зэхэтхыжынщ. Сэ иджыпсту зи гугъу сщIынур нэгъуэщIщ – афIэкIа сежьэнукъым, ахъшэ къэзлэжьу, губгъуэм сызэритар ирикъунщ.

Псы къэкъуалъэ жьэхакIа фIэкIа умыщIэну, Тимур къызэщIэплъауэ къыщылъэтащ: «Сыт а жыпIэр? Еплъыт, ди анэ, мыбы. «АфIэкIа сежьэнукъым, губгъуэм сызэритар куэдщ», жи. Сыт хуэдэ губгъуэ, дахэ цIыкIуу сиIэ, узэрытар. Мы дунейм и къалэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэм зигъэпIийуэ дэтщи, иджы ар губгъуэу къыщIригъэдзыжащ».

– НтIэ, папэ, апхуэдизу удэзыхьэх къалэм уэ щхьэ умыкIуэрэ? Абы сыт щыгъуи ухуакIуэхэр яхурикъуркъым, – жеIэ Ислъам.

– Щхьэр куэдрэ умыгъэуз, слIожь, уи анэр ухуакIуэу лажьэу ара?

– БлэкIхэм фызэхах, къэхъуауэ фыщIызэрыгъэкIийр сыт? – жиIэурэ Заур къыщIыхьэжащ.

– Уэлэхьи, уи анэм хьэлэмэт гуэрхэр зэхыдегъэхмэ. АфIэкIа фипIыну хуэмейуэ, аращ жиIэр.

– НтIэ, хьэлэмэт ар, дяпэкIэ уэ дупIынщи зэфIэкIакъэ? Унагъуэр зыхуей хуэзыгъазэр лIыращ. ФызэрыгъэкIий нэхърэ нэхъыфIщ ныщхьэбэ дыздэкIуэн хуей хьэгъуэлIыгъуэм зыхуэвгъэхьэзыри, – жиIэурэ, Заур етIуанэ къатым дэкIуеижащ.

Зэанэзэкъуэм зыри жамыIэу зэплъыжащ, сыт щыгъуи къакъуэтыну жызыIэу щыта Заур апхуэдэу къахущIэкIыну ягугъагъэнтэкъым.

– СлIожь, дэ мыбдежым ди Iэр зэтедзауэ дыщыс уи гугъэрэ? – къыщиудащ Тимур. – Хьэмэрэ, мы унэр хьэзыру уафэм къехуэха? СемытIысэхыу, абы и ужь ситщ... Насып сиIэти, машинэжь тIэкIури, ерагъыу къыдэзгъэахуэри, къэсщэхуат. Ди анэ тхьэмыщкIэм и махуитI зэхуэмыдэми, сыткIэ садэIэпыкъун, жери, гугъу зыкъыддрегъэхьри къытхэсщ, жэщ хъуху хьэкум щыкIэрытыр нэхъыбэу.

– Куэдщ, щIалэ, а къомым нысащIэр сыткIэ хуей? УздэщыIэм уазэрыхэзэгъар, нысащIэ, уи теплъэми уи зыхуэпэкIэми къагъэлъагъуэ. А сатур апхуэдэу къызэрохъулIэр хъарзынэкъэ-тIэ? Зыгуэр къоузми, гъэщIэгъуэнкъым, шейтIанрэ пэт мэсымаджэ. Ауэ уэри егупсыс: щIалэ цIыкIухэм нобэ хуэдэу школыр къаухынущ. АдэкIэ щIэгъэтIысхьэн хуейкъэ? Алыхь, ахъшэ иумытауэ, Iэзэ дыдэу уеджэми, зыщIыпIи укъамыщтэну. Уеджэпауи сощIри, лэжьапIэ бгъэувын папщIэ сыт хуэдиз ептын хуейр? АдэкIи, къашэн хуейкъэ, иджы хьэгъуэлIыгъуэм текIуадэр уэри уощIэ.

– ЗэрыжыфIэмкIэ, мамэ къэмыкIуэжу игъащIэкIэ абы щыIэн хуейуэ аращ, – жиIащ Ислъам.

– Щыгъэт, апхуэдэурэ укъыдэмыпсалъэ! – хуилъащ абы нанэр. – Нэхъыжь-нэхъыщIэ имыщIэу, къохъу мыр.

– Сэ сщIэр дэни щыпсыхэкIуадэщ, – нэщхъей къэхъуащ щIалэ цIыкIур.

– Дызэрызэныкъуэкъуар куэдщ, ныщхьэбэ хьэгъуэлIыгъуэм драгъэблэгъащи, дымыкIуэу хъунукъым. Тхьэ, тхьынури сымыщIэ. Алыхь, махуэ къэс зыщIыпIэ дыкIуэн хуей мэхъум, – жиIэурэ, гуащэр и нысэм еплъа щхьэкIэ, ар абы зэхихами зэхимыхами къыхуэщIакъым.

Мадинэ и пэшым дэкIуеижри, хущхъуэхэм ефащ.

– Мамэ, уэ щхьэ зыри жумыIарэ? – къеупщIащ и ужь иту кIэлъыдэкIуея Ислъам.

– Сызэхахынутэкъым, си щIалэ цIыкIу. ИтIанэ, сэ апхуэдэу сыкIийсыгуоуэ сыпсэлъэфыркъым.

– Абыхэм сыт жаIэми, кхъыIэ, мамэ, умыкIуэж. Сэ сытым хуэдэу сыхуейт, зыщIыпIи умыкIуэу унэм ущIэсыну, утхуэпщафIэурэ дыбгъашхэу.

– Деплъынкъэ, Ислъам, зэрыхъунур сщIэркъым.

Мадинэ къыгурыIуат къыхуейуэ мы унэ абрагъуэм Ислъам цIыкIу фIэкIа зэрыщIэмысыр. Нобэ къахэтIысхьэжми, сыт хуэдэ гъащIэ абы къыпэплъэр?! Зэанэзэкъуэм унафэ зэращIамкIэ, и къарум къихьми, къимыхьми, щIалэ цIыкIухэм я мызакъуэу, ар езыхэми ятелэжьэн хуейт. Арыншами мыщIагъуэ и узыншагъэр нэхъри зэIыхьэрэ лъэмыкIыж хъумэ, итIанэщ зыри къыщыхуэмеижыххэнур. Ислъам иджыри сабийщ, абы зыри лъэкIынукъым. Ар дауэ? Апхуэдиз илъэсым къилэжьар зытригъэкIуэда унэм хамэ щыхъуащ. ИщIэнур сыт?

Iурих-къэушыжурэ зыкъомрэ хэлъауэ, Мадинэ къэтэджащ. Ислъам щIэсыжтэкъым, унэри щэхут. Мадинэ къехри, пщэфIапIэмкIэ игъэзащ.

Псы щIыIэ крушкIэшхуэ кърigъахъуэри, щхьэгъубжэм Iуувауэ, ар дихьэхауэ еплъырт удз гъэгъахэм пщIантIэр дахэ зэращIам. Абыхэм къахэлыдыкIырт машинэ лъапIэри. А псом здеплъым, Мадинэ и гупсысэ гуэрхэм хыхьэжащ: «КъызэрыщIэкIымкIэ, апхуэдиз къару зытезгъэкIуэда, си узыншагъэр зыхьа унэм сыщыпсэуну хуитыныгъэ сиIэкъым. Я гугъэу къыщIэкIынщ унэм хэслъхьа ахъшэр тын-

шу къэзлэжьауэ. Къуажэ пхыдзахэм зыгуэр тщэну дыщыкIуэкIэ, сумкэ хьэлъэр къэсIэтыну си къарур пэлъэщыртэкъыми, слъэфын хуей хъурт. АпхуэдизкIэ сыпIыщIэрти, щIыIэм симысыпэну си гугъэтэкъым. Хьэпшыпыр зэдгъэлъагъухэм шей пщтыр стэкан дезыгъэфэн къахэкIмэ, насыпышхуэу къытщыхъурт. Бэзэрым сыщытетми, щIыIэм сытриукIыхьащ. Апхуэдиз гугъуехь пылъу къэзлэжь сомымкIэ си щхьэм зыгуэр къыхуэсщэхуну сыщысхьырт. ПхъэнкIакIуэу сыщылажьэми, зыр зэфIэзгъэкIмэ, адрейм сыжэн хуей хъурт. Компьютер иджы сызыбгъэдэсми си щхьэр егъэуз, си нэхэр хъарпшэр ещI, ауэ, итIани, ар насыпышхуэу къызэуэлIауэ къызолъытэ...

Зэи дыхьэшхыу сымылъэгъуа си щхьэгъусэр а цIыхубзым хуабжьу щогуфIыкI. Шэч хэмылъу, ар мыбы щыхамэкъым. АтIэ, сэ къысхуэнэжыр сыт? Къысхуэнэжыр сщIэуэ щытамэ, нэгъуэщI щыIэт!

Мы си щхьэри нобэ мэкъутапэ, зы хущхъуи сэбэп хуэмыхъуу. СыщIэкIынщи, жьы къабзэм тIэкIурэ сыхэтынщ».

Мадинэ унэшхуэм пэмыжыжьэу щыт къуэдзапIэм щыблэкIым, и бжэр Iуихри щIэплъащ, мыбыи щIэлъыр сыту пIэрэ, жыхуиIэу. Бензин зракIэ канистр зытIущ щIэтти, я щхьэр трихыурэ епэмащ. «Апхуэдиз бензинкIэ ищIэнур сыту пIэрэ мыбы?» – жиIэурэ, зыр къыщIихри, итыр иухыху машинэм трикIащ, етIуанэр унэ щIыбагъым кърикIэкIащ, къэнэжари къыщIихри дэкIуеипIэм телъ алэрыбгъуми трикIащ, бжэхэми кърикIыхащ.

ПщIантIэкум ит хьэм бензинымэр игу ирихьу къыщIэкIынтэкъыми, тIэкIу гурымри щигъэтыжауэ, Мадинэ ищIэм еплъырт.

Мадинэ щIыхьэжри мафIэдз къыщIихащ. ЯпэщIыкIэ машинэр къэлыдащ, итIанэ бензин зытрикIауэ хъуам мафIэ бзийм зыкъыщаIэтри, зэрыунэу мафIэ лыгъэм зэщIищтащ. Ар зэрилъагъуу, хьэр шынэри, гъуэгыу и гъуэм итIысхьэжащ.

Апхуэдиз илъэскIэ и гуащIэ зыхилъхьа унэр сахуэ зэрыхъужым еплъу щыт Мадинэ зыкъригъэщIэжащ тхьэкIумэIупсыр иричу кIийуэ къыIулъэда «мафIэсгъэункIыфI» машинэм. Абы и ужь иту къэсащ мылицэри.

МафIэсгъэункIыфIхэм ящыщ зы Мадинэ къыбгъэдэлъадэри къеупщIащ:

– Мы унэм щIэсIауэ пIэрэ?

– ЩIэскъым зыри, – жиIащ абы, пщIыхьэпIэм хэтым хуэдэу.

– А слъагъум къыбжиIэфын щыIэкъым, фыщIыхьи фыплъэ, – унафэ ищIащ я нэхъыжьым.

Мадинэ къыбгъэдыхьащ мылицэхэм ящыщ гуэр:

– Мыбы ущыпсэурэ?

– Сыщыпсэуащ.

– АтIэ, мы мафIэсыр дауэ къэхъуауэ пIэрэ? Зыгуэр хэпщIыкIрэ?

– ХызощIыкI. Сэращ зыгъэсар.

Мылицэр абы ней-нейуэ къеплъащ, зэхихыр и фIэщ мыхъуу:

– УгушыIэрэ хьэмэрэ?..

– СыгушыIэркъым.

– Абы щыгъуэм накIуэ, кабинетым дыщызэпсэлъэнщ, – жери, Мадинэ машинэм иригъэтIысхьащ.

Следователь щIалэм Мадинэ кабинетым щIишэри игъэтIысащ.

– ЖыIэт-тIэ иджы, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ щIэблэжьам и щхьэусыгъуэр.

– А псор бжесIэфынукъым иджыпсту. СыткIи ухуей? СщIар тхыи, судым унафэ ищIынщ.

– Апхуэдэу тынш цIыкIуу мы Iуэхур зэфIэкIын уи гугъэмэ, ущоуэ, – жиIэурэ, следователым телефон къеуэр къещтэ. ЗытIэкIурэ едэIуа нэужь, трубкэр егъэтIылъыж:

– Плъагъурэ, унэм зыри щIэмысу жыпIэри, пцIы бупсати, щIэсу къыщIэкIащ. Уи лIымрэ уи щIалэ цIыкIумрэ. Уи лIым апхуэдэу лажьэшхуэ екIакъым, ауэ щIалэ цIыкIур хьэлъэу сымаджэщым яшащ.

И пIэм ижыхьауэ, Мадинэ тэлайкIэ щысри, ерагъыу къыдришеящ:

– Ар пэжкъым, абы зыри щIэсын хуеякъым, псори хьэгъуэлIыгъуэм кIуащ.

– Уэлэхьи, пэжмэ-тIэ, абы пцIы хэлъкъым.

– КхъыIэ, сыши сыгъэлъагъу си щIалэ цIыкIур, зыщIыпIи сыкIуэнкъым. Си щIалэ цIыкIум зэ закъуэ нэхъ мыхъуми сыIугъаплъэ, – лъэгуажьэмыщхьэу тIысауэ, гъуэгыурэ мэлъаIуэ Мадинэ.

– Уэлэхьи, мыхъуну, сыхуимыт... Мыр сыт, зиунагъуэрэ, къэтэдж, – жиIэурэ цIыхубзым и блыпкъыр иубыдауэ къегъэтэджыж.

Апхуэдизу зи гур хэщI анэр фIэгуэныхь хъуат следователми, и нэхъыщхьэм хуит зыкъригъэщIу, ар сымаджэщым ишэну мурад ищIат. АрщхьэкIэ, абыи нэмысу, Мадинэ къыщылъэтри, блынджабэм щхьэкIэ еуэу хуежьащ.



Следователым къыIуилъэфыжми, зыкъыIэщIитхъыжырт.

– Си гугъу къыумыщI, сэ сыпсэуну сыхуеижкъым, – гъуэгырт Мадинэ.

– Къэхъуар сыт? – Iэуэлъауэр зэхэзыха мылицэ зытIущ къыщIэлъэдащ, я нэхъыщхьэр япэ иту.

– Зыри къэхъуакъым, псори тэмэмщ.

– Щхьэр щIэбгъэузыр сыт? Тэмэм щыплъагъур дэнэ деж? Мыбы и щхьэр зэгуиудыжын мурад иIэмэ, нэгъуэщI щIыпIэ ирекIуэ. ЩIэпхъаджащIэхэм Iэджэуи зыкъыуагъэлъагъуфынущ, ар уэ пщIэну и чэзу хъуауэ си гугъэщ, – жиIэри, я нэхъыщхьэр щIэкIыжащ. А дакъикъэм халат хужь зыщыгъ щIалэшхуитI къыщIэлъадэри, Мадинэ и блыпкъыр яIыгъыу щIашащ.

Хъыбар ирагъэащIэу анэшхуэмрэ Зауррэ къыщыкIуэжам, цIыхухэр къызэхуэсауэ, мафIэсым еплъырт. Я унэм къыщыщIар нанэм щилъагъум, джэлэнкIэ шынэри, щIалэ цIыкIум и Iэблэр быдэу иубыдащ. ЗызэтриIыгъэну хэтми, къыщиудри ину къэгъащ.

– Мыр дауэ? Мыр дауэ къэхъуа? СощIэ мыгъуэ апхуэдэ Iуэху зылэжьыфынур хэтми. Си нысэращ. Ныкъуэделэу си гугъа щхьэкIэ, делэ дыдэу къыщIэкIащ мыр. Сэ абы куэд щIауэ сыщыгъуазэт... Еплъыт, Заур, мы уи анэм къыдищIам, дыщыпсэуни, щыттIэгъэни димыIэжу дыкъигъэнащ.

– Уи къуэри щIалэ цIыкIури сымаджэщым яшащ, – къыжреIэ гъунэгъу фызхэм ящыщ гуэрым.

– Алыхь, дыгужьеящи, абы дыщIэупщIэн хуейуи дымыщIэж.

Заур щытт, сыхьэт зытIущ япэкIэ унэ дэгъуэу щытам щыщу къэнэжа тIэкIур иджыри мафIэм зэрисым еплъу.

– Сыт, нанэ, иджы тщIэнур? ДызыщIэсын диIэжкъым.

– Сэ сщIэрэ тщIэнур, абыкIэ кIуэи уи анэ делэм еупщI.
– Дэнэ ар здэщыIэр?
– ЗдэщыIэр пщIэркъэ? Делэщым.
– ФызэфIэмынауэ щытамэ, зыри къэхъунутэкъым.
– ЗэфIэнэ псоми я лъапсэр ягъэсыжу щытамэ, унэ дапщэу пIэрэт мы дунейм къытенэжынур?!

Зы тхьэмахуэ хуэдэ дэкIауэ, следователыр кIуащ Мадинэ зыщIэлъ сымаджэщым.

– Къызэрыгъуэлърэ зыри ишхакъым, мастэкIэ тIыгъыу аращ. Мы зэрыплъагъум хуэдэу, и щIыбыр къэгъэзауэ хэлъщ. И щхьэм игъуэта дыркъуэхэр мыхъумэ, нэгъуэщI лажьэ иIэкъым. И акъылри тэмэмщ. Фызэпсалъэ, – жиIэри щIалэр палатэм щIэзыша дохутырыр щIэкIыжащ.

– Дауэ ущыт, Мадинэ, сэ хъыбарыфI къыпхуэсхьащ, – жиIащ следователым. Ар щызэхихым, Мадинэ зыкъигъазэри щIэупщIащ:
– Си щIалэ цIыкIур дауэ щыт, зыгуэр къэпщIа?
– НэхъыфI мэхъуж, дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, шынагъуэ щыIэкъым.

Мадинэ и нэпс пIащэ пщтырхэр Iуву и напэм къытелъадэри, зэрыгъыр зыхримыгъэхыну, и IэмкIэ и жьэр иубыдыжащ:
– Iейуэ иса?
– Хьэуэ, зэран нэхъ хуэхъуар Iугъуэращ. Ауэ уи щхьэгъусэм и Iэблэхэри и лъакъуэхэри исащ. Сэ псори къызгурыIуащ... Быным щхьэкIэ нэхъуеиншэу узэрыщытри солъагъу. Ауэ уи унафэр зыщIынур судыращ.

Следователыр тIэкIурэ щыму щысри, адэкIи къыпищащ:
– Уэрэ си анэмрэ фызэзгъапщэри, зыкIи фызэрызэмыщхьыр згъэщIэгъуащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, махуэ бжыгъэ фIэкIа сымыхъуауэ, ди анэм сабий унэм и дыхьэпIэм деж сикъыщинэри, ежьэжащ. Шэч хэмылъу, Iейуэ сыгъауэ къыщIэкIынщ. Нобэми адэ-анэр зыхуэдэм зыри хэзмыщIыкIыу сопсэу. Къысхуэгъуэтыжамэ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ сыхыфIидзами, сеупщIынтэкъым. Апхуэдэу фIэкIа и Iуэхур хуэхъутэкъым, жысIэнти сежьэжынт. Сызыхуейр, «си щIалэ цIыкIу», жиIэу, си щхьэфэм зэ Iэ къыдилъэну арат. Сабий нэхъ цIыкIу дыдэхэри щIохъуэпс анэ яIэну. Ауэ ар сэ къысхуиухауэ къыщIэкIынтэкъым.
– Зэрыплъагъущи, сэри анэ бэлыхьу сыкъыщIэкIакъым.

ЩIалэр сыхьэтым еплъри:
– Псэлъэрей сыхъури, зэманыр зэрыкIуам гу лъыстакъым. Дохутырым зэрыжиIамкIэ, мыбы ущIыщIэлъыжын щыIэкъым, СИЗО-м уашэну къыщIэкIынщ мыгувэу, – жиIэри, щIэкIыжащ...
– Куэдрэ сыжея, хьэмэрэ сымыжеиххарэ? – еупщIащ Мадинэ къыбгъэдэс Мэлэчыпхъум.
– Уэ езым пщIэжыркъэ? – щэху дыдэу адрейри къеупщIыжащ.
– СщIэжыркъым. Шыгъушыпсу зэхэлъ мы си гъащIэр си щхьэм щокIэрахъуэ. Си блэкIам есщIэнур сщIэркъым.
– Абы и хущхъуэ щыIэу сыщыгъуазэкъым. Уемыгупсыси аращ.
– СлъэкIыу щытами!
– Мадинэ, уи анэр къэкIуащи, фызэбгъэдэс хъунущ, хуит уа-

щIащ, – жиIэурэ мылицэ фащэр щыкъузауэ зыщыгъ цIыхубз фIыцIэ лъахъшэр къыщIыхьащ. – Зыгъэхьэзыр, зы сыхьэт дэкIмэ, сыкъыщIыхьэнщ.

– Сыту уи насып!.. Уи анэм зы сыхьэт закъуэ нэхъ мыхъуми убгъэдэсыныр Iэджэ и уасэщ, – къехъуэпсащ абы зи пIэр пэмыжыжьэу щыт цIыхубз лъахъшэ цIыкIур. – Ауэ ар къыщыдгурыIуэжыр ди Iуэхур щызэIыхьам дежщ. «УмыщIэ» жыхуаIэр тщIэуэ, къыджаIэри зэхэдмыхыу дожажьэри, зыкъыщытщIэжыр кIасэ хъуа нэужьщ. Мис абы щыгъуэ дигу къокIыж ди анэхэри, абыхэм я жыIэм дедэIуэн зэрыхуеяри.

Лусенэ зыщIэс пэшым Мадинэ къыщыщIашам, ар къэщтауэ и пхъум еплъащ.

– Е си хъыджэбз цIыкIу, сыту гъурыщэ мыгъуэ ухъуа! Усымаджэ, хьэмэрэ къыватыр пхуэмышхыу ара? – жиIэурэ и пхъум IэплIэ хуищIащ.

– КъакIуэт, къакIуэт мыдэ, къэтIыси шхэт. НэхъыфIу плъагъухэр пхуэспщэфIащ. Уи адэри къэкIуэнут, ауэ игу къыдэжтэкъыми, къыздесшэжьэн дзыхь сщIакъым. Ислъам цIыкIури хьарзынэу йоджэ. Сытым хуэдэу сэбэп къытхуэхъу уи гугъэрэ ар? ШкIэ цIыкIу къэфщэхуамэ, сэ сыкIэлъыплъынт, щыжиIэм, къэтщэхуащ, икIи жэм хьарзынэ хъуащ. Езыри къыздэсшэнут, ауэ къэкIуэн идэркъым. «КхъыIэ, нанэ, сыхыумыгъэзыхь, а тутнакъэщ щыгъыныр си анэм щыгъыу сеплъыфынукъым. Илъэсищ дэкIмэ, мамэ къаутIыпщыжыфынущ, ауэ ахъшэ иумытауэ кърагъэкIыжынукъым», – жери, зыщIыпIэхэм щолажьэ.

– Дауэ, мамэ, зэрылажьэр, ар иджыри илъэс пщыкIуз ирикъуакъым.

– ЖесIакIэ, жесIащ, ауэ къызэдаIуэрэ? Мамэ зэи тутнакъэщым къикIыжыну фыхуэмейуэ ара? – жеIэри дигъэпсалъэркъым. Iэпыдзлъэпыдз хуэдэурэ зыгуэрхэм ядоIэпыкъу, тхьэкIумэкIыхь къыдигъэщэхуауэ, егъэхъу, игъэбагъуэу ищэну.

– Мамэ, апхуэдизым ар пэлъэщынукъым... Щеджэри дапщэщ ар?

– Алыхь, жэщыбг хъуху бгъэдэсу йоджэмэ.

– Сэр щхьэкIэ а сабийр апхуэдизу гугъу ехьыну сыхуейкъым. Сэ, сыкъыхигъэзыхьу, зыгуэри къызэузыркъым, мамэ. Сызыгъэгузавэр нэгъуэщIщ – сшхари жысIари къысхуэмыщIэжу сыщыхъу щыIэщ. Зи гугъу пхуэсщIа Мэлэчыпхъу абы тогузэвыхьри, куэдрэ умыпсалъэ, жи. Ар сэ сщIэжрэ? Мыбыхэм апхуэдэ лажьэ сызэриIэр къызэращIэу, делэщым срагъэшэн тIэу еплъынукъым. Абы зэи укъамыутIыпщыжыну аращ.

– Алыхь, хэбгъэщIаи щымыIэ. Абы фIэкIа умышхыу, мыпхуэдэ псэукIэм узэрыпэлъэщынур дауэ? – жиIэурэ, Лусенэ и пхъум IэплIэ хуищIыжырт, и нэпсыр къежэбзэхыу.

Зэман зэрызэгъусэн хуейр зэраухар къыжраIэу, Мадинэ щIашыжа нэужьи, Лусенэ тэлайкIэ щытащ и пхъум кIэлъыплъу. «Дахэм насыпыншагъэр и гъусэщ» зэрыжаIэр уи деж щынэрылъагъути, си хъыджэбз цIыкIу, – жиIэрт абы игукIэ. – Мыбы укъакIуэмэ, уи гур мэкъутэ, укъэмыкIуэщи, дапщэщ слъагъуну, жыпIэу, уи гур къопабгъэ».

Мадинэ къыщхьэщыжу, Мэлэчыпхъу тезыр зытрилъхьэхэм ар зэи ямыгъэгъуну арати, къакIэлъыплъ цIыхубзхэм я нэхъ ябгэ дыдэм жраIащ Мадинэ «къыхэхъыжьэ иIэщ, ныкъуэделэщ», жари. Абы къыхэкIыуи, ар кIэщI-кIэщIу къыщIыхьэурэ, Мадинэ къыкIэлъыплъу, къыкIэщIэупщIыхьу хуежьащ.

Махуэ гуэрым, шэджагъуашхэ кIуэну загъэхьэзыру, кIэлъыплъакIуэ цIыхубзыр къыщIыхьащ. Хабзэм тету, псори къэтэджащ. Къэмытэджар Мадинэ и закъуэт, абы и щхьэр быдэу икъузауэ пIэм ист.

– Уэ щхьэ укъэмытэджрэ, хьэмэрэ нэгъуэщI зыгуэру бжесIэн хуейуэ ара? – жиIэурэ, хьэфэ баш иIыгъымкIэ Мадинэ и жьэпкъыпэр къиIэтащ.

– Си щхьэр къыхэлъэдащ, уадэкIэ якъутэу фIэкIа сщIэркъым, – жиIэри, и щхьэр ирихьэхыжащ.

– Тэдж, ныкъуэделэ! Уэ сынышопсалъэм деж укъэтэджын зэрыхуейр умыщIэу ара, хьэмэрэ уделэ дыдэ? – жиIэри хьэфэ баш иIыгъымкIэ еуэну зытришэщIащ.

– Мыр узэуэн хуэдиз хъуркъым, мыбы зэ уеуэмэ, къэтэджыжынукъым. Ар пIэщIэукIэмэ, дэ псори щыхьэту дыкъэувынущ, – жиIэри, Мэлэчыпхъу абы пэщIэуващ.

Мадинэ и щхьэр къиIэтри, цIыхубзым къыхудэплъеящ:

– Сытыт уэ си щхьэцышхуэр щIыпыбупщIар, уехъуэпсауэ арат? Ухуитт уэ ар пыбупщIыну? Ухуиттэкъым. Щхьэ апхуэдизу убзаджэ? Мы дунейр зи Iэмыщ Iэ илъыр уэрауэ къыпщыхъужу ара? Пщэдей уэ къыпщыщIынур пщIэркъым.

– Куэдщ, куэдщ, Мадинэ, зыри жумыIэ. Мыбы апхуэдэ хабзэ зэрыщемыкIуэкIыр пщыгъупщэжа? – гузэвауэ лъаIуэрт Мэлэчыпхъу.

– ЖысIэнущ, Ритэ, абы щхьэкIэ умыгузавэ уэ. Дызыхуейр жытIэну хуитыныгъэ къыдет дэ хабзэм. Дэри абы дыхуэдэ цIыхубзщ, мыбы дыкъихуэнуи зыми ди гугъакъым. Нобэ ар дэ къыткIэлъыплъмэ, хэт ищIэрэ, пщэдей дэ езым дыкIэлъыплъу къыщIидзыжынкIэ хъунщ.

Мадинэ жиIэнур иухщ, тIэкIурэ щыму щысыжри, къызэфIэуващ.

– СщхьэщыкIа хуэдэщ, си щхьэр увыIащ. Ар къыщысщыхьам деж апхуэдизкIэ къызоузри, хьэпIацIэ куэд къажыхьу ису къысщохъу. Ауэ, тхьэм и фIыщIэкIэ, сщхьэщокIри, си щхьэри нэхъыфI мэхъуж... Къэхъуар сыт, апхуэдизу щхьэ фыхэплъэрэ? – щыжиIэм, псори зэплъыжащ.

Мэлэчыпхъуи къыгурыIуащ Мадинэ и Iуэху зытетыр иджыри къэс ибзыщIыфами, дяпэкIэ ар зэрылъэмыкIыжынур. Ауэ мурад быдэ ищIащ абы теухуауэ бзэгу зыхьахэм яхуимыгъэгъуну. Абы и гупсысэхэр Мадинэ зэпиудащ:

– Сэр щхьэкIэ умыгузавэ, Ритэ, тхьэм зэриухам хуэдэу хъунщ... Зыгуэр жысIа хьэмэрэ жызмыIа? КъысхуэщIэжыркъым... ЖысIэпауэ щытми, зэрыжаIэщи, зэи умыджэлэныр лIыгъэкъым, лIыгъэр – уджэлэху укъэтэджыжыфынырщ. Дэри Тхьэшхуэм дыкъигъэтэджыжыфынщ!

– Тхьэм жиIэ! – даIыгъащ абы и псалъэхэр цIыхубзхэм.

Иджы Мадинэ къыпэплъэр псоми ящIэрти, я гур щIэузырт. Абы щхьэкIэ бзэгу зыхьахэри щIегъуэжауэ къелъэIурт:

– Къытхуэгъэгъу, Мадинэ, тхьэм щхьэкIэ къытхуэгъэгъу. Уи деж гуэныхьышхуэ къыщытхьащ.

– Иджы къывгурыIуэжа зэхэфщIыхьар, хьэбыршыбырхэ! Мазэ бжыгъэ дэкIмэ, хуит хъужынкIэ гугъэрт Мадини, а гугъэми хэвгъэкIыжащ. Ар здашэм къикIыж щыIэкъым, – жиIэри, Мэлэчыпхъу и мыхабзэу къэгъащ.

– Ритэ, кхъыIэ, апхуэдизу уи гур хыумыгъэщI. Абы щыIэхэри цIыхущ.

ЦIыхубзхэр, щэху хъуауэ, адэкIэ къэхъунум пэплъэрт. ХъумакIуэри къахэплъэу щытт, зызэтриIыгъэу. ИтIанэ зэуэ къыщиудащ:

– Нобэ къэхъуам фызэрыхущIегъуэжыр фэзгъэлъагъунщ сэ... Иджыри къэс флъэгъуар жэнэт къыфщызгъэхъужынщ.

Ар жиIэри, цIыхубзыр губжьауэ щIэкIыжащ.

ИтIанэщ псоми я бзэр къыщиутIыпщыжар:

– Сыт, Мадинэ, апхуэдиз щIыжыпIар, иджы уи зэран дэри къыдэкIынущ.

– А жыпIахэр псори пэжщ, ауэ хэт абы хуейр? Мыбы зыри щыжыпIэ хъунукъым. Къыпхузэгуэпмэ, мыбыхэм къыуащIэфыну жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ.

– Мыбы къыщыпхуащIыр уи унафэу аращ. Мыр тутнакъэщщ. Тутнакъэщым фIы щыIэкъым.

– Сыти жыфIи, Мадинэ лIыгъэ иIэу къыщIэкIащ! Абы апхуэдиз жезыIэфа зэи къэхъуакъым. Ауэ, езыми зэрыжиIащи, ар абы тIуащIэщащIэу дигъэпшыныжынущ.

ЦIыхубзхэм я псалъэмакъыр зэщIэплъэу щIидза къудейт халат хужь зыщыгъ щIалэшхуитI къыщыщIыхьам. Абыхэм Мадинэ и Iэблэ зырызыр яубыдри, щIашыну ирашэжьащ.

– Ритэ, сэ си Iуэху зэрыхъунур сщIэркъым, – къызэпсэлъэкIащ ар бжэм нэсыпауэ, – ауэ сыт хуэдэу мыхъуми, хуит узэрыхъужу сыкъэгъуэт, сэри укъэзгъуэтынщ.

Мадинэ цIыхубзищ зыщIэлъ палатэм щIагъэгъуэлъхьащ.

– Мыхэр зауэркъым, кIий-гуоуи щыткъым. ФызэгурыIуэну си гугъэщ, – жиIэри дохутырыр щIэкIыжащ.

Мадинэ палатэр къиплъыхьащ.

Зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхубзым тIорысэ дыдэ хъуа Iэлъэщ! зэпрыдз гуэр иIыгъщи, абы Iуданэу хэлъыр зырызыххэу къыхелъэфри щысщ. ЕтIуанэр гъуэлъыпIэм и зэхуэдитIым нэс къудейуэ аращ, апхуэдизу цIыкIущи. Ар ину мэпырхъ, и ныбэшхуэм и Iэр трилъхьэжауэ. Ещанэр нэхъ щIалэщ. ЗыгъэпсэхупIэ нэхъ лъапIэ дыдэм щыIэ фIэкIа умыщIэну, IэфI дыдэу мэжей.

Палатэм щIэт мэ гурымыхьыр хуэмышэчу, Мадинэ форточкэр щыIуихым, и щхьэр къимыIэту щыс цIыхубзым пхъашэу къыжриIащ: «Iупх хъунукъым, щIыIэ тхыхьэнущ».

Пщэдджыжьым жьыуэ палатэм къыщIыхьащ хущхъуэхэр зыгуэш медсестрар.

– Сэ дохутыр нэхъыщхьэм сепсэлъэну сыхуейт, – зыхуегъазэ абы Мадинэ.

– Езыр къоджэмэ, уепсэлъэнщ. Мэ, мыбы ефэ.

– Сэ иджыпсту зыри къызэузыркъым.

– Ар зыкIи хьэлэмэткъым. Зыри къозымыгъэузын хущхъуэ дыгъуэпшыхь уедгъэфащи аращ. Мыри апхуэдэщи, Iэмал имыIэу зэпхьэлIэн хуейщ, – жиIэурэ, таблеткэ гъуабжэ цIыкIум залымыгъэкIэ ирегъафэ.

– Сэ лажьэ сиIэкъым.

– Апхуэдэурэ дяпэкIэ зыпхъунщIэнумэ, зэуэ тху уезгъэфэнущ.

Медсестрар цIыхубз лъахъшэ цIыкIум бгъэдохьэри, щIокIие:

– Ей, къэтэдж! Уэри жеин фIэкIа Iуэху уиIэкъым!

Ар къоушри, ину дыхьэшхыурэ, таблеткэ зыщыплI зэуэ жьэдедзэ. ИтIанэ, зихъунщIэурэ, масти хаIу.

– Уэри мы IэлъэщIыжьым къебгъэIуэтэнур сыту пIэрэ? – жеIэри, IэлъэщIым епэщэщри къызэфIегъэувэ.

ЦIыхубз нэхъ щIалэр медсестрам къигъэушакъым, икIи зыри иригъэфакъым.

Мадинэ и жеин къэкIуати, зигъэукIуриящ. И нэр зэтепIами, абы къищIащ зыгуэр къызэрыщхьэщытыр. Ар цIыхубз нэхъ щIалэрат.

– Сыт узыхуейр? – гужьеяуэ къызэфIэтIысхьащ Мадинэ.

– Умышынэ, сэ уи Iей лъэпкъ зесхуэркъым, – жи абы. – Уэ делэ лажьэ уиIэкъым. Сэ ар къызгурыIуащ, сызэрыпIуплъэу. Си гуапэщ сызэрыпхуэзар.

– Ар уэ дэнэ щыпщIэрэ? Псоми сыделэу жаIэ...

– Слъагъуркъэ? Апхуэдэ нэгу дахэр делэу щытынкIэ Iэмал иIэкъым. Уэри сэ усхуэдэу аращ.

– ФыкъакIуи, фышхэ, – жиIэу пщафIэм бжэр къыщыIуихым, я акъыл хуэныкъуэми, адрей цIыхубзитIым ар къагурыIуэри, дыхьэшхыурэ щIэкIащ зэгъусэу.

– Сэри сощIэж сызэрымыделэр, ауэ щхьэуз Iей сиIэщи, ар къыщыхыхьам деж сызэрыхъур сщIэркъым. Нэхъыщхьэм сепсэлъэну сыщIыхуейри арат.

– УепсалъэкIи уемыпсалъэкIи зыри къикIынукъым, мыбы щIэлъхэм псоми а уэ жыпIэращ жаIэр. НэхъыфIыр укъэзыщэхужын уиIэмэ, аращ.

– Дэнэ къисхын?.. Абы, дауи, ахъшэшхуэ хуейуэ къыщIэкIынщ.

– Дауи, хуейщ.

– Уэ мыбы дауэ укъыщыхута? КъызжеIэ жысIэу аракъым, ауэ...

– Сыт щIыбжезмыIэнур. Сэ схуэдэ куэд щIэлъщ мыбы, зыри я мылажьэу. Тутнакъэщым уис нэхърэ нэхъыфIкъэ?

– Уэ сыт пщIар, уагъэтIысын хуэдэу?

– Машинэм цIыхуитI езгъэукIащ. Ди адэр зылъэкI гуэрти, ахъши яритащ, ауэ, итIани, самыгъэтIысу ягу техуакъым. Ахъшэ яритар яфIэмащIэ хъужри, зыри яримытауэ жаIэу къэувыжахэщ. Аращ мыбы сыкъыщIыщIэхуар. Мо цIыхубз зэпымыууэ дыхьэшхым и Iуэхур нэгъуэщIщ. И къуэ наркоманыр хуэмышэчыж, хуэмыхьыж щыхъум, еуэри иукIыжащ. Иджы езы тхьэмыщкIэм къыщыщIам еплъ! Мыдрейми къуитIрэ зыпхъурэ иIати – щыри зэуэ машинам иукIри, и узыфэр абы къыхихащ. Адрей палатэхэм щIэлъхэри апхуэдэщ – я гъащIэр гуауэ защIэу зэхэлъщ. А псом я гугъу думыгъэщIу, дыгъуасэ шхын къысхуахьащи, дышхэнщи нэхъыфIщ. КъыпкIэлъыкIуэн уимыIэми, умыгузавэ, сэ къысхуахьым тIури дрикъунущ. Сэ нэхъыщхьэм сыпхуелъэIунщ, а таблеткэхэм урамыгъэфэну, масти къыпхамыIуну. МащIэ-куэдми, ахъшэ гуэр IэщIэплъхьамэ, нэхъыфIт, ауэ зыри ущимыIэкIэ, си адэм селъэIунщ зыгуэр къыпхуищIэну. Делэ лажьэ имыIэу къагъэгъуэлъауэ зыгуэр ныбжьэгъу къысхуэхъуащ, жысIэмэ, си адэр гуфIэнщ, уэршэрэгъу пхуэхъунщ, жиIэнщи. Зы лажьэ уимыIэми, мыбы зэ уакъыпэщIэхуамэ, ахъшэншэу уаутIыпщынукъым.

«Тобэ ярэби, сыт хуэдиз гуэныхь симыIэми, итIани уи гущIэгъум сыхэбнакъым. Мы цIыхубзым сыту фIыуэ сыхуэбгъэзат», – егупсысырт Мадинэ. И нэкIущхьитIым нэпсыр къежэхыу, махуэ гуэрым ар

щхьэгъубжэм кIэрытт, щхьэгъубжэм адэкIэ къыщыт жыгым тес бзу цIыкIуитIым кърашэ уэрэдым едаIуэу. «Мыбы сызэрыщIэлъэрэ дапщэ хъуа? Мазихым щIигъуащ. А мазихыр лIэщIыгъуэ псоуэ къысщыхъуащ... Си ныбжьэгъу цIыхубзхэми Сэлими сащыгъупщэжа къыщIэкIынщ. ИгъащIэми жаIэ: «Уи Iуэху зэкIэлъымыкIуэмэ, зыри къыпхуеижкъым». Пэжу къыщIэкIынщ ар...»

«Мамэ» жиIэу зыгуэр къеджэу къыщыхъури, Мадинэ зиплъыхьащ. АрщхьэкIэ зыри къилъэгъуакъым. А макъ дыдэр аргуэру и тхьэкIумэм къыщиIуэм, щхьэгъубжэр Iуихащ. ГъущI хъарым и щхьэр зэрыдэмыхуэнур ищIэжырти, и Iэр дигъэжри, и гур къилъэту, зэрылъэкIкIэ джащ:

– Ислъам, си щIалэ цIыкIу, уэра ар? Услъагъуркъым...

– Сэращ, мамэ. Уэрам лъэныкъуэмкIэ дыщытщи, абыкIэ къаплъэ. Утшэжыну дыкъэкIуащ. Женя тутнакъэщым и унафэщIым деж щIыхьащ, уи документхэр къыIихыжынуи, къызэрыщIэкIыжу, укъаутIыпщыжынущ.

Мадинэ и лъакъуэхэр щIэщIащ, и жьэр IитIкIэ иубыдыжри, зэщыджэу гъыуэ етIысэхащ. Хуит зэрыхъужар къыжриIэну медсестрар къыщыщIыхьам, ар иджыри унэ лъэгум ист, къызэрытэджыжын къару хузэмыгъэпэщу.

Мадинэ пщIантIэм къызэрыдэхутэу, абы япэу къыбгъэдэлъэдащ лIыфэ къызытеуа Ислъам цIыкIу. ЗыщамыгъэнщIыжу, я нэпсыр къежэхыу, Мадинэ IэплIэ хуащIырт и анэми, и къуэхэми, и ныбжьэгъу Жени. Иджыри Iэджэрэ ахэр абдеж щытыну къыщIэкIынт, Женя мыхъуамэ. Абы зэуэ зыкъищIэжри, гуфIэгъуэм зэрихьэу жиIащ:



– Мадинэ, дэ сытым хуэдэу щыгъын дахэ къыпхуэтхьа... Ахэр зыщыптIагъэу, рестораным я нэхъыфIым дымыкIуэу хъунукъым. Хуит укъызэрыхъужар дгъэлъэпIэнущ.

– Дэнэ сэ иджыпсту зыщызбгъэхуэпэну уи гугъэр?

– Ар Iуэхукъым, моуэ зэ рестораным дынэгъэс...

Мадинэ щыгъыныщIэ лъапIэхэр зыщитIэгъами, илъэс IэджэкIэ пхъуантэшхуэм дагъэлъа хьэпшып гуэр хуэдэут зыкъызэрыщыхъужыр. Ауэ ар Мадинэ зыми жриIакъым. Iэнэр къытрагъэувэу щыщIадзэм, абы Женя къехъуцэцащ: «А уэ пщIэм депсэлъэнти иджыпсту. Ар сытым хуэдэу гуфIэну! Сэлим къигузэвамрэ зэманрэ ахъшэу къыптригъэкIуэдамрэ пщIарэт... Хуит укъызэрыхъужар аращ зи фIыщIэр». Ар жиIэри, телефоныр Мадинэ IэщIилъхьащ.

– Мадинэ, Мадинэ, дауэ ущыт? – къиIукIащ телефоным цIыхухъу макъ гуакIуэ. Сэлим апхуэдизкIэ къэпIейтеяти, адэкIэ зыри хужыIэртэкъым.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу, сыхъарзынэщ... – жиIащ Мадини Iэнкуну.

ЛъэныкъуитIми афIэкIа щахужымыIэм, Женя Iэбэри, телефоныр Мадинэ IэщIихыжащ.

Мадинэ, хуэмурэ зыкъищIэжри, и нэкIущхьэм къытелъэдэну хьэзыр хъуа нэпсыр щIилъэщIыкIащ. Абы къыфIэщIащ, илъэс мин бжыгъэкIэ жей Iувым хэтауэ, иджыпсту къэушыжу. Куэд щIауэ нэщI хъуауэ и гугъэж и гущIэми зыгуэр къыщыпIэжьэжьащ, къигъэпIейтейуэ, къигъэгузавэу...

*Рассказхэр* ЛАГУЛАА Анатолий

*Лагулаа Анатолий (1961) – усакIуэщ, тхакIуэщ, публицистщ. СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым, Абхъазым и ТхакIуэхэм я союзым хэтщ. «Алашара» («Нэху») литературно-художественнэ журналым и редактор нэхъыщхъэщ. Д. Гулиа и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтымрэ Т. Аджба и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтымрэ я лауреатщ. Усэхэр, рассказхэр, повестхэр зэрыт тхылъ 15 къыдигъэкIащ. Зэрытхэр абхъазыбзэщ. И усэхэр урысыбзэкIэ, сербыбзэкIэ, ермэлыбзэкIэ, осетиныбзэкIэ зэрадзэкIащ.*

*Фи пащхъэ итлъхъэ рассказхэр адыгэбзэкIэ япэу дунейм къытехьэу аращ.*



# ШАЗИНЭ



Жыг псоми епэсауэу, гъатхэм къотIэпI пхъэгулъейр. Арыххэуи, псом япэ и къапщIийр полъэлъыж. Аращ абы и насып кIэщIыр зэрыхъур. ХъугъуафIэ кIуэдыжыгъуафIэщ, жыхуаIэращ. ИтIани, сыт и уасэ япэ дыдэу угъагъэрэ гъатхэм и хъыбар дунеишхуэм ебгъэщIэныр!..

Шазинэ и насыпыр ещхьт а пхъэгулъейм. Илъэс пщыкIух ирикъуа-иримыкъуауэ, щIалэхэм я нэр къытедиеу, къытеплъэр къытелIэу щIидзат. Ар зыхищIэрти, и нэр къиIэтыну укIытэрт езыри. НапIэ Iэтыгъуэ нэхъыбэкIэ зы щIали и нэгу иплъакъым ар. Пэжу, къэхъурт зыгуэрхэр игу щрихьи, и псэми къыжриIэрт: мыбы нэхъ гулъытэ хуэпщIми ягъэ кIынкъым. ИтIанэ, и гум жиIэр зыгуэрым зэхих къыфIэщIыжу, плъыжь хъурти, и нэр игъэпщкIурт.

А гъэм Шазинэ ебгъуанэ классыр Гудаутэ къыщиухри, ди къуажэ еджапIэм къыщIэтIысхьэжат. Фызабэу къэна и адэ шыпхъум деж щыпсэурт. Къалэм къыщыхъуа хъыджэбз цIыкIум и хьэлыр къуажэм нэхъ къезэгъыу ихъуэжами хъунут, ауэ ар абы и гущхьэ къэкI хуэдэтэкъым. Зэресам хуэдэу, ину псалъэрт, зэрылъэлъу щыдыхьэшхым деж ди щIалэхэр щхьэуназэ хъурт. И щхьэц фIыцIэ утIыпщар дамащхьэм къытеуэрт, пщэ хужьыр нэхъуеиншэу къеплъакIуэхэм ящигъэпщкIу хуэдэ. И нитIыр-щэ? Ери фIыри зымыщIэ шкIащIэр зэрыплъэм хуэдэу, гуапэрэ гуфIэу къыбжьэхэлыдэрт. И нэкIущхьитIыр дыхьэрэнти, щIалэ цIыкIухэр къыхузэгуэпу, лэч плъыжькIэ яцIэла хуэдэт. Школым зэрыкIуэ хабзэ бостейр и бгъэм къезэвэкI хъуами, езым къыфIэмыIуэхуу, фIэфIыпсу щыгът. ЩIалэ цIыкIухэми хуабжьу ирагъэкIурт. Ауэ псом хуэмыдэу я гуапэ хъур, жьыр къыкъуэурэ, и кIэ зэтедзар тIэкIу дридзеямэ, пщащэм и лъакъуэхэр къызэрыщIэщырт. Шазинэ и лъакъуэ дахэхэрат щIалэщIэхэм я гур нэхъри къэзыгъэплъыр.

6 Заказ №75

Ауэ, абы и Iуфэлъафэр дауэ къамыжыхьми, зыри зригъэпсалъэртэкъым тхьэIухудым. Зы закъуэт абы и нэр щIэплъызыр. А щэхур зыми хуимыIуатэми, ар хэтми къэщIэгъуейтэкъым, сыту жыпIэмэ, а щIалэр зыгуэркIэ школым къэмыкIуамэ е къыкIэрыхуамэ, хъыджэбзым и нитIыр куэбжэм етауэ къанэрт. Адрейхэми хуэдэу, мы щIалэр ажалым хуэдэу зыщыщтэу щыIэр зыт – Шазинэ и адэ шыпхъурат. Сыту жьэ бзаджэт ар! «Узижагъуэныр пэщIэухуэ», жыхуаIэм хуэдэт. «Дауи декIуэкIыфрэ абы мо пщащэ щабэ цIыкIур?» – жаIэрт Iэджэми. ДекIуэкIырт-тIэ мис апхуэдэурэ, мывэ щыгум тет удз гъэгъам ещхьу, зы псалъи пимыдзыжу, жиIэу хъуами арэзы техъуэу. Ауэ иужькIэ...

Хьэуэ, Iуэхум и пэжыпIэр езы хъыджэбзым къиIуэтэжмэ нэхъ тэрэзщ.

* * *

– БэтIал, БэтIал! Ноби аргуэру си закъуэу соплъ мы дыгъэ бзий хуабэхэм. Си закъуэу къызодэхащIэ, си гур фIы схуащIыну. Ауэ уэ уи нэгум иплъэжыркъым ахэр. Уэратэкъэ дыгъэ нэхур тхуэзыхъумар, пшэ Iувым текIуэрэ хуиту къыттепсэу, ди дунейр нэху ищIу... Сыту имылъэгъуарэ абы уи дежкIэ къэлъатэ шэ фIыцIэр? Сыту къимыгъэувыIарэ? Илъагъуу къыхэкIиикIами, уэ сыту зэхыумыхарэт абы и макъ гужьеяр?..

Уи гум и къеуэкIэм нэмыщI, зыри зэхыумыхыжу дэгуи нэфи ухъуат а махуэм... Сыту ущIэмыдэIуарэт дыгъэ нэбзийхэм къаIущэщым! Хэт ищIэрэ, абыхэм укъагъэувыIэнкIи хъунт зытэлай закъуэкIэ, ягъэткIункIи хъунт укъэзылъыхъуэ шэ фIыцIэр. ЖраIэнт ар къозыгъэпщам: «Ей, цIыхум зы гъащIэ закъуэщ иIэр, зы гу закъуэщ кIуэцIылъыр, а гум илъри зы лъагъуныгъэ закъуэщ, цIыхур букIмэ – лъагъуныгъэри букIащ». Зы цIыхур хуиткъым адрейм и гъащIэр къыIихыну. Жыгхэр изыщIыкI, бзу абгъуэхэр зэтезыкъутэ, пшэхэр абдж щыкъум ещхьу зэзыудэкIыу гъэгъам и къапщIийхэр уэшхышхуэм пезыгъэлъэсыкI жьыбгъэр нэфми ярейщ. Ауэ цIыхур-щэ?! Анэ быдзышэ ефам, гущэкъу уэрэд щIэжеикIам, сыт, анэм и нитIым щIэплъэурэ, абы гуапагъэу щIэлъ псори щIызыхилъхьэр? Балигъ хъууэ, нэгъуэщIыпсэ хихын щхьэкIэ? Хьэмэрэ ар мыцIыхуу, атIэ цIыхуфэ зытегъэлъэда псэущхьэ нэкъыфIэщIу пIэрэ? И Iи, и лъи цIыхум ейм ещхьу, ауэ гу кIуэцIымылъу... Ныбжьым хуэдэу, цIыхум и ужь иту, ищIэр кIэлъиищIэжу, ауэ зэикI лъэщIэмыхьэну, ещхьи мыхъуну... Фыгъуэм къыхихыу, и гъусэм и щIыбым фочыр тригъапсэу еуэжу ара? Аращ, БэтIал, цIыхухэм захуэзыгъэгуса ныбжь хъунщ ахэр. А ныбжьхэр дэтхэнэ зыми дяужь итщ, икIи ахэр къыдэмыфыгъуэжыхукIэ, ди тепщэныгъэр яшэчыхукIэ, гъащIэ диIэщ. Сэ си ныбжьыр, псалъэм папщIэ, дыгъэ къухьэгъуэ хъухукIэщ си кIэм щитыфыр. КIыфI хъуакъэ – сыщIэнакIэу щIызодзэ: сыкъызэралъхурэ узигъусэщи, балигъ ухъуакъым, пшапэр зэхэуамэ, кIыфIыпIэм зыкъубодзэ...

... Гъунапкъэхъумэм и фащэр сыту къокIупсрэт уэ, БэтIал! Махуэм и кIыхьагъым тхуэ сеплъ хъунщ уэ къысхуебгъэхьауэ щыта сурэт закъуэм. Соплъри, согъэтIылъыж, итIанэ, уи нэгур сщыгъупщэжу къысщохъури, аргуэру къызощтэж. Зыкъомрэ сесакъым уи теплъэщIэм – зауэлI фащэм, уи плъэкIэм, уи IитIыр едзыхауэ узэрыщытым. Уеблэмэ, нэгъуэщI сурэт уэ нэхъ уэщхьу къэслъыхъуат, ауэ згъуэтатэкъым. ИтIанэ уи гуфIэкIэм сеплъри, си гур зэгъэжащ. Щхьэ сышынэу пIэрэт, сэлэт

ухъумэ, зыпхъуэжынкIэ, псоми уакъызэрыхэщ нэщэнэхэр пфIэкIуэдынкIэ, мис а уи натIэц кIырыр, къуийуэ ущу, зэрыкIуэдам хуэдэу. А натIэц къехуэхыр зэзгъэщхьыр пщIэрэт? Моуэ бжыхьым щхьэпрыIэбыкIыу, мыIэрысэ къэзыдыгъу щIалэжь цIыкIум. Сыту фIыщэу слъагъурэт а уи натIэцыр, сыту куэдрэ си нэгу къыщIэзгъэхьэрэт ар, си гум гуфIэгъуэр къыщызгъэушын щхьэкIэ!

Иджы, БэтIал, сэ зыгуэр бжесIэнущ, иджыри къэс сыбзыщIауэ. ПщIэжрэ, армэм удэкIын ипэкIэ щэхуу дыщызэхуэзэ чэщей гуэрэным щытлъагъуу щыта сабий лъакъуапIэхэр? «Абдеж щхьэ щызэхэзекIуэрэ а щIалэ цIыкIур?» – жытIэрти дызэупщIыжырт. Абы и щэхур сэ къызжиIат езы цIыкIум. А чэщей гуэрэным деж блэр щыкуэдщ, жаIэт, ауэ дэ зэи дрихьэлIатэкъым. НтIэ, мис а щIалэ цIыкIум шкIэ щигъэхъукIэ куэдрэ илъагъурт а емынэхэр. Дэ къыджиIэну укIытэрт. Ауэ щыхъукIэ, абы ищIэрт дэ дызэрызэхуэзэр. НтIэ, блэгъащтэу, хьэфэу игъуэтыр абы щигъэсырт абдеж – кIэлошыжь жыпIэн, хьэфэ ботэ яхуэмыхъуж жыпIэн, сытми, я лъапсэм щигъуэтыр. Дэни къыщищIат блэр хьэфэ сырымэм зэрыщыщтэр?! СымыщIэххэу сыщрихьэлIэм, и нэкIур зэуэ къызэщIэнэри, зиумысыжат езым. Ар сытым хуэдэу къызэлъэIуат бжезмыIэжыну, апхуэдизкIэ къыпщыукIытэрти. Сэри псынщIэу сыIукIыжат, ар плъыжь зэрыхъуар сымылъэгъуа хуэдэу зысщIри. Армыхъумэ, сэри къысIуплъэжыфынутэкъым. Уи фIэщ хъункъым, ауэ ди лъагъуныгъэр ихъумэрт а гурыщIэр иджыри зымыгъэунэхуа сабийм. Тхылъ еджэкIэ иджыри зымыщIэм мафIэм пэрадзэ тхылъыр къыхипхъуэту зэригъэпщкIум ещхьт ар...

А щIалэ цIыкIум и гугъу дяпэкIи пхуэсщIынщ, БэтIал, ауэ иджыпсту зы гукъэкIыж къыдрихьеящи, сыблэкIыфынукъым. Дзэм ущыдаш махуэм ди пщIантIэм укъызэрыдыхьаращ ар. Сэ иджы гукъэкIыжщ къысхуэнар. Ахэр сиIэху, сыпсэущ. Зэ мыхъуми зэ псоми кIэ игъуэтынущи, адэкIэ къыспэплъэр щыхупIэщ. Ауэ зэкIэ гум къыдридзейр семышу си щхьэм хуэсIуэтэжурэ сопсэу...

Ди пщIантIэм укъыщыдыхьам, пщэфIапIэм сыщIэтти, япэу укъэзылъэгъуар си адэ шыпхъу ТIатIэт. ЗэрыжаIэу, абы и бзаджагъ Iыхьэ иIыгъыжми, уэ ар гуапэу къыпIущIат. Си тхьэкIумэр тегъэхуауэ сыдаIуэри – уи макъыр щызэхэсхым, си гур зэуэ къилъэтат. Дзэм удашынути, сэлам къыдэпхыжыну укъэкIуауэ жыпIэрт. Уи псалъэмакъым си цIэр «къыхэпIэнкIыкIыу» къысщыхъурт, бдзэжьейр псым къызэрыхэпкIым ещхьу. Тегушхуауэ узэрыпсалъэмкIэ тIэкIу уеIубауэ шэч сщIащ. Си адэ шыпхъум «неблагъэ» жиIа щхьэкIэ, бдатэкъым. Арыххэу, бзум хуэдэу пырхъуэм сыкъелъэтэхащ, зы фадэбжьэрэ дэ купщIэ, IэфIыкIэ сыт зэрылъ тепщэчрэ сIыгъыу. ЛIы хуэдэу бжьэ пIэтри, узыншагъэрэ насыпкIэ укъыдэхъуэхъуат, мащIэу нащхьэ къысхуэпщIри. А махуэм, БэтIал, насыпыр си пщIантIэм къыдэувауэ къысщыхъуат. Ауэ иужькIэ къэхъунур сщIауэ щытатэми... мис а IэфIыкIэмрэ дэ купщIэмрэ ещхьу, сырэ кIуэцIым ущызгъэпщкIунт.

Си адэ шыпхъум дыкъищIэмэ, жысIэу сэ сыкIэзызырт, уэ зыкIи зыкъыумыгъащIэу ууэршэрырт. Iуданэ топым ещхьу зэтришурэ, дэтхэнэ уи псалъэми, уи лъэбакъуэми хуэм-хуэмурэ си гъащIэм ухашырт... Зыбгъазэу ущыдэкIыжам, ТIатIэ жиIат: «Сабий хъарзынэу къэхъуащ. Тхьэм иузэщI!» Сэри сигукIэ дыщIызгъуащ: «Тхьэм жиIэ!» ЦIыхум щытхъуу и хьэлтэкъым си адэ шыпхъум. Арауэ пIэрэт абы и тхьэлъэIур

наIуэ хъуну гугъэ къызэзытар. Куэбжэпэм деж къыщожьэ машинэр къыщыкIийм, псалъэ ныкъуэжыIэр зэпыбудри, укъызэплъащ. Аргуэру сыкъэшынащ, адэ шыпхъум зэхихыу зыгуэр жиIэнущ мыбы, жысIэри. Ауэ машинэр темыпыIэу аргуэрыжьу къыщыджэм, зыбгъазэри удэкIыжащ. КъызжепIэну узыхунэмыса псалъэри къыбжьэдэмыкIыу, Iэдэбу удыхьэшхри, уежьэжащ. А уи дыхьэшх макъыр сыпсэуху зыми хэзгъэгъуэщэнкъым. Жэщ хъуурэ, сыгъуэлъыжа нэужь, жейм сыхилъафэу, уи макъыр сщыгъупщэнкIэ сышынэу, куэдрэ сыхэлъащ. Ауэрэ сыIурихащ, уи дыхьэшхыкIэр си тхьэкIумэм иту.

... СепщIыхьырт уэсукхъуэр щызэрихьэ губгъуэ нэщIым диту, уэ си Iэпэр пIыгъыу абы сыпхрыпшу. «Ди гъуэгур кIыхьщ, – жыпIэрт, – ди лъагъуэр уэсым щIимыхъумэж щIыкIэ къэдгъэзэжын хуейщ. Борэнышхуэ къоблагъэ». Сэри згъэщIагъуэрт: «Дэнэ щищIэрэ борэн къызэрыхъунур?» Ауэрэ уэсыр нэхъ теужауэ, дыгъэри мащIэу къыкъуэплъауэ, зэуэ жьыбгъэшхуэ къыкъуоу, хьэжкурийр фийуэ зэрихьэу. Уафэм сыдоплъейри – дыгъэр уафэм исщ, удз гъэгъам ещхьу, и бзий-къапщIийхэр жьыбгъэм кърифыщIэхыу. «Удз гъэгъам» и «къуэпс банэхэр» къеший, жьыбгъэм зыщихъумэну, арщхьэкIэ модрейм къыфIэмыIуэху хуэдэщ, е зыхуигъэшэчу ара? «БэтIал, – солъаIуэ сэ, – еплъ мобы, дэIэпыкъу мо гъэгъам!». Уэ уодыхьэшх: «Гъэгъам нэхърэ жьыбгъэр нэхъ сфIэгуэныхьщ – абы ар фIыуэ елъагъу, итIани имыгъэгуIэу хъуркъым!» Си Iэр бокъузри, сэри си гур мэзэгъэж – усщIыгъущи, уи къарумрэ уи акъылымрэ си шэсыпIэщи... Абдежым жьыбгъэм и гъы макъыр зэхыдох: удз гъэгъар IэщIэкIуэдауэ, иджы ищIам хуэщыгъуэжу ара? Ар ди ужьым итщ, ауэ уэ сызэбгъэплъэкIкъым, ди япэ ищмэ, къэтлъагъунщ, жыбоIэри. Пэж дыдэу, жьыбгъэр тщхьэпрокI, ауэ иужькIэ ди дежкIэ къреIуэнтIэкIыж, щIэпхъаджагъэ щилэжьа щIыпIэм лIыукIым къызэригъэзэжым ещхьу... Шынэм си гур илъэхъащи, уи джабэм зызокъузылIэ, зэхэмыбзу зыгуэрхэри къызобж: «Мы уэсри, мы дыгъэри псысэщ, уэсыр ткIужынурэ, и псэр хэкIынущ, ауэ абы и фэеплъыр дэ тхъумэн хуейкъэ, иужькIэ дунейм къытехьэну удзхэмрэ хьэндырабгъуэхэмрэ яхуэтIуэтэжын щхьэкIэ...»

ПсыхуэлIэм сихьу сыкъэушащ. Уэшх къошх. Сыту пIэрэ уэшх ткIуэпсхэм ди къэнжалыщхьэм хуаIуатэр? Гъуэгу кIыхь зэрытетара, зэрезэшара? Хьэмэрэ, щIыIэм исауэ тхьэусыхэрэ? Е, къызыхэкIа щIылъэм хуэзэшауэ, къызэрагъэзэжара?..

Иджы, БэтIал, а щIалэ цIыкIум – ди хъумакIуэ цIыкIум – и хъыбарым пысщэжынщ. Я лъапсэм хьэфэхэкIыу илъыр игъэсурэ къыIэщIэухат абы. Къэнэжар и адэ лIам и хьэфэ шырыкъуитIрат. Мычэму ар зыщIэт пэшым щIыхьэурэ епсэлъылIэу есат а сабийр, и адэм хуэза къыфIэщIыжу. Ауэ... зы махуэ гуэрым а шырыкъуитIым я лъапщэр сэ жанкIэ пиупщIри, ди жыг гуэрэным деж щигъэсащ. Иджы адэм и фэеплъыр лъапщагуэ хъуати, хуэмурэ яжриIэрт: «Мыпхуэдэу нэхъыфIыххэщ. Уэсышхуэ къыщесыркъым ди дежкIэ... Мыдэ сыхэхъуэрэ си лъакъуэр нэхъ ин хъумэ, фылъыстIагъэурэ фызесхьэнущ»...

Ауэрэ хьэфэ сырымэр жьым ихьыжри, блэхэм ятэу щIадзэжащ. Аргуэрыжьти, адэм и шырыкъум къыхэнэжам иригъапщэу щIидзащ ди ныбжьэгъу цIыкIум. И лъакъуэ цIыкIуитIымкIэ иувэрти, къикIукIникIукIырт, мо вакъэшхуэр къыхуэмыIэту, и лъакъуэр ерагъкIэ зэрихьэрт, ятIэм хэнауэ къыхичыж нэхъей. И къарур абы зэрыпэмылъэ-

щым игъэгуфIэрти, игукIэ жиIэрт: «Гъэсын хуейщ, и чэзур къэсащ». И адэм и фэеплъым епцIыжауэ къащремыхъу езым ныбжьэгъу къыхуэхъуа шырыкъуитIым. Iэмалыншэщ. Дауи щIыи, вакъитIыр лъитIагъэу дэкIын хуейщ, здэкIуэм нихьэсмэ, и нэр иуфIыцIынщи, мафIэ щIидзэнщ. Сырымэр къазэрыщIихьэу, блэхэр зэбгрыпщынщ, я гыныр мывэм телъалъэу.

Абы и ужькIи мызэ-мытIэу къэкIуащ щIалэ цIыкIур а щIыпIэм. Ауэ иджы хэт е сыт щыIэжт зэпсэлъылIэну? Хьэфэ шырыкъуитIым я пIэкIэ яжьэ Iэбжьыгут къэнар...

Ей, БэтIал, сыту угъунэгъущэ, сытуи ужыжьэ!.. Сыт укъэзымыутIыпщу узыIыгъыр? Иныкъуэм деж апхуэдизкIэ наIуэу узолъагъури, моуэ пщIыхьым и абдж тепхъуэр пхыбуду, си пащхьэм укъиувэн къысщохъу, упсэууэ, узэрыдахэу, угуфIэжу, мис а мэкъу Iэтэм укъызэрыкъуэкIам хуэдэу...

А бжьыхьэ махуэр дауэ сигу изгъэхун, си нэпсри, си гуфIэгъуэри зы щыхъужа махуэр... Тхьэмахуэти, ТIатIэ къалэм щэхуакIуэ кIуат, сэ джэдым щыкъу есту пщIантIэм сыдэтт. Сыплъэмэ, шыгъуэгу лъэныкъуэмкIэ ди Iуащхьэм укъыдэкIырт. Тхылъ гуэр ухуейуэ щхьэусыгъуэ пщIати, симыIэу къыщIэкIащ. Дэ къэсщыпынути, си гъусэу унэкIуащ. КIэпхъым ещхьу, жыгым удэжейри, апхуэдизкIэ бгъэсысати, зы дэ къыпынауэ си фIэщ хъуртэкъым. Жыгым дэжея жызумейм къыпыпчри, щIыху-фIыцIафэу IэрамиплI дзэкIэ пIыгъыу укъехыжащ. Уэри уэзгъэшхынути, бдакъым, «сэ жыгыщхьэм сыщрикъуащ», жыпIэри. СщIэртэкъэ сэ си япэ уэ зыри зэрумышхынур... Мывэм тебубыдэурэ дэр схуэпкъутэрти, и купщIэр къысхуэпшийрт, жызумым и ужькIэ ар нэхъ IэфIыжу къысщыхъурт...

Дзэр къэбухрэ къэбгъэзэжмэ, Сыхъум еджапIэ ущIэтIысхьэну жыпIэрт, абы къыдэкIуэуи, уи Iэпэр къысхуэбгъэдалъэрт: «СыкъэсыжыхукIэ, зыми уемыплъ, уи гум сигъэлъ!» Сэри сыдыхьэшхырт: «Моуэ узэрежьэу, сызэджэу згъэтIылъыжа тхылъым хуэдэу усщыгъупщэжынущ. Абы ухуэмеймэ, зыщIыпIи умыкIуэ».

Дэр къэсщыпу зезгъэзыхрэ сыкъыдэплъеижмэ – убзэхат. Сэ сщIэрт укъызэрыздэгушыIэр, итIани гузавэ къэсщтат: зигъэгусауэ пIэрэ жесIахэм щхьэкIэ? Къэп цIыкIур згъэуври, уи лъыхъуакIуэ сынежьащ. Арати, си щIыбагъымкIэ укъыщыхутэри, IэгукIэ си нитIыр щыбубыдыкIащ. ИтIанэ, «хэт япэ нэмысрэ», жыпIэри дэшхуей жыгымкIэ ущIэпхъуащ. Сэри, гуфIэгъуэ гуэрым сызэщIиIэтауэ, зисчащ, дауэ сщIыми япэ сищыну. Уэ унэхъ лъэ псынщIэт, ауэ мэкъу аргъынэ къахагъащIэм уилъахъэрт. Сэ лъагъуэ цIыкIум срижэри, дэ жыгым япэу сеIусащ. УкъыскIэлъысщ, уи нэкIур сысейм гъунэгъу дыдэу къепхьэлIэри, сызыщышынэ упщIэр къызэптащ: «Си нитIым къыбжаIэр сыт?» НэгъуэщI къысхуэмыгупсысу, сэ жысIащ: «СызэрыптекIуар уи жагъуэ зэрыхъуар». Уэ угушыIэну ухуейтэкъым: «Хьэуэ, Шазинэ, аракъым!» Арыххэуи, сызэщIэбубыдэри уи бгъафэм сыщIэпкъузащ. Ди гъащIэм апхуэдэу гъунэгъу дызэхуэхъуатэкъым дэ тIур. БауэкIэщI ухъуати, абы си щхьэр дэуназэрт. А дакъикъэм сэ зыхэсщIэрт: щIалэм и бэуэкIэм уи лъэр щыщIихым деж, зумыщIэжу пкъылIэ уохъу, адэкIэ сыт къемыкIуэкIми упэщIэмытыфу. ИкIи иджыри къэс узыщышынэу, ущIэукIытэу щытахэр пщIыхьэпIэ IэфIу къыпщохъу...

* * *

Жьы мащIэр дэшхуей тхьэмпэхэм хэпэщэщыхьырти, напэм къытригъэщащэрт. Дунейр къутэжыхукIэ сыщIэдэIунт а щхъыщхъ макъым. Ауэ аддэ гу лъащIэм гузавэр щыпIэжьажьэрт, унэм Iуэхуу къыщыспэплъэр сщIэжырти. Жызумыпс къыщIэпIытIыкIар зэIысщIэну, банкIхэр стхьэщIу бжыхьым фIэздзэжыну, пыжьыр къыпысчыжыну, мырамысэ сщIыну – ахэр унафэу къысхуищIри, дэкIат си адэ шыпхъур. Куэд мыщIэу ар къэсыжынущи, сыпежьэу, иIыгъ хьэлъэр къыдэсхьэжын хуейщ... Ауэ къалэну щыIэр тезгъэкIуэтат, БэтIал, дэ тIум ди насыпыр япэ изгъэщри. ТIатIэ щыдэкIкIэ къалэну си пщэм къыдилъхьэ къомым куэдрэ себакъуэрт, уи жагъуэ сымыщIын щхьэкIэ. Ди щэхур зыми къащIэну дыхуейтэкъыми, сытми зыдедгъэкIурт. Узыр зышэчыфыр лъакъуэ узымкIэ ещIэкъуауэркъым. Апхуэдабзэу, дэри ди насыпыр дыбзыщIыфырт, зымащIэкIи ди нэгум къидмыгъэщу. Сытым хуэдэу сригушхуэрэт сэ абы, къэкIуэну дахэм гурэ псэкIэ сыщIэхъуэпсу. Шэч къытесхьэртэкъым ар къызэрыкIуэнум, итIани, си гум зихузырт: насыпышхуэм сыхуэфащэу сыIущIэфыну пIэрэ, и чэзур къэсмэ? БэтIал, ей, БэтIал, уи закъуэ пфIэщIрэт абы иригузавэр, уи закъуэ пфIэщIрэт а мафIэм хисхьэр?! Сэри сыхисхьэрт абы, сэри сыхуейт насып, ауэ зыкъозгъащIэртэкъым, уэр дыдэм пщызбзыщIырт дыщызэхуэзэхэм деж. Си гур уи IэмыщIэм илъти, сэ сщIэнумкIэ хуитыр уэ зырат: сыгъынуми, сыдыхьэшхынуми, сыгуфIэнуми, сынэщхъеинуми. Зы закъуэт Тхьэшхуэм сызэрелъэIур: уэрэ сэрэ дызэпигъэкIыу, си насыпыр стримыхыну. Абыи хуитыр уэ зырауэ къысщыхъуэрт – тхьэпэлъытэу узгъэувати. Сыкъыщиудрэ сыгъами, уэ зырат сытезыгъэужыфыр. ИтIанэ, дунейм тет псалъэ хъуэрхэр къызэбдзурэ, сымэхауэ сыбгъэдыхьэшхырт. Сыту куэдыщи къэбгупсысрэт: мо пшэхэр утыкум къихьэну укIытэ хъыджэбз гупым ещхьщ, – жыпIэнт, – зыр зым щIэрыIэжу. Е, щыблэ уамэ, уэшх къыщиудар щIалэ жанхэу утыкум къилъэдауэ къафэу жыпIэнт. Мо бгыжьхэр ебгъэщхьт уэх щхъуантIэм ехъуапсэ щауэхэм, гъунэгъу зыхуащIыну зэрырамыкум щхьэкIэ, мыдрейхэми заущэхуауэ пэплъэу. АпхуэдизкIэ Iэзэу шыпсэхэр зэхэплъхьэрти, ар мащIэу си гум къеIэрт, шыпсэр нэхъ пфIэфIу, нахуапIэм уепцIыжу къысфIэщIырти. ИужькIэ сащыукIытэжырт си гукъэкI мышыухэм, уи жагъуэ сщIа сфIэщIыжу. Уэ зыбгъэгусэу уи хьэлтэкъым зэикI, си БэтIал, си дуней нэху. КъокъуэншэкIаIами, яхуэбгъэгъуфырт.

Си адэ шыпхъу ТIатIэ пфIэбзаджэт уэ сытым щыгъуи, ар сощIэ. Пэжщ, ар цIыху щабэу пхужыIэнутэкъым. Тхьэшхуэм хьэл-щэнхэр щигуэшым, цIыхубз нэщэнэхэр къемэщIэкI хъууэ, лIы тэмакъкIэщIым и хьэлыр кърита хуэдэт. Ауэ сэ ар згъэкъуаншэркъым... Я адэ-анэр пасэу яIэщIэкIри, ТIатIэ ади ани яхуэхъуат и дэлъхуищымрэ и шыпхъуиплIымрэ. Абыхэм я Iуэху зэтригъэувэхукIэ, езым насып гуэр иIэн хуейуэ игу къэкIакъым. Игу къыщыкIар и дэлъхухэм къригъашэу, и шыпхъухэри иригъэша нэужьщ. Езыри унагъуэ ихьат, арщхьэкIэ кIэщI дыдэт и насыпыр: и лIыр дунейм ехыжащ, зы сабии зэдамыгъуэтауэ. НтIэ, егупсысыт, дэнэт абы хьэл щабэ къыздрихынур?! Аращ сэри сыщIыбгъэдэсар ТIатIэ, и закъуэнығъэр дэзгъэпсынщIэу. Школыр къэзухыу институтым сыщыщIэмытIысхьэфами, аргуэру къэзгъэзэжащ, мыхъуми, зы илъэс иджыри сыдэIэпыкъунщ, жысIэри.

БэтIал, си губзыгъэ цIыкIу, къыхуэгъэгъу абы зыгуэркIэ псалъэ дыдж къыуидзамэ. Уэ ущIалэти, псори зыщыбгъэгъупщэфынут, сытри уигу пхутегъэхуэнут, ауэ ар... Ар къуаншэми, абы жэуап ептыжи, уедаи хъунутэкъым. ИужькIэ езыри щIегъуэжырти, и щхьэр фIиудыжырт тхьэмыщкIэм. Уэри, БэтIал, зыри жумыIэ щхьэкIэ, псори фIы дыдэу къыбгурыIуэрт. Уэ сыт щыгъуи зы хьэлым утетт. Ар къыбдалъхуати, зэикI зыпхъуэжыртэкъым. Арауэ пIэрэт нэхъри фIыуэ ущIэслъагъур?.. Ауэ сэ нэгъуэщIхэм уезмыфыгъулIа уи мыгугъэ. Хъыджэбзхэм уащыхэтым деж, ар си гум ежалIэрт. Абыхэм я нэр зэрыджэгур сымылъагъу пфIэщIрэт. Си гурылъыр сыбзыщIырт, лейуи зы лъэбакъуэ счыртэкъым абы щхьэкIэ. Фи классыбжэр Iусхыу игъащIэм сынышIэплъатэкъым, е уи пащхьэм зыщыблезгъэхатэкъым, гу зылъозгъэтэн щхьэкIэ. Ауэ, пэжыр жысIэнщи, хъыджэбзхэм угуфIэу, удыхьэшхыу уащыбгъэдэткIэ, сигу нэхъри урихьырт: псоми ялъагъуну сыхуейт уэ узэрыфIыр, узэрыгубзыгъэр, узэрынэжэгужэр. Сыхуейт ину сахэкIиену: «Мы щIалэр сысейщ, си закъуэпцIий сысейщ, алейкIи гугъу зевмыгъэхь!» – жысIэу. Уэ, куэдрэ зумыIэжьэу, хъыджэбз гупым уакъыхэкIыжырт. Сэ зэми уэркIэ сыпагэрт, зэми абыхэм уесфыгъулIэрт, зэми зыкIи уахуэмейуэ жысIэрти, зытезгъэужырт. СыткIэ сыкъуаншэ, БэтIал? Сэ уэ сыносати, сыпхуэзэшырт, икIи зытезгъэужыну сыщыхуейм деж, сигу къэкIыжырт уи псалъэхэр: «Си псэр пщIыгъущ!», «Уэ узмылъагъуу, сыпсэуфынукъым!» Си фIэщ хъурт сэ сыкъэбгъанэу нэгъуэщIхэм я ужь узэримыхьэнур. Щэхуу къызжепIа псалъэ IэфIхэр зыми зэхихатэкъым, уи Iу бахъэ пщтырыр зыми ицIыхуртэкъым, сэр фIэкIа. «Си псэр уэращ», – жыпIэу япэу къыщыбжьэдэкIам, плъыжь ухъужат езыр, мафIэм убгъэдэтым ещхьу. Сэри арати, сыкъызэщIэнат, ауэ жэуап уэстыну схузэфIэкIакъым куэдрэ. УзгъэбампIэу е фIыуэ узмылъагъуу къыпщыхъуауэ пIэрэт? Хьэуэ, си бзэр иубыдауэ арат... Унэм сыкъэкIуэжа нэужь, пэшыбжэр къэзгъэбыдэрти, си нэр зэтепIауэ, псоми сегупсысыжырт, сегупсысыжырт, уи зы псалъэ сIэщIэхункIэ сышынэу. Щхьэ бжезмыIэфу пIэрэт си гухэлъыр? Зэгъусэу дыкъэхъуатэкъыми, фIыуэ узмыцIыхуу къысщыхъурт. Псалъэ лей жысIэрэ сыхущIегъуэжыным сыщышынэ хъунт. Бэлътоку пIэпыхуар къэпщтэж хъу щхьэкIэ, напэмрэ нэмысымрэ я Iуэхур нэгъуэщIщ – ахэр зэ пфIэкIуэдамэ, упыкIащ. Сыту насыпышхуэт тIуми ди гур зэхуэкъабзэу лъагъуныгъэм и лъагъуэм дызэрытеувар! Хьилагъэ-гъэпцIагъэхэм тIури дыщыгъуазэтэкъыми, пэжу дызэбгъэдэтт. Лъагъуныгъэм теухуауэ тхылъхэм къидджыкIахэм и кIэм нэсу къыдгурагъэIуэфынутэкъым а гурыщIэр зищIысыр икIи къыджаIэфынутэкъым ар къыщысынур: псыми бдзэжьейхэм яжриIэфыркъым езыр къыщиунур. Пэжу, абы дэ дымыщIэххэу дызэщIиубыдат. Апхуэдэу иухагъэнти, фIыуэ услъэгъуат, БэтIал! УсщIымыгъуу сыпсэуауи си фIэщ хъужыртэкъым. Уэрмырауэ пIэрэт сыцIыкIуу тенджыз Iуфэм деж псы есыкIэм сыщыхуезыгъэсар? Си щхьэцым лентI плъыжь хэщIауэ япэу школым сыщыкIуам, си тхылъылъэр зыIыгъыу сщIыгъуар? Япэ хьэрфхэр щыстхым къызбгъэдэсар? Уэрмырамэ, дэнэ апхуэдиз илъэскIэ уздэщыIар? Дызэхуэзышэ гъуэгу кIыхь дытетауэ ара тIури? АпщIондэхукIэ дапщэрэ жыгхэр гъагъэурэ пыщэщыжа? Дапщэрэ дыгъэмрэ мазэмрэ зэхъуэжа, гъэрэ щIырэ зэхэкIа?..

Абы щыгъуэ зэманыр къэувыIат. Зэманми, мафIэгум ещхьу, къэувыIэпIэхэр иIэщ, цIыхухэр къыщихьэу, щикIыжу, щызэрыгъуэту икIи игъащIэкIэ щызэфIэкIуэдыжу...

Иныкъуэхэм деж, БэтIал, си фIэщ сщIыну сыхэтщ, мыбдеж укъыщызэжьэу ущысу. ТIэкIуи сыпхуохъущIэ, жылэр къытщIэплъу, мыбдеж фIэкIа тIысыпIэ игъуэтакъэ, жызоIэри. Ауэ уэ жэуап къызэптыркъым, «куэду фIыщ дыкъалъагъум, куэдрэ зыдгъэпщкIуну, хэт зэран къытхуэхъуфынур?» – жыпIэ нэхъей. Зыри зэран къытхуэхъуртэкъым, БэтIал. ИгъащIэм лъагъуныгъэ зымыщIа цIыху къытхуэпсалъэхэм уемыплъ уэ, хэт ищIэрэ, абыхэми зэгуэр гухэлъ ящIмэ, дакъыгурыIуэнщ. Ауэ къэдгъэгъанэ ахэр, абы нэхърэ нэхъыфIщ, ди лъахэм гъатхэр къызэрыщихьэр, жыгхэр къызэрытIэпIыр пхуэсIуэтэнщи. Псы ежэххэр гъужынкIэ шынэ хуэдэ, бгы мылылъэхэр мэткIури къахолъадэ. ПщIэжрэ, уи гум сихункIэ сышынэу, махуэ къэс письмо армэм ныпхуезгъэхьу зэрыщытар... Уафэ къабзэр щIыхупсщи, пшэ хужь гуэрэн цIыкIухэр и нэзымкIэ едзэкIауэ къыпщохъу, напэIэлъэщI яжьыщIагъащIэхэм хуэдэу.

Дыгъуасэ уи къуэшым сыхуэзат, губгъуэр ивэу хэту. «ЩIыр псыкIэ ирикъуащи, выхэм къехьэлъэкIыркъым, – къызжиIащ абы. – Ауэ щIыр ешащ, зегъэгъэпсэхун хуейщ». КъызэрыщIэкIымкIэ, щIыри йозэш, цIыхум е вым ещхьу, илъэс зы-тIу къэсыхукIэ тыншыгъуэ хуэныкъуэщ... Уи къуэшыр абы фIыуэ щыгъуазэщ, уэ нэхърэ нэхъыщIэ пэтми... Нобэ, БэтIал, си хъуреягъыр гуфIэгъуэкIэ гъэнщIащ. КъыздэгуфIэ уэри. Нышэдибэ псы къэсхьауэ пэгуныр щезгъэувэхым... зыхэсщIащ! Зы лъэбакъуэ цIыкIу ичауэ къысщыхъуащ АБЫ!



«Шазинэ! Уафэм сыщохуарзэ, Шазинэ!»

Зэ догуэт, БэтIал, зэ къэдаIуэт. Дауэ иджы ар зэрыбжесIэнур... псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ... Ауэ сэ занщIэу къызгурыIуащ, зыхэсщIащ: узэрыдэкIрэ си нэр къызыхуикIыу сызэжьэрат ар. Уи къуэр, уи къуэр, БэтIал! Абы зигъэхъейри, зыкъызигъэщIащ, си ныбэм къеуIуащ, псэщIэ къызэрыунэхур зыхызигъащIэу. СызыщIэдэIукIащ, иджыри зэ къеуэну пIэрэ, жысIэу, ауэ абы зиущэхужащ. Уи мыгугъэ сэ сыщыуауэ. Ар къеуащ, уи псэмкIэ Тхьэ пхузоIуэ! Сабийр, уи сабийр, БэтIал!

«ГуфIэ, Шазинэ, сабий диIэнущ, сабий!»

Дауэ сымыгуфIэнрэ, БэтIал, уэри уи нэ къыхуикIырт абы. Уэ пфIэфI псори сэркIэ щIасэщ. АтIэми, сэ схуэдэу уэри ууейщ ар. Ди зэхуэдэу дыдейщ! И чэзу нэсмэ, абы жригъэIэнкъэ: «Мо БэтIал и къуэр дахэу къызэрыфэ!» е, «БэтIал и къуэр шым зэрышэс!» Зэгуэр сэ сащыгъупщэжыпэнкIи хъунщ, ауэ уэ уи цIэр ягъэIунущ куэдрэ. Абы сэ Iейуэ сыщыгуфIыкIынущ. КъызэупщIамэ яжесIэнщ: «И адэри апхуэдэу щытащ, ещхь щIэмыхъужынур сыт?!» Пэж дыдэу, уэ пхуэдэ дэнэ щыIэт, хахуагъкIи, псынщIагъкIи, IэкIуэлъакIуагъкIи. («МафIэщ!» – жиIэу ауэ сытми къыуидзыртэкъым ТIатIэ). Къэфэн, джэгун, уэрэд жыIэн – сыткIи упэрытт. Пэжу, шы утесу сэ зэикI услъэгъуакъым, ауэ абыкIи укъикIуэтынтэкъым уэ. НтIэ, уи къуэри уэ уэщхь ирехъуж! Къэрехъу щIалэ лъагэу, ауэ мыкIыхьсолэу, зэIэщIэлъу, ауэ мыпшэру, щхьэц фIыцIэу, ауэ мыгъуабжэлъабжэу, нэгу хужьу, ауэ мысырыхуфэу. Умыдыхьэшх куэдрэ! Уи фIэщ щIы, сэ ар зыми хуэзмыгъэныкъуэн. Псом

ящхьэращи, цIыху хуэдэ цIыхуу кърехъу, фIым хуэгъэпсауэ, ныбжьэгъу игъэпэжыфу. Адрейуэ хъуам чэзукIэрэ щыгъуэзэнщ, ищIапхъэри езым ищIэжынщ. Уэри упсэухукIэ уи къалэн зыми хуебгъэкIуэтэкIакъым, зыгуэрым и щIыхуи къыптенакъым. Ди хэкур, ди щIыр пхъумэжу, уи псэр птащ. Хэкур – ар насыпым хуэдэщ, уиIэрэ умыхъумэфмэ, пхуэмыфащэу аращ. Лъахэм зэи щыгъуэпщэнукъым пэжу къыбгъэдэтар, къыщысхьар. Аракъэ зищI фIыуэ зылъагъужхэр абы хуэсакъыурэ, псэхугъуэ иратурэ, щIытелэжьыхьыр. Ди щIалэ цIыкIуми ар къыгурыIуэнщ, и ныбжь нэсмэ. Умышынэ анэ къалэныр сымыгъэзэщIэфынкIэ. Ей, си псэ, сэр дэнэ къэна, уеблэмэ мыщэ анэми и быныр хуегъэсэф ищIапхъэхэм. Сэри згъэсэнщ. Сэ сызыхунэмысыр езым къищIэнщ, цIыху тэмэмхэм ядэплъейурэ.

«Ситу Iущ ухъуа уэ, Шазинэ!»

Хьэуэ, си псэм хуэдэ, гум илъыр жысIэ къудейуэ аращ. СызэрыгуфIэр плъэгъуащэрэт (си нэпс уэзгъэлъагъуххэнукъым). Зэманыр йожэкI, куэд мыщIэу къуажэм фоч щыдрагъэуейуэ хъыбар гуфIэгъуэр ягъэIунущ: «БэтIал къуэ къыхуалъхуащ, уэхьэхьей, санэхуафэм фыкъызэхуэс!»

Хъыджэбзу къыщIэкIмэ-щэ?! Сыт-тIэ къыщIэкIмэ? Зы пхъуфIыр къуэ мыхьэнэншищ нэхърэ нэхъыфIщ. Фэ, цIыхухъухэм, дунейр зэтефIыгъэу къыфщохъужри, къуэм фи нэ къыщIыхуикIри аращ. Ауэ уи нэгу къыщIэгъэхьэт пщащэ тхьэIухуд цIыкIу, и щхьэц хъурыфэр, хьэндырабгъуэшхуэ тес хуэдэ, бантхIэ згъэщIэращIэурэ, еджапIэм сшэуэ. Хьэуэ, дунейр зэрызэтефIыгъэмкIэ шэч къэсхьу аракъым. Мис, сэ си дунейр уэракъэ зытещIыхьар? Дауэ сыхъужынут ди школым ущемыджамэ? ГъащIэм лъагъуэ зырыз щыпхытшынут... Ауэ зэгъащIэ, итIани къэслъыхъуэнур уэрат, уэ зы закъуэрат. Иджыпсту жыжьэIуэу успэщIэкIуэта уи гугъэ хъунщ. НтIэ, зэгъащIэ, игъащIэм иджы нэхъ Iэгъуэу ущыIакъым. Зы лъэбакъуэкIэ сынэсыфынущ уи деж. ПщIэжрэ, сэ сытым дежи япэ сыкъэсырти, уэ сызэбгъэжьэрт. НтIэ, иджы тIэкIу узгъэбэмпIэн, узыпэзгъаплъэурэ? (Къысхуэгъэгъу, къысхуэгъэгъу, хъуатэкъым ари гушыIэкIэ!) Уи мыгугъэ, БэтIал, дзэм хэмытхэм яхъумэн ямыIэу. Напэр-щэ, цIыхугъэр-щэ? Япэм а псом сыщIегупсысын щыIэтэкъым. Си гум уилъти, си муради, сызыщIэхъуэпси пщIэуэ къысфIэщIырт. НэгъуэщIу дауэт-тIэ?! ПщIэну ухуеймэ, уэ сэ узищхьэгъусэт. Зэхэпхрэ, узищхьэгъусэт! Сэ «щхьэгъусэ» псалъэр фIыуэ слъагъурт, уэ узэрыслъагъум хуэдэ къабзэу, икIи, уи цIэми хуэдэу, сэ сфIэфIт къытезгъэзэжурэ ар жысIэну. ПщIэрэт си хъуэпсапIэхэр: моуэ си нэIуасэ хъыджэбзхэм дахуэзамэ, «зэвгъэцIыху, мыр си щхьэгъусэщ», жысIэу. Е си адэм и пщIантIэм дызэщIыгъуу дызэрыдыхьэр: «Мис, фыкъэкIуэжыркъым жыпIэу ушхыдэрти, дыкъэкIуэжащ, дыбгъэхьэщIэнум ухуитщ!» ИтIанэ, жэщ хъуа нэужь, си анэм и гупэм сыгъуэлъынти, зесшэкIыурэ щэхуу хуэсIуэтэнт уи гугъу: укъызэрысхуэгумащIэр, ди бынхэр фIыуэ зэрыплъагъур, зы псалъэ жагъуи зэрызэжедмыIэр... Си гуащэр зэрыщабэр, си тхьэмадэр зэрыIущыр, си пщыкъуитIыр еджапIэм къикIыжу къыщыкIуэжхэм деж дызэрыгуфIэр... Си анэми, и напIэ зэтримылъхьэу, жэщыбг хъуху щIэдэIунт ипхъу насыпыфIэм и хъыбархэм. Уи нэгу къыщIэгъэхьэт, БэтIал, си адэ-анэм гуфIэгъуэу яIэнур! Ар зэрамылъэгъуамкIэ уэ уз-

гъэкъуаншэ уи мыгугъэ. Насыпым сыщегупсыскIэ, си нэгу къыщIыхьэр уи гъусэу есхьэкIыну щыта гъащIэр аращ... АпхуэдизкIэ абы сесэжащи, зэзэмызэ, уи фIэщ хъункъым, си лъэр щIэхуу созэш, уэрэ сэрэ зыщIыпIэ дыщыIарэ дыкъыдыхьэжауэ, е зыгуэрым и хьэгъуэлIыгъуэ дыкъыщыфауэ къысщохъуэжри.

«Шазинэ, сызыщыгъэгъупщи нэхъыфIщ, уэ хэти уишэнущ иджыри...»

Е БэтIалу си делэ цIыкIу, сэ нэгъуэщIым сызэрегупсысынур дауэ, уэ, си щхьэгъусэр, мыбдеж ущыIэу? Апхуэдэ гуэр иджыри зэ уи жьэм къекIуэмэ, зыпхуэзгъэгусэнщи, Iэджэрэ сыкъэкIуэнкъым уи деж. НэгъуэщI мыхъуми, уи къуэм егупсыс: дауэ ар, уилъ зыщIэт сабийр, уи лъэпкъ-уи къупщхьэр, хамэ унэ зэрыщапIынур? Абдежым щыдгъэух а псалъэмакъыр, хъункъэ? Сэ мыдэ нэгъуэщI зыгуэр бжесIэнущ, си нэгум къыщIэзгъэхьэ теплъэгъуэхэм ящыщу...

ПщIантIэм дыдэтт, жи, уэрэ сэрэ, кхъуэщыным шагъыр идгъахъуэу. Арати, си адэ шыпхъу ТIатIэ дымыщIэххэу къыдохьэ. СемыупщIу сызэрыбдэкIуам щхьэкIэ, IэщIыб сищIауэ, ар къысхузэгуэпырт, зэи къызэбгат, ухуеймэ. Иджы мис, къытхуэкIуащ гуфIэжу. И нэгум сыщиплъэм, абрэмывэ стехужауэ къысщыхъуащ.

– Е унэн, зи лажьэр си деж къэкIуэн, дауэ гу плъызмытарэ занщIэу, Шазинэ?

– ТIатIэ, си нитIым ялъагъур си фIэщ хъужыркъым...

– Дауэ схузэфIэкIынт уи насыпым сримыгуфIэну, нобэ-пщэдей, жысIэурэ зэманыр кIуащ ахъумэ.

– ТIатIэ, мис, ар...

– Фи лажьэр укIуэд, угъурлы ухъу фи пцIащхъуэ унэр.

ТIатIэ унэмкIэ идогъэблагъэ. Уэ псынщIэу джэд боукI, сэ мырамысэ сощI. Гъунэгъу фызхэр къыдоджэ хьэщIэ лъапIэм бгъэдэдгъэсынуи, Iэнэ къахудоухуэ. ТIатIэ, си ТIатIэ дыщэ! АпхуэдизкIэ абы сыщогуфIыкIри, махуэр зи кIыхьагъым пщIэ къызэшхыдэу, иужькIэ, сытригъэужыну хэту, гущэкъу уэрэд, таурыхъ хьэлэмэтхэр къызжезыIэу щытар иджыпсту япэу слъагъу фIэкIа пщIэнкъым. Сэ сщIэрт ар сыбгынэмэ, и закъуэ дыдэу къызэрынэнур. Ауэ езыми жиIэрейт: «Джэдкъуртым ещхьу, си дамэм игъащIэкIэ ущIэзгъэсыну уи мыгугъэ». СемыупщIу сыдэкIуати, къэгубжьащ, къызэбгащ, иджы, мис, щIегъуэжауэ ди унэм щIэсщ, ди насыпым ирогуфIэри. Дауэ мыхъуми, хэт зыгъэкъуэншэфынур си ТIатIэ, апхуэдиз гугъуехь зышэча, си адэ-анэм пезмыдзыхыу слъэгъуа си ТIатIэ дыщэ?!

– Зи гъащIэр зэпызыщIа ныбжьыщIитIыр Тхьэшхуэм насыпыфIэ щищI мы унэ-лъапсэм! – мэхъуахъуэ си адэ шыпхъур. – Къуиблрэ пхъуиблрэ Тхьэшхуэм къарит, абы къатехъукIыжа щIэблэр, удзыпэ пэбжу, Тхьэшхуэм игъэбагъуэ. Мы гъэм къефхьэлIэжа гъавэр хьэгъуэлIыгъуэкIэ тхьэм фигъэшх. Гузэвэгъуэ къэхъун хуей хъумэ, гъащIэ къэзыгъэщIа сэ фызыжьым къыстрырехуэ!

«Тхьэм къыптримылъхьэкIэ зы гузэвэгъуэ! – щэхуу жызоIэ сэ. – Бгъэвар ирикъунщ». Си гъащIэм слъэгъуатэкъым ТIатIэ мыпхуэдэу гукъыдэж иIэу. Мис иджы къэкIуауэ фIыкIэ къытхуохъуахъуэ си ТIатIэ, гугъуехьу щыIэр зыгъэвар, лIы хьэл ткIий зыхэлъыр, ауэ псэ хьэлэл зиIэр.

ИтIанэ уэрэ сэрэ хьэщIэр догъэкIуэтэж бжьэпэм нэс. Дыуэршэрурэ докIуэ – пэжу, псалъэр ТIатIэрэ сэрэщ, уэ, малъхъэщIэм зэрихабзэу, уоукIытэри, ущымщ. Дэ тIур дызэхуэзэшащи, ари къыбгуроIуэ. Бжьэпэм дынэсри, дыкъэувыIащ. ТIатIэ жеIэ: «Ыту фIыт иджырей щIалэхэм натIэ зыIут кIартIуз зэращымыгъыр. Ахъумэ, дауэт си малъхъэ дыщэм и нэм сызэрыщIэплъэнур?» Содыхьэшхри, си адэ шыпхъум и дамэм зызокъузылIэ, а зи гугъу ищI нитIым ещхьу езыри фIыуэ зэрыслъагъур псалъэншэу къезгъащIэу. IэплIэ-ба къытхуищIыжри, ежьэжащ ТIатIэ. ДыкIэлъыплъу дыщытщ тIури, езыри къызэплъэкIыурэ Iэ къытхуещI, «фыкIуэж, сэ си гъуэгур нэсхусащ, фэ фыпсэу», жиIэ хуэдэ...

ПщIэжрэ, БэтIал, кIуэрыкIуэм тету шыпсэхэр зэхэплъхьэу зэрыщытар? Сэри себгъэсауэ, уэрэ сэрэ ди гъащIэм теухуа таурыхъхэр къызогупсыс иджы. Дызэрышамэ, диIэну щыта гъащIэм теухуа таурыхъхэр... Сытым хуэдиз гурыфIыгъуэ къэбгупсыс хъуну... Хьэуэ, зэикI къэмыхъун гуэркъым, атIэ цIыху гъащIэм пэж дыдэу къыщыхъукъыщыщIэхэм ящыщ зыгуэр!..

... Уезгъэшащ нобэ псалъэмакъкIэ. Еплъыт мы балий къыпхуэсхьам. Ауэрэ хъунущ мыIэрысэри, кхъужьри, къыпцIэри, шэфталри. Ауэ псом япэ хъур пхъэгуль, къущхьэмыщх, балийхэращ. Гъатхэр къызэрысар къыджезыIэр гъэгъахэм я закъуэкъым, атIэ пхъэщхьэмыщхьэхэмкIи къыдощIэ!.. Сежьэжынщ-тIэ сэ, дыгъэри къухьащ. ФIыкIэ, си БэтIал! Сэ сыкъэкIуэнущ пщэдеи, пщэдеймыщкIи, махуэ къэси... Мо лъэмыжым сытемыхьэу, псым занщIэу сызэпрыкIынщ. ПщIэжрэ щIымахуэу зыщыбгъэпскIар? Гъэмахуэ хъуху дапхуэдизу псыр къэхуабэми зэзгъэпщэнущ, жыпIат. НтIэ, псым и чэнжыпIэмкIэ сэри лъэсу сызэпрыкIынщ, зыгъэпскIыгъуэ хъуамэ сыпхуеплъынщи, пщэдей бжесIэжынщ...



## ЦIЫХУБЗ ЩIЫХЬЫМ ЗИ ПСЭР ЩIЭЗЫТА

Куржы зауэлIхэм Сыхъум щаубыда махуэхэрт. Дыгъэр щыкъуилъафэм ещхьу, дунейр къытеункIыфIат къалэм. ЗэрыпхъуакIуэхэр, зы абхъаз уни къамыгъанэу, щIэуэрт. Къалъыхъуэри сытыт – Iэщэфащэ, рацие, я зэран къызэрыкIын документ жыпIэн. Ауэ ахэр псори щхьэусыгъуэт, пэжыр жыпIэмэ, абыхэм хъунщIэн-фыщIэн фIэкIа къалэн яIэтэкъым. Ар къызэрыхъу хабзэри мыпхуэдэут: жэщыбгым, зэкIэлъагъэпIащIэу, автоматхэр ягъэуэрт, цIыхухэри, шынауэ, я унэхэм къыщIэплъыфыртэкъым, ауэ щыхъукIэ Iэмал яIэтэкъым мобыхэм ялэжь щIэпхъаджагъэхэр ялъагъунуи, комендатурэм хъыбар ирагъэщIэнуи. (Ауэ абы къикIыу къэкIуаIауэ зыми ищIэжкъым). Аращи, хуиту ухъунщIэнумэ, къеблагъэ.

Мы зи гугъу тщIыр къыщыхъуар щIышылэм и кIэхэрщ. Шеварднадзе и дзэмрэ уаемрэ унэм щIаубыда цIыхухэм къыщIэкIи къыщIэплъи яIэтэкъым. Жэщыбгым нэблэгъауэ, къатибгъур къигъэпсалъэу, пщIантIэм зы танк къыдэпщхьащ. Ларисэ, сакъыпэурэ, щхьэгъубжэм гъунэгъу зыхуищIащ. Мис иджыпсту Эшерэ лъэныкъуэмкIэ яхэуэнщи, абыкIи къиукIыу щIадзэнщ. «Ахъшэхэх къежьахэу аращ», – егупсысащ цIыхубзыр. Арат абыхэм я хьэлыр: зэхэуэм зэрыщIидзэу, цIыху-

хэм гузэвэгъуэкIэ ахъшэ зэхадзэрти, танкым исхэм хущIахырт, я унэр зэхамыкъутэ щIыкIэ IукIыжыну елъэIуу. Модрейхэми «я хьэтыр къалъагъурти», нэгъуэщI фейдэ хэхыпIэ деж Iэпхъуэрт.

Ауэ мыбыхэм зралъэфыхьырт нобэ. Сыту пIэрэ? Щхьэгъубжэ нэхуу хъуар зэуэ ягъэункIыфIауэ, цIыхухэр къэхъунум пэплъэрт, заудыгъуауэ. «Зыгуэрым лъыхъуэу аращ», – и гур къыхэскIыкIащ Ларисэ. Я гъунэгъу мингрелхэм бзэгу ямыхьауэ пIэрэ?.. Мо щIэныгъэлIым деж щIэмыуамэ арат, армырми и гур къоузри, шынэм илIыкIынщ лIыжь тхьэмыщкIэр... Зи, бзэгу яхьагъэнщ, мыр Куржым и бийщ игъащIэ лъандэрэ, жаIэу... Гудаутэ кIуэжауэ къыщIэкIарэт!..»

ЩхьэгъубжэIупхъуэр мащIэу IуигъэкIуэтри, аргуэру дэплъащ. Моторыр ягъэувыIэри къиувыкIауэ, щIалэжьиплI дэтт пщIантIэм. Ларисэ, щIыIэтехьэгъуэм иукIыу, зызэхуишащ, и щхьэм дэпхъуеижри, и Iэгур трилъхьащ, щысабийм щыгъуэ зэращIу щытам хуэдэу. ЩыщIыкIухэм щыгъуэ унэм цIыв къыщIэлъэтамэ, апхуэдэу зыщахъумэрт – нэхъыжьхэм ягъащтэу щыташ, цIывым уи щхьэц налъэ Iэрыхьэну фIыкъым, жаIэурэ.

ЩIалэжьхэр къэпIыщIа хъунти, зыр танкым ипщхьэжри, фадэ птулъкIэ кърихащ, арыххэуи, ар зэIэпахыу иракIыхри, абджри уэсым хаутIыпщхьэжащ. «ФигъэлIащэрэт а аркъэм, – къиIущэщащ Ларисэ. – Армырми, фи щхьэр щIагъуэкъым, фадэм нэхъри хьэIуцыдз фищIынущ... ЗэрыжаIэмкIэ, зэ щIэрыIэжмэ, дыдейхэм Сыхъум къащтэнущ. Тлъагъуну пIэрэ ар? Дынэсыну пIэрэ? Мы хьэщхьэрыIуэхэр ди закъуэкъым – урыси, ермэлыи щысхькъым. «Щхьэ фыкъытщымыгуфIыкIрэ? – жари паубыд. – КъегъэлакIуэм зэрыIущIэм хуэдэу щхьэ фыкъытпемыжьэрэ? Абхъазхэм ещхь фыхъуауэ ара?» Мохэри мэшынэри, зэрыпхъуакIуэхэм зыхуей дыдэр хуащIэ. ИтIанэ, я напIэ къахуэмыIэту, къытщоукIытэж, «абы лъэщыгъэкIэ къыдагъэтIа щIытIхэм дэ дыщIалъхьэжамэ нэхъыфIт», жызыIи къахэкIыу. Сыт пщIэн – псэр IэфIщ...



ЩIалэжьхэр уэршэру пщIантIэм дэтт. Сыту пIэрэ ягъейр?.. Аргуэру птулъкIэ зырыз танкым кърахри, ягъэщIеящ. Иджы пивэ хъунт. «Мыгъуэ зыхуэхъунхэ, тыкуэн иту ара а фи танкым?» – хъущIащ аргуэру Ларисэ. Ефэн зэраухыу, птулъкIэ нэщIхэр арыххэу уэсыщIэм хадзэжащ. Хэту пIэрэ мыбы ягъэхъур? Куэдрэ щытыну зыIурыбзаежу!.. Очамчирэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэухэр шхын щхьэкIэ долIыхь, псырэ нартыху хьэтыкърэ фIэкIа яIумыхуэу. Ари, хьэтыкъ гъурыр псыкIэ ягъэщIытэу... Мыдэ си Даур щыIарэт, дуней фигъэлъагъунт...»

И къуэм и цIэр жиIэри, анэм и гум нэхъри зихузащ. Илъэс пщыкIубл хъуа къудейуэ аращ. Зауэр къыщыхъеям, Гудаутэ щыIэу ирихьэлIэри, мыупщIэ-мыусэу, Сыхъум батальоным зыхригъэтхащ, зы зэхэуэ къэмынэуи хэтщ... Зымахуэ, унэм пэгъунэгъубзэу, Гумистэ псым къызэпрыкIахэми яхэтащ...

ПщIантIэм дэтиплIым иджы я щхьэр Iэтауэ унэр къаплъыхьырт. Хэту пIэрэ къалъагъуну зыхуейр мы ямылъагъужынхэм? Хьэмэрэ щэхуу къакIэлъыплъхэр ягъэшынэу ара, сэрауэ пIэрэ нобэ зи вагъуэр ижынур, жаIэу?

Асидэу пIэрэ? Тхьэм жимыIэкIэ, абы мыгъуэ и дэлъхур уIэгъэ хьэлъэу сымаджэщым щIэлъщ, къелыни къемылыни... Е Арсен къалъыхъуэр? Урысхэм ягъэпщкIуащ ар, ягъуэтынукъым. Зыгуэрым бзэгу имыхьакIэмэ...

ЛIитIым Ларисэ зыщIэс подъездымкIэ яунэтIащ. Адрей тIури къежьащ, дзэ псо къапэщIэт нэхъей, я автоматхэр яузэдурэ. Ларисэ щхьэгъубжэм къыIукIри, бжэм деж зыщиудыгъуащи, мэдаIуэ. Лъэ макъхэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къэхъурт. Мис иджыпсту и гъунэгъу щIэныгъэлIым и бжэр тракъутэу хуежьэнущ... Езым и деж сыт щхьэкIэ къэкIуэн, тIэуней яхъунщIащ, унэм зы къыщIамынэу. ДаIуэурэ зытэлай дэкIащ, и псэр IукIащи, бланэ ирахужьам хуэдэу и гур къоуэ. Мис, гъунэгъу дыдэ къэхъухэри... езым и бжэм къеуэу щIадзащ, кIэщIуи макъ чэфыр къэджащ, игъащIэ лъандэрэ и нэIуасэ хуэдэ:

– Ей, дахэ, къыIухыт мы бжэр. Уи дэлъхухэр къэсащ, дыкъыумыцIыхужу ара? Сыхъум япэу къыдыхьа танкым исар дэращ, плъэгъуакъэ телевизоркIэ?

«Сыунэхъуащ, – гужьеящ цIыхубзыр, – автоматкIэ бжэм къеуэнущ иджыпсту».

– Iухыт мы бжэр! Умыгузавэ, ефэ-ешхэ дыхэтынукъым дэ, уи паспортым деплъу дежьэжыну аращ.

Зыгуэрым бзэгу ихьам шэч хэлъкъым. Армыхъумэ, дэнэ щащIэрэ зэрыщIэсри зэрыцIыхубз закъуэри? Зауэр къэхъеиным куэд имыIэжу, и щхьэгъусэр щаукIам, я гъунэгъу куржы цIыхубзхэм кърадзауэ щытащ: «Уи къуэ закъуэр уи унэцIэмкIэ щхьэ иумыгъэтхыжрэ?» Абы щыгъуэ Ларисэ къэгубжьри пидзыжат: «Куржы унэцIэ зесхьэми, зы лъы ткIуэпс куржыуэ сщIэткъым!»

– Арухадзе! – зэхихащ аргуэру лIы чэфым и макъыр. – Еплъыт абы, дэ Кутаиси нэс дыкъикIащ, ди благъэхэм дакъыщыжыну, мыбы дыщIигъэхьэн идэркъым! Абхъаз хьэл къэпщтауэ ара?



Иджы шэч хэлъыжтэкъым: и унэцIэри, и псэупIэри щащIэкIэ, дауи, зыгуэрым и бзэкIэ къыхуэкIуащ ахэр. ФIырыфIкIэ абыхэм зэрафIэмыкIынур къызыгурыIуа цIыхубзым, Iэрпхъуэру, пэшыр къызэхижыхьащ. Щхьэгъубжэр зэIуидзрэ кIиймэ дауэ хъуну? Хьэуэ, мышынэу зыри къыдэIэпыкъунукъым, абхъазхэм ящыщ зыгуэр къыдэщIмэ, абыи и кIуэдыр къэсауэ аращ... Сыт ищIэнур? Бжэр гъущIми, шэм кIуэцIримыудын щыIэкъым. Бжэр Iуихынущи – мэшынэ, Iуимыхщи – нэхъеижщ.

– Ей, цIыхубз, дахэкIэ Iупхыну, хьэмэрэ фочышэкIэ хэдудыну уи бжэр? Дэ ныжэбэ ди щхьэр тIэкIу тедгъэун хуейщ, къыбгурыIуа? Уэри уи жагъуэ хъункъым а «тIэкIур», пэжкъэ? Уэ иджыри ущIалэщ, уилIми хуабжьыщэу ухуэмыщыгъуэу жаIэ. Ей, ныIух мы бжэр дахэкIэ! Дэ тхуэдэ щIалэ дэгъуэ щIамыгъэхьэр! Дэ Сыхъум дыщыщыIэкIэ, уи щхьэгъусэ лIар дэнэ къэна, абхъазылIу дунейм тетыр пщыгъупщэн хуейщ! Ахэр лIыуэ щытамэ, уэ пхуэдэ тхьэIухудыр и закъуэу къагъанэу, Гумистэ адрыщIым икIыжынтэкъым! ЛIы нэс ухуеймэ, мис, дыкъыпхуэкIуащ, зэ мыхъуми зэ бгъэунэхун хуейкъэ ар зищIысыр! ИIэт, Iухыт!

Ларисэ адрей пэшышхуэм щIыхьэри, уэздыгъэр пигъэнащ. Сурэтхэр зыдэлъ альбомыр къищтэри, нэхъыфI дыдэу илъагъу сурэтыр къыдихащ. И щхьэгъусэр, езыр, я къуэр зэщIыгъуу зытрагъэхауэ щытат... Сурэтым еплъри, и бгъэм щIикъузащ, и нэпсри къыщиудащ занщIэу. «Си псэм хуэдэхэ, – Iущащэу жиIащ Ларисэ, – игъащIэм фи напэ тесхакъым, иджыри тесхынкъым... Си къуэ цIыкIу, сыту си нэ къикIрэт зауэлI фащэ пщыгъыу, ди ныпыр бгъэхуарзэу, Сыхъум укъыдыхьэжауэ слъагъуну... Сыт сщIэн, Тхьэм къысхуиухакъым... Нысэ цIыкIу къысхуэпшэну си нэ къикIырт. Иджыри мы унэм къыщIэпшэнщ ар, Тхьэшхуэм жиIэмэ.

Уи адэмрэ сэрэ къаруушхуэ тедгъэкIуэдат мы фэтэрым... НысащIэ дахэ къыщIэшэ, уи ныбжьэгъухэри къегъэблагъи, гуфIэгъуэр щыфIэт мыбдеж! Уи адэмрэ сэрэ дыкъаплъэурэ дыфхуэгуфIэнщ. Мы дунейм дэ дызыхуея теткъым, уэ мы ди щIыналъэм мамыру, насыпыфIэу ущыпсэуну фIэкIа. Къысхуэгъэгъу, си сабий закъуэ, нэгъуэщI Iэмал сиIэжккъым... Къысхуэгъэгъу, си лъэпкъ дыщэ!..»

Бжэр мыувыIэу къытракъутэрт, иджы зэрафIэщкIэ IэштIымкIи, лъакъуэкIи, фоч лъэдакъэкIи къеуэрт. Ларисэ, сурэтыр зэриIыгъым хуэдэурэ, хуэму бжэм бгъэдыхьащ.

– Сыт, куэпэч, уи щхьэ ухуэпсэлъэжу пщIэр? Мы бжэр хыдумыгъэуд, армыхъумэ уи щэIу макъыр Гумистэ адрыщIым нэсынщи, уи къуэжь цIыкIури абы щIыгъухэри езыр-езыру ди жьэм къыжьэдэпкIэнщ. Ара нэхъ къапщтэр? «Абхъаз делэ», жыхуаIэракъэ, натIэкIэ блыным феуэнущ. Ауэ дэтхэнэра абы хэкIуэдэнур – натIэра хьэмэрэ блыныра? Абы фызэрегупсысын акъыл фиIэ мыгъуэ фэ!

ЦIыхубзым бжэ къуагъым зыдикъузащ, шэ къытемыхуэн хуэдэу.

– ЛIыукIхэ, хьэбыршыбырхэ, хъунщIакIуэхэ! – къэкIиящ ар итIанэ. – Нобэ ди щIыр фуцIэпIу фытет щхьэкIэ, куэд мыщIэу фи хьэдэр зэпаIыгъыу дахыжынущ! ДищIми фыщыщIалъхьэнукъым фэ, хьэ дыдэхэми фи хьэдэ къупщхьэ зрапэсынукъым, къывгурыIуа? Дэ ди щIым щIалъхьэр цIыху къабзэщ! Фи лIыгъэр здынэсыр арати, цIыхубз закъуэм фытеуащ... НтIэ, ар къабзэу дунейм тетщ, къабзэуи и лIым деж мэкIуэж! Си къуэр къызогъанэ, силъ ищIэжыну! Си лъэпкъыр къызогъанэ, фи ажалыр къигъэсыну!

– Плъэгъуа куэпэч! – лIыхэм, нэхъри къызэрыгъэплъауэ, бжэр къытракъутэ, фочышэр къытрагъэлъалъэ. Ауэ Ларисэ щхьэгъубжащхьэм теувакIэт... Еянэ къатым уеплъыхмэ, хуиту ухэплъэрт Гумистэ щхьэщыт бгыхэм, ахэр ещхьт щIакIуэ фIыцIэ ящыгъыу еувэкIа щIалэщIэхэм. ЗыталайкIэ ахэр псым къыхыхьэу, къызэпрыкIынуи къыпфIэщIырт.

– Си псэм хуэдэ, си щIалэ цIыкIухэ! Фэращ дызэжьэр, фепIэщIэкI!..

Шыцуэсыр хуэму щIылъэм къытегъуалъхьэрт. Ауэ щIым щылъ Ларисэ и лъы пщтырым зэрынэсу, ткIужырти, цIыхубзым щIыгъуу, и «псэр хэкIырт». Лъыр мыхъуамэ, мы цIыхубз дахэр уэсым хэлъу дауэ жеифа, жыпIэнт...

Бжэм езауэхэм зэуэ къагурыIуащ къэхъуар. ЖэрыжэкIэ унэм къызэрыщIэхри, щIым щылъ цIыхубзым щхьэщыхьащ.

– Мэз джэду IэкIэ къыпхуэубыдын? – жиIащ зым.

– Зэштегъэу тщIынщ жытIати, дэнэт!

– А здэкIуам дэр нэхъыфI щигъуэтми деплъынщ...

Танкыр гъуагъуэу пщIантIэм зэрыдэкIыжу, унэм щIэсхэр къызэхуэжэсащ. Псоми я бзэр иубыдат. ЩIэныгъэлI лIыжьым, Ларисэ апхуэдизу зытегузэвыхьам, и щхьэр лъагэу иIэтри жиIащ:

– И цIыхубз щIыхьыр ихъумэжауэ, къабзэу дунейм ехыжащ...

*ЗэзыдзэкIар* **МЭРЕМКЪУЛ Ларисэщ**

# ЗИ УСЫГЪЭР ЩIЭЩЫГЪУЭ



XXI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэ дыдэхэм къэбэрдей литературэм усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэ гупышхуэ къыщызэщIэрыуауэ щытащ. Абыхэм я нэхъыбэр Хьэх Сэфарбий и нэIэ щIэту лэжьа «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и гъукIэгъэсэнхэщ: Жамбэч Рабия, КIарэ Альбинэ, Къаныкъуэ Анфисэ, Нартокъуэ Анжелэ, Гугъуэт Заремэ, НафIэдз Мухьэмэд, КъуэщIысокъуэ Марьянэ, Къэзан ФатIимэт, ГъукIэ Маринэ, Бэрбэч Аслъэнджэрий, нэгъуэщI зыбжани. НыбжькIэ щIалэ дыдэхэми, абыхэм адыгэ литературэм лъагъуэщIэрэ унэтIыныгъэ щIэщыгъуэрэ щыпхашащ, икIи ар дяпэкIэ зрикIуэну гъуэгури зыкъомкIэ яубзыхуащ. Хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, лъэпкъ литературэм нэхъыбэу зыужьыныгъэ щызыгъуэта усэ, рассказ, повесть жанрхэм нэмыщI, абыхэм я творчествэм зыщиубгъуащ новеллэм, прозэу тха усэм, миниатюрэм. Зи гугъу тщIы ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъищ («Жызум уэшх», «КъудамэщIэ», «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» фIэщыгъэхэм щIэту) дунейм къытехьащ, къищынэмыщIауи, языныкъуэхэм я усэхэр, рассказхэр, новеллэхэр, прозэу тха усэхэр зэрыт тхылъ щхьэхуэ зыбжани къыдэкIащ. Апхуэдэщ КIарэ А. и «Си Iэлъыныр узот», Къаныкъуэ А. и «Синэмис», Нартокъуэ А. «Лъагъуныгъэм и къару», Щомахуэ З. и «Мадоннэ», Гугъуэт З. и «Хьэуа Iубыгъуэ» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

НыбжькIэ щIалэ цIыхур литературэм щыхыхьэкIэ абы кIуапIэу тIу иIэ хабзэщ. Япэр – нэхъ балигъ хъууэ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэбакъуэу, нэгъуэщI IуэхухэмкIэ тещхьэрыукIыу, литературэр IэщIыб ищIыжынырщ, етIуанэр – зэчий къызыдалъхуар, зи лъым хэпщауэ дунейм къытехьар и гъащIэ Iыхьэр иухыхукIэ къыхиха гъуэгуанэм тетынырщ, нэхъ пэжу жыпIэмэ, а гъуэгуанэм къытекIыныр е дидзыхыныр псэкIэ хузэфIэмыкIынырщ. И усэ купщIафIэхэм ятепщIыхьмэ, а гъуэгур зи натIэхэм ящыщу къэлъытапхъэщ Гугъуэт Заремэ.

* * *

Гугъуэт Заремэ Хьэбас и пхъур Дзэлыкъуэ районым щыщ Къармэхьэблэ къуажэм 1988 гъэм ноябрым и 14-м къыщалъхуащ – усакIуэщ, журналистщ. КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къиухащ. «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэщ. Заремэ и усэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ къытохуэ, «КъудамэщIэ»

(2009), «Шыхулъагъуэм» и вагъуэхэр» (2010) сборникхэм итщ. «Хьэуа Iубыгъуэ» зыфIища и япэ тхылъыр 2016 гъэм дунейм къытехьащ. Ар, и фIэщыгъэ къудейри щыхьэт зэрытехъуэщи, хьэуа Iубыгъуэ къабзэу икIи щIэщыгъуэу езы усакIуэм и творчествэми, лъэпкъ усыгъэми къыхыхьащ. Абы щызэхуэхьэса усэхэм гъащIэм и плъыфэ куэд къыщызэщIэкъуащ: гухэлъ къабзэри, гуапагъэри, гущIэгъури, фIыщIэри, губгъэнри, гуфIэгъуэри, нэщхъеягъуэри. УсакIуэр сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэ иримыхьэлIами, дунейм и дахапIэр къыхелъагъукIыф, дэтхэнэ лъэпощхьэпоми къыпекIуэкIыфу, езым и гъуэгу екIуж. Псалъэм папщIэ, зи гугъу тщIыхэр щынэрылъагъущ «СыгущIыIэу жызыIэм» усэм. Образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ абы къыщыIуэтащ усакIуэм и псэкупсэ дунейм и щытыкIэр, гъащIэм гъуазэ щыхуэхъу гупсысэхэр:

*Пщэдджыжьыпэм и джийм*
*Ирегъэх уэсэпс щIыIэ.*
*СыблэкIынущ иджы*
*СыгущIыIэу жызыIэм.*
<...>
*СыблэкIынущ зэгуэр,*
*СыгущIыIэу жызыIэм.*
*Хэт хищIыкIрэ зыгуэр*
*А гу щIыIэм ишыIэм.*
**(«СыгущIыIэу жызыIэм»)**



Пэж дыдэуи, «зи щхьэ мыузым уи щхьэуз хуумыIуатэ» псалъэжьым зэрыжиIэу, гущIыIэу укъэзылъытэу узыхэзымыщIэм, зигу къыпхуэщIыIэм ублэкIыныр куэдкIэ нэхъ тыншщ, зыгуэр къыгурыбгъэIуэн, «ущIэгущIыIэр» зыхебгъэщIэн нэхърэ.

УсакIуэм Iыхьэлейм икIауэ кууэ гъащIэр зэрызыхищIэм, зыхищIа псор художественнэ бзэ дахэкIэ къызэриIуэтэфым я щыхьэтщ мы едзыгъуэри:

*Хъея жыгым дотхытх*
*Тхьэмпэ цIынэм телъ ткIуэпсхэр.*
*ЩIым къабзэмэ къыхех,*
*Иущэхуу къихъуэпсхэр...*
**(«СыгущIыIэу жызыIэм»)**

Гугъуэт З. и IэдакъэщIэкIхэм гурыщIэр щытепщэщ. Абы щыгъуэми лирикэ лIыхъужьым и лъагъуныгъэр зэмылIэужьыгъуэщ, зы пIэмрэ зы хьэлымрэ иткъым, атIэ зихъуэж-зиужьу къогъуэгурыкIуэ. Апхуэдэ лъагъуныгъэм и лъабжьэщ гумащIагъэр, гуапагъэр, гущIэгъур. Псом хуэмыдэу иужьрейр щынэрылъагъущ «Гъатхэм зыхуегъафIэ жыг къудамэм...» усэм. Зи къудамэр паупщIа жыгым къылъыса гуауэшхуэр усакIуэм гущIэгъу ин хэлъу къегъэлъагъуэ:

*Мес, къохуэх, къыгуоху къудамэр жыгым,*
*ЩIыр къигъаскIэу, удзым къыхэхуащ,*
*Ар зи нэгу щIэкI жыгым и гъэгъахэр,*
*Нэпсым хуэдэу, щIылъэм телъэлъащ.*
**(«Гъатхэм зыхуегъафIэ жыг къудамэм...»)**

Гугъуэт Заремэ пейзажыр псалъэкIэ зыщIыф усакIуэщ. Абы и усэ куэдым къыхощ нэхущыр, пщэдджыжьыпэ акъужь гуапэр, уэсэпс къабзэр, дыгъэ бзийхэр, къызэщIэкъуауэ жыпIэмэ – гугъапIэ дахэхэр щыятэу насып къэкIуэгъуэкIэ зэджэ пIалъэр. Уеблэмэ усакIуэм жэщмахуэм къриубыдэ сыт хуэдэ зэманри дыгъэ къыщIэкIыгъуэу, нэху щыгъуэу къипсэу хуэдэщ, а пIалъэм нэмыщI, адрей псори и Iумпэму: *«Пщэдджыжьыпэр нэхъыфIт, / КъыкIэлъыкIуэрщ сымыдэр»,* – щетх абы «СыгущIыIэу жызыIэм» усэм.

ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа пкъыгъуэхэмрэ мотивхэмрэ (нэхущым, пщэдджыжьыпэм ехьэлIахэрщ зи гугъу тщIыр) язынықъуэ усэхэм деж сатыр зыбжанэкIэ е зы едзыгъуэкIэ къыщыгъэлъэгъуамэ, «ГъащIэ къуэпсыбэ слъэгъуащ нышэдибэ...» зыфIища усэр къабзагъэ защIэрэ нурыбэу зэхэлъщ:

*ГъащIэ къуэпсыбэ слъэгъуащ нышэдибэ,*
*Нуру къэунэхурт пшэплъ.*
*ПсыщIыIэхуэлIэу, хьэуам сеIубырт,*
*Дыгъэр жейбащхъуэу къыкъуэплът.*

*ГъащIэ къуэпсыбэ слъэгъуащ нышэдибэ,*
*Дыгъэм ирифырт уэсэпс.*
*Дыщэ Iуданэ уафэбгъум иридэрт,*
*КIэрилъхьэ щIыкIэу сэхусэплъ.*
**(«ГъащIэ къуэпсыбэ слъэгъуащ нышэдибэ...»)**

Мыбдеж узыщрихьэлIэ «псыщIыIэхуэлIэ», «дыгъэ жейбащхъуэ», «гъащIэ къуэпсыбэ» псалъэхэмрэ псалъэ зэпхахэмрэ усэм и купщIэр щIэджыкIакIуэм къыгурыIуэ къудей мыхъуу, псэкIэ зыхищIэнымкIэ къалэн пыухыкIахэр ягъэзащIэ.

Гугъуэт З. и усэхэм къыщиIэт Iуэхугъуэхэр, абыхэм лъабжьэ яхуэхъу темэхэр сыт хуэдэ зэмани усыгъэм къыдэгъуэгурыкIуэхэрщ – лъагъуныгъэр, пейзажыр, хэкупсэ мотивхэр, н. Ауэ усэхэм я поэтикэ гъэщIэгъуэнырщ мы усакIуэ ныбжьыщIэм езым зэригъэпэщыжыфа и хьэтIыр адрейхэм нэхъыбэу къащхьэщызыгъэкIыр: ритмикэри, рифмэ къэгъэщIыкIэри, псалъэухахэм я ухуэкIэри, строфахэм я зэхэлъыкIэри усэ къэскIэ щызэщхьэщокI. Псалъэм папщIэ, «Хьэуа Iубыгъуэ» тхылъым ущрохьэлIэ деепричастие защIэу зэхэлъу (зэзэмызэххэ щыIэцIэрэ глаголрэ къыхэхуэу) гъэпса усэ:

*УмыщIэурэ сыныпхуэпIащIэу,*
*Сызэшурэ, си гугъэм хэщIу,*



7 Заказ №75

*Сыгуапэми, сыпхузэгуэпу,*
*Сынаплъэми, укъэплъэнэфу,*
*Сыкъафэми, укъыздэмыфэу,*
*УсцIыхуми, сыкъыумыцIыхуу,*
*СыбблэкIмэ, сынызэплъэкIыу,*
*ГукъэкIхэри щхъэм щызэблэкIыу.*
*Си гугъэр ныплъихъэу, зиплъыхъу,*
*Уэгу-жъэгум сыдэсу, сыкъису...*
**(«УмыщIэурэ сыныпхуэпIащIэу...»)**

Заремэ и усэхэм ухуэкIэ щхьэхуи яIэжщ. Нэхъыбэрэ узрихьэлIэ сатыриплI едзыгъуэхэм нэмыщI, абы и IэдакъэщIэкIхэм яхэтщ сатыр тIурытIу («Сурэт», «Ныхэслъхьэрт си гъащIэр уи гъащIэм...», «АфIэкI си нэгу укъыщIэмыхьэ...»), сатырищу («Щхьэрыуащ зэманыр...») зэхэт строфакIэ тха усэхэр. «Хьэуа Iубыгъуэ» тхылъым хыхьащ зы едзыгъуэ фIэкIа мыхъу усэ кIэщIхэри («ЗыхэсщIащ уи щэхур, бжьыхьэ...», «Аргуэру бжьыхьэ, аргуэру уэшх...», «Псэм и щэху, макъамэ гуапэ...», «Уэсым дунейр зэпеплъыхьри...», н.).

Гугъуэт З. и усыгъэм бзэм и Iэмал зэхуэмыдэхэр, псом хуэмыдэу къызэтеувыIэныгъэр («пауза»-кIэ зэджэр), жыIэгъуэ пычахуэхэр («обрывочность фраз» жыхуэтIэр) куэдрэ къыщыгъэсэбэпащ. Апхуэдэ Iэмалхэм («стилистический прием» къидгъэкIыу) усэм и купщIэ нэрылъагъури абы щIэгъэпщкIуа щIагъыбзэри психологие и лъэныкъуэкIэ нэхъ щIагъэбыдэ, нэхъ лъэщ ящI. Къэтхьынщ щапхъэхэр:



*Сурэт... ГукъэкIыж уэр.*
*Сызыхуэныкъуэр уэрщ.*
<...>
*Сурэт... Сурэт къудейщ...*
*АрщхьэкIэ – ар ууейщ!*
**(«Сурэт»)**

НэгъуэщI усэм и деж къызэтеувыIэныгъэр къэзыгъэхъур усэм и ритмикэ «дыкъуакъуэрщ». «Дыкъуакъуэ» псалъэм «ныкъусаныгъэ» мыхьэнэ хэтлъхьэркъым, ар усакIуэм и усэр нэхъ щIэщыгъуэу зыхыдигъэщIэн папщIэ къигъэсэбэпа Iэмалу аращ:

*ГъащIэ къуэпсыбэ слъэгъуащ нышэдибэ,*
*Нуру къэунэхурт пшэплъ.*

U U U / – U U / – U U / – U
– U U / – U / –

Къэтхьа сатыритIым хэIэтыкIа пычыгъуэхэмрэ хэмыIэтыкIахэмрэ я бжыгъэм, увыпIэхэм ущызэхуеплъмэ, щхьэхуэныгъэ зыбжанэ къыхэгъэщыпхъэщ: япэрауэ, дактиль стопаиплIу зэхэлъ сатыр шэщIакIэ щIидза усэр етIуанэ сатырым и деж стопаищым щыхуокIуэ, абы щы-

гъуэми етIуанэ сатырым и япэ стопар дактилу къызэтенэ щхьэкIэ, адэкIэ къыкIэлъыкIуэ стопаитIым деж ар хорейм хуокIуэж. Шэч хэмылъу, къэдгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм усэм и ритмикэр нэхъ гугъусыгъу, ауэ щIэщыгъуэ ящI.

Гугъуэтым гъэщIэгъуэну къигъэсэбэпхэм ящыщщ сатыркIуэцI рифмэр. Щапхъэу къэтхьынщ зы усэм къыхэтха сатыр щхьэхуэхэр:

Сурэт **уохъумэ.** ЩIыIэ **хъумэ**

Жыг щхьэкIэр *тхъуауэ,* уигу *щIэгъуауэ*

Уоплъэж <u>зэманым</u> и <u>кхъузанэм</u>

ЩIымахуэ **хадэм** куэд **уегъадэ**

Сыхьэтым *уоплъри,* тIэкIу *ухоплъэ*

Сурэт <u>тIорысэм</u> – уи <u>гупсысэм</u>

**(«Сурэт уохъумэ. ЩIыIэ хъумэ…»)**

Мыбдежым рифмэ къулейхэр къагъэщI *уохъумэ – хъумэ, тхъуауэ – щIэгъуауэ, зэманым – кхъузанэм, хадэм – уегъадэ, уоплъри – ухоплъэ, тIорысэм – гупсысэм* псалъэхэм.



Куэд дыдэрэ мыхъуми, Гугъуэт З. и IэдакъэщIэкIхэм усэ хужь къыщыхэхуэ щыIэщ. Усэ хужьым зэрыщыхабзэу, ахэр рифмэншэщ, ритмикэри шэщIа дыдэу щыткъым, абы щыгъуэми, языныкъуэ усакIуэхэм къазэрыIэщIэщIэу, Заремэ и усэ хужьхэр прозэм хуэкIуэркъым, атIэ усыгъэм и нэщэнэ, гупсысэ къэIуэтэкIэ гуэрхэр хъума щохъу. Мис апхуэдэ зы щапхъэ:

*ГушыIэм хуэзгъакIуэ уи псалъэхэм*
*Гур зэщIаIулIэ,*
*Жьыр спаубыд,*
*Уэшх щхъэхынафэм илъэсыж гъуэгум*
*Сроплъэ.*
*Укъоплъэ.*
*Зэщхъ защIэу екIуэкI си махуэхэм*
*Бжэр къpaдзылIэ.*
*Бжэм сыхуоплъэкIри,*
*Нэщхъ зызодзэкI.*
*СобзыщI аргуэру*
*МыIуэтэгъуафIэ гукъэкI…*
**(«ГушыIэм хуэзгъакIуэ уи псалъэхэм…»)**

Заремэ и усэхэм художественнэ Iэзагъым и нэщэнэхэм ущрохьэлIэ. Абы езым и тхэкIэ хэха зэрызэригъэпэщыжыфам и щыхьэтщ усэ зэ-

хуэмыдэхэм къыхэтха мыпхуэдэ сатырхэр: *«Еущыкъуейри си гур гъащIэм», «Дыгъэм ирифырт уэсэпс», «ЩIымахуэм и таурыхъыр хужьщ», «Жэщыкум уафэр мэупщIыIу, / КъыIэпыщэщу дыжьын щIыIу», «Уафэр йоплъэ гуэл гъуджэм», «ЩIымахуэ жэщым и IэплIэ щIыIэм / Йощтыхьыр вагъуэ», «Зыгуэрым и гъуджэм къощыр / ЖэуапкIэ уIа гукъэкIыж», «Жыг щхьэкIэм дыгъэр йопэщэщыр», «ЩIымахуэ пщIантIэм уэс къыщофэ».*

Усэхэм нэмыщI, Заремэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ, «Хьэуа Iубыгъуэ» тхылъми хыхьащ адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэ жанркIэ тха тхыгъэхэр – прозэу тха усэхэр: «Щэху», «Гугъэ», «Зимычэзу бжьыхьэ», «Мазэм ихъумэр», «Гу щIыIэ», «Бзэм и лъахэм», нэгъуэщIхэри. Абыхэм щынэрылъагъущ усакIуэм и гупсысэхэр зэрыкуум нэмыщI, и бзэм и къулеягъри, и образ къэгъэщIыкIэм гъэщIэгъуэнагъыу, щхьэхуэныгъэу хэлъхэри. Щапхъэу къэтхьынщ «Бжьыхьэр къыщыджэкIэ» тхыгъэ кIэщIым щыщ мы пычыгъуэр: *«Лъэ макъ щабэ бзыщIакIэ бжьыхьэм утыку зыкъещI. Жыгхэр зэм зоIущащэ, зэм къызэдофэ, зэми жьыбгъэр къудамэ шэщIахэмкIэ ялъахъэри, хадэм ирашэ, жаIэхэм щIагъэдэIу. Жыгхэм зэдагъэщIагъуэхэр жьыбгъэм иIуэтэжынущ».*

Гугъуэт З. и усыгъэм зыкъызэкъуих къудейщ. И япэ тхылъри, адрей и IэдакъэщIэкIхэри щыхьэт зэрытехъуэщи, ар лъэпкъ литературэм, къапщтэмэ, усыгъэм хэлъхьэныгъэ пыухыкIахэр хуэзыщIыфыну гугъэ уэзыгъэщI усакIуэщ.



**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

Усэхэр ГУГЪУЭТ Заремэ

* * *

Уэ птеухуа гухэлъ уэрэдым
КъыхэIукIыжыркъым си макъ.
Тхылъ гуэрым къыдэхуа сурэтыр
Щыбогъэсыжыр ди зэхуаку.

Гухэлъыр мэхъури мафIэ сахуэ,
Гъуэгу бгынэжам ар тыбопхъэж.
Абдеж щыIэжкъым къуанши захуи,
Ауэ тхылъ напэм зэ уопхъуэж...

Сурэтыр щыбгъэса пэш нэщIым
Iугъуэмэ IэфI къыпщохъу къыщIих.
ГукъэкIыж гуэрым зыбогъэщIри,
Зэманыр пэшым щыIурех.



* * *

Си псалъэ щыIэкъым уи лъахэм,
Аргуэру жьапщэщ...
Гукъанэ защIэу нэ дияхэм
ЯбзыщIыр дапщэ?
Борэным пIалъэм къыщIегъалъэ,
Къытхуэгубжьауэ.
Зэманым нэкIур зэрегъалъэ,
Гъэхэр къибжауэ...
Делъхьэжыр жэщым и гуфIакIэм
Вагъуэзэшиблыр.
Си гугъэр уафэм къыщегъачэ
Къысхуэпхьа щыблэм.

* * *

ЩIымахуэ жэщым и IэплIэ щIыIэм
Йощтыхьыр вагъуэ.

Уафэ лъащIэншэм гуауэр изыIуэщ,
Трихьэу пшагъуэ.
Аргуэру жэщым зеукъуэдийри,
Сытхъу къыпощэщыр.
Уафэм сиплъэхукIэ, си нэр тодие
Вагъуэ уэзгъэщхьым.
Жэщ курыкупсэм къихута вагъуэм
ИцIыхукъым уафэр.
ЩIыIэм зэрисыр мэхъури и жагъуэ,
Къелъыхъуэ мафIэ...
Зыри жумыIэ... Жэщым ухэплъэмэ,
КъэпцIыхужынущ.
Дэнэ ущыIэми, щIымахуэхуэплъэу
Къэбгъэзэжынущ.

* * *



Гухэлъыр сIэпохури, мэщащэ,
Зэманым сыт жиIэжын...
Зыгуэрым и гъуэгу сыщыгъуащэу,
И гъуджэм си теплъэ къищынщ...
Селъагъури, жэщыр мэгубжьыр,
ГупсысэкIэ сыхегъэзыхь.
Си гъащIэм пщIэрэ и ныбжьыр?..
БжьыхьитIу зэхозэрыхь.
Зым ещIэ си гъуэгум и пэр,
Дакъикъэу зэхещыпыкI.
Адрейм къысхуегъуэт гъэшыпIи,
Уи макъи къыхэмыIукI...
Гухэлъым жиIэнур сощIэ:
«Гъэзэжи, си нэгу щIэкIыж»...
Зыгуэрым и гъуджэм къощыр
ЖэуапкIэ уIа гукъэкIыж.

* * *

Си нэджыджым къытощыр
Ди блэкIам и зы пэж.
Гъуджэм къищ гукъэкIыжым
КъозэвэкIыр си пэш.

Уафэм вагъуэ йоIусэ,
Жэщыр си гум къихьэху.
Зэхэслъхьа гухэлъ псысэр
ФIэкIуэдахэм лъыхъуэху.

Жэщ гупсысэм къегъуэтыр
ЖыдмыIахэм хэлъ щэху,
Уэ си гъащIэм ухэту
Къыстещхьэнущи нэху.

* * *

Сэ сощIэ бжьыхьэм и бэуэкIэр,
Жыг тхьэмпэ гъуэжьу жьым ипхъэнкIыр,
БжьыхьэкIэу си гум укъыщIэкIыр,
Уэшх къешхырилэм къызиIуэкIыр.

Жыг щхьэкIэм дыгъэр йопэщэщыр,
Езым и плъыфэ къыщIигъэщу.
Зэгъусэу ахэм къаIущэщыр
Сэ сощIэ, гухэлъ кIасэщ зэщхьыр.

Жыг хадэм уи цIи къыхоIукIыр,
IыхьитI зы бжьыхьэр ирищIыкIыу.
Сэ сощIэ бжьыхьэм игу пымыкIыр —
Жыг щIагъым макъыу къыщIэIукIырщ.

* * *

Уи цIэджэгъухэм саблокI,
Уи дауэгъухэм сафIокI,
Зы пэж гуэр къыщесхьэкIыу мы си гум.

Уи унащхьэр къахощ,
Тхьэмпэ плъыжьхэр къытощ,
Ауэ си лъэр къинащ уэрамыкум.

Дыгъэм бзийр иухащ.
Мы си дамэр гуахащ
Зи куэбжэпэ си ныбжь къыIунахэм.

Сэ уи макъ зэхэсхащ,
Бжьыхьэу хъуам сатехьащ,
КъисIуэжащ цIэимыIуэу щытахэр.

Жьыбгъэм тхьэмпэ епхъэнкI,
СфIощI иджы укъыдэкI.
Гъуэгур тIууэ уэ зэхэбгъэкIыу.

Мазэр хуэму йокIуэкI,
Зы пэж гуэр къызохьэкI,
ПIэпыхуауэ сэ ущызблэкIым.

* * *

Уэс нэкIущ ди пщIантIэр.
Къосри къос...
Гупсысэр лъапцIэу гущIэм щос.
НитIыр мэгуфIэри,
ЩоункIыфIыкI.
Уэсым игъафIэр
Жэщым щIещыкI.
Уэсылъэ жэщыр
Вагъуэхьэ гъуэгущ.
Гум къиIущэщхэр
Къощыр и нэгу.

* * *

Дунейр си пащхьэм щоуназэ,
Гухэлъ зеиншэм сыкъефыхь.
Сэ мор си вагъуэщ... мор си мазэщ,
КъысхуещI аргуэру уафэм тыхь.

ЗызощIри лъапцIэ, сокIуэтыжыр,
Бжэ гъэбыдахэр Iузохыж.
Языхэз бжэIум уимытыжми,
Жэуап зыгуэрым къызетыж.

Си гукъэкIыжым едыгъужыр
Уэрамым къыдэна дунейр.

Бжьыхьэ лъэужь къызогъуэтыжыр —
А бжьыхьэм пщIащэр пыхурейт...

Дунейр си IэплIэм щоуназэ,
Дыгъуаси ноби зэхохьэж.
Си щэхур ещIэ, ещIэ мазэм,
Си щэхур напIэм щIокIуэдэж.

* * *

Гупсысэм сыщищIым гуитIщхьитI,
Си ужь къыщиувэм псалъитI,
Си анэм и макъ зэхызох:
«Уэ хэди, псэм фIэфIыр къыхэх».

КъитIысхьэмэ уафэм мазэщIэ,
Уафэгум вагъуэбэ щыхьэщIэм,
«Мы жэщым фIы гуэркIэ елъэIу», —
КъызжеIэ, нур иту и нэгу.

Зэгуэр сытоувэри гъуэгу,
Ар хэплъэу къысфIэщIрэ тIэкIу...
«Псэм и пэ уи напэр ирещ»...
Гъуэгу гъусэу къызетыр чэнджэщ.

Мы гъащIэм щIэх дищIми балигъ,
Дэ анэм и псалъэм диIыгъщ.
ТхьэлъэIуу и макъ къытщхьэщытщ,
Аращ ди псэр зыщIыр щхьэхуит.

* * *

Нэщхъейуэ сыдоплъейри уафэм,
ТэлайкIэ си гум содэIуэж.
СыщIэтщ сэ гъащIэм и унафэм,
Гугъуехь а гъащIэм щыгъунэжщ.

Еущыкъуейри си гур гъащIэм,
Хьэпшып лей гуэру хыфIедзэж.
ИтIани ар, къысхуэгумащIэу,
СигъафIэу, къызодэхэщIэж.

## СЫГУЩIЫIЭУ ЖЫЗЫIЭМ

Пщэдджыжьыпэм и джийм
Ирегъэх уэсэпс щIыIэ.
СыблэкIынущ иджы
СыгущIыIэу жызыIэм.

Сыпсэлъэну сфIэмыфIт,
Бзу уэрэд зэпызуду.
Пщэдджыжьыпэр нэхъыфIт,
КъыкIэлъыкIуэрщ сымыдэр.

ГъуэгурыкIуэм ецIыху
Мы дунейм и бэуэкIэр,
Сэ махуэщIэ къэсыху
Зэхызох и псэлъэкIэр.



СыблэкIынущ зэгуэр
СыгущIыIэу жызыIэм.
Хэт хищIыкIрэ зыгуэр
А гу щIыIэм ишыIэм.

## ТIУМ Я ЩIЫМАХУЭ

Къыдоджэ тIуми зы щIымахуэ,
ЩопIыщIэ ди гум зы уэрэд.
Зыхудогъазэ тIуми уафэм:
«ТIыхыж гурыщIэр, дгъэвар куэдщ».

Гупсысэр изэшащи уэгум,
ЗигъэпщкIуу щIылъэм къегъэзэж.
Мо уэмрэ щIымрэ я зэхуакум
Щызеуэ уэсым жиIэр пэж?
Гухэлъым, ещхьыркъабзэу уэсым,
Илъэс къэсыху зэ къегъэзэж.

Къепхъых еублэ насып уэсым,
Къыщофэ хуарзэу ди щхьэщыгу.
Зэхуэзэшащи Iэджэу ди псэр,
Къыщоуэ нобэ си гур уигу.

* * *

Къалэкум псей щагъэщIэращIэ,
Зыгуэрым жеIэ: «УмыпIащIэ,
Ныщхьэбэ уафэр щыгъэ защIэщ...».
Вагъуэхэм я цIэр зызогъащIэ.

Гупсысэм псалъэ къытызошыр,
КъызэдэIуэхукIэ, къалэр йошыр.
Сэ псей щызблэнукъым си пэшым,
Зы вагъуэ си гум нэху щегъэщыр.

ЩIымахуэ пщIантIэм уэс къыщофэ,
Мы дуней псор си Iэгум йохуэ.
ГукъэкIыж куэбжэр зэIубохри,
Уэ щыму уэсым укъыхохьэ.

СиIэжыр напIэм щIэзгъэпщкIуахэрщ,
УщыIукIыжым жызмыIахэрщ,
Зэгуэрым вагъуэхэм зэхахыу,
Си щэхуу уэ зэхыумыхахэрщ.

Си Iэгум уэсыр йоткIухьыжыр...
Уэ щыму пщIантIэм удокIыжыр.
Щхьэ си гугъат гухэлъ ядыжу,
ЦIэ фIэпщмэ, вагъуэр зикI имыжу.



## ПРОЗЭУ ТХА УСЭХЭР

### МАКЪАМЭ

Макъамэ защIэщ мы гъащIэр! Псори, псори гухэлъ изогъащIэ! Си гур щохъур дунейм насып защIэ... Дыгъэ бзийм, удз гъэгъам, жыг Iэрысэм, уафэгъуагъуэм, уэшх хуабжьым, уэс щабэм... Псоми, псоми макъамэ къапех. Макъыу хъуари мы си гум зэхех.

И къеуэкIэр мы си гум макъамэщ, сыщигъафIэкIэ куэщIкIэ хэку-анэм. Макъамэхьу йошкIурэх псыIэрышэр... Макъамэпсэу щопсэу вагъуэр уафэм... Дэпыр пIэнкIмэ — макъамэщ, жьыбгъэр фиймэ —

макъамэщ. Хэт щегъафIэр игу шы лъэ макъыр, гукъэкIыжым зыхьыжри арауэ.

Бжьыхьэр, гъатхэр, щIымахуэр, гъэмахуэр зэрощэщыр макъамэмакъамэу. Бжьыхьэм, мес, Iэпощэщ дыщэ хъархэр. Дыжьын щIыIухэр тощащэ щIымахуэм. Гъатхэм хепхъэ гъэгъа псыIэрышэм. Къуалэбзухэр гъэмахуэм доушэ.

ЗэIэпахыр уэрэд уэми щIыми. Сахэдэну макъамэм щытамэ, уигу нэщхъейм и щымыкIэ-щыIэкIэр щызгъэIунт мы дуней макъзэхъуэкIым.

* * *

Гур архъуанэм ирехьэри... гъащIэ псо щоуназэ. ГукъэкIыжхэр къожажьэ, гупсысэр мэятэ. ПщIэжрэ, пщIэжрэ жыпIэгъахэр, сигу, зэгуэр узелъатэу... Къэбгъуэтауэ, бгъэфIэну, гухэлъ IэфIу уиIэну... Уэ гухэлъыр жыпIэнут, дуней псор ууей хъунут. Сэ сыноплъырти щыму, бжезмыIэфурэ зыри, уи дунейр сфIэгуэныхьт.



Уимыхуэжу мы си бгъэм, уэми щIыми щыбгъафIэ гухэлъ нэхур зэгуэрым къыптесхынути, испхъэжынут ар уафэм. Уафэм ар имыхуэжу, хэз сфIэхъуати хьэуам... Иджы нэхъри угуфIэрт. Сэ уэсщIэн си гугъахэр пфIэделагъэу арати... бутIыпщауэ уи макъыр, лъагъуныгъэм и макъыр, удыхьэшхт.

Сигу, щытам сфIэгуэныхьу, си гугъам узым ихьу, узи гуауи илъагъукъым, зыри хъуркъым и жагъуэ. ГъащIэм IэплIэ хуищIауэ, нуру уэгум щыблауэ, и гухэлъ егъэпэж. КъыIэщIэпчи, къытепхи хъуркъым гухэлъыр.

# Адыгэ лъагъуэжьхэмкӀэ

## ЩХЬЭГУАЩЭРЭ КӀЫЩЕЙРЭ

Адыгейм и ипщэ лъэныкъуэмкӀэ щыӀэ къуэладжэхэм, бгыхэм, псыхъуэхэм зыщытплъыхьыну тфӀэфӀщ ди гуп цӀыкӀум. Ар къызыхэкӀыр, япэрауэ, Кавказым и къухьэпӀэ лъэныкъуэр зэрыдахащэрщ. ЕтӀуанэрауэ, а щӀыпӀэр ди адыгэм и хэкужьу зэрыщытырщ.

Адыгэ лъагъуэжьхэмкӀэ дызекӀуэным щхьэусыгъуэ хуэхъуам мащӀэу сытепсэлъыхьынут.

Куэд щӀауэ си нэ къыхуикӀырт адыгэ лъахэм зыщысплъыхьыну. Псом хуэмыдэу, хы ФӀыцӀэ Ӏуфэм ухуэзышэ, Кавказ шытхышхуэм щхьэпрыкӀ лъагъуэхэм срикӀуэну. Сыщыгъуазэт бгыхэм я адрей лъэныкъуэмкӀэ шапсыгъ жылагъуэхэр къызэрыщысми. Ауэ къыщыщӀэздзэнур сщӀэртэкъым, «Ӏуэху мыублэ блэ хэсщ», – жыхуаӀэм хуэдэт.

«Уэ ухуеймэ унэмыкӀуэ, сэ сожьэ!» – жесӀащ си щхьэгъусэм, Мейкъуапэ хьэщӀапӀэ дыщыӀэу. «УздэкӀуэм сынокӀуэ!» – щыжиӀэм, етӀуанэ махуэм и пщэдджыжьыпэм автовокзалым дытехьащ, Гъуазэрыплъ кӀуэ автобусым дитӀысхьэну.

А къуажэ цӀыкӀур Щхьэгуащэ (Белая) псы Ӏуфэм Ӏусщ. Ар ди республикэм и Терскол хуэдэу, Адыгейм а и псыхъуэм и иужьрей жылэщ. АдэкӀэ зыри къыщыскъым, бгым ущхьэдэхыху. Гъуазэрыплъ урысыбзэкӀэ зэратхыр «Гузерипль» – жиӀэущ. Щхьэгуащэ псым километр 265-рэ и кӀыхьагъщ. Ар Фыщт, Уэщтенэ бгыхэм къыщожьэри, Псыжь хохуэж. Гъуазэрыплърэ Мейкъуапэрэ я зэхуаку киломер 85-рэ дэлъщ.

Вокзал дызытехьам тес цӀыхухэм мащӀэу сахэупщӀыхьу щӀэздзащ, «сыт хуэдэ Гъуазэрыплъ къуажэр?» – жысӀэу. «Абы турист фӀэкӀа щыплъагъунукъым», – жэуап къызитыжащ зи ныбжь хэкӀуэта урыс бзылъхугъэм. Езыри а лъэныкъуэмкӀэ кӀуэжырт, ауэ куэдкӀэ нэхъ ищхъэрэӀуэкӀэт къыщыувыӀэнур.

Автобус дыкъызэрежьам цӀыхур зэригуауэ ист. ЖыпӀэнуракъэ, ари къысфӀэӀуэхутэкъым, Мейкъуапэ дыдэмыкӀ щӀыкӀэ мэзылъэ бгыхэр къыщыслъэгъуам, си гур къилъэтыным хуэдэу, зы гурыфӀыгъуэ гуэрым сызэщӀищтати. АдэкӀэ кӀуэ пэтми нэхъ дахэ хъу зэпытт.

УздэкӀуэм зэщхьэгъуситӀыр узэпсэлъэнтэкъэ? Дигухэри нэхъ къызэрыгъуэтыж хъуащ. АдыгэбзэкӀэ дызэрыпсалъэр арагъэнт, сытми зы щӀалэ гуэр къызэрытхуэгуфӀэм гу лъыстэри, дэуэршэрын щӀэздзащ. Ар бжьэдыгъу адыгэт, Гъуазэрыплъ лэжьапӀэ дэкӀуеижт. Абы нэмыщӀ зы урыс лӀы гуэри псэлъэгъу къытхуэхъуащ. А тӀум жаӀам тепщӀыхьмэ, адыгэхэм щӀадзат ипщэ къуажэхэм дэтӀысхьэжу.

Автобусыр здэкӀуэм нэсри, псори дыкъикӀащ. Адыгэ щӀалэм и чэнджэщкӀэ, махуитӀкӀэ тӀыгъыну зы унэ цӀыкӀу къэтщтащ. Хьэпшыпхэр дгъэтӀылъу хэщӀапӀэ тхуэхъуам дыкъыщыщӀэкӀам, псэгъэтыншыгъуэ гуэр зыхэсщӀэу зысплъыхьащ. ПщӀантӀэм дэ тӀум фӀэкӀа зыри дэттэкъым. Жызумей лъабжьэм пхъэ Ӏэнэ плӀимэр щӀэтт. ЩхьэлъащӀэр итхьэкъуауэ зыгуэрым зэреплъым гу щылъыстэм: «Сыт ар?» – жысӀэри сеупщӀащ. И Ӏэр здэшиямкӀэ зезгъэзэкӀмэ, мэзылъэ джабэ нэкӀур дыгъэпсым кусэ-кусэу, гъэщӀэгъуэну ириӀат.

КIыфI хъуным иджыри сыхьэтитI хуэдэ иIэти, ар къэдгъэсэбэпыну мурад тщIащ. ДыкъыдокIри, Гъуазэрыплъ жылэ цIыкIум и зы уэрам закъуэмкIэ дыдогъэзей. Пхъэм къыхэщIыкIа унэхэр зэребэкIыр дгъэщIагъуэурэ, куэд дымыкIуу къуажапщэм дынэсащ. Псым зыщигъазэ щIыпIэм деж гъуэгур щиухащ. ИжьымкIэ «Энэктур» турист комплексым и унэшхуэр, къатитIу зэтету, къыщытт.

ТIуащIэм и дахагъэм узыIэпешэ. Уэздыгъей жыг уардэхэм я зэхуаку ущыдэплъкIэ, псышхуэ ежэхыр зэрыкъабзэм гу лъыботэ. Къуэм и лъэныкъуитIри мэзылъэ задэщ. Дыгъэ къухьэжым и бзийхэр дахэкIейуэ тоджэгухь мывэ дзакIэхэм щхьэпрыж псы Iэрамэшхуэхэм.

Къуажэ цIыкIум дыкъыдэмыхьэжу, ныджэм дыдэту дыкъекIуэтэхыжащ, псым и теплъэм зэрызихъуэжыр гъэщIэгъуэн тщыхъуауэ. Пшапэр зэхэуат унэм дыщекIуэлIэжам.

Мы жылэм «Гъуазэрыплъ» щIыфIащам теухуауэ еплъыкIэ зыбжанэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, апхуэдэу еджэу щытауэ хуагъэфащэ Урыс-Кавказ зауэм и пэ къихуэу абэзэхэхэмрэ убыххэмрэ зэпызыщIэу щыта лъагъуэ щэхум. А гъуэгум, иджырей Дыгъэмыс деж (хы ФIыцIэм и Iуфэм) къыщыщIидзэрти, бгым укъыщхьэдишырт икIи иджырей Гъуазэрыплъ къуажэр здэщыс щIыпIэм укъришэрт.

«Щхьэгуащэ» псалъэр зэрызэхэлъым хуэгъэзауэ Iуэху еплъыкIэу щыIэхэм нэхъ трагъакIуэр «щыхьхэм я гуащэ» мыхьэнэр къызэрыкIырщ. Абы щыхьэт тохъуэ Адыгэ Республикэм щыпсэу, щIыпIэцIэхэр джыным куэд щIауэ яужь ит щIэныгъэлI Мэрэтыкъуэ Къасым. ЗэрыжаIэмкIэ, Щхьэгуащэ псыхъуэм и Iэшэлъашэ мэз абрагъуэхэм щыхьхэр куэду щIэсу щытащ.

... Нэху дыкъекIащ. Гъэмахуэм и хуабэгъуэу щыт пэтми, пщэдджыжьыр щIыIэтыIэ щIагъуэт. А махуэм Мейкъуапэ лъэныкъуэмкIэ лъэсу едгъэзыхыу, ХъымыщкIей къуажэмкIэ дунэтIыну ди мурадт.



**Щхьэгуащэ куупIэхэри иIэщ.**

Щхьэгуащэ псыр апхуэдизкIэ жэбзати, метритI-щыкIэ и лъабжьэм щIэлъ къыр дзакIэхэр плъагъурт. Ар псым и куупIэхэм дежт. Жьым пигъэсысыхь жыг тхьэмпэ зэхуакухэм къыдэпщIыпщIыкI псыежэхым уи нэр теплъызэрт. Зэми псы Iуфэм дыкъыIукIуэтырти, Мейкъуапэрэ Гъуазэрыплърэ зэпызыщIэ асфальт гъуэгу дахэм дрикIуэрт. ГъэщIэгъуэнт: жьыуэ къыдэкIуеяуэ гъуэгур ягъэкъабзэрт абы хуэгъэзауэ щыIэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм.

Зы щIыпIэ дахащэ гуэрым дынэсащ. Абдежым псышхуитI щызэхолъадэ – КIыщейрэ Щхьэгуащэрэ. Дызэрех гъуэгур Щхьэгуащэ и сэмэгурабгъумкIэ щыIэт. Мэзылъэ тIуащIэ дахэм къыдэж КIыщеипсыр ижьымкIэт къыщылъагъуэр.

Мыбдежым мы пситIыр щызэхохуэж щыжыпIэм нэмысыпэу, Щхьэгуащэ и кум мывэ джеишхуэ хэлъщ. Апхуэдизу псыр абы «къегъэгубжьри», щыжьэхэуэкIэ Iэуэлъауэшхуэ ирегъэщI. Щыпэмылъэщым, уэру икIи шынагъуэу ибгъухэмкIэ йошкIурэх, лэдэх куухэр иригъэщIу мывэ зэхуакухэмкIэ дож. ЗэрыжаIэмкIэ, цIыху езэшар мы щIыпIэм деж тIэкIурэ щытмэ, къаруущIэхэр къыхохьэж.

Арати, гъуэгум адэкIэ пытщащ. Иджыри километр зыбжанэкIэ дехри, ХъымыщкIей къуажэм дынэсащ. Километр 12-м щIигъу къэткIуат, мащIэуи дезэшат. Тыкуэн къыщытлъагъум дыIухьащ. Дунейр хуабэти, абы щылажьэ пщащэ цIыкIур пщIантIэм дэт жьауапIэ дахэм и лъабжьэм щIэст.

Зыщыхуэдгъазэм, къэтэджри ди япэ иуващ. АдыгэбзэкIэ дызэпсалъэурэ, пщащэм иужь диту тыкуэным дыщIыхьэри, дызыхуейр урысыбзэкIэ жетIащ, езым къэбэрдей жыIэкIэмкIэ жэуап къыдитыжащ. Пщащэм фIэнэхъыфI ерыскъыр дигъэлъагъури, ар къэтщэхуащ. Абы и адыгэбзэм дигъэгуфIат. Урыс хъужа жылэм ди лъэпкъэгъу щIалэгъуалэ зэрыдэсыр гуапэтэкъэ? Пщащэм къытхуиIуэтащ Хуэдз къэбэрдей адыгэ къуажэм къикIыу ХъымыщкIей къэIэпхъуэжа зэлIэфызым зэрабыныр.

Ди япэрей зекIуэм щытлъэгъуахэм датхьэкъуауэ, пщыхьэщхьэхуэкIуэу гъуэгу дыкъыщытехьэжым, зы цIыхуфI гуэрым и машинэмкIэ Гъуазэрыплъ дынигъэсыжащ. КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым Мейкъуапэ дехыжащ.

Дэ шэч къытетхьэртэкъым мы щIыпIэм къызэрытедгъэзэнум.

# ЛАБЭРЭ ЩХЬЭГУАЩЭРЭ

Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ къэзыкIухьын зыфIэфIхэм я гуп къызэбгъэпэщын ипэ, уэ езым зыбжанэрэ апхуэдэ гъуэгуанэ къэпкIуауэ, а Iуэхуми цIыху гуэрхэр дебгъэхьэхауэ щытын хуейщ.

Арати, ежьэгъуэр къэсащ. Абы ипэкIэ дыздэщыIауэ щыта щIыпIэхэм видеокIэ щытетхахэм ди Iыхьлы, ди ныбжьэгъу зыбжанэ едгъэплъри копиехэри тыгъэ яхуэтщIати, ди зекIуэм ехъуэпсащ си адэшыпхъум и къуэ Уэлджырхэ Заур. Сэ зэрысщIэмкIэ, абыи зэхэзекIуэн и жагъуэкъым. Ауэ иджы ди мурадыр къэткIухь закъуэ мыхъуу, адыгэм фIыуэ илъагъуу щыта и хэкужьым щыщ щIыпIэхэр зэлъэдгъэIэсынырт. ИкIи дыздежьар тIэкIу жыжьэIуэми, ди мурадым дигухэр хигъахъуэрт.

Дэ къызэрытлъытэмкIэ, КъухьэпIэ Кавказым щыIэ Адыгэ Республикэм и щIыналъэм и закъуэкъым адыгэщIыр. Урыс-Кавказ зауэжь кIыхьым ипэ къихуэу кIахэ адыгэхэм яIыгъа щIы псоми я гугъу дымыщIми, ди лъэпкъэгъу куэдым ноби я хэкужьу къалъытэ Псыжь

адрыщIкIэ щыпсэуа адыгэхэр, абазэхэр, убыххэр 1859 гъэм ирихьэлIэу зытеса щIыналъэ псори.

Зи гугъу тщIы а илъэсым кIахэ адыгэхэмрэ урысей къэралыгъуэжьымрэ я зэныкъуэкъуныгъэр нэхъ къэтIэсхъат, мамыр щытыкIэм хуэкIуа жыуигъэIэну. ИкIи, абы иужькIэ урысей пащтыхьым Псыжь адрыщIкIэ щыпсэухэм я гугъу имыщIыжатэмэ, къахуэнат ди адэжьхэм а щIыналъэр. Ауэ, итIани, дэ къызэрытлъытэмкIэ, куэд дыщымыхъужми, сыт хуэдэ лъэпкъхэр къытхэмытIысхьами, ноби фIыуэ тлъагъун, пщIэ хуэтщIын хуейщ ди хэкужьым.

Адыгэ Республикэм хыхьэ Еджэрыкъуей къуажэм къыщыхъуащ си щхьэгъусэр. И адэ-анэр, и Iыхьлыхэр абы щыпсэурти, лъагъунлъагъу япэщIыкIэ а жылэм умыкIуэу хъурэт? Абы щыгъуэми, а къуажэм Адыгейм и щыхьэрым унэмысу урохьэлIэ. Еджэрыкъуейр Лабэ псы Iуфэ дахэм икIи бгъуфIэм Iусщ, Куэшхьэблэ райцентрым ищхъэрэкIэ. Куэшхьэблэ дэсхэм я нэхъыбапIэр къэбэрдей адыгэщ. Абыхэм я псэлъэкIэр зэрахьэу республикэм иджыри къуажищ исщ: Хуэдз, Блашэпсынэ, Улапэ. Иужьрейр беслъэней жылэщ.

Еджэрыкъуей къуажэм зы жэщ-зы махуэ дыщыхьэщIащ. ИкIи, зыщытплъыхьын, зыщыдгъэпскIын ди мураду, зэкъуэшитIыр етIуанэ махуэм Лабэ псыхъуэ дыдыхьащ. Псыр апхуэдизкIэ уэрт, къабзэт, гъэщIэгъуэну къехырти, удимыхьэхын плъэкIынутэкъым: зэм шыпсэм къыхэкIа фIэкIа умыщIэну, тепхъэ дахэ зищIурэ зэбгрыжырт, мэз гуэрэнхэм адэкIэ-мыдэкIэ щIэкIуасэрти, ущыпэмыплъа щIыпIэхэм деж къыщыунэхужырт, зэми зэхэлъэдэжурэ нэхъ псынщIэжу ежэхырт. Дыгъэм пэлыд псы щхьэфэр дахащэу тепщIыпщIыкIырт.



Ищхъэрэ-КъухьэпIэ Кавказым щынэхъ псы ин дыдэхэм ящыщщ Лабэ. Кавказ шытхышхуэм къыщожьэ ар, Лабэшхуэрэ Лабэ ЦIыкIуу. Километр 341-рэ икIуа нэужь, Псыжь (Кубань) хохуэж. «Лабэ» цIэр къызытехъукIам теухуауэ еплъыкIэ зыбжанэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, псыщхьэхэмкIэ щыIэ къуршхэм абазэ лъэпкъ къудамэхэр щыпсэууэ щытащ. ИкIи Лабэ ЦIыкIу псы къуэпсыр къыщежьэ бгыхэм ящыщ зым ноби «Лоубэ» цIэр зэрехьэ.

Си гъусэр дызыдыхьа ныджэм зэрыдихьэхам гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. ГъунэгъубзэуI и бгъуитIымкIэ къыщыт жыгхэр къызыхэщ псыр удзыфэт, языныкъуэхэм дежи, уафэ къащхъуэ къыщхьэщытым ещхьу, щхъуантIабзэт.

Лабэжь мыбдежым архъуанэ куупIэхэри щиIэт. Апхуэдэ зым и деж зэкъуэшитIыр дыщызэрихьэлIэжри, псым фIыуэ дыщыхэсащ. Зэми, дыкъыщыпIыщIэм, ныджэм дыкъытехьэжурэ пшахъуэ пщтырым зыщыдгъэхуэбэжу, дыкъыщызэщIэплъэм псы щIыIэтыIэм зыхэддзэжу.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI щыхъум Еджэрыкъуей дыдыхьэжащ. Иджы мы къуажэм зэрихьэ цIэм теухуауэ. 19-нэ лIэщIыгъуэм икухэм Кавказым иса адыгэхэр лъэпкъ къудамэ 12 хъурт. Мис ахэр: натхъуэдж, бжьэдыгъу, хьэтыкъуей, кIэмыргуей, мамхэгъ, мэхъуэщ, шапсыгъ, абэзэхэ, убых, беслъэней, къэбэрдей, еджэрыкъуей. Иужьрейм ящыщу хэкужьым нобэ къинар зэрымащIэм къыхэкIыу, ахэр кIэмыргуейхэм къыхагъэщхьэхукIыжыркъым, я лъэпкъыцIэр Еджэрыкъуей къуажэм къыхуэнами.

Арати, дызихьэщIэ бысымым дакъыхыхьэжащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Мейкъуапэ дэс си щыкъу щIалэ Азэмэт ипхъу цIыкIум а пщыхьэщхьэм лъэтеувэ хуащIырт. Ди къежьэгъуэри а Iуэхум зэрырихьэлIар

фIыт, дахыхьэмэ гуапагъэти, гуп цIыкIум унафэ тщIащ а пщыхьэщхьэм Адыгейм и къалащхьэм дыкIуэну.

Зы сыхьэт нэблагъэ тедгъэкIуэдами арагъэнт, Заур и машинэмкIэ Мейкъуапэ дыщыдэлъэдам. ТхьэлъэIур щекIуэкIын хуей уней лъапсэм дыIухьащ. Азэмэт гуфIэжу къытпежьэри, пщIантIэм дыдишащ. Езым и щыкъу благъэхэр зэхуэсагъэххэти, даригъэцIыхуащ. Абыхэм языныкъуэр Краснодар пэгъунэгъу бжьэдыгъу жылэхэм къикIат.

Дунейр хуабэт, уэфIт, пщIантIэ хуитышхуэм дэт жызумейм и лъабжьэм Iэнэ кIыхь щIэтт. Абдеж жьыщIэхут. Унэ кIуэцIхэми Iэнэхэр щIагъэуват. Абы нэхъыжьыIуэхэр щIашэри, мыдрейхэм щIыбыр къытлъагъэсащ. Адыгэ Iэнэр зэрызекIуэ хабзэм тету екIуэкIыурэ щысхэр дызэрагъэцIыхуащ. Къэбэрдей псэлъэкIэ яIэу бзылъхугъитI къыдбгъэдэст. Ахэр Азэмэт и благъэщIэхэм я нысэт. Зыр и дыщкIэ Хуэдз, адрейр Блашэпсынэ щыщхэт.

ГъэщIэгъуэнт ди Iэнэм адыгэбзэ IукIэу тIу зэрыщызекIуэр. Дэри, а пщыхьэщхьэм зэIущIахэм, кIахэ, къэбэрдей псэлъэкIэхэр зыхуридгъэкъурт, урысыбзэ къыхэдмыгъахуэу.

Гукъинэжу дызэхэсащ а сыхьэт бжыгъэм. Хъуэхъу дахэхэр зэхыдагъэхащ, тхьэлъэIур щекIуэкI пщIантIэм и утыкум къафэ, джэгу къыщызэрагъэпэщащ. Дэри, Налшык икIахэм, бысымхэм пщIэ лей къытхуащIащ, хьэщIагъэ къыдахащ. ДыздэкIуам нэху дыкъыщекIащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Адыгейм и къалащхьэм «дыкъыдэшэсыкIри», Щхьэгуащэ и псыхъуащхьэр ди гъуазэу гъуэгу дытехьэжащ.

Мейкъуапэ ипщэкIэ къыщыс урыс станицэхэм дыкъыщымыувыIэу даблэжащ. Километр 40 хуэдизкIэ дыдэкIуейри, Каменномост урыс къуажэшхуэм дрихьэлIащ. Япэ къежьэгъуэм мы щIыпIэм дыщемыпсыхыфами, иджы дыкъыщыувыIэну мурад тщIащ. Абдежым щыщIедзэ нэгузыужьу къэзыкIухьын зыфIэфIхэм (туристхэм, бгырыкIуэхэм) нэхъ яфIэгъэщIэгъуэн щIыпIэхэм. Мейкъуапэ къикIыу мыбы нэс гъущI гъуэгу къаукъуэдиящи, я зэхуакум электричкэ щызокIуэ.

Каменномост жылэшхуэм ХьэджэхъукIи йоджэ. А цIэр зэрихьэрт мы щIыпIэм иса абэзэхэ къуажэхэм ящыщ зым. ДыщыгуфIыкIащ гъущI гъуэгу станцым «Хаджох» жиIэу зэрытетхами.

«Каменномост» (Мывэ лъэмыж) псалъэр игъэщыпкъэу, мы къуажэм ищхъэрэкIэ ущрихьэлIэнущ псы уэрым кIуэцIрилъэсыкIа къыр дзакIэшхуэм. АбыкIэ къуэм дэт псым лъэмыж папщIэу урищхьэщыкI мэхъу.

Iэгъуэблагъэм гум къинэж нэгъуэщI теплъэгъуэ дахэхэри щыкуэдщ. Абыхэм ящыщ зыщ «Хьэджэхъу зэвы-



**Мывэ лъэмыжыр.**



8 Заказ №75

пIэ» зыхужаIэр. ТIэкIу нэхъ ищхьэIуэкIэ щызэхуэкIуэ мывэ жьанэм псышхуэр хуэм-хуэмурэ дохьэри, километр псокIэ, зыщихъунщIэурэ, щожэх икIи, «нэм къыщIэпкIэрэ мыр?» хужыпIэну, сэтей щIыпIэм къыщоунэхуж. Мыбдежым ущыту, Щхьэгуащэ и зеуэкIэм уеплъу иригъэщI Iэуэлъауэми ущедаIуэкIэ, мы дунейм теткъым ар зыхуэбгъэдэн, зы благъуэ абрагъуэ гуэрым къуэкIийм кIыхьу зыщиукъуэдияуэ, къыдэмыкIыфу зыщифыщIыж фIэкIа. А щIыпIэм ехьэлIауэ кIахэ адыгэхэм «ТIуапкI» фIэщыгъи яIэщ, «пкIэгъуитI» мыхьэнэр къикIыу.

ЗэвыпIэр щиух дыдэм деж щызэпраукъуэдиикIа къуажэ кIуэцI лъэмыжым дыкъытекIыжри, машинэм дитIысхьэжащ, ипщэкIэ нэхъри дэдгъэзеин мурадыр диIэу.

ЗымащIэ гуэркIэ дыдэжеяуэ, «Рыфыбг псыкъелъэхэр» псалъэхэр зытет щэкI кIыхьышхуэр щаукъуэдия щIыпIэм дынэсащ. Мыбдежми Щхьэгуащэ уризэпрыкIыу лъэсырыкIуэ лъэмыж телъщ. Псым адрыщIкIэ къэлъагъуэ мэзым къыхэщ къуэкIийм къыдэж псы цIыкIуращ Рыфыбг хъужри. Къурш жьанэхэм къыщехуэхкIэ, абы псыкъелъэу блы ирегъэщI. Ахэр зэкIэлъхьэужьщи, къызэбнэкIыурэ уаблэкIыныр хъуэпсэгъуэщ.

«Рыфыбг» цIэр къызэрыхъуа щIыкIэри гъэщIэгъуэнщ. Мы псы къуэпсым адыгэхэр зэреджэр «Сырыхущ» (кIахэ псэлъэкIэмкIэ – «Сырыф»). Псыр къыщежьэ бгыхэм ящыщ зым фIащауэ щытар «Сырыфыбгщ». ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ипэ ит «сы»-р пыхури, «рыфыбг» къэнар урысыбзэкIэ «Руфабго» хъуащ. ИкIи мы бгыми, абдеж къыщежьэ псы цIыкIуми апхуэдэу йоджэ.





**Рыфыбг и псыкъелъэхэм ящыщ зы.**

* * *

Кавказым и къухьэпIэ лъэныкъуэм ижькIэрэ щыпхашауэ щыта адыгэ лъагъуэжьхэм ирикIуэн зыфIэфIхэм ди гъуэгум адэкIэ пыдощэ.

Рыфыбг псыкъелъэхэр зыдэт къуэм и пэщIэдзэм ухуэзышэ лъэсырыкIуэ лъэмыжыр зытелъ щIыпIэм уфIэкIыу, Щхьэгуащэ и тIуащIэм удэту иджыри километритI хуэдизкIэ удэкIуеижмэ, гъуэгукум телъу зы мывэжь урохьэлIэ. Абы цIэ зыбжанэ иIэщ. Псалъэм папщIэ, «Казачий», «Черкесский», «Девичий» жыхуиIэхэр. Адыгэхэр мывэ джейм ДжэгупIэжькIэ йоджэ.

IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, ипэхэм мы щIыпIэм шу зэпеуэхэр щрагъэкIуэкIыу щытащ. Зэхьэзэхуэм къыщыхэжанык Iыр, зэрызэгурыIуам тету, мывэ дум псом япэ дэжейрт икIи ар къызэхъулIар адрейхэм ятекIуауэ къалъытэрт. ДжэгупIэжь ехьэлIауэ нэгъуэщI хъыбархэри щыIэщ. Абыхэм ящыщ зым и гугъу фхуэтщIынщ.



**ДжэгупIэжь.**

ХъунщIакIуэ гуп мы щIыпIэм блэкIырт, гъэрхэри ящIыгъуу. Тхьэшхуэращ зыщIэр, ауэ ахэр тыркухэм иращэну хы ФIыцIэ Iуфэм яшэу къыщIэкIынт. ТхьэмыщкIапIэ ихуахэм зы пщащэ цIыкIу къахэкIуэсыкIыжащ. Абы зи гугъу тщIы абрэмывэм зыкъуигъэпщкIуащ. АрщхьэкIэ, къыкIэлъыпхъэрахэм къащIащ ар абы зэрыкъуэсыр. Пщащэм, закъримыгъэубыдын щхьэкIэ, абдежым гъунэгъуу блэж Щхьэгуащэ зыхидзащ. Хъыджэбзыр псым итхьэлакъым, зымащIэрэ ирихьэхри, ныджэ пшахъуэм къытрихьащ. А щIыпIэм щыхэплъагъукI къуэбэкъу цIыкIум дэт чыцэ гуэрэныр зыгъэпщкIупIэ хуэхъуащ пщащэм. Зыщиудыгъури, и гур къыщызэрыгъуэтыжыху дэсащ. ЗыкъыщищIэжым, я деж кIуэжащ. ЦIыхухэм бзылъхугъэ цIыкIум и къелыкIэ хъуар яфIэтелъыджэу, и хъыбарыр IуэрыIуатэу ирахьэжьащ.

Щхьэгуащэ псыхъуэм дыдэту адэкIэ иджыри зы километр хуэдизкIэ дыдокIуей. Дахэ станицэм дынэмысу ижьымкIэ телъ лъэмыжым дожри, «Лагъуэнакъэ» бгыщхьэ тафэ цIэрыIуэм узышэ гъуэгум дытохьэ. Ар нэшэкъашэу мэзылъэ джабэм кIэрохьэ, тIэкIу йокIуэтэкIри,

хуей гуэрым йохьэ. Абдежыр зыплъыхьыпIэщ, нэгузыужьыпIэщ. Зебгъэзыхамэ, Щхьэгуащэ зыдэт псыхъуэр уи Iэгум илъым хуэдэу уолъагъу. Къуэм зыдэзыубгъуа Дахэ станицэри, тIуащIэ бгъуфIэшхуэм и адрей лъэныкъуэм къыщхьэщыт мэзылъэ шытх екIуэкIри, абы и щIыбагъым къыдэт къурш аранэхэри нэри пэри зыхьщ. ЩIэплъыпIэ жыжьэм и «хъумакIуэу», къэзыухъуреихь бгыхэм епэгэкIыу, дзакIэ-дзакIэу зэхэт «ТхьэщIы» Iуащхьэжьыр Лабэ ЦIыкIурэ Щхьэгуащэрэ я зэхуаку дэт шытхым и лъагапIэ нэхъ уардэхэм ящыщ зыщ. Iуащхьэм и цIэр псалъитIу зэхэтщ: «Тхьэ»-рэ, «щIы»-уэ. Аращи, «Тхьэ щIы», «Тхьэм ищI» мыхьэнэращ къикIыу къалъытэр щIыпIэцIэхэр зыдж щIэныгъэлIхэм.

ДыкъыщыувыIа хуейм деж цIыхухэри, машинэхэри, шыхэри щызэхэтщ. Иужьрейхэр уанэгум ису Iэгъуэблагъэр къэзыплъыхьын зыфIэфIхэм папщIэ мыбдежым щаIыгъыу аращ. Ди гупыр абы ипэкIэ зэи дыздэщымыIа Лагъуэнакъэ бгыщхьэ тафэм дыхуэпIащIэрти, гъуэгу дытехьэжащ.

Зы сэнтхыр адрей шытхымкIэ зэрихъуэкIыурэ, автомобиль зекIуапIэм гъэщIэгъуэну зеIуантIэ. Куэд дэмыкIыу, сэмэгумкIэ зы испы унэ цIыкIу дрохьэлIэ. Илъэс мин Iэджэ къызэзынэкIа фэеплъ хьэлэмэтыр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэман зыбжанэ ипэкIэ теплъаджэ хъуащ. ИкIи туристхэр къезышэкI гъуэгугъуазэхэм (экскурсоводхэм) ящыщ зым зэрыжиIам тепщIыхьмэ, «Блокпост» фильмым и язынықъуэ пычыгъуэхэр а щIыпIэм щытраха иужькIэ, испы унэр зэтещэхащ.

Мыбдежым Лагъуэнакъэ бгыщхьэ хъупIэхэм щыщIадзэ. Километр зэбгъузэнатIэ 650-рэ зыубыд губгъуэшхуэр къущхьэхъу папщIэу ижь-ижьыж лъандэрэ къагъэсэбэп. Мы щIыпIэм къыщожьэ Ищхъэрэ-КъухьэпIэ Кавказым и нэхъ псыхъуэ дахэкIейхэм ящыщу Щхьэгуащэ, Кхъужьыпс (Курджыпс), Пщыхьэ, ЦIыцIэ, Шахэ, нэгъуэщIхэри. Шахэр Кавказыбгым и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щожэх икIи псышхуэ щызэрыгъэхъужауэ хы ФIыцIэм холъэдэж.

ГъэщIэгъуэнщ Кавказ шытхышхуэм и лъэныкъуитIымкIи щыпсэу цIыхухэм я Iэщыр мы хъупIэ телъыджэм къызэрыдахур.



## «ЛАГЪУЭНАКЪЭ» ФIЭЩЫГЪЭМ ЕХЬЭЛIАУЭ

Адыгэ щIыпIэцIэхэм я къэунэхукIэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэм къахокI «Лэгъунэкъуэ», «Лэгъонакъ» къэпсэлъыкIэхэр къэзыгъэсэбэпхэр. Журналистхэми яхэтщ «Лъагъуэныкъуэ», «Лагъуэ-НакIэ» тхыкIэхэр зыфIэкъабылхэр. ЩIэныгъэлI Мэрэтыкъуэ Къасым а щIыпIэцIэр зэритхыр «Лэгъунэкъэ», – жиIэущ.

Мыбдежым узыщрихьэлIэ щIыпIэцIэхэм уащыхэплъэкIэ, дызэригугъэмкIэ, къэлъытэн хуейщ адыгэбзэ зыIурылъахэм нэмыщI, мы Iэхэлъахэм убыххэри абазэхэри щыпсэууэ зэрыщытар. ИкIи, зи гугъу тщIы фIэщыгъэм и къежьэкIэ хъуар къызэрыдгурымыIуащэм къыхэкIыу, хуагъэфащэхэм ящыщ зым, «Лагъуэнакъэ» тхыкIэм, дыкъытеувыIэнщ.

Бгыщхьэ тафэм гъунэгъу дыхуэзыщI асфальт гъуэгу нэшэкъашэмкIэ иджыри километр зыбжанэ ткIуауэ, Азыш щхьэдэхыпIэм

дызэрыфIэкIыу, Iуплъэгъуэ дахащэм зыкъызэкъуихащ: Щхьэгуащэрэ Кхъужьыпсрэ щежэх къуэбэкъухэр зэхэзыгъэщхьэхукI Мывалъэ сыджым къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щиIэ и джабэ нэкIум дытехьащ. Абдежым псэкIэ щызыхыбощIэ гугъу уехьу мыбы нэс укъыщIыдэкIуеяр. Сэтейм псыгъуэу зеукъуэдий, щыхаша гъуэгум зыщеузэху, нэхъ щызэблэкIыгъуафIи мэхъу. Машинэм укъикIауэ, лъэсу ущрикIуэкIэ, нэм къиплъыхьым узыIэпешэ. ИжьымкIэ къыщылъ къуэладжэр, ухуэбэлэрыгъынкIэ Iэмал зимыIэу, щыхупIэщ, и щIэр умылъагъуу куущ. Ар Кхъужьыпс и псыхъуащхьэхэращ.

ТIуащIэм адэкIэ къыщыт джабэ екIуэкIыр зэрылъагэм и мызакъуэу икIи мэзыншэщ. Жыг гуэрэн закъуэтIакъуэхэр щыплъагъур бгыщIэм кIэрыпщIа уэс Iэрамэхэм къапыткIу ткIуаткIуэхэмрэ адэмыдэкIэ къыщыщIэж псынэ цIыкIухэмрэ щызэхэлъэдэж къуэбэкъухэрщ. Абдежыр псыпыху телъыджэхэм я «хэщIапIэщ».

Джабэ нэкIу щхъуантIэхэм уэс Iэрамэхэр хужьыпсу къазэрыщыхэлыдыкIыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIынукъым, зэманыр гъэмахуэкуу зэрыщытыр къэплъытэмэ. Кхъужьыпс адрыщIкIэ къэлъагъуэ джабэ нэкIу задэм и щIыбагъыр тафэшхуэщ, къуэкIий-къуэкIийкIэрэ зэпрыхулыкIауэ. Абдежыр къущхьэхъущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ Балъкъ и псыхъуащхьэхэм ещхьу.

Зы цIыху нэжэгужэ гуэр къыдбгъэдыхьащ. Ар гъуэгугъуазэ цIэрыIуэ, тхакIуэ Позднышев Игорщ. Абы иIыгъ тхылъ цIыкIухэм ящыщ зы, «Лагонаки» зыфIищар, къыдитащ. Ар мы щIыпIэм и дахагъэр сурэт екIухэмкIэ, хъыбар гъэщIэгъуэнхэмкIэ къэзыгъэлъагъуэщ, туристхэм хуэгъэза чэнджэщ щхьэпэхэр зэрытщ.

АвтомобилкIэ хуиту къыщыбжыхь хъу зекIуапIэр иухащ. Нэхъри упхыкIын щхьэкIэ, пщIэ щIэптын хуейщ. АдэкIэ километритI хуэдизкIэ удэкIуеижмэ, асфальтыр щеухри, гъуэгур быркъуэшыркъуэ дыдэ щохъу. ИкIи, зэрыжаIэмкIэ, зи лъащIэхэр лъагэ машинэхэм къищынэмыщIа, адрейхэм а щIыпIэм «щащIэн щыIэкъым».

Дыздэщытым дыщхьэщыплъмэ, Уэщтенэ бгыр долъагъу. Ар Фыщт Iуащхьэжьым ищхъэрэкIэ къыщытщ. Мывэ сыдж шытхым и сэмэгурабгъур щыхупIэщ. ИкIи, тIэкIу япэ силъэдэнщи, къыкIэлъыкIуэ махуэм и пщэдджыжьым, Зауррэ сэрэ Щхьэгуащэ и тIуащIэм дыкъыдэкIынурэ, абы лъэсу дыкъыхуэкIуэнущ.

Ауэ нобэкIэ хэщIапIэ тхуэхъун щIыпIэ къэтлъыхъуэн хуейт. Мы бгыщхьэм дыкъыщынэну дытегушхуакъым, жэщым жьы къыщепщэу жаIати. Арати, абы ипэ гъэм дгъэунэхуауэ щыта Гъуазэрыплъ жылэ цIыкIур зэрыт фэхум дыкIуэну мурад тщIащ.

Дыздежьам дынэсащ пшапэр зэхэуэным сыхьэт фIэкIа къэмынэжауэ. ЖыпIэнурамэ, зекIуэным мы илъэсым нэхъ дыхуэхьэзырт: чэтэн унэ цIыкIур тIыгът, губгъуэ лэгъупыIэмпIэхэмкIи дыкъызэгъэпэщат. ИкIи гъуэгу дыкъыщытехьэм фэтэр къэдмылъыхъуэну дигу итлъхьати, къуажэкIэм адэкIэ къыщылъ, уэздыгъей уардэхэр зэрыт хуей дахэшхуэм «дыщепсыхащ».

ПсынщӀэ-псынщӀэу ди унэ цӀыкӀур къэдухуэри, мафӀэ зэщӀэдгъэстащ, шыуанри пыддзащ. Дэри, зыдгъэщӀыӀэтыӀэну, зи бжьэпэ дытес Щхьэгуащэпс и ныджэм дыдыхьащ...

Пшапэри зэхэуащ, кӀыфӀи хъуащ. Ауэ дэ абы зыкӀи дыкъигъэгузэвакъым. МафӀэм къигъэнэхужа Ӏэгъуэблагъэр псэгъэтыншыгъуэ гуэрым зэщӀищтам хуэдэт. Тпэгъунэгъу жыгышхуэхэр зэрыдаущыншэри дызыбгъэдэс псышхуэм и ушэ макъри псэм егуэпылӀэрт. КӀыфӀым тӀэкӀу-тӀэкӀуурэ хэкӀуасэ псым адрыщӀкӀэ къыщылъ мэзышхуэми щхьэукъуэн щӀидзат...

ЖыпӀэнурамэ, гущэкъур зыгуэрым иӀыгърэ щӀыуэпсым и курыкупсэм дыщыщӀиупскӀэми ярейуэ, а щӀыпӀэм нэху дыкъыщекӀащ. Дыгъуасэрей ешым и лъэужьи къытхэмынэжауэ махуэщӀэм дыпежьащ. Пщэдджыжьышхэр зэфӀэкӀри, Зауррэ дэрэ лъагъуэщӀэ дытехьащ.

Дыгъэм дыкъызэщӀигъэплъауэ, дэгъэзеигъуэ защӀэкӀэ сыхьэтитӀ хуэдэкӀэ дыдэкӀуеяуэ, «шкӀур-шкӀур» жезыгъэӀэ псынэпс гуэр дрихьэлӀащ. Абы дэ хуабжьу дыщыгуфӀыкӀащ. Мывалъэ къуэ цӀыкӀум псынщӀэу зыдэддзэри, тӀыгъ псылъэхэм ярытыр зэтхъуэкӀащ, дэри абдежым дыщетӀысэхащ, шэджагъуашхэ щытщӀын мурадыр диӀэу.

Псы къабзэ цӀыкӀум фӀыуэ дыкъигъэщӀыӀэтыӀауэ, «дежьэжынщ иджы» щыжытӀэм, гъуэгуанэ къэлътмакъхэр яӀыгъыу щӀалитӀ къыӀухьащ. ДызэрыцӀыхуащ. КъызэрыщӀэкӀымкӀэ, ахэр Москва щыщт икӀи, Ищхъэрэ-КъухьэпӀэ Кавказым и щӀыуэпсым зэрыдихьэхым къыхэкӀыу, лъэсу АдыгеймкӀэ икӀыу хы ФӀыцӀэ Ӏуфэм хуэкӀуэну я мураду арат.

Къытхуэза щӀалитӀым лӀыгъэ яхэлъу къэтлъытащ: мы щӀыпӀэхэр зрагъэцӀыхун гупсысэм зэщӀиӀыгъэу, Урысейм и кум нэс къикӀащ, лъэсу бгыхэм щхьэпрыкӀыу, хы ФӀыцӀэ Ӏуфэм гъунэгъу зыхуащӀын папщӀэ. КъытӀущӀахэмрэ дэрэ мащӀэу дызэдэуэршэрри, Уэлджырым сэрэ зыкъэтӀэтыжащ.

Гъуэгум и кӀэр къэлъэгъуэху, иджыри сыхьэтитӀ хуэдизкӀэ дыкӀуащ. Нэхъ гъунэгъу къэхъуащ абы ипэ махуэм Лагъуэнакъэ дыщыдэкӀам зи джабэщӀ дытета Мывэ сыдж шытхым мыдрей и лъэныкъуэмкӀэ щыӀэ нэпкъхэмрэ абыхэм къахэщхьэхукӀ Нагъуэ къущхьэ лъагапӀэжьымрэ. Алъандэрэ гъуэгум и бгъуитӀыр «зыхъума» мэзхэр зэкӀэщӀэкӀуэтри, хуей дахэшхуэм и курыкупсэм ит, зи бгъуагъыр метри 100-м нэблагъэ хыжьейм и Ӏуфэм дыкъыӀухутащ.

Дахагъэр щытепщэ щӀыпӀэм дызэрыӀуплъэу, гугъу дехьу мыбы нэс километр 18-кӀэ дыкъыщӀыдэкӀуеяр къыдгурыӀуэжащ. Мэз дыкъызыщхьэпрыкӀахэри аддэ жыжьэу къэлъагъуэ уэсылъэ бгыжьхэри узыӀэпызышэт. Псы хъурейм и адрыщӀкӀэ тӀэкӀу-тӀэкӀуурэ зыкъыщызыӀэт джабэ нэкӀум лъэс лъагъуэ закъуэ дэкӀырт. Уэздыгъей, пхъэхуей жыг закъуэтӀакъуэхэр зыкӀэрыплъагъуэ, щхъуантӀагъэм иуфэбгъуа бгы нэкӀур ищхьэхэмкӀэ кӀуэ пэтми нэхъ задэж щыхъуурэ къыр мывэ дзакӀэжьхэм хуэкӀуэжырт. Апхуэдэущ ди нэгу къызэрыщӀэувар Нагъуэ къущхьэ щыхупӀэр, нэхъ гъунэгъу дыкъыхуэхъужа иужькӀэ.



**Нагъуэ къущхьэ.**



Хыжьейм и Іуфэр сэтейщ, ІухьэпІэхэри иІэу. Дыгъэ бзийхэр гуапэу зыхэпсэ псы къабзэм и нэзхэм бдзэжьей цІыкІухэр, гуэрэн щызэрыгъэхъуауэ, хуэмурэ щесырт. Псы щхьэфэм ущхьэпрыплъмэ, адрей и нэпкъым уэздыгъей жыг закъуэ, псыгъуэ кІыхь хъужауэ, кІэрытщ. Арагъэнщ хыжьейм «Уэздыгъей закъуэм и псы хъурейкІи» щІеджэр. Абы «Партизан гуэл» фІэщыгъэри теІукІащ. Хъыбар щыІэщ Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм япэува партизанхэм мы щІыпІэм зыщагъэпщкІуу щытауэ.

МызыгъуэгукІэ дэ къэдмыхута щхьэкІэ, шэч хэмылъу, хыжьейм адыгэбзэкІи цІэ гуэр иІагъэнущ. ДызрикІуэ лъагъуэм и кІыхьагъкІэ зы дакъикъи дигу ихуакъым Іэгъуэблагъэ дахэкІейр ди лъэпкъым ауэ сытми фІырыфІкІэ зэримыбгынар. Ар къыщІыхэдгъэщыр, адыгэхэр езыр-езыру хэкум икІауэ, я зэхуакум зэгурыІуэ-зэрыІыгъ дэмылъауэ жызыІэхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэр къыздэсми къызэрытхэтырщ. Дыхуейт XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм урысей къэралыгъуэжьым къулыкъу хуэзыщІа, зауэ тхыдэтх Эсадзе Семён и псалъэхэмкІэ апхуэдэхэм яхуэфэщэн жэуап еттыжыну. «Ищхъэрэ-КъухьэпІэ Кавказыр къызэрыдзэурэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлІэу» и тхылъ гъэщІэгъуэным абы щетх: «Иджы, апхуэдиз илъэс дэкІа иужь, къэтлъытэжми ягъэ кІынукъым шэрджэсхэм (адыгэхэм, абазэхэм, убыххэм) къагъэлъэгъуа лІыгъэм, я хэкум хуаІэу щыта лъагъуныгъэм я инагъыр зыхуэдизыр».

Апхуэдэуи абы и тхылъым итщ: «Бгырысхэм езэуа ди дзэлІхэм ягъэунэхуауэ, я фэ дэкІауэ ягу къагъэкІыжхэм дыщриплъэжкІэ, гу лъыдотэ, дымыгъэщІэгъуэни тлъэкІыркъым зэрыса щІыпІэм и зы дэтхэнэ къуэгъэнапІэри шэрджэсхэм къагъэсэбэпыфу зэрыщытар. ДэнэкІэ зигъазэми, адыгэр тыншу иригъуазэрт щыпсэу щІыпІэм и лъагъуэхэм, зыщрихьэлІэ къуэладжэхэм, бгыхэм. Псынэ цІыкІу нэгъунэ, цІэ зимыІа зыри яхэтакъым... Я гугъэщ адыгэ лІакъуэхэр зэрымыщІэу, зэкІэлъымыгъуазэу щытауэ. Дэ абыхэм (бгырысхэм) дащезауэм,

куэдрэ гу лъыттэрт убыххэр абазэхэхэм къазэрыкъуэувэми, ди теуэгъуэ къэс ахэр псынщIэу зэрызэрыгъуэтми. Апхуэдэ зэхущытыкIэ адрей лIакъуэхэми я зэхуаку дэлъащ».

Мы псалъэхэр къыщIэтхыр абыхэмкIэ зыгуэрхэм дехъурджэуэжыну аракъым. АтIэ: «ди фIыр япэ идгъэщрэ дахэм деджэурэ, лъэпкъыр дызэхъуэхъужмэ нэхъыфIкъэ?», – жыдоIэри аращ.

Сытми, мы иджырей ди зекIуэм и «лъагапIэ» нэхъыщхьэу къэтлъыта хыжьей дахэр зэрыт хуей зэлъыIухам Зауррэ дэрэ дыщепсыхри, зыщыдгъэпсэхуащ, псыуэ дызыщхьэщыхьами зыщыдгъэпскIащ. А щIыпIэр апхуэдизу хъуэпсэгъуэт, дигу ирихьати, жэщ щитхыну дыхуейт. АрщхьэкIэ Гъуазэрыплъ къуажэкIэм и лъабжьэкIэ щыIэ бжьэпэм, ди хьэпшыпхэр къыщыдгъэнам, зынэддзысыжмэ нэхъыфIу къэтлъытащ. ИкIи, дыкъежьэжауэ лъэсу дыкъыздехыжым, машинэшхуэ гуэр къытлъэщIыхьэри, километр 18-м тыншу дыкъришэхыжащ. ЕтIуанэ пщэдджыжьым Мейкъуапэ дгъэзэжащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**

# ЛIЭЩIЫГЪУЭХЭМ Я ЛЪЭУЖЬ

ПхъэкIэныр пасэрей адыгэ джэгукIэщ, шашкэ джэгукIэм ещхьщ, абы темыхуащэми. ПхъэкIэн уджэгун щхьэкIэ, гъуэ (клеткэ) 64-рэ зиIэ пхъэбгъу ухуейщ, пхъэбгъум кIэн 32-рэ трагъэс, пщыкIух-пщыкIухыу зэпагъэуври. КIэнхэр пхъэм е къупщхьэм къыхащIыкI, зэхэмыгъуэщэн щхьэкIэ, я фэкIэ зэщхькъым (п. п., кIэн пщыкIухыр хужьщ, кIэн пщыкIухыр фIыцIэщ); я щIыкIэкIэ зэщхькIэ ягъэ кIынукъым.

ПхъэкIэн зэдэджэгур тIущ; пхъэидзэ ящIри, япэ кIуэгъуэр зылъысыр ягъэнахуэ, абы кIэныр зы гъуэкIэ егъэбакъуэ; кIэныр ипэкIи ибгъукIи бакъуэ мэхъу – нэгъуэщI кIуапIэ иIэкъым (абыкIэ къыщхьэщокI шашкэм). Зэдэджэгухэм я кIэнхэр зэлъэIэса нэужь, зэрышхыурэ гъуэгу зыгъуэта кIэныр пхъэбгъу гъунэм нэсмэ, «пщы» мэхъу. Пхъэбгъу гъунэм «пщытIысыпIэкIэ» йоджэ. «ПщытIысыпIэм» нэса кIэныр – «пщыр» гъуэ дапщэкIэ лъэнуми хуитщ («дамкэкIэ» зэджэм ещхь мэхъу). Зи кIэнхэр япэ зыIэщIэухэр хэнауэ къалъытэ.

Къэбэрдей адыгэхэм яIэщIэхужами, пхъэкIэн джэгукIэр ноби къыщызэтенащ Адыгейм. Нэхъапэм къуажэ-къуажэхэр пхъэкIэнкIэ зэпеуэу щытащ, нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри дихьэхауэ.

* * *

Инжыдж бжьэпэ зы сын тетщ. Сыным и щхьэр зэгуэзащ, пхъэхкIэ зэгуаха хуэдэ. Инжыдж шытх ихьауэ, жэщти, Сосрыкъуэ и шыр фIыцIагъэ гуэрым къигъащтэри бгъунлъащ. Сосрыкъуэ губжьри, шыр фIыцIагъэм ирихулIащ. ФIыцIагъэр зэрысыныр ищIакъым Сосрыкъуэ: джатэкIэ еуэри ириупщIащ – шыр зеригъэщтам щхьэкIэ зэгуэпати. Сосрыкъуэ джатэкIэ зэуа сынкIэ йоджэ абы иджыри.

* * *

Гъуд къалэ и цIэм куэдрэ ущрохьэлIэ нарт хъыбархэм: нартхэм Гъуд къалэ якъутэ, фIыгъуэ къыдах, Сэтэнеи абы къыдахауэ къыхохуэ нарт хъыбархэм. Тхыдэм ищIэркъым нарт эпосым узыщрихьэлIэ Гъуд къалэм и цIэ. Тхыдэр зыщыгъуазэр нэгъуэщIщ: пасэрей адыгэ лъэпкъхэм, псалъэм папщIэ, синдхэмрэ меотхэмрэ, я лъахэм къалэ зыбжанэ зэритарщ: Горгиппие, Анакопие, Гермонассэ, Фанагорие, нэгъуэщIхэри. Нобэрей Анапэ и Iэхэлъахэм пасэрей адыгэхэм илъэс минитIрэ щихрэ и пэкIэ СиндикэкIэ зэджэ къэрал щаухуэгъащ. Синдикэм, пасэрей адыгэ къэралым, и лъэужь куэд къэсащ ди деж. Ахэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, синдхэм культурэ лъагэ ябгъэдэлъащ, тхыбзэ яIащ, грекхэм благъэ яхуэхъури, зыужьыныгъэшхуэ ягъуэтауэ щытащ. Синдикэм и къалащхьэр, Горгиппиер, Анапэ деж щысащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, натхъуэдж адыгэхэм я щIыналъэм итащ. Музейхэм нобэ щахъумэ синдхэм, меотхэм, адрей адыгэ лъэпкъхэм я IэдакъэщIэкI куэд – дыщэм,

дыжьыным, гъуаплъэм къыхэщIыкIауэ. Пасэрей адыгэ къалэхэм дэта сэрейхэм, скульптурэхэм я къутахуэ Iэджэ сэтей хъужащ нобэ, абыхэм ущрохьэлIэ хы Iуфэм, Тамань, Псыжь и Iэхэлъахэхэм – пасэрей адыгэхэм я щIыналъэм. Анапэ деж къыщагъуэта мывэ пхъэбгъухэм тIэунейрэ ущрохьэлIэ Ашэмэз и цIэм, пасэрей грекыбзэкIэ тхауэ; Ашэмэз и цIэм ущрохьэлIэ Краснодар деж къыщагъуэта тхыгъэ кIапэми. Ар щыхьэт тохъуэ нарт лIыхъужьхэм я хъыбархэр Синд къэралыгъуэми щызекIуэу зэрыщытам, абыхэм ныбжьышхуэ зэраIэм, лIэщIыгъуэ кIыхь куэдым къызэрыпхрыкIам.

* * *

Хьэрэмэ Iуащхьэ и цIэр къыхохуэ нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ я нэхъыбапIэм. Сосрыкъуэ Албэч и къуэ Тотрэш щиукIари, езыр щаукIыжари Хьэрэмэ Iуащхьэ дежщ; Хьэрэмэ Iуащхьэ дежщ Батрэз и адэм и лъыуасэр нартхэм щапиубыдари. Хьэрэмэ Iуащхьэ и цIэр къыхохуэ Насрэн ЖьакIи, Лъэпщи, Бэдынокъуи, Лъэбыцэжьеи, адрей нартхэми я хъыбархэм. Зэрынэрылъагъущи, Хьэрэмэ Iуащхьэ нартхэм я гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд, мыхьэнэшхуэ щиIэщ. «Хьэрэмэ Iуащхьэ зэхудипIалъэщ» – зэраухылIэ нартхэм, лIыгъэ-шыгъэкIэ зэпэувын хъумэ. Сосрыкъуэ яукIын мурад щащIым, Хьэрэмэ Iуащхьэ ираджэ. Жаншэрхъыр къызрагъэжэхыр Хьэрэмэ Iуащхьэщ. Хьэрэмэ Iуащхьэ апхуэдэ пщIэ щIиIэм и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ мэхъу, Iуащхьэм (лъагапIэхэм) IуэрыIуатэм щагъэзащIэ къалэныр уигу къэбгъэкIыжмэ: ахэр тхьэм я тIысыпIэу, я хэщIапIэу къалъытэрт. Пасэрей алыдж IуэрыIуатэм апхуэдэ къалэн щегъэзащIэ Олимп Iуащхьэм – ар тхьэ тIысыпIэщ, тхьэхэр щохасэ абы, санэхуафэ щащI; Олимп Iуащхьэ дежщ пасэрей алыджхэм Олимпийскэ джэгухэр щаублар. Нартхэм дежкIэ Олимп пэлъытэщ Хьэрэмэ Iуащхьэ: щохасэ, шурылъэс щоджэгу, тхьэ щолъэIу, псалъэ щызэраухылIэ, пIалъэ щызэрат.

Хьэрэмэ Iуащхьэ и цIэр ебгъапщэ мэхъу пасэрей египтянхэм къащIэна пирамидэ цIэрыIуэхэм зэреджэ псалъэм: Хьарам – аращ а пирамидэ (Iуащхьэ) IэрыщIхэмноби зэреджэр.

* * *

Дыгулыбгъуей дэс Къардэнхэ напэIэлъэщI гуэр зэрахьэ. НапэIэлъэщIыр Сосрыкъуэ къыщIэнауэ жаIэ, зэреджэри Сосрыкъуэ и напэIэлъэщIщ. ЗэрыжаIэмкIэ, Сосрыкъуэ и уIэгъэр абыкIэ ипхауэ щытащ и куэр жаншэрхъым щыпихам щыгъуэ. Сосрыкъуэ и напэIэлъэщIыр зи унэ илъыр лъэпкъым я нэхъыжьырщ, лъэпкъым я нэхъыжьым фIэкIа абы нэгъуэщI еIусэркъым, къэзыщти щыIэкъым, пхъуантэм дэлъу зэрахьэ. Сосрыкъуэ и цIэ ираIуэмэ, ар зэхэзыхар, щысмэ, мэтэдж, апхуэдизкIэ ягъэлъапIэри. Уэгъу щыхъум деж Сосрыкъуэ и напэIэлъэщIыр пхъуантэм къыдахмэ, уэшх къошх – ар куэдрэ ягъэунэхуащ.

Мыри жаIэ:

Къэсейхьэблэ и гупэкIэ Бахъсэн псыхъуэ щIытI ущрохьэлIэ. Ар щатIар зыми ищIэжыркъым, ящIэр абы Сосрыкъуэ и къантешэ гъуэгукIэ зэреджэрщ: къантешэ щыхуащIам щыгъуэ, Сосрыкъуэ шууэ блэкIащ абыкIэ, щыблэкIым щIыр джатэкIэ дитхъуащ.

* * *

Нартхэм зэрахабзэщи, санэхуафэр хъуэхъукIэ яублэ. Жылэм я пащхьэ йохьэри, нартхэ я тхьэмадэм хъуэхъубжьэр еIэт, нэхъыжьми нэхъыщIэми хуэфэщэн псалъэ яжреIэ:

*Фи хъуэхъубжьэр си щIасэщ,*
*Мыр си щIасэу вжызоIэ:*
*Махуэ жагъуэ димыIэу,*
*ФIыгъуэ диIэрэ здэдгуэшу,*
*Ди шагъдийхэр здидгъэлъу,*
*Вагъуэм пэбжыр ди Iэщу,*
*ЛIыхъу цIэрыIуэр ди щауэу,*
*Щыуэнығъэр ди мащIэу,*
*ПщIэ зыхуэтщIыр нэхъыжьу,*
*Ди нэхъыжьхэр губзыгъэу,*
*Ди жагъуэгъухэр тфIэлIыкIыу,*
*ТлъэкIыр тщIэжрэ дытхъэжу,*
*Ди тхъэжыгъуэр гъунэншэу,*
*ГущIэгъуншэ тхэмыту,*
*Ди гуэныр гъавэм къикъутэу,*
*Хъуэхъур ди куэду,*
*ПщIэ зыхуедгъэщIыфрэ*
*Афэр ди быдэу,*
*Ди тхьэмадэм*
*Дзажэ дакъэр я Iусу,*
*Ди щIалэхэр зекIуэ ежьамэ,*
*Дыщэплъыр я пащIэу,*
*МазэщIэр я натIэу,*
*ЗдаунэтI пшэрыхьу,*
*Ди унэ уардэ унэжьрэ*
*Выжьхэр щаукIыу,*
*ИкIым кърихьэрэ*
*Къихьэм кърынэу,*
*ХьэщIэ кIуапIэрэ*
*ЕкIур щалэжьу,*
*Пхъэм и махуэр ди бжаблэу,*
*Бланэлыр ди Iусрэ*
*Бланафэр ди бгъэну –*
*Гъэ мин гъащIэ тхъэм къыдит!*

* * *

ХьэщIэр тхьэм и лIыкIуэщ – апхуэдэ псалъэжь къадогъуэгурыкIуэ адыгэхэм: хьэщIэм пащI щыIакъым, тхьэм и пащхьэ къикIауэт ар къызэралъытэр.

ХьэщIэр ирагъэблэгъэн щхьэкIэ, адыгэхэм унэ щхьэхуэ ящIу щытащ, хьэщIэщкIэ еджэу. Адыгэ хьэщIэщым и бжэр хэт дежкIи зэIухат: зи цIи зи щхьи ямыщIэ гъуэгурыкIуэри еблагъэ хъурт абы, еблэгъакъэ – дапщэрэ исами, къыхуеблэгъам хьэщIагъэ ирихын хуейуэ адыгэм и пщэ къыдэхуэрт. ХьэщIэратэкъым ар адыгэм и пщэ дэзылъхьэр, хьэщIэр зэрыхьа унагъуэм езым и пщэ дилъхьэжырт – ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ.

ХьэщIэм бгъэдагъэсын щхьэкIэ, бысымым и гъунэгъухэр, и благъэхэр, и ныбжьэгъухэр къриджэрт, джэгуакIуэхэри кърашэрти, хьэщIэм и нэгу зрагъэужьырт.

Махуищ исыху, къызытекIухьакIи нэгъуэщIкIи хьэщIэм еупщI хабзэтэкъым, махуищ иса нэужь, хьэщIэр унагъуэм ящыщ хъуауэ къалъытэрт, унагъуэм Iуэху кърахьэжьэмэ, Iуэхур ядищIэрт.

ХьэщIэм емыкIу къезыгъэхьым, жылэм я напэр трихауэ къалъытэрти, нэмыплъ иратырт, апхуэдэм и хьэщIэщ цIыху ихьэжыртэкъым, фэи ираплъыжыртэкъым.



Адыгэм и хьэщIэр быдапIэ исщ – апхуэдэ псалъэжьи къадэгъуэгурыкIуащ адыгэхэм. Адыгэ хьэщIэщым ихьам игурэ и щхьэрэ зэтелът, къыщIыхэщтыкIыни щIызэплъэкIыни щыIэтэкъым: хьэщIэщым исыху, абы лей къытехьэнутэкъым, уеблэмэ ар зи хьэщIэщ ихьар лъыкIэ и бийми. ЩрагъэжьэжкIэ хьэщIэм дэкIуатэрт, тыгъэ хуащIырт – шы, Iэщэ-фащэ иратырт.

* * *

Одиссей зекIуэ къыздикIыжым, дыкъыщоджэ Гомер и поэмэ цIэрыIуэм, хыуаем хиубыдэри, иныжь нэ закъуэхэр зытес хытIыгум есылIэн хуей хъуащ. ХытIыгум я нэгу щыщIэкIар мыпхуэдэу къеIуэтэж Одиссей.

... ХытIыгум десылIауэ, мэл Iуей макъ, кIий-гуо макъ зэхэтхащ. Хыуаер увыIэху хым дытехьэж хъунутэкъыми, кхъуафэр хыжьэм дэтхуэри, хытIыгум дытехьащ, лIы пщыкIутI гъусэ сщIыри. БгъуэнщIагъ дрихьэлIэри дыщIыхьащ. БгъуэнщIагъым чей, матэ щIэзщи, шху ярытщ, кхъуей ярылъщ. «Шхурэ кхъуейрэ къэдвгъащти, девгъэжьэж» жаIащ си гъусэхэм, итIани, бгъуэнщIагъым щыпсэум дыпэплъэн мурад тщIащ. БгъуэнщIагъым щыпсэур пщыхьэщхьэм къэсыжащ, мэл хъушэ къихужри. Иныжь нэ закъуэт бгъуэнщIагъым къыщIыхьэжар. БгъуэнщIагъым къыщIыхьэжри, щIэкIыпIэм абрэмывэ Iуигъэлъэдэжащ иныжь нэ закъуэм. Дэ плIанэпэм зыдэдудыгъуащ. МэкIэ дыкъуищIащ иныжь нэ закъуэм. Iэбэрабэурэ си гъусэхэм ящыщ лIитI иубыдащ, дзасэм пиIури игъэжьащ, лIитIыр ишхри зигъэукIуриижащ. ЗетпщыткIэ дыпэлъэщы-

нутэкъым, дыIэмалыншэт. Пщэдджыжьми лIитI ишхащ, и мэл хъушэр бгъуэнщIагъым щIихури, абрэмывэ къыIуигъэлъэдэжащ. Пщыхьэщхьэм къигъэзэжащ иныжь нэ закъуэм, мафIэ ищIри, лIитI игъэжьащ, лIитIыр ишхри, мафIэм ибгъукIэ гъуэлъащ. «Зыгуэр зэрыдмыхъэмэ, мыбы псори дыIэщIэкIуэдэнущ», – жытIащ. Бгъуэнщlагъым зы бжэгъу гъумыщIэфI къыщIэдгъуатэри дупэпцIащ, мафIэм пэрыдгъэлъадэри, и папцIапIэр дэп жьэражьэ хъуа нэужь, бжэгъур зэпэдубыдри, иныжьым и нэр итщIащ. Иныжьыр къыщылъэтащи, мэгъуахъуэ, зелIэж, дэ дурэшплIэрэшым зыдэдгъэпщкIуащи, зыIэрыдгъэхьэркъым. Нэху щыху зилIэжащ иныжьым, пщэдджыжьым мэл хъушэр щIигъэкIын хуейти, абрэмывэр Iуихри, езыр IутIысхьэжащ: мэлыр къиIэбэрэбыхьурэ бгъуэнщIагъым щIегъэкI. И нэр итщIати, Iэбэрабэурэ дызыIэримыгъэхьэмэ, иныжьым дыкъилъагъунутэкъым. Хъушэм тIы пIащэ хэтт. ТIым я ныбэгум зыщIэдгъэзагъэри, бгъуэнщIагъым дыкъыщIэкIащ. БгъуэнщIагъым дыкъыщIэкIауэ дыкъыщищIэм, иныжьыр къыткIэлъыбгащ: «Тхьэгурымагъуэм къызжиIар пэж хъуащ: цIыху цIыкIущ узытекIуэдэжынур, нэгъуэщI къыппэлъэщын щыIэкъым къызжиIати, си нэгу щIэкIащ – гъуэгу мыгъуэм фижьэ!..»

... Иныжь хъыбархэм куэдрэ ущрохьэлIэ IуэрыIуатэм, апхуэдэ хъыбар щыгъунэжщ адыгэ IуэрыIуатэми: нарт эпосым, таурыхъхэм, хъыбархэм, шыпсэхэм. Нарт хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ, иныжьхэм цIыху теплъэ яIэщ, зыщыпсэур бгъуэнщIагъхэрщ е чэщанэхэрщ, мэз кIыфIхэр хэщIапIэ ящIауи урохьэлIэ. Нартхэм куэдрэ къалъохьэ иныжьхэр, нартхэмрэ иныжьхэмрэ зэбийщ, зэзауэ хъумэ, текIуэр нартхэрщ: щхьибл яфIэтми, псибл яIутми, банэ сэреиблкIэ къэщIыхьа быдапIэм (чэщанэм) дэсми, нартым иныжьыр хегъащIэ – IэмалкIэ, бзаджагъэкIэ, хъуагъэщагъэкIэ. Хъуагъэщагъэ хуекIуа нэужьщ Сосрыкъуэ иныжьым мафIэ къыщыфIидыгъуфыр, нартхэ я жылапхъэри къыщыфIихьыжыфыр. Абы къикIыр зыщ: иныжьыр бий бзаджэщ, фIырыфIкIэ уапэлъэщынукъым...

Къызэралъытэмкlэ, иныжь хъыбархэр япэ дыдэ щызэфIэувар Кавказымрэ абы къедза щIыналъэхэмрэщ. Гомер итхыжа хъыбарми и лъапсэр арауэ хуагъэфащэ щIэныгъэлIхэм: ар пасэрей алыдж усакIуэм Троя къикIыжа зекIуэлIхэм я деж щызэхихауэ къалъытэ.

* * *

Ашэмэз и хъыбархэм ящыщ зым зэрыжиIэмкIэ, мэзым здыщIэтым ар ирихьэлIэгъащ жыг ку гъуанэ. Мэз щIагъым щыкIэрахъуэ жьым жыг ку гъуанэр зэрыдэпсалъэм гу лъитащ Ашэмэз. Абы гукъэкI иригъэщIри, Ашэмэз жыг къудамэ лантIэ къыпиупщIащ, къудамэм и кумылэр ирихри епщащ: къудамэм макъ къиIукIащ. Ашэмэз и бжьамийм ар къежьапIэ хуэхъуауэ яIуатэ нарт хъыбархэм.

Бжьамийр нарт лIыхъужьым, Ашэмэз, и цIэм щIрапхам щхьэусыгъуэ иIэщ: ар нэхъ пасэ дыдэу къежьа музыкальнэ Iэмэпсымэхэм

ящыщщ. И цIэмкIи зэрынэрылъагъущи, бжьамийр пасэрей цIыхум къызыхищIыкIар бжьакъуэщ. ИужькIэ ар къыхащIыкI хъуащ пхъэм, гъуаплъэм, жэзым; къамылым къыхащIыкI бжьамийм а къэкIыгъэм и цIэр къытенащ: бжьамий лIэужьыгъуэхэм ящыщ зым кIахэ адыгэхэр иджыри йоджэ къамылкIэ. НакъырэкIэ зэджэ бжьамий лIэужьыгъуи зэрахьащ адыгэхэм, ар нэхъ иужьыIуэкIэщ къыщыунэхуар (абы щыхьэт тохъуэ и цIэри: «накъырэр» нэгъуэщIыбзэм къыхэкIа псалъэщ).

Ныбжьышхуэ зиIэ пасэрей музыкальнэ Iэмэпсымэхэм ящыщщ адыгэхэм ноби зэрахьэ шыкIэпшынэри. ШыкIэпшынэм нэхърэ нэхъ кIасэу къежьащ пшынэдыкъуакъуэмрэ пшынэкъэбымрэ – ахэри къэсащ ди зэманым, къызэрагъэсэбэпыж щIагъуэ щымыIэми.

«ШыкIэпшынэми», «пшынэдыкъуакъуэми», «пшынэкъэбми» я лъабжьэр ныбжьышхуэ зиIэ пасэрей псалъэщ – «пшынэ». Абы къытокI «пшыналъэ» псалъэри. «Пшыналъэм» мыхьэнэ зыбжанэ щигъуэтащ адыгэбзэм: абы «макъамэ» мыхьэнэи къокI, «уэрэд», «усыгъэ» мыхьэнэи иIэнкIэ мэхъу; апхуэдэ мыхьэнэ иIэщ абы, «Сосрыкъуэ и пшыналъэ», «Бэдынокъуэ и пшыналъэ», «Ашэмэз и пшыналэ» щыжытIэкIэ.

* * *



Тхьэгурымагъуэм и цIэ куэдрэ къыхохуэ нарт хъыбархэм. КъэхъункъэщIэнур зыщIэ, зыIуатэ – апхуэдэущ ар нарт хъыбархэм зэрыщытлъагъур. Адыгэм я тхьэгурымагъуэр ебгъапщэ мэхъу пасэрей алыджхэм я оракулым – аращ абыи и къалэныр: къэхъунумрэ къэщIэнумрэ еIуатэ. Нартхэр тхьэгурымагъуэм йочэнджэщ зекIуэ щежьэкIэ, бийм пэувын хуей щыхъукIэ; мазэр е дыгъэр иубыдамэ, щIыр хъеямэ, узыфэ гуэр етамэ, уэлбанэ кIыхь е уэгъу хъуамэ – а псом я щхьэусыгъуэмрэ кърикIуэнкIэ хъунумрэ пасэрейхэм къажезыIэр тхьэгурымагъуэрт. КъызэралъытэмкIэ, цIыхум и нэгу щIэлъри и гъащIэр щиухынури ищIэрт тхьэгурымагъуэм. Тхьэгурымагъуэр тхьэхэм япыщIауэ, тхьэхэр псэлъэгъурэ чэнджэщэгъурэ къахуэхъуу ябжырт, арат абы и пщIэр щIэлъагэр, и псалъэм шэч къыщIытрамыхьэр. Езы псалъэми хыболъагъуэ ар: «тхьэгурымагъуэм» лъабжьэ хуэхъуар «тхьэ», «магъуэ» («мэгъу») псалъэхэрщ, а тIур зэпызыщIэ псалъэр («агур») пасэрей латиныбзэм къыхэкIауэ хуагъэфащэ: латиныбзэм абы «аугур» теплъэ щиIащ.

* * *

Нартыр зекIуэ ежьэрэ лIыгъэ зэрихьамэ, хасэм ираджэри къохъуэхъу, лIыхъужьыбжьэ кърат. ЛIыхъужьыбжьэ къратакъэ – нартыр хъуэхъуэн хуейщ: и лIыгъэм хуэфащэ псалъэ жеIэ. Ар я хабзащ нартхэм; нартхэм я лъэхъэнэ лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуащ хъуэхъур – пасэрей цIыхум и гущIэм япэ дыдэ къиIукIа пшыналъэхэм ящыщщ ар.

Адыгэ хъуэхъухэр ди деж къэсащ лIэщIыгъуэ кIыхьхэм я Iущыгъэрэ я акъылкIэ гъэнщIауэ. ЩIэныгъэм зэригъэбелджыламкIэ, хъуэхъухэр япэ къызыдежьар пасэрей мажусий тхьэхэрщ, абыхэм

яхъумащ Тхьэгъэлэдж, Амыщ, Созрэщ, Псатхьэ, Щыблэ, Мэзытхьэ сымэ я цІэрэ я пщІэрэ. ВакІуэ дэкІауэ гъунэ щралъэкІэ, цІыхур ноби мэхъуахъуэ: «Я дэ ди тхьэ! Тхьэгъэлэдж! Телъыджэр зи Іэужь, едгъэжьа Іуэхур гъэбагъуэ!» – жари. Пасэрей цІыхум дежкІи тхьэр плъапІэт икІи гугъапІэт, цІыхур зыщыгугъыр, зыфІэлІыкІыр арат.

Пасэрей дунейм къыщежьами, и къуэпсыр мыгъужауэ ди деж къэсащ хъуэхъур – абы нэхъ псэ быдэ щыгъуэтыгъуейщ адыгэ ІуэрыІуатэм.

ЦІыхур щІэхъуахъуэр фІыгъуэщ, хъуэхъукІэ щІэблэр ягъэІущ, захуагъэм, цІыхугъэм, лІыгъэм хураджэ, яузэщІ, ягъэгушхуэ. ЩІэблэм йохъуэхъу: «Я гъуэгур бзэпсу, я псыр чэнжу, дыщэплъыр я пащІэу, мазэщІэр я натІэу», – жари. Щауэр щрашэжкІэ, тхьэмадэм хъуэхъубжьэ къретри къыжреІэ: «Бажэ уещэм, щыхь къэбукІыу, хъыкІэ уещэм, дыщэ къихъуэу». Нысэ къэзышам и гуапэщ, ар щынэ хуэдэ Іущабэу, джэд хуэдэ быныфІэу, хьэфІ хуэдэ Іумахуэу, шыфІ хуэдэ цІэрыІуэу унагъуэм исмэ; я пхъур къэрэкъэтинэ, бэрэтІинагъуэ, данагъуэ Іупэ хъумэ, и нитІыр вагъуэрэ мазэ къурашэр и набдзэу, и псалъэр ІэфІрэ и Іуэхур ефІакІуэу, и нэмысыр инрэ и акъылыр изу къэтэджмэ, адэ-анэм я щІасэщ.

Псалъэм я нэхъ ІэфІкІэ йохъуэхъу цІыхур унагъуэм, дунейм къытехьа сабийм, гъавэм, унэщІэм, Іэщым – адыгэ хъуэхъум гъуни нэзи имыІэ пэлъытэщ, апхуэдизкІэ къулейщ, зэмылІэужьыгъуэщи. Унагъуэм йохъуэхъу мыпхуэдэ псалъэкІэ: «Гуэлым хуэдэр я гъэшу, шэрхъым хуэдэр я кхъуейуэ, мыувыІэжыр я щхьэлу, я лІыжьым дзажэ дакъэр и Іусу, я сэр лыжьым къыІуигуэу, я хугум пшатхъуэ трихьэжауэ, я хьэ мынацІэу, я чыцІ мыкІуэду, уардэ унагъуэу, выжьхэр щаукІыу, я фор гуибгъуу, я шыгъур гуипщІу, шэ зыпхымыкІыр я афэу, домбеяфэр я бгъэну, зы губгъэни ямыІэу гъэ минкІэ гъэпсэу!» ВакІуэ дэкІарэ гъунэ иралъэмэ, вакІуэ тхьэмадэр мэхъуахъуэ: «Вабдзэ махуэ тетлъхьауэ, жыр махуэ дыхуэзауэ, щІым и махуэм къигъэзэну, къигъазэр щІыгулъу лъэлъэну, хум и фІыпІэкІэ къызэрылъэлъыну», – жери. Нарт хасэм я тхьэмадэр нарт щауэм ехъуэхъу пэлъытэщ, иджырей ди нэхъыжьхэм нобэрей ди щІэблэм мыпхуэдэ псалъэ щыжраІэкІэ: «Ди щІалэхэр гъущІыпсэу, псэ быдэу, зыубыдым елъэщэкІыу, зытесыр пщІэгъуалащхъуэу, данэ щІопщыр ягъаджэу, зэджэ-зэпсэр я гупсэу, псыблэм хуэдэу заупцІу, пцІащхъуэ лъатэм къыдэжэу, я жэрагъыр алъпыжьу ди ныбжьыщІэхэр кърехъу!»

Ди деж къэса адыгэ хъуэхъухэм къыбжаІэ дяпэ итахэм цІыху жьакІуэ – бзэ шэрыуэрэ акъыл бзыгъэрэ зиІа усакІуэ куэд зэрахэтар. Ахэращ хъуэхъужьхэм я нэхъыбэр зи Іэужьыр. Зи бзэр жан тхьэмадэм и гущІэм къиІукІа хъуэхъум и купщІэр уахътыншэ мэхъу, зыгуэрхэр щІагъужми е псалъэ гуэрхэр зэрахъуэкІми, нартхэм я лъэхъэнэм къежьауэ ди лъэпкъым къыдогъуэгурыкІуэ ахэр нобэр къыздэсым.

* * *

Нартхэ хасэм щызэхыхьэми, санэхуафэ ящІыми, шурылъэс джэгуми, унафэ яхуэзыщІыр я тхьэмадэрщ, абы и псалъэм псори йодаІуэ,

псори йочэнджэщ. «Ди нарт тхьэмадэр Насрэн ЖьакIэщ» – апхуэдэ псалъэ халъхьащ Ашэмэз и пшыналэм. ЗекIуэ ежьэн хъуми, нартхэ тхьэмадэрэ гъуазэрэ яхуохъу Насрэн ЖьакIэ – аращ Ашэ илъ зыщIэж шухэм я шу пашэр: абы емыдаIуэрэ и унафэм емыувалIэрэ яхэткъым зекIуэ ежьахэм. АпхуэдэпщIэ хуащI адыгэхэм я нэхъыжьым нартхэм я зэман лъандэрэ. Нэхъыжьым и пщIэр апхуэдизкIэ лъагэт, инти, абы и пащхьэм емыкIу къыщызыхьыр, и нэмысыр зыкъутэр гупым зыхагъэхьэжыртэкъым, цIыхуфи ираплъыжыртэкъым, апхуэдэр сэхъуауэ, адыгагъэм ебэкъуауэ, хабзэм щIамыпIыкIауэ къалъытэрти. Нэхъыжьым емыдэIуэн дэнэ къэна, и псалъэ зэпаудыртэкъым, пэпсэлъэжыртэкъым – къошхыдами, къогиями, къыпхуэгубжьами. Дауи, зи пщIэмрэ зи щIыхьымрэ лъагэ нэхъыжьым дуней илъэгъуауэ, дунейм и пIалъэ ищIэу щытын хуейт. Апхуэдэщ адыгэхэм я нэхъыжьхэм я нэхъыбапIэр, арат абыхэм я унафэмрэ я псалъэмрэ унагъуэри, лъэпкъри, жылэри щIеувалIэр. Унагъуэмрэ унагъуэр зыщыщ лъэпкъымрэ тепщIыхьмэ, нэхъыжьыгъэр зэлъытар ныбжьырат: унагъуэми ар зыщыщ лъэпкъми я тхьэмадэр нэхъыжьыгъэр ныбжькIэ зылъысырат (жьы дыдэ хъуарэ унафэр хузэкIэлъымыгъэкIуэжмэ, къуэдзэ хуащIурэ). Жылэм, хэкум тхьэмадэ ящI хабзэр акъылышхуэ зыхэлъ цIыху Iущхэрт – ныбжькIэ ар къалъымысми, лIыпIэ иуварэ и акъылкIэ цIэрыIуэ хъуамэ.

128 УщрихьэлIэ елъытауэ, нэхъыжьым хуэпщIын хуей нэмысымрэ пщIэмрэ гъэбелджылауэ къадэгъуэгурыкIуащ адыгэхэм. Шу гуп гъуэгу техьамэ, нэхъыжьыр яку дагъэувэрт, абы ныбжькIэ къыкIэлъыкIуэм сэмэгурабгъур лъысырт, нэхъыщIэр ижьырабгъумкIэ къыбгъурышасэрт. Iэнэ пэрытIысхьэми, арат хабзэр. Нэхъыжьым и гъуэгу зэпаупщIыртэкъым, ар блэкIыху заIэжьэрт, убгъурыувэу удэкIуэтэнри къыптехуэрт. Iэнэ тIысын хъумэ, нэхъыжьым и тIысыпIэр щхьэхуэт – жьантIэрт; хьэщIэ кърихьэлIамэ, хьэщIэ нэхъыжьыр абы и сэмэгурабгъумкIэ ягъэтIысырт. Iэнэм пэрысыху, хъуахъуэ хабзэр нэхъыжьым и закъуэт; хьэщIэ нэхъыжьми псалъэ лъагъэсырт. Iэнэм щыпэрысми гуп щызэрихьэлIэми нэхъыжьхэм щIалэ яхэпсэлъыхь хабзэтэкъым (яхэхъуэхъухьын дэнэ къэна!), я псалъи зэпаудыркъым, нэхъ кърагъэкIуур къабгъэдэкIуэтауэ лъэныкъуэкIэ зыщыIэжьэнырщ – къыпхуей хъумэ, къоджэнщи, узыбгъэдашэнщ.

Нэхъыжь тхьэм уимыщI – ар жаIэ хабзэщ нэхъыщIэм и цIэ щраIуэкIэ. Абы кърагъэкIыр щIалэм къыгуроIуэ: уи нэхъыжьыр тхьэм куэдрэ пхуигъэпсэу, уи нэхъыжьыр тхьэм къыпщхьэщигъэт. Нэхъыжьыгъэм щIэкъуныр адыгэм яфIэемыкIущ игъащIэм, зи нэхъыжьыгъуэм (ар ныбжькIэ зылъысам) уефыгъуэу аращ абы кърагъэкIыр. Пщыхэм (дзэпщхэм) хабзэ гъэщIэгъуэн яхэлъащ: зи жьакIэр тхъуху псэуа пщым (дзэпщым) фэ щрамыплъыж лъэхъэнэ щыIащ. Ари щхьэусыгъуэншэтэкъым: пщым (дзэпщым) и гъащIэр уанэгум щихьырт шым шэсыф зэрыхъу лъандэрэ. Зи пащIэ-жьакIэ зэщIэтхъуа пщым щхьэкIэ жаIэрт: «ЛIыгъэ хэлъамэ, апхуэдиз къигъэщIэнтэкъым» («Алъандэм къаукIынт» жыхуаIэщ). Адыгэ тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэщи, пщыхэм

(дзэпщхэм, шу пашэхэм) я нэхъыбэр я ныбжь иримыкъуауэ хэкIуадэрт зауэм, закъуэтIакъуэт жьы хъуху псэур...

Адыгэм я нэхъыжьхэм я пщIэр езым къалэжьыжауэ, я акъылкIэ, я губзыгъагъэкIэ, я лIыгъэкIэ, я цIыхугъэкIэ къахьыжауэ къекIуэкIащ. Нэхъыжьым (лъэпкъым, жылэм я тхьэмадэм) фIыуэ ищIэрт хабзэр, тхыдэр, дунейм и пIалъэ щыгъуазэт, лей зэрихьэнутэкъым, нэфI-ней хэлътэкъым, захуагъэм текIынутэкъым, цIыхур зэрызэгуригъэIуэнрэ фIыгъуэ зэрахуилэжьынрэт зыхуэпсэур.

* * *

ЩIэныгъэм зэригъэбелджылащи, псори зэрызэпсалъэ, зэрызэгурыIуэ бзэм нэмыщI, пасэрей щакIуэхэм, зекIуэлIхэм бзэ лIэужьыгъуэ гуэр яIащ, щакIуэбзэкIэ еджэу: щIагъыбзэкIэ зэпсалъэрт зекIуэ ежьа шухэр, псэущхьэхэм я цIэ ираIуэртэкъым щакIуэхэм. Абы щхьэусыгъуэ иIэщ: зекIуэлIым и щэхум щыгъуазэIа хъунутэкъым – хэт и гъусэ, дэнэ лъэныкъуэкIэ здиунэтIынур, я гъуэгур кIыхь хьэмэ кIэщI? Псэущхьэхэм я цIэ ираIуэмэ, щакIуэхэм я Iуэху къадэмыхъуну (къамыщэкIуфынуIауэ) къалъытэрт. Апхуэдэ щIагъыбзэхэм зекIуэбзэкIэ, щакIуэбзэкIэ еджэрт. ЗекIуэлIхэм я бзэм бзыщIа щыхъурт, псалъэм папщIэ, «шы», «шабзэ», «Iэщэ», «гъуэгу», «джатэ», «къамэ», «сэшхуэ», къуинэмыщI псалъэхэр, абыхэм я пIэ ирагъэувэрт езы зекIуэлIхэм фIэкIа нэгъуэщIым къыгурымыIуэ псалъэ IэрыщIхэр. ЯбзыщI псалъэхэр бзэм щыхэкIуэдыжыкIыпи къыщыхъу щыIащ, абыхэм я пIэ иувауэ ди бзэм нобэ къыщыдогъэсэбэп зекIуэбзэм, щакIуэбзэм къыхэкIа псалъэ куэд. ЩакIуэбзэм къыхэкIащ, псалъэм папщIэ, псэущхьэхэм я нэхъыбэм я цIэхэр: дыгъужь, мыщэ, тхьэкIумэкIыхь, бжьо, хьэIуцыдз, кIэпхъ, нэгъуэщIхэри – ахэр зэгуэр ябзыщIа псэущхьэцIэхэм я пIэ иувэри, ди бзэм къыхэнауэ нобi къыддогъуэгурыкIуэ. Зыми ищIэжыркъым пасэрей адыгэхэр дыгъужьым, мыщэм, тхьэкIумэкIыхьым, бжьом, кIэпхъым зэреджэу щытар, нобэрей ди бзэм къыщызэтенар я фэм, я дуней тетыкIэм елъытауэ а псэущхьэхэм «къыхуагупсыса» цIэхэрщ: Iэщ, мэл яфIэзыхь (яфIэзыдыгъу) хьэкIэкхъуэкIэм и цIэр ябзыщIри «дыгъужь» фIащащ, щакIуэм нэхъ зримыку, нэхъ зыщышынэ псэущхьэм «мыщэ» цIэр тригъэIукIащ (и цIэ дыдэр ибзыщIри); апхуэдэущ тхьэкIумэкIыхьми, кIэпхъми, бжьоми, хьэIуцыдзми цIэщIэ зэрагъуэтар.

* * *

Сэтэней нартхэр зэреджэр гуащэщ. Сэтэней гуащэ. «Сэтэней гуащэ, гуащэхэм я лей» – куэдрэ къыхохуэ нарт хъыбархэм: Сэтэней и пщIэр зэрылъагэм, абы пащI зэрыщымыIэм и щыхьэтщ ар. «Сэ нарт шу сыпащI», – жеIэ езы Сэтэней, нартхэм я пащхьэ щиIэ пщIэмрэ лъытэныгъэмрэ и напщIэ телъщ, абы ирогушхуэри. Нартхэм я лъэхъэнэми иужькIи «гуащэ» псалъэм «пашэ» мыхьэнэ иIащ. ИужькIэ абы мыхьэнэщIэ



9 Заказ №75

игъуэтащ, ар щынэрылъагъущ «унэгуащэ» псалъэм – унагъуэм я цIыхубз нэхъыжь, тхьэмадэм и щхьэгъусэ; нысэ зиIэ цIыхубзми «гуащэкIэ» еджэ хъуащ («нысэм и гуащэ»). «Гуащэ» псалъэм ущрохьэлIэ мажусий диным къыдежьа цIэхэми – Псыхъуэгуащэ, Хыгуащэ, Хадэгуащэ, Мэзгуащэ (псым, хым, хадэм, мэзым я гуащэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, я тхьэ). Тхьэпэлъытэущ Сэтэней гуащи нартхэм къазэрыщыхъур: нартхэр зекIуэ ежьэнумэ, абы йочэнджэщ, ар нартхэ я ущиякIуэщ, Iущыгъэрэ губзыгъагъэрэ зыдалъагъу тхьэпэлъытэ гуащэщ.

Пасэрей дунейм къыщежьащ «гуащэ» псалъэм епха хабзэ гъэщIэгъуэнри – Хьэнцигуащэ къешэкIыныр: уэшх кърагъэшхын щхьэкIэ, Хьэнцигуащэ кърашэкIыурэ, пасэрейхэр тхьэ елъэIурт, мыр жаIэурэ: «Хьэнцигуащэ зыдошэрэ, ди тхьэ, уэшх къегъэщэщэх». А хабзэм (тхьэлъэIум) ноби ущрихьэлIэ къохъу, нобэ Хьэнцигуащэ къезышэкIыр цIыху ныбжьыщIэхэрщ. Тхьэ елъэIуурэ зыбжанэрэ кърашэкIа нэужь, Хьэнцигуащэр псым е хым (хы Iуфэм Iус адыгэхэм) хадзэрт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Псыхъуэгуащэм (Хыгуащэм) тыхь (къурмэн) хуащIырт. «Хьэнцигуащэ» псалъэм и лъабжьэр «хьэнцэрэ» «гуащэрэщ» (хьэнцэр яхуапэрти, гуащэкIэ еджэрт: Хьэнцэ гуащэ). ХьэнцэкIэ зэджэр кхъуафэр (кхъуафэжьейр) зэрыщIатхъу бэлагъырщ. А псалъэр лъабжьэ хуэхъуащ пхъэIэщэ пхъэбгъур зэралъэщI бэлагъым и цIэми – «кхъуэхьэнцэ»: «кхъухь хьэнцэ» – апхуэдэущ а псалъэр къызэрыбгурыIуэнур. Хьэнцэ яхуапэ щыхъуар нэхъ иужькIэщ. Уэшх кърагъэшхын щхьэкIэ, тхьэ щелъэIунум деж, пасэрейхэм яхуапэрэ кърашэкIыу щытар цIыхубз щIалэщ (нысащIэщ) – абы щыхьэт тохъуэ тхыдэр. Тхьэ елъэIуурэ зыбжанэрэ кърашэкIа нэужь, нысащIэр псыхэлъафэ ящIырт – псым (е хым) и тхьэм тыхь хуащIырт. «Тхьэм и нысэ гуащэ» – арат зэреджэр уэшх кърагъэшхын щхьэкIэ кърашэкI нысащIэм (гуащэм). Сабийхэр зэрыджэгу хьэпшып цIыкIум – гуащэм кIахэ адыгэхэр ноби зэреджэр «нысэтхьэпэщ» – абы къыщызэтенащ «тхьэ нысэ гуащэм» къыщежьа «нысэ» псалъэр, ар щыхьэт тохъуэ «хьэнцигуащэ» псалъэр «тхьэ нысэ гуащэм» къызэрыщежьам.

* * *

*ЗэрыжаIэмкIэ:*

Сэтэней и хьэкур Афэбг лъапэ тетащ. Хьэкум абрэмывэ илъауэ жаIэ. Абрэмывэр хьэкум иджэрэзыхь зэпытт, Сэтэней щыпщафIэкIэт щыувыIэр. Афэбг пэжыжьакъым Сосрыкъуэ и шы джэгупIэр. Сосрыкъуэ и Тхъуэжьейр игъэджэгуху, Сэтэней пщафIэрт, пIастэ ищIамэ, ар мыупщIыIу щIыкIэ Сосрыкъуэ хуихьырти, игъашхэрт.

*Мыри жаIэ:*

Сэтэней гуащэ мэз лъапэм техьауэ удз дахэ цIыкIу ирихьэлIащ. Игу ирихьри, удз дахэр къигъэIэпхъуащ Сэтэней гуащэ. КъигъэIэпхъуа щхьэкIэ, хэкIакъым – гъужащ. Гъатхэр къэсри, аргуэру къигъэIэпхъуащ удзыр – ари хэкIакъым, ари гъужащ. ХэкIэху и ужь икIакъым удз дахэм:

ещанэ гъэм къигъэIэпхъуар хэкIащ. Удзым Сэтэней и цIэр къытенащ. Гъатхэм щIым къыхожри, мэгъагъэ Сэтэней и удзыр. Ар къэщхьэлъэмэ (гъагъэмэ), гъунэ иралъэжыркъым – хэтIэсащи, вакIуэ удэкIыж хъунукъым. «Сэтэнейр къэщхьэлъэмэ, гъунэ иумылъэж» жаIэ игъащIэм.

* * *

Инжыдж бжьэпэ (Шэрджэсым), Хьэбэз къуажэм пэмыжыжьэу, пасэрей чэщанэжь тетщ. Iэдииху и чэщанэкIэ йоджэ абы ноби. Чэщанэм апхуэдэцIэ теIукIынкIэ щIэхъуар мыпхуэдэу къаIуатэ:

... Нарт хахуэ гуэр щыIащ. Нартыр зекIуэ кIуэрейт, шыбз гуартэ къихуурэ къигъэзэжырт. Жэщу къигъэзэжамэ, чэщанэм щIэс и щхьэгъусэм, Iэдииху, и Iэблэр щхьэгъубжэм къыдишиикIырти, псы уэрым зэпрыдза чэтэн лъэмыжыр къигъэнэхурт, нартым шыбз гуартэр псым зэприхурти, чэщанэм дыхьэжырт: «Шыбз гуартэ къэсхуащ!» – жиIэрти. И лIыр зэрызыщытхъужыр игу техуакъым Iэдииху. «Си Iэблэр щхьэгъубжэм ныдэзмышиикIмэ, псым укъызэпрыкIыжыфынукъым», – ехъурджэуащ Iэдииху и щхьэгъусэм. Ар нартым идакъым: зекIуэ кIуэри, шыбз гуартэ кърихужьащ, шыбз гуартэр лъэмыжым къытрихуащ, арщхьэкIэ мазэхэ жэщти, шыбз гуартэри езыри лъэмыжым елъэри, псым хэкIуэдащ – и лIым хузэгуэпати, Iэдииху и Iэблэр щхьэгъубжэм къыдигъэжакъым. Iэдииху и лIым и хьэдэр Инжыдж Псыжь щыхэхуэжым деж къыщагъуэтыжри, абдеж щыщIалъхьэжащ. Нарт хахуэр зыщIэлъ Iуащхьэм Iуащхьэ къуагуэкIэ йоджэ ноби...

Апхуэдэ хъыбар иIэщ Iэдииху и чэщанэм. Нарт хъыбар теIукIами, Iэдииху и чэщанэкIэ зэджэм и тхыдэр нэгъуэщIщ, и ныбжьри жыжьэ нэсыркъым. Инжыдж бжьэпэ тет чэщанэр щащIар 1760 гъэхэм дежщ, езыгъэщIар ХьэтIохъущокъуэ Темрыкъуэщ – Къэбэрдейм и тхыдэм лъэужьышхуэ къыхэзына ХьэтIохъущокъуэ Исмел (Исмел ПсыгъуэкIэ зэджэм) и адэрщ (абы и гъащIэр лъабжьэ хуэхъуащ М. Ю. Лермонтовым и поэмэ цIэрыIуэм – «Измаил-Бей»-кIэ зэджэм).

* * *

«Зи мэIуху дыщафэ, афэр зи джанэ куэщI» – апхуэдэ псалъэ ущрохьэлIэ Сосрыкъуэ и пшыналъэм: зекIуэ ежьэнумэ, нартым афэ джанэ зыщитIагъэ хабзэщ. Афэ джанэ ящыгъщ Бэдынокъуи, Ашэмэзи, Батрэзи, адрей нартхэми – ар зыщыгъым шабзэкIи бжыкIи пэлъэщыгъуафIэкъым. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ афэ джанэр адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ зэрызэрахьам; адыгэ зауэлIхэм афэ джанэ зэрахьащ Кавказ зауэм и лъэхъэнэми – епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм. Щыгъуазэхэм зэратхыжамкIэ, афэ джанэ зыщыгъ адыгэ шум сэшхуэкIи бжыкIи упэлъэщыртэкъым, ар апхуэдизкIэ нейт, быдэти. Аращ адыгэхэм я IэдакъэщIэкI афэ джанэр цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ щIыщытар: афэ джанэ ирагъэщIын щхьэкIэ, адыгэ IэпщIэлъапщIэхэр урыс пащтыхь-

хэм куэдрэ ирагъэблэгъащ; адыгэ афэ джанэр щыцIэрыIуэт гъунэгъу лъэпкъхэм я дежи.

Адыгэ афэ джанэм и «щэху» псор къэсакъым ди деж – езыр IэщIыб щащIыжым, и «щэхухэри» кIуэдыжащ. Музейхэм нобэ щахъумэ адыгэ афэ джанэхэр нэхъ щIагъуэ дыдэхэм зэращымыщым шэч хэлъкъым. Афэ джанэ щыIащ, зэкIуэцIыплъхьэмэ, IэмыщIэм къимыщу, – адыгэхэм апхуэдэ афэ джанэ ящIыфу зэрыщытам щыхьэт техъуэр мащIэкъым.

Афэ джанэр щIын щIадзащ пасэ дыдэу – цIыхум шабзэшэхэмрэ бжымрэ зыщихъумэн хуей хъуа нэужь. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, адыгэхэр гъущIым нэIуасэ хуэхъуащ (е ар ягъавэ хъуащ) илъэс 3000 – 3500-рэ ипэкIэ. Абы и ужькIэ, дауи, лIэщIыгъуэ Iэджэ дэкIын хуейт гъущI кIапсэ псыгъуабзэм афэ джанэ къыхащIыкIыф хъун щхьэкIэ: гъущI кIапсэ псыгъуабзэм нэм къищтэф къудейуэ тхьэгъу цIыкIунитIэхэр къыхэпщIыкIыурэ ней-нейуэ зэрыбдзэн щхьэкIэ, Iэзагъышхуэ пхэлъын зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ – пасэрейр абы щIэх хуэIэрыхуэ хъуакъым.

ГъущI кIапсэ псыгъуабзэм тхьэгъу жьгъейхэр къыхащIыкIыурэ зэрадзэ хъун и пэкIи ящIу щытащ афэ джанэ. Апхуэдэ афэ джанэр къызыхащIыкIыр фэт – выфэ, домбеяфэ, бланафэ, н. «Афэ» псалъэм и мыхьэнэр иджыпсту гурыIуэгъуэжкъым, ауэ шэч хэлъкъым абыкIэ псэущхьэ гуэрым еджэу зэрыщытам, абы щыхьэт тохъуэ «Афэбг» цIэри «афэ джэдыгу» псалъэри. ЗауэлI джанэр фэм къыхамыщIыкIыж хъуа нэужьи абы и цIэм «афэ» псалъэр къыхэнащ – псалъэхэм я тхыдэм апхуэдэр къыщыхъу хабзэщ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

# **Нэхей Аслъэн:** Сэ макъамэр сытым дежи си псэм хэлъщ



*Урысей Федерацэм, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цIыхубэ артист, Кубанымрэ Абхъазымрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, «Адыгейм и щIыхь» медалыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр, УФ-м, АР-м я Къэрал саугъэтхэр, Шостакович Д. Д. и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр зыхуагъэфэща, Кавказ Ищхъэрэм, Урысей псом щыцIэрыIуэ композитор, АР-м къафэмрэ уэрэдымкIэ и «Ислъэмей» къэрал ансамблым и художественнэ унафэщI Нэхей Аслъэн Къасым и къуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ. Ар 2018 гъэм и кIэухым дахэу, Iэтауэ щагъэлъэпIащ Адыгейм, абы теухуа концертхэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щитащ «Ислъэмейм».*

*Нэхейр Адыгейм и мызакъуэу, щIыпIэ куэдым къыщацIыху. Ар цIэрыIуэ зыщIар, дауи, и IэщIагъэм хуиIэ Iэзагъырщ, уэрэджыIакIуэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм ягъэзащIэ оркестр, вокал макъамэ произведенэхэрщ. Аслъэн и цIэр адыгэ тхыдэм дыщэпскIэ хитхащ езым и Iэдакъэ къыщIэкIа, АР-м и япэ лъэпкъ оперэмкIэ, абы къызэригъэпэща, нобэ Адыгейр зэрыгушхуэ «Ислъэмей» ансамблымкIэ. Нэхейм и IуэхущIафэхэмкIэ лъэпкъ щэнхабзэм зрегъэужь, хэгъэгухэмрэ къэралхэмрэ хуаIэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри ирегъэфIакIуэ, къыдэкIуэтей щIэблэр фIым, дахэм, гъуазджэм хуегъасэ...*

*Апхуэдэ цIыху щэджащэм и юбилейр щхьэусыгъуэфI хъуащ, и цIэр къыщраIуэкIэ цIыхухэр щыту Iэгу зыхуеуэ Нэхей Аслъэн нэхъ гъунэгъуу зэдгъэцIыхунымкIэ. Мейкъуапэ сызэрыщыIэр, интервью къеIысхыну сызэрыхуейр щыжесIэм, Аслъэн и зэманыр зэпэубыда пэтми, къыдигъахуэри, си упщIэхэм жэуап къаритащ, гуапэу къызэпсэлъащ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр фIыуэ зэрилъагъур къызжиIащ.*

**— Аслъэн, уи юбилей илъэсыр лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытам, Мейкъуапэ дэт Къэрал филармонием абы и щIыхькIэ концерт ин зэрыщекIуэкIам и гугъу уэзгъэщIу ди зэпсэлъэныгъэр къыщIэддзэну сыхуейт. КъищынэмыщIауэ, сыт хуэдэ гупсысэхэр уиIэу урихьэлIа уи илъэс 75-м?**

— БлэкIа илъэсыр си дежкIэ, псом япэрауэ, лэжьыгъэкIэ гъэнщIауэ щытащ. «Ислъэмейм» и концерт Прагэ, Берлин, Москва къалэхэм, Адыгейм и районхэм, жылэхэм щекIуэкIащ. МакъамэщIэхэр стхыну сыхуейти, къызэхъулIащ. Ар гъэ къэси езгъэкIуэкI лэжьыгъэщ, си щхьэ Iуэхущ, си творчествэщ. Ауэ юбилей илъэсыр къыщысым деж, уи гъащIэ псор зытебухуа Iуэхур уи щхьэ закъуэ, уи унагъуэ хуэпщIэжу щыщымыткIэ, цIыхухэм я пащхьэ къипхьэнкъэ?! А псори зыхэт юбилей концерт схуащIащ, УФ-м и Композиторхэм я союзым и унафэщIыр, Краснодар крайм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа хьэщIэхэр хэту.

Сэ стхыр щIэстхыр адыгэхэращ, ди лъэпкъ профессиональнэ музыкэм зезгъэужьын щхьэкIэщ. А концертым утыку къыщисхьар иужьрей илъэси 5-м си Iэдакъэ къыщIэкIа произведенэхэрщ. Псом хуэмыдэу иджыпсту ахэр бгъэлъэгъуэным мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, иужьрей илъэси 10-м макъамэ мыхьэнэншэ куэд дунейм къытехьэ хъуащ. Музыкэ щIэныгъэ ямыIэу, абы хуемыджауэ уэрэдри макъамэри «зытхыфхэр» куэд хъуащи, «Едем, едем в соседнее село» уэрэдым хуэдэхэм цIыхухэм ягу къиуIащ. Абы ипкъ иткIэ, илъэситху блэкIар къызэщIэскъуэжри, куэд утыку къисхьащ, абыхэм ящыщщ си оперэм и концерт гъэзэщIэкIэр, «нарт симфониер», нэгъуэщIхэри.



Дэ зыкIи дынэхъ Iейкъым адрей лъэпкъхэм нэхърэ. ИкIи дылъэпкъ цIыкIукъым, сфIэфIкъым апхуэдэу щыжаIэм деж. Къэбэрдейм мелуан ныкъуэ исщ, дэ мин 200 дохъу, Тыркум, Сирием, Иорданием, нэгъуэщI къэралхэм куэд щопсэу. АтIэ дэ тхуэдэ лъэпкъым хуэфащэкъэ искусствэ нэс иIэну, и хъугъуэфIыгъуэхэм зригъэужьыну?! Сэ ЩэнхабзэмкIэ министерствэхэм сытым дежи яжызоIэ, композиторхэр, тхакIуэхэр, европэ мардэхэм изагъэу, дгъэхьэзырын зэрыхуейр. Дэ ди мыгъуагъэр дызэрызэмыгугъужырщ. Псом хуэмыдэу СССР-р лъэлъэжа нэужь, литературэр, макъамэр, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэри Iэпэдэгъэлэл тщIащ дэ. Иджыпсту хэт сыт хуейми ищIэу аращ, усэ зытхыну хуейм етх, макъамэ зэхэзылъхьэну хуейм зэхелъхьэ, абыхэм я купщIэр зыми къилъытэркъым, аращи, цIыхур абы йосэ. Ди къалэн нэхъыщхьэу къызолъытэ къыдэкIуэтей щIэблэр нэхъыфIым хуэдунэтIыну, зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэм дадэлэжьэну.

**— Дэтхэнэ цIыху цIэрыIуэми хуэдэу, уэри уи сабиигъуэр къыщежьэр адэ-анэм, укъызыхэкIа унагъуэм я дежщ. Адыгэ къуажэ къыщыхъуа сабийр композитор цIэрыIуэ зэрыхъуам ущегупсыскIэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым япэ макъамэр абы и щхьэм къызэрихьар, япэ IэдакъэщIэкIыр къызэригъэщIар. Сыхуейт музыкэм хуэпча япэ лъэбакъуэхэр зыхуэдамкIэ укъыддэгуэшэну.**

— Ар къызыхэкIар бжесIэфынукъым, ауэ си сабиигъуэм щегъэжьауэ творческэ цIыху сызэрыхъунур къызгурыIуэжырт. Теучэж

районым хыхьэ Джыджыхьэблэщ сыкъыщыхъуар, бынунагъуэшхуэм сыкъыщалъхуащ. Зауэ нэужь лъэхъэнэм цIыхухэр гугъуехь куэд хэта пэтми, сабиигъуэ насыпыфIэ сиIауэ къызолъытэ. Сыкъэзыухъуреихьу щыта цIыхухэр, къуажэ мэзыр, псыежэхыр — а псоми ягъэдэхащ си гъащIэр.

ПэщIэдзэ классхэм сыщыщIэсым, фIыуэ седжэрт, макъамэм сегупсысыртэкъым иджыри, ауэ усэ стхырт. Гъатхэпэ мазэу, дерсым дыщIэсу, ди егъэджакIуэм гъатхэм теухуа изложенэ ттхыну къыдитат. Дерсыр иухыху тхэуэ щысащ си классэгъухэр, сэ дакъикъэ 20-м гъатхэм теухуа усэ адыгеибзэкIэ зэхэслъхьат. Иджыпсту абыхэм ухэплъэжмэ, усэ къызэрыгуэкIыущ къызэрыпщыхъунур, ауэ абы щыгъуэм а усэхэм си лъагъуэр яубзыхуащ. Сыт хуэдэ унэтIыныгъэ къыхэсхынуми сщIэртэкъым, ауэ творчествэм сыдихьэхырт. ТIэкIу нэхъ сыкъыдэкIуэтея нэужь, уэрамым щагъэзащIэ, щызэхэсх макъамэхэм хуабжьу сыдахьэх хъуащ. Пэжыр жысIэнщи, нотэ зы-тIу нэхъ семыдаIуэу макъамэр зыхуэдэр къэсцIыхуфырт. Етхуанэ классым сыщIэсу, си къуэш нэхъыжьым тыгъэ лъапIэ къысхуищIат — гитарэ. Мис абы щегъэжьауэ музыканту зыкъэслъытэжат. Композитор сыхъуну си пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым, ауэ сымузыкант бэлыхьу зыкъысщыхъужырт, самодеятельнэ коллективхэм, гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэм сыкIуэурэ макъамэ Iэмэпсымэ псомкIи сыджэгуфу зезгъэсат. ИужькIэ, дзэм къулыкъу щысщIэну сраджа нэужь, си япэ уэрэдхэр абы щыстхащ.

Армэ нэужьым музучилищэм сыщеджащ, абы щыгъуэм джазым сыдихьэхырт. Си насып къиихьри, Адыгейм и музыкант нэхъ лъэрызехьэхэм садэлэжьэну Iэмал сиIащ: Шаповаловым, Меньшиным, Маркарьян, нэгъуэщIхэми. ИтIанэ ЩэнхабзэмкIэ институтым сыщIэтIысхьащ, сызыхуей псори къызэхъулIа хуэдэт, седжат, сылажьэрт, ауэ... 1978 гъэм нэхъыбэ сызэрыхуейр къызгурыIуэжри, Тбилиси къэрал консерваторием сыкIуащ. Мис абдежщ къыщежьэр гъуазджэ нэхъ хэIэтыкIам щызиIэ ехъулIэныгъэхэр. Тбилиси консерваторием сыщыщIэсым сегупсысауэ жыпIэ хъунущ: цIыхум, дэнэ лъэныкъуэкIэ имыунэтIами, езым и хъэтI, и лъагъуэ, и лэжьэкIэ иубзыхужын хуейщ. Сэ си Iуэхур, дауи, къыгуэхыпIэ имыIэу епхат сыкъызыхэкIа лъэпкъым, абы и тхыдэм, и бзэм. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ехьэжьауэ къалъытэ сыт хуэдэ классикэми лъэпкъ лъабжьэ иIэщ. Равель ирехъу, Бетховен, Моцарт... Сэ сыхуейтэкъым европей теплъэ си IэдакъэщIэкIхэм яIэну, абы къыхэкIыу, классикэ теплъэр къыхэсхри, абы иIэн хуей купщIэр сэ зэхэслъхьэжащ.

**— Аслъэн, усэ тхыныр, къафэ гъэувыныр зэчий зыбгъэдэлъ цIыхум дежкIэ нэхъ тыншу, нэхъ къызэрыгуэкIыу къысщохъу.**

**Макъамэ зэхэлъхьэныр ар псалъэхэр зэбгъэкIун е лъэбакъуэкIэ тхыпхъэ пщIын хуейуэ аракъым, ар нэрымылъагъу телъыджэ гуэрщ. Гъуазджэм и дунейм щыпхыпша лъагъуэр тыншу щытауэ пхужыIэну, хьэмэрэ гугъу удехьа?**

— Гъуазджэм къыщыскIуа гъуэгуанэр тыншу щытакъым, ауэ сэ гугъуехьым иригъэкIуэтхэм зэи сащыщакъым. Творческэ къэлъыхъуэныгъэхэр сыщиIаи къэхъуащ, си гур щраудаи къысхуихуащ. ТхьэкIумэ зиIэ псори щымыдэIуэф, щызэхамыхь къохъу. Гъуазджэм и лIэужьыгъуэ нэхъ лъапIэу къалъытэхэр къызыгурымыIуэр куэдщ: симфоние оркестрым игъэзащIэ произведенэхэр, оперэхэр. Апхуэдиз къарурэ зэманрэ зытезгъэкIуадэу сызыхуеджа, зызыхуэзгъэса, си зэчий зыхэслъхьа Iуэхур — си макъамэр — цIыхухэм я пащхьэ щислъхьэм къызыгурымыIуаи къахэкIат... Сыт хуэдэ гурыщIэт сэ абы щыгъуэм сиIар? ЩIагъуэтэкъым. Ауэ срикIуащ си гъащIэ гъуэгум, къызэхъулIари къызэмыхъулIари иджы фолъагъу.

Псалъэхэр рифмэу зэбгъэкIуфми, нотэхэр апхуэдэу дауэ зэрызэхэплъхьэнур жаIэу къызоупщI сэ куэдрэ. Пэжу, гугъущ ар икIи гуащIэшхуэ зэпхьэлIэ Iуэхущ. Сэ сытым дежи макъамэр си псэм хэлъщи, абы Iуэхур къысщегъэпсынщIэ. УщылажьэкIэ, зиужь уихьар зыбжанэрэ къыщиптхыкIыж щыIэщ, уигу нэмысу. Ауэ иныкъуэхэм деж сыхьэтитIри урикъунущ зы музыкэ произведенэ нэс птхын папщIэ. Сызэрыерыщым, си мурад зэзгъэхъулIэну зэрысфIэфIым къыхэкIыу къафэмрэ уэрэдымкIэ «Ислъэмей» ансамблыр къызэзгъэпэщащ. Илъэс ныкъуэщ абы иужь сызэритар, иджы лIэщIыгъуэ плIанэ хъуауэ ари утыку итщ, си лъахэр, си лъэпкъыр игъэбжьыфIэу.

**— А ансамблым хуэдэ адыгэм иIэкъым. «Ислъэмейм» и концерт куэдрэ сеплъащ, Мейкъуапэ сыкъэкIуауэ, Налшык нэкIуауэ, уеблэмэ Израилым цIыху мини 5-м Iэгуауэ зэрыщыхуаIэтыр слъэгъуащ, адыгэхэм я мызакъуэу, хьэрыпхэми журтхэми. Ар къызэрызэбгъэпэщрэ блэкIа илъэс 25-м къриубыдэу мы упщIэр куэдрэ къуззэратар сщIэуэ, сэри сыноупщI: дауэ къызэбгъэпэща хъуат Адыгейм и напщIэ «Ислъэмейр»?**

— 1990 гъэхэм сэ Адыгэ Республикэм и Композиторхэм я союзым и тхьэмадэу сылажьэрт. Макъамэ куэду стхырт, Къэрал филармонием и музыкантхэм си IэдакъэщIэкIхэр ягъэзащIэрт. Лъэпкъ къафэмкIэ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблыр езым и щхьэ Iуэху зэрихуэжу щхьэхуэ щыхъум, филармонием и унафэщIыр къызэлъэIуащ зы лъэпкъ ансамбль къызэдгъэпэщыну. Арэзы сыхъури, иужь сихьащ, ауэ сэ зэхэсшэну сызыхуейр цIыхухэм я нэгу зезыгъэужьын ансамблтэкъым, атIэ адыгэ щэнхабзэм и зы Iыхьэ гъэщIэгъуэн — уэрэд IуэрыIуатэр къэзыгъэщIэрэщIэжын гупт.

Макъамэ Iэмэпсымэ зыбжанэ фIэкIа димыIэу дыщызэхыхьамрэ нобэрей ансамблымрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. УэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, оркестрыр — нобэ ахэр зы гуп лъэрыхь хъуащ. Япэ дыдэу артистхэм ядэлэжьэн щыщIэздзам сызыхуейр къызыгурымыIуи къахэкIащ, къапысхыну си мурадыр щызэхамыщIыкIи къэхъуащ. Сэ яхуэзгъэув къалэныр пхуэмыгъэзэщIэну къызыщыхъуи щыIэти, IукIыжаи къахэкIащ. Иджырей ансамблыр си псалъэр никъуэжыIэу къызыгурыIуэ, зэчий зыбгъэдэлъ, лэжьэным хуэмыщхьэх цIыхухэу зэхэтщ. Нобэ доллар мин бжыгъэ зи уасэ микрофонхэр къыдощэхуф, фащэ щад цех, зыхуей хуэгъэза студие диIэщ, европей жыпхъэхэм изагъэ уэрэдхэр, макъамэхэр идогъэтхыф.

«Ислъэмейм» мызэ-мытIэу концерт щитащ Тыркум, Иорданием, Израилым, Германием, Грецием, Инджылызым, Италием, Польшэм, Чехым, Урысейм и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм. 1992 гъэм япэ дыдэу Тыркум дыкIуат, ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм драгъэблагъэри. Иджыпсту дэни дыкъыщацIыху, щапхъэ ттезыхи щыIэщ, ауэ абы щыгъуэм телъыджэ гуэру дыкъалъытат. Сызыщытхъужу къыпщыхъуну сыхуейкъым, ауэ цIыхубэ уэрэдхэмрэ къафэмкIэ Адыгейм и къэрал ансамблыр республикэм и псэкупсэ щэнхабзэр зыгъэдахэщ, зыгъэбейщ. Сригушхуэу жысIэфынущ: нобэ дунейпсо цивилизацэм и курыкупсэм дитщ, сыт хуэдэ лъэпкъ щэнхабзэми «депсэлъэфу».

**— Ансамблым и къафэр, и макъамэхэр дахэщ, ар шэч къызытумыхьэжынщ, ауэ макъ зыбжанэу зэщIэжьыуэу жаIэ уэрэдхэм уасэ хуэщIыгъуейщ...**

— Ди лъэпкъым и уэрэд щэнхабзэр тфIэкIуэдмэ, кIуэдынум и куэдагъыр нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ. Ди адэжьхэр зэхэтIысхьэжурэ зэдежьууэ жаIэу щыта уэрэдхэм хуэдэ нобэ хэт зыхуэгъэзащIэр? ЦIыхубэ уэрэдхэр ар жанр щхьэхуэщ икIи лъэпкъым и псэщ. Къафэр — тIэкIу нэгъуэщIщ. Пэжщ, къафэми лъэпкъым и хьэл-щэныр, и шыфэлIыфэр къегъэлъагъуэ. Ауэ лъэпкъым и тхыдэр, и гупсысэр, игу зэрыгъур, и бзэр, и гум и къеуэкIэр классикэ хэплъыхьам тету гъэува къафэми и кIэм нэсу хыумылъэгъуэнкIэ хъунущ. Апхуэдэ къэру зиIэу сэ къэслъытэр уэрэдыжьхэрщ.

«Ислъэмейм» и къалэн нэхъыщхьэр ди адэжьхэм къытхуагъэна щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэр хъумэнырщ, ар къыдэкIуэтей щIэблэм ябгъэдэлъхьэнырщ, адыгэ щэнхабзэр дуней псом къыщегъэцIыхунырщ.

**— Уи творчествэм и нэхъ лъагапIэу къэплъытэ хъунущ МэшбащIэ Исхьэкъ и романымкIэ птха «Раскаты далекого грома» оперэр. Лъэпкъ оперэ зэриIэмкIэ япэ къэсым зигъэщIэгъуэфынукъым. Уэ апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэкIэ ухуэупсащ адыгэм...**

— 1980 гъэхэм я пэщӀэдзэм, Тбилиси консерваториер къыщызухым стхащ оперэр. Абы лъандэрэ илъэс щэщӀи дэкӀыжауэ, 2011 гъэм Адыгэ Республикэм и утыку къисхьащ си ӀэдакъэщӀэкӀыр. Ди республикэм и щэнхабзэ гъащӀэм хэт нэхъ Ӏэззэхэм я къару халъхьащ мыбы, артисти 100-м нэблагъэ хэтащ. Оперэм лъабжьэ хуэхъуар XVIII лӀэщӀыгъуэм и кӀэм, 1796 гъэм, Адыгэ хэкум щекӀуэкӀа Бзиикъуэ зауэрщ, ар ди тхыдэм и напэкӀуэцӀ нэхъ гуузхэм ящыщ зыщ.

Тбилиси консерваторием и япэ курсхэм сыщӀэсу произведенэ нэхъ цӀыкӀухэм зеспщытащ, ауэрэ си зэфӀэкӀым хэзгъахъуэурэ нэхъ иныӀуэхэри стхащ. ИужькӀэ сызэджа псори къызэрызэщӀэскъуэжын жанру оперэр къыхэсхат. Абы и сюжетыр куэдрэ къэслъыхъуащ сэ. Япэу поэмэ къыхэсхын си гугъащ, ауэ МэшбащӀэ Исхьэкъ и «Бзиикъуэ зауэ» романым адыгеибзэкӀэ сыкъызэреджэу, ар лъабжьэ сщӀыну тезухуащ. ТхакӀуэм сыхуэзэри, дызэдэлэжьэну дызэгурыӀуащ. Абы щыгъуэм хуабжьу къыздэӀэпыкъуащ консерваторием сыщезыгъэджахэр. Романыр и лъабжьэу оперэм либреттэ хуэзытхар Куржы Республикэм гъуазджэхэмкӀэ щӀыхь зиӀэ и лэжьакӀуэ Абашидзещ.

Сэ къызэрыслъытэмкӀэ, лъэпкъым оперэ иӀэныр фӀыгъуэшхуэщ. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, ар уи щэнхабзэм и лъагагъыр, фӀагъыр, кууагъыр къэзыгъэлъагъуэщ. НэгъуэщӀу жыпӀэмэ, лъэпкъыр лъэпкъыу зэфӀэувэнымкӀэ, абы и щэнхабзэр хъума хъунымкӀэ хуабжьу сэбэпынагъ ин зиӀэ произведенэщ ар. Куэд щӀакъым «Раскаты далекого грома» оперэм и концерт «Ислъэмеймрэ» симфоние оркестрымрэ зэдагъэзащӀэу утыку къызэритхьэрэ.

Иджы куэд мыщӀэу адыгэ оперэм и партирурэр къыдэзгъэкӀащ. Оперэр нотэкӀэ тхауэ къыдэгъэкӀыныр ди республикэм и гъуазджэ дунейм мыхьэнэшхуэ щызиӀэ Ӏуэхущ. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, оперэр иджы дэнэ щӀыпӀи щыбгъэзащӀэ хъунущ, тхылъыр къахуэсэбэпынущ щэнхабзэмрэ гъуазджэмкӀэ еджапӀэхэм.

**— ТхакӀуэм зэхиха е и гъащӀэм щыщ Ӏуэхугъуэ гуэр хъыбаркӀэ къыщиӀуэтэж къохъу, усакӀуэм и гум щыщӀэ куэд усэ сатырхэмкӀэ ди пащхьэ кърехьэ, макъамэтхым и гурыщӀэ гуэрхэр щыхилъхьэ къэхъурэ и ӀэдакъэщӀэкӀым, утыкум щыщагъэзащӀэкӀэ, игъэгуфӀэу е и нэпс къригъакӀуэу?**

— «Сабиигъуэ жыжьэм и макъамэхэр» триптих сиӀэщ сэ. Си гъащӀэм щыщ а Ӏыхьэм гукъэкӀыж куэд епхащ. Си нэгу къыщӀохьэж си сабиигъуэр, ар щыкӀуа адыгэ жылэр, сабиих дызыпӀа си анэр. Триптихыр гущэкъу уэрэдкӀэ къыщӀедзэ — «Гуащэгъагъ и гъыбзэ», абы къыкӀэлъокӀуэ «Сабиигъуэ жыжьэм и макъамэхэр» композицэр, ещанэ Ӏыхьэр «Раскаты далекого грома» оперэм щыщ «Зыгъэлъэт» къафэращ.

Си макъамэхэм нобэрей си дуней еплъыкIэри я лъабжьэщ, апхуэдэхэр нэжэгужэу схужыIэнукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар философым и музыкэщ. Уи упщIэм и жэуапу жысIэнщи, си IэдакъэщIэкIхэр зэрызэхэт нотэхэр языныкъуэхэм деж апхуэдизкIэ нэщхъейщ, гупсысэ, гукъэкIыж куэд яхэлъщи, концертым сыщIэсу сыщедаIуэкIэ, си нэпсыр щысхуэмыIыгъ къысхуохуэ...

**— Аслъэн, фи республикэм сыкъэкIуэну сфIэфIщ, ныбжьэгъу куэд щызиIэщ Адыгейм, езыхэри Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ щIэх-щIэхыурэноблагъэ. Ауэ ди зэкъуэшыныгъэр зыгъэбыдэр, ди зэпыщIэныгъэхэр зыгъэлъэщыр уэ пхуэдэ цIыху цIэрыIуэхэм я зэдэлэжьэныгъэмрэ я псалъэ Iущхэмрэщ, щэнхабзэ лъэмыжырщ. НобэкIэ сыт хуэдэ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр яку дэлъ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ?**

— Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, сытым дежи бydэу сыпыщIащ Къэбэрдейм. Абы къежьапIэ хуэхъур адыгэ композитор цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ХьэIупэ ДжэбрэIил Тбилиси сызэрыщыдеджарщ, абы лъандэрэ дызэрызэныбжьэгъурщ. 1983 гъэм къыщыщIэдзауэ зы илъэси къэмынэу Налшык сынакIуэрт, Къардэныр, Молэр, ХьэхъупащIэр, ХьэIупэр... Си ныбжьэгъухэм садэлажьэрт. Композиторхэм я союзым и пленумхэм зэгъусэу дыхэтт, Москва дыкIуэрти, концертхэр щыттырт, дэ къыттетхыхьыр куэдт.

1992 гъэм «КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», 2013 гъэм «КъБР-м и цIыхубэ и артист» цIэ лъапIэхэр къысфIащащ. Ди республикэм апхуэдэу исыр си закъуэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ зэпыщIэныгъэфIхэр диIэщ, ХьэIупэм и автор концертитI Мейкъуапэ щекIуэкIащ, фэ фыщыгъуазэщ Нэхущ Чэрим илъэс къэси ди деж концерт зэрыщитым, Сокъур Ольгэ, Тут Заур сымэ Адыгейм фIыуэ щалъагъуу, пщIэшхуэ щыхуащIу апхуэдэщ, «Кабардинка»-р зыпащI щыIэкъым. Апхуэдэ дыдэу ди щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр фи деж нокIуэри концерт щат. А зэпыщIэныгъэхэр фIыщ, дахэщ, быдэщ, ауэ нэхъри ебгъэфIакIуэ хъунущ. Сыт, псалъэм папщIэ, адыгэ композиторхэм я концерт зэгъусэу пты щIэмыхъунур. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалу Мейкъуапэ гъэ къэс щекIуэкIым и зэхэублакIуэ хъуар сэращ. Иджы сыхуейт адыгэ композиторхэм я фестиваль зэхэсшэну. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр куэд хъужыркъым, композитор щIалэхэр мащIэ дыдэщ, абы хуеджэну хуей щыIэххэкъым. Ауэ зэманым сытым дежи декIуу щытынур музыкэ лъагэращ, классикэрщ. ЗэпыщIэныгъэ диIэщ, Замирэ, дыпсэухуи диIэнущ, нэхъыщхьэр мис а классикэм дихьэх щIалэгъуалэ къытщIэхъуэнырщ.

**— Адыгэхэр я бын щытхъуу, тепсэлъыхьу зэрыщымытыр сщIэ пэтми, нобэ уи творческэ лэжьыгъэр пщигъэпсынщIэу, уи акъыл къытехуэу къыбдэлажьэ уи къуэ Нэхей Азэмэт и IуэхущIафэхэм утезгъэпсэлъыхьыну сыхуейт... Хъунумэ...**

— Ар и лэжьыгъэкIэ куэдым къызэрацIыхуам къыхэкIыу бжесIэнщ... Иджыпсту композиторхэм, музыкантхэм я бынхэм адэм и IэщIагъэр къыщыхахыж куэдрэ урихьэлIэркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а лэжьыгъэм къаруузэ, зэману, узыншагъэу пIихыр куэдщ, абы псоми гу лъатэ. Ауэ Азэмэт абыхэм игъэшынакъым икIи срогушхуэ творческэ IэнатIэр къызэрыхихам. Илъэс куэд щIауэ зэгъусэу долажьэ, дотхэ. Сэ Тбилиси консерваторием сыщыщIэсым, абы къепха школым щеджащ Азэмэт, итIанэ Мейкъуапэ ГъуазджэхэмкIэ дэт училищэр къиухащ, Адыгей къэрал университетым и макъамэ-педагогикэ къудамэм щеджащ...

Иджыпсту «Ислъэмей» ансамблым и художественнэ унафэщIым и къуэдзэу мэлажьэ, макъамэ етх, цIыхубэ уэрэдхэм аранжировкэ яхуещI. Сэ си IэдакъэщIэкIхэм япэу едаIуэр, зэпкърызыхыр, фортепианэкIэ зыгъэзащIэр Азэмэтщ. «Хьэгъэудж и зэхуэкIуэ» рапсодиер аращ зыхуэстхар.



**— Аслъэн, уи симфоние музыкэмрэ вокал IэдакъэщIэкIхэмрэ Iэгуауэшхуэхэр щыхуаIэтащ Грецием, Италием, Германием, Инджылызым, Тыркум, Иорданием, Израилым, нэгъуэщI щIыпIэхэм, уи цIэр щаIэт адыгэ дунейм, къэрал куэдым. Апхуэдэ пщIэрэ щIыхьрэ уиIэу укъэсащ нобэрей махуэм. АдэкIэ-щэ?**

— АдэкIи сытхэнущ, сылэжьэнущ, Замирэ. ЩIыхьыцIэ сиIэщ, зылI ищIэн сщIащ жысIэу сытIысыжынукъым. Симфоние оркестрми «Ислъэмей» ансамблми сахуэтхэнущ. Си дежкIэ нэхъыщхьэу щытар иджыри къонэж: фIагъ лъагэ зиIэ адыгэ макъамэ цIыхубэм я деж нэсхьэсыфынырщ, къагурыIуэ, яфIэфI сщIынырщ. Ар цIыхухэм я гъащIэм и зы Iыхьэу слъагъуныр си хъуэпсапIэщ. Адыгэ уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ дунейпсо щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэу къалъытэну яхуэфащэщ. Абы щхьэкIэ, шэч хэмылъу, дэ, композиторхэр, музыкантхэр, уэрэджыIакIуэхэр, хореографхэр, къэфакIуэхэр псэемыблэжу дылэжьэн хуейщ, цIыхухэм зрагъэсапхъэщ артистхэм я Iэзагъымрэ зэчиймрэ, ахэр къэазэрахуэупсэ псэ хуабагъымрэ гу къабзагъымрэ пщIэ хуащIу.

**— Упсэу, Аслъэн. Адыгэ лъэпкъым иджыри илъэс куэдкIэ ухуэлэжьэну, уи хъуэпсапIэхэр къохъулIэну ди гуапэщ.**

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*

*2019 гъэр Театрым и илъэсщ*

# АДЫГЭ ТЕАТРЫМ И ВАГЪУЭЩIЭ ЦIЫКIУ



*Сыт хуэдэ лъэпкъри щыIэн, зиужьын папщIэ, и анэдэлъхубзэр Iурылъыным и мызакъуэу, нэгъуэщIхэм хэзымыгъэгъуащэ и щэнхабзи иIэжын хуейщ. Щэнхабзэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ театрыр къапщтэмэ, ар цIыхум и зэхэщIыкIыр, и къэухьыр, и псэкупсэ зыужьыныгъэр здынэсар къэзыгъэлъагъуэ пщалъэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ театрым и лэжьакIуэхэм къалэнышхуэ я пщэ къыдохуэ. А IэнатIэ мытыншым и гуи, и пси етауэ пэрытхэм, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкур зыгъэбжьыфIэхэм ящыщщ актрисэ зэчиифIэ ХьэхъупащIэ ФатIимэ. И ныбжькIэ щIалэми, абы зэман кIэщIым къриубыдэу хузэфIэкIащ теплъэгъуэ гъэщIэгъуэн куэдым щыджэгун, роль купщIафIэхэр игъэзэщIэн, ар дыдэмкIи цIыхубэм гунэс защищIын. И гъащIэмрэ и IэщIагъэмрэ, и ехъулIэныгъэхэмрэ и хъуэпсапIэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьын мурадкIэ, дэ иджыблагъэ ФатIимэ зыхуэдгъэзащ.*

**— ФатIимэ, уи творческэ гъуэгуанэр дэнэ деж къыщежьэрэ? Хэт е сыт абы ухуэзышар?**

— Си IэщIагъэм и къежьапIэр узэригугъэнум нэхърэ куэдкIэ нэхъ жыжьэщ, Людэ. Си анэр иджыри курыт еджапIэм щIэсу актёр IэщIагъэмрэ уэрэд жыIэнымрэ хуабжьу дихьэхыу щытащ. Ауэ абы хурагъэджакъым, къыпаубыдащ икIи ахэр и хъуэпсапIэ къудейуэрэ къекIуэкIащ. Сэ дунейм сыкъытехьа нэужь, езым иIа щытыкIэхэр къыздилъагъуу хуежьащ: зыгуэрхэм запысщIыжу, къуажэм гъунэгъугъунэгъукIэрэ сыкърашэкIыурэ усэ цIыкIу, уэрэдхэр жызагъэIэу, таурыхъхэм гукIэ сыкъеджэ зэпыту, абыхэм нэмыщIкIэ, сыт щыгъуи творческэ зэпеуэхэм сыщытекIуэу, утыкур сфIэфIу сыкъэхъурт.

Апхуэдэу, зэчий гуэр збгъэдэлъу къыщызэдалъагъум, си анэм и хъуэпсапIэхэр си деж щигъэзэщIащ: илъэсий ныбжьым ситу Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэу гъуазджэмкIэ еджапIэм сашэри, артисткэ цIэрыIуэ ЖьакIэмыхъу КIунэ къыздэлэжьэну сратауэ щытащ. Япэу дызэрызэIущIэу, КIунэ си зэфIэкIхэм еплъащ, езыми зыгуэрхэр сигъэлъэгъуащ, итIанэ, унэм сыкIуэжу зэзгъэщIэну, ар си япэ дерсым къызэрапщытэ пщалъэ щысхуэхъуну зы псынщIэрыпсалъэ кIыхь къызитащ. ПIалъэр къэсри, псынщIэрыпсалъэр жысIащ, ар КIунэ игу ирихьри, къыздэлэжьэну сыкъищтащ, икIи илъэс 15 сыхъухукIэ абы и деж сыщеджащ. АдэкIэ, ебгъуанэ классыр къэзухауэ, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтым сыкъакIуэри, а илъэсым ГИТИС-м ягъэкIуэну гуп ягъэхьэзыру къыщIэкIащ. Абы Iэмал имыIэу сыхэхуэн хуейуэ КIунэ игъэувщ, театрым и режиссёр Дэбагъуэ Роман епсалъэри, абыхэм я фIыщIэкIэ а гупым сыхагъэхьауэ щытащ. ЯпэщIыкIэ дыкъызэрыхаха зыкъэлъэгъуэныгъэхэр тIэунейрэ Ингуш республикэм щекIуэкIащ, абыхэм сапхыкIри, цIыхуитху дыхъуу Мэзкуу дыкIуащ. Ауэ абдежым дэ дэмылъыта щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхэкIкIэ зыкъэлъэгъуэныгъэхэм дынагъэсакъым. Ди институтым къэзгъэзэжри, а илъэсым Балъкъэр Тамарэ къищта гупым сахэту седжащ. ЕтIуанэ гъэ еджэгъуэр къыщызухым Мэзкуу сыкIуэну аргуэру Iэмал сиIат, ауэ сэ а Iуэхум гунэдж хузиIэжакъым, сыту жыпIэмэ ди еджапIэри ди егъэджакIуэхэри зыхэслъхьэ щымыIэу фIыуэ слъэгъуакIэт.



**— Узыщеджэ еджапIэмрэ уезыгъаджэ егъэджакIуэхэмрэ куэд дыдэ елъытащ, ауэ «псым и жапIэ езым къегъуэтыж» зэрыжаIэу, творческэ цIыхум гъуэгуанэ хуэхъунур къыдалъхуауэ хэлъ зэчиймрэ ерыщыгъэмрэ гуэхыпIэ имыIэу епхащ. АбыкIэ жысIэну сызыхуейр аращи, дэнэ щIыпIэ ущеджами, хэт къыбдэлэжьами, нобэ адыгэ театрым и утыкум вагъуэщIэ цIыкIуу укъиувэн плъэкIащ. ЖыпIахэм къызэрыхэщащи, уэ ныбжьыщIэ дыдэу нобэ узытет лъагъуэр пхыпшын щIэбдзащ… НэгъуэщI IэщIагъэ зэбгъэгъуэтыну зэи ущIэхъуэпсакъэ?**

— СыщIэхъуэпсын щыгъэтауэ, уеблэмэ сегупсысынуи къысхуихуакъым. Актёр IэщIагъэм сыкъыхуэзыша къэхъугъэ псори зыр зым къыпытурэ къекIуэкIащ… утыкум сыкъыхуимыгъэщIауэ зэи си пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. Ауэ нобэ а упщIэр къызатмэ е сэ зэстыжмэ, дохутыр къысхэкIыну пIэрэт щыжысIэ къохъу. Ар гуапагъэм, гущIэгъум, цIыхухэм сэбэп яхуэхъуным епха IэщIагъэу зэрыщытыр аращ сыщIыдихьэхыр.

**— Уи IэщIагъэм ухэгъуэзэнымкIэ, уи актёр Iэзагъэм хэбгъэхъуэнымкIэ сэбэп къыпхуэхъуахэм, уи егъэджакIуэхэм я гугъу уэзгъэщIынут…**

— ЖьакӀэмыхъу КӀунэрэ Балъкъэр Тамарэрэщ си творческэ гъуэгуанэм къыщӀэдзапӀэ хуэхъуар. Тамарэрэ сэрэ иджы театрым и утыкуми Гъуазджэхэмкӏэ институтми дыщызэдолажьэ, ауэ нобэр къыздэсым и нэӀэ къыстетщ, сэри си гуапэу абы и ущием сыщӀэтщ, и чэнджэщхэр сыт щыгъуи сэбэп къысхуохъу. Абыхэм къищынэмыщӀауэ, Шыбзыхъуэ Басир и цӀэр къыхэзгъэщыну сыхуейщ. Институтыр къыщыдухым, абы диплом лэжьыгъэу тхуигъэуваууэ щытащ итальян тхакӀуэ Эдуардо де Филиппо и тхыгъэм къытращӀыкӀа «Рождество в доме Купьелло» спектаклыр. Илъэс бжыгъэкӀэ сызыхуеджа актёр ӀэщӀагъэр зыӀэрызгъэхьа пэтми, а лъэхъэнэм апхуэдизкӀэ си ныбжькӀи си зэхэщӀыкӀкӀи сыхуэхьэзыртэкъыми, а спектаклым къыщысхуагъэфэща анэм и ролыр схуэгъэзэщӀэну си фӀэщ хъуртэкъым. Сэ сызэсар пщащэ ныбжьыщӀэхэм я ролхэр арат. Ауэ цӀыхубз балигъым — анэм — и образым сихьэфыну режиссёрым и фӀэщ хъури сыджэгуащ, къыдэплъахэм къызэрызжаӀамкӀи, къызэхъулӀащ. АбыкӀэ фӀыщӀэр зейр, дауи, Басирщ, сыту жыпӀэмэ абы сэ езым скъуэлъуи сымыщӀэж зэфӀэкӀ япэ дыдэу къыскъуихын лъэкӀащ. АдэкӀэ сызэрылэжьэн хуейм ехьэлӀауэ а ролым куэд къызгуригъэӀуащ, нэхъ кууэ си ӀэщӀагъэм сыхигъэгъуэзащ, уеблэмэ зы лъэныкъуэкӀи си гъуэгу зэӀуихауэ къэплъытэ хъунущ. Зи гугъу сщӀы спектаклыр щыдгъэлъагъуэм, еплъыну кърихьэлӀахэм режиссёр Къубатий Мухьэмэд яхэтащ икӀи абдежым си джэгукӀэм гу лъитэри, абы занщӀэу нэгъуэщӀ роль — Шальтянис Юнус и тхыгъэм къытращӀыкӀа «Лъагъуныгъэ мафӀэм хисхьа» («Сгоревшая в огне любви») спектаклым хэт Моникэ и ролыр — къысхуигъэфэщауэ щытащ. Ар езы Мухьэмэд инсценировкэ ищӀыжауэ, щӀалэгъуалэм яхуэгъэзауэ игъэува лэжьыгъэт.

**— ФатӀимэ, уэ ныбжькӀэ ущӀалэ дыдэщ, уи теплъэкӀи улантӀэ цӀыкӀущ… Зи гугъу пщӀа бзылъхугъэм — анэм — и ролым нэмыщӀ, уэ зыкӀи къомыкӀуалӀэ образ уихьэн хуей хъуа? Апхуэдэу щытмэ, ар дауэ къохъулӀа?**

— Иджыпсту лирикэ пщащэ цӀыкӀум и образым сикӀыну, нэхъ пкъы зыщӀэт, гупсысэ куу зыпкърылъ образ утыкум къыщызгъэщӀыну сыпабгъэу сыхъуащ. Ауэ сыт хуэдэ ролри си актёр ӀэзагъэкӀэ къэзгъэщӀыфыну, дэтхэнэми зеспщытыфыну си гугъэжми, си теплъэмкӀэ, си макъымкӀэ, нэгъуэщӀ щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхэкӀыу къысхуэмыгъэлъэгъуэн образхэми сащыӀууэ щыӀэщ. Псалъэм папщӀэ, Фырэ Руслан игъэува «Си адэшхуэм и фызышэ» спектаклым зэмыщхьурэ образищплӀы къыщызгъэщӀащ. Ауэ ролхэр къыщытхуагуэшым сэ къыслъысахэм зы гъэщӀэгъуэн, сэ сэмыщхь яхэтт: ар и теплъэкӀэ домбейт, и

щытыкӀэр, гъащӀэм хуиӀэ еплъыкӀэр зыкӀи къызэкӀуалӀэртэкъым, и шхэкӀи, и зекӀуэкӀи, и псэлъэкӀи куэду спэжыжьэт, кӀэщӀу жыпӀэмэ ар зи дэкӀуэгъуэр блэкӀа хъыджэбз гъумыщӀэшхуэт, бзаджэт. Ауэ абыхэми самыгъэшынэу, ролым сфӀэгъэщӀэгъуэну селэжьын щӀэздзащ, къаруушхуи есхьэлӀащ, арщхьэкӀэ сыт хуэдэ зэфӀэкӀ уимыӀэми, теплъэм зыри пхуещӀэнутэкъым, абы нэмыщӀыжкӀи, си макъым бзаджагъэ схухэлъхьэртэкъым... ИкӀэм-икӀэжым, а ролыр нэхъ зэкӀуалӀэм иратыжын хуей хъуащ, сэ, ар хэмыту, адрей къыслъысахэм сыджэгуащ: зэм дэкӀуэну хуейуэ хуабжьу пӀэщӀэгъуэр зытелъ хъыджэбз щӀалэ дыдэу, зэми зи адэр быдэ, ткӀий, абы къыхэкӀкӀи зыкъыпащӀэну зыми дзыхь ямыщӀ пщащэу... Мис апхуэдэурэ «Си адэшхуэм и фызышэм» зэмылӀэужьыгъуэу зыкъыщызогъэлъагъуэ.

**— ФатӀимэ, уи творчествэм и зыужьыкӀэмкӀэ амплуа щхьэхуэ ущиӀэн пӀалъэм унэсауэ си щхьэкӀэ къызолъытэ... Уи Ӏэзагъэр дэнэкӀэ нэхъ здэунэтӀар, сыт хуэдэ жанрым нэхъыбэрэ ущылажьэрэ?**

— Комедиери, трагедиери, драмэри сфӀэфӀщ. Абыхэм, сысейуэ слъытэу, нэхъ къахэзгъэщхьэхукӀыу сиӀэр драмэр аращ. Ауэ сыт хуэдэ роль къысхуагъэфащэми, селъэпэуэнукъым, сыту жыпӀэмэ зэхэгъэжыр къыхэсха ӀэщӀагъэм хэмызэгъэн Ӏуэхущ. А ӀэнатӀэм сыщыпэрыувакӀэ, си ӀэщӀагъэр фӀыуэ щыслъагъукӀэ, дэтхэнэ ролми зеспщытынущ. ИтӀанэ мы Ӏуэхум нэгъуэщӀ зыи хэлъщ: зы фэм, зы образым уиту уежьэрэ абы укъинэмэ, ар гъэщӀэгъуэнкъым.



**— ЖыпӀам арэзы сытохъуэ, зи гугъу пщӀыр актёр куэдым я щыуагъэу, иужькӀи я творческэ гъуэгуанэм лъэпощхьэпо къащыхуэхъужу къэхъуащ. Псалъэм папщӀэ, совет лъэхъэнэм къигъэщӀа актёр нэхъ цӀэрыӀуэ дыдэхэм ящыщ Демьяненкэ Александр «Вечный Шурик» цӀэр теӀукӀа нэужь, а образым къинауэ щытащ. ИужькӀэ ар, щхьэусыгъуитӀым къыхэкӀыу, пӀалъэ кӀыхькӀэ драмэ ролхэм джэгужыфакъым: япэрауэ, Гайдай Леонид ипсыхьа «фащэ быдэр» нэгъуэщӀ режиссёрхэм «яхуэкъутакъым», етӀуанэрауэ, ар образ псынщӀэу, дыхьэшхэну — Шурикыу — цӀыхубэм я нэгу къыщӀэнати, а артистыр нэгъуэщӀ щытыкӀэ иту ялъагъуну хуэхьэзыртэкъым, ар режиссёрхэми фӀы дыдэу къагурыӀуэрт.**

— Пэжщ, апхуэдэу къызыщыщӀа артистхэр мащӀэкъым...

**— ФатӀимэ, уи зэчийм къуэпсыбэу зиубгъуащ. Театрым узэрыщылажьэм къыдэкӀуэу, гуфӀэгъуэ, гушыӀэ пшыхьхэр ибогъэкӀуэкӀ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкӀэ и институтым щыбогъаджэ,**

**уэрэди дахэ дыдэу жыпIэу зэхэсхащ… Иджыри къызыкъуэпхын щыIэ?**

— Пэжщ, зэлэжьэгъухэр, артист гуп дызэгъусэу гушыIэ пшыхьхэр къызыдогъэпэщ, къалэхэм, къуажэхэм тшэуэрэ цIыхухэр зэрытедгъэуным, зэрызедгъэгъэпсэхуным иужь дитщ. Си уэрэд жыIэным теухуауэ къыхэзгъэщынурагщи, ЕмкIуж Андзор «Хьэпэщыпхэ» спектаклыр щигъэувым абы щыжысIэну зы гушыIэ уэрэд цIыкIу къэдгъэщIэрэщIэжри едгъэтхащ, ауэ ар цIыхубэм апхуэдизу ягу дыхьэну, нэгъуэщI пшыхьхэми щызгъэзэщIэну къыщIэлъэIунхэу зэи сигу къэкIакъым. Андзор мыхъуамэ, сэ уэрэд жыIэным сегупсысыну къыщIэкIынтэкъым. Егъэджэныгъэм и гугъу пщIымэ, студентхэм сфIэфI дыдэу садолажьэ. А псом къищынэмыщIауэ, згъэзащIэ ролхэм я нэхъыфIхэм ящыщщ сабийхэм папщIэ ягъэув спектаклхэм щызгъэзащIэхэр. Псалъэм папщIэ, ЕмкIуж Андзор игъэува «Мыщэ и къуэ Батыр», Хьэмыкъуэ Олег игъэува «Волшебная лампа Аладдина» таурыхъхэм сыщыджэгуащ.



ХьэхъупащIэ ФатIимэрэ Къанкъул Ислъамрэ «Волшебная лампа Аладдина» таурыхъым хэтщ.



**— Уи ролхэм ящыщу нэхъыфI дыдэу плъэгъуахэм, нэхъ къохъулIауэ къэплъытэхэм дыщыбгъэгъуэзамэ арат.**

— А упщIэм семыгупсысыххэу жэуап схуетынущ. НэхъыфI дыдэу слъэгъуар Дэбагъуэ Роман ТекIуэныгъэ иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу игъэуваэ щыта «Уахътыншэхэр» спектаклым щызгъэзэщIа

Вероникэ и ролыр аращ. Ар нэхъ кууүэ зыхэсщIа икIи нэхъ гугъу сызыдехьа ролщ. А пщащэм и псалъэхэр ауэ зэбгъащIэкIэ, и щытыкIэм зыщыбгъэгъуазэ къудейкIэ зэфIэкIынутэкъым, абы и нэкIэ дунейм уеплъыпхъэт, абы игъэвхэр зыхэпщIапхъэт. А псори нэсу къыспкърыхьэн папщIэ, зауэм теухуауэ ятха тхыгъэ куэд щIэзджыкIыжащ, абыхэм хэт лIыхъужьхэм я лъагъуныгъэ къабзэр мафIэ лыгъейм пхахыну зэралъэкIар, абыхэм къару къахэзылъхьар псэкIэ зэзгъэзэхуащ, акъылкIэ зэпэсшэчащ. ИкIэм-икIэжым, ролым елэжьын зэрыщIэздзэу, зэуэ сызыщIишэри, спектаклыр къэдджэгуа нэужькIи иджыри пIалъэ кIыхькIэ сиутIыпщыжакъым. Нобэр къыздэсми сыхуозэш, псэкIэ къызолъыхъуэ, «зэ сыджэгужащэрэт» жызоIэ, ауэ а спектаклым темэ пыухыкIа иIэщи, махуэ къэскIэ утыку къипхьэфын хуэдэу щыткъым. Вероникэ и ролырщ нэхъ къызэхъулIа дыдэу къэслъытэр, абыкIэ фIыщIэр зейр ар къысхуэзыгъэфэща икIи а образым сихьэнымкIэ сэбэпышхуэ къысхуэхъуа режиссёр Дэбагъуэ Романщ.





Хьэхъупащlэ ФатIимэрэ Къардэн Зауррэ «Уахътыншэхэр» спектаклым щоджэгу.

**— Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, абы ипэкIи уэ «Лъагъуныгъэм итхьэкъуа цIыхубзий» спектаклым роль нэхъыщхьэр щыбгъэзэщIащ...**

— Пэжщ, абыкIи фIыщIэ ин хузощI а спектаклыр зыгъэува Фырэ Руслан. Театрым сыкъызэрыкIуэрэ мазитI фIэкIа мыхъуауэ, щэнхабзэмкIэ министрым (а зэманым Фырэм апхуэдэ къулыкъу иIыгъащ) икIи режиссёр Iэзэм апхуэдэ роль къысхуигъэфэщэныр си дежкIэ хуабжьу ехъулIэныгъэшхуэт. Ролым занщIэу сыщышынат, сыту жыпIэмэ илъэс куэд хъуауэ лажьэ артист цIэрыIуэхэм я гъусэу утыку сыкъихьэу роль нэхъыщхьэ згъэзэщIэныр ар иджыри си дежкIэ фIэщ щIыгъуейт. Ауэ Руслан и фIыщIэкIэ Катрин и ролыр къызэхъулIащ, ар си творчествэм щынэхъыщхьэхэми ящыщщ.

**— Бгъэзэщ Iа ролхэр псори гъэщIэгъуэнщ икIи гукъинэжщ, ауэ Гуащэнэ (Марие) и ролым уджэгуауэ къыщысщIам, псом хуэмыдэу гуапэ сщыхъуат. Абы дауэ ухуэкIуат?**

— Гуащэнэ и ролыр хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэу сиIахэм икIи къызэхъулIахэм ящыщщ. «И гур здэплъэм и Iэр лъэIэсащ» жыхуаIэм сыхуэдэт. Гуащэнэ и образыр ди театрми къыщагъэщIащ, «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» («Орел и орлица») спектаклым хэту. Дауи, абдежым ролыр зылъысар сэ нэхърэ нэхъ лэжьыгъэшхуэ къызэзынэкIа, нэхъ куэд зыхузэфIэкIа актрисэ Тхьэщыгъуей Жаннэщ. Сэри зы роль цIыкIу сыщыджэгуащ абы, ауэ Гуащэнэ апхуэдизкIэ сехъуапсэрти, «зэман дэкIыу, си чэзур зэгуэр къэсрэ мы ролыр зэ закъуэ нэхъ мыхъуми къыслъысамэ арат» жысIэу сыщIэхъуэпсырт. Нэхъыбэ дыдэу абы сыщIехъуапсэр Гуащэнэ адыгэм и тхыдэм къыхэна бзылъхугъэу, образ уардэу зэрыщытар арат. ИужькIэ, си насып кърихьэкIри, Сочи къалэм дунейпсо кинофестиваль щекIуэкIыу, ар щызэпагъэухэм деж ягъэлъэгъуэну ягъэува теплъэгъуэм а ролым сыщыджэгуащ. Ар Бэлагъы Любэ и «Гуащэнэ» тхыгъэм къытращIыкIат. Абы ипэкIэ Любэ и усэ пшыхь Налшык щекIуэкIыу, гу къыслъитауэ щытащ. ПIалъэ дэкIри, Гуащэнэ и ролыр сэ згъэзэщIэну зэрыхуеймкIэ хъыбар сигъащIэу, ар ИнтернетымкIэ къысхуэтхащ, сэри, шэч хэмылъу, занщIэу арэзы сыхъуащ. Псом нэхърэ нэхъ гугъур зэдэджэгуну актёрхэр дызэрызэпэIэщIэр арат: Иван Грознэм и ролым джэгунур Британием щыщт, сэ хэкум сыщыIэт... Апхуэдэу щыхъум, зэзэмызэ ИнтернеткIэ дызэрыщIэурэ, зэпэщхьэхуэу зыдгъэхьэзырын хуей хъуащ, Сочи дынэса нэужьи репетицэ тщIыну Iэмал диIакъым, ауэ абы емылъытауэ, теплъэгъуэр къыдэхъулIащ, цIыхухэм ягу дыхьащ, дэри дызыхуэарэзыжу утыкум дыкъикIыжащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ, абы хуэдэу дамэ къыстригъакIэу, сызэрыадыгэм срипагэу, сыкъызыхэкIар псэкIэ зыхэсщIэрэ сригушхуэу згъэзэщIа роль сызэримыIэр.



Хьэхъупащ|Iэ ФатIимэ Гуащэнэ и ролыр егъэзащIэ.

**— ФатIимэ, уи Iэщ|Iагъэм нэхъыфI дыдэу хэлъу къэплъытэр сыт?**

— Спектаклыр къэдджэгуауэ, утыку ситу театреплъхэм сакъыщыхэплъэм, абыхэм я Iэгуауэ иныр щызэхэсхым деж, абы гухэхъуэу къызитыр псалъэкIэ къысхуэIуэтэнукъым, а дакъикъэхэм деж сэ нэхърэ нэхъ насыпыфIэ щыIэкъым. Аркъудейм щхьэкIэ сэ сызытет гъуэгуанэм утеувэ хъунт!

**— Дызэрыт гъэр Театрым и илъэсу ди къэралым щагъэуващ. Нобэрей лъэпкъ театрым и лэжьыгъэм сыт хэплъхьэнт е пхъуэжынт, хьэмэрэ псомкIи уарэзы?**



— Ди театрыр си етIуанэ унэщ, фIы дыдэу солъагъу, шэч хэмылъуи, ар ефIэкIуэну сыхуейщ. Абы и лэжьыгъэм хэслъхьэну сызыхуейр адыгэм и тхыдэр е и нобэрей гъащIэр, хабзэ дахэр, бгырыс хьэл-щэн екIур къыхэщу пьесэ щагъэувыныр арат. Хамэ лъэпкъхэм къахэкIа тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкI куэд ди театрым и репертуарым хэтщ, ауэ адыгэхэм къагъэщIахэр абы щымащIэ дыдэщ. Ар сигу къоуэ.

**— А зи гугъу пщIыр, театрым и мызакъуэу, литературэм и зыужьыкIэми ехьэлIа Iуэху гугъущ, сыту жыпIэмэ адыгэ тхакIуэ нэхъыжьхэм я IэдакъэщIэкIхэр мыхъумэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэкIэ лъэпкъ драматургием зыужьыныгъэ щIагъуэ игъуэтыжыркъым, пьесэщIэхэр дунейм къытехьэркъым.**

— Ари дыхэзыгъаплъэ Iуэхухэм ящыщщ. Дауэ щымытми, театрри, си лэжьэгъухэри, ди театреплъхэри ефIэкIуэну, лъэпкъым зыдузэщIыну си гуапэщ!

**— Тхьэм уигъэпсэу, ФатIимэ! Псалъэмакъ гъэщIэгъуэн къызэрыддебгъэкIуэкIам папщIэ фIыщIэ пхузощI!**

*Епсэлъар* **ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэщ**

# ЗИ IЭЩIАГЪЭМ КЪЫХУИГЪЭЩIА



Лъэпкъыр куэду зытепсэлъыхьу мащIэу зытелажьэ ди адыгэбзэр щыхупIэм емыкIуалIэу сытым къызэтригъэувыIэну? И къарум къызэрихькIэ лажьэу ди анэбзэр утыкум дауэ къитшэжа хъуну? Абы и IэфIыр къытщIэхъуэ щIэблэм дауэ зыхедгъэщIэну?

Мы упщIэхэм нобэкIэ нэхъыбэу игъэгузавэри абыхэм я жэуап къэзылъыхъуэри адыгэбзэм и гупсэ ди егъэджакIуэхэрщ. Ди республикэм и къалэ, къуажэ курыт еджапIэхэм апхуэдэ IэщIагъэлI нэхъыбэ яIэху, къытщIэхъуэ щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм, щIэныгъэ куу зэрагъуэтынум шэч хэлъкъым. Апхуэдэ егъэджакIуэхэм, и IэщIагъэм къыхуигъэщIащ зыхужыпIэ хъунухэм ящыщщ Урыху дэт етIуанэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щезыгъэдж Мэрзей – Нот Зое Жантемыр и пхъур. КъБКъУ-м и филологие факультетыр къэзыуха бзылъхугъэр 1988 гъэм къыщыщIэдзауэ иролажьэ гукIи псэкIи къыхихауэ фIыуэ илъагъу IэщIагъэм.

... Дэтхэнэ лъэпкъми псэуэ Iутыр и анэдэлъхубзэрщ. Дызэрыгушхуэ, ди Хэкур зыгъэдахэ лъэпкъ хабзэми и бзэр адыгэбзэрщ, зезыгъакIуэри аращ. Адыгэ псори къызэщIиубыдэу, зэригъэIыгъыу, зэригъэлъагъуу диIэщ ар. Тэмэмкъым бзэхэр цIыкIурэ инкIэ гуэшыныр. Бзэ псори дахэщ, инщ, и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэну абрагъуэщ ар зыIурылъ лъэпкъым дежкIэ.

Ар фIы дыдэу къызэрыгурыIуэ Зое бзэм хуищI пщIэр къыщежьащ и адэ-анэм я деж. Анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр нэсу зыхищIэнымкIэ абы сэбэпышхуэ къыхуэхъуащ ди тхакIуэусакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр и Iэпэгъуу зэрысабийрэ къызэрыгъуэгурыкIуэр. ЕгъэджакIуэ лэжьыгъэм щыпэрыхьам, Зое зэщIэузэдат сабийм зэрадэгуэшэнухэмкIэ: цIыхугъэ, щIэныгъэ, анэбзэм хуиIэ лъагъуныгъэ, гупсысэкIэ хьэлэмэт, сытым щыгъуи Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэ къезыгъэлъыхъуэ гу мызагъэ. ФэрыщIагъ зыхэмылъ, и гур зэIухауэ къахыхьа егъэджакIуэр и гъэсэнхэм я фIэщ хъуащ икIи ахэр щызэгурымыIуэ зэи къэхъуакъым.

– Зэи сигу къэкIакъым «фIыуэ сыкъалъагъуу пIэрэ?» жысIэу. Жагъуэу къызэрысхущымытыр псэкIэ зыхызощIэ. Ауэ «адыгэбзэ урокыр димыIамэ арат» псалъэхэр зэхэсхмэ, егъэлеяуэ си жагъуэ хъунущ. Ар егъэджакIуэм и гукъыдэжыр зыкъутэ, и дерсым и мыхьэнэр зыгъэлъахъшэ, и лэжьыгъэр пщIэншэу къыщызыгъэхъу Iуэхущ. Тхьэм и шыкуркIэ, абы мызэкIэ щыхъума сыхъуащ, – жеIэ Зое. – Сабийхэм яфIэфIщ я зэфIэкIхэр ягъэлъэгъуэну, утыку ихьэну. Район, республикэ зэхыхьэхэм дыхэтынымкIэ иужь илъэсхэм Iэмал нэхъыбэ диIэ хъуащ. Ар я фIыщIэщ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэр къызэзыгъэпэщауэ зыгъэлажьэхэм – Табыщ Мурат, ХьэцIыкIу Раисэ, Къып Гупсэ сымэ, абыхэм я Iуэхур ядэзыIыгъхэм. ФIыгъуэ тхьэм зыхуищIэн а цIыху гуащIафIэхэм къызэрагъэпэщ зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэм сабийхэр апхуэдизкIэ дихьэхащи, къыкIэлъыкIуэхэр щыщыIэнур къахуэгъэсыркъым. Бзэм и пщIэр къэIэтынымкIэ, адыгэбзэ дерсыр фIыуэ ялъагъунымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэщ зи цIэ къисIуахэм кърахьэжьэ лэжьыгъэфIхэр.

Зыхэт егъэджакIуэ гупми пщIэ щиIэщ Мэрзейм. И нэгур зэIухащ, сыт хуэдэ пщэрылъри зыхуей хуэзэу зэфIегъэкI. Ар апхуэдэу щIыщытыр щхьэусыгъуэ къилъыхъуэу зэман имыгъакIуэу, тегушхуауэ Iуэхум иужь зэрихьэрщ. «Гуп хэтыкIэм ехьэлIауэ нэхъыщхьэу къэслъытэр гурэ псэкIэ цIыхухэм уабгъэдэтынырщ. Пэжыр уи гъуазэу, я дзыхь къыуагъэзу щытыныр псом ящхьэу къысщохъу», – къыддогуашэ и гупсысэхэмкIэ бзылъхугъэр.

Зое и къалэн нэхъыщхьэу къилъытэр сабийхэм тхэкIэ, еджэкIэ, тхакIуэхэм, усакIуэхэм я цIэр ящIэу игъэсэныркъым, атIэ а Iуэхугъуэхэр умыщIэмэ, гъащIэм узэрыдемыкIунур къагурыгъэIуэнырщ, цIыхугъэм къигъэщIа лъагапIэхэм гурэ псэкIэ хущIэкъуу еджакIуэхэр къэгъэхъунырщ. Зое ар къохъулIэ, зыпэрыт Iуэхум хещIыкIри, иужьрей зэманым къыдэкIа тхылъхэм, блэкIар къызыхэщ тхыгъэхэм щыгъуазэщи. Ар политикэм, литературэм, культурэм, искусствэм, спортым къыщыхъукъыщыщIэхэм кIэлъоплъ, абы къыхих акъылымрэ щIэныгъэмрэ и Iэпэгъуу дерсым макIуэри, сабийхэм щIэщыгъуэу, гум дыхьэу ядолажьэ. ЕгъэджакIуэм и Iуэху бгъэдыхьэкIэр зылъагъу сабийхэм хьэкъ ящохъу адыгэбзэ урокхэм я мыхьэнэр зэрыиныр, адрей лъэпкъхэм къахэкIа тхакIуэ пажэхэм дыдейхэри, емыфIэкIмэ, къазэрыкIэрымыхур. Ар зыхущIэкъур зэрыадыгэм иригушхуэу, ди хабзэр зэрынэгъэсам иригуфIэу, ди блэкIар лIыгъэкIэ, нэмыскIэ зэрыгъэнщIар ящIэу, ди къэкIуэнур насыпыфIэ хъуным хуэлэжьэныр я гурылъу щIэблэр къэгъэтэджынырщ.

Дызэрыщыгъуазэщи, сабийхэр я зэфIэкIкIэ зэхуэдэкъым. Дэтхэнэ зыми хузэфIэкIынум хуэдиз къыпихынымкIэ Iэмал зэхуэмыдэхэр къэзыгъуэтыф егъэджакIуэщ Зое. Аращ абы и гъэсэнхэри адэ-анэхэри къыщIыхуэарэзыр. Я фIэщ мэхъу цIыхубз гумызагъэр

сыт хуэдэ Iуэхугъуэми хьэлэлу зэрыбгъэдэтыр, фIым фIы къригъэшэным теухуауэ зэрыпсэур.

Сабийр зэрегъэджэн хуей Iэмалхэр къыхэхыпхъэщ, бзэм и зыужьыныгъэр здынэсар, дызыхэпсэукI зэманым и щытыкIэр, еджакIуэхэм я ныбжьыр, я къэухьым зэрызиубгъуар, я гуащIэр здынэсыр, адэ-анэхэр быным теухуауэ зыщIэхъуэпсыр, нэгъуэщIхэри къэлъытауэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Зое и къару зыхурикъурэ и зэфIэкI къыихьрэ къигъанэркъым. Мэрзейм и дерсхэр зэпымыууэ зым тету иригъэкIуэкIыркъым, сабийм зэраIэщIэмыужэгъуэн, дэтхэнэри и зэфIэкI елъытауэ зэригъэлэжьэн Iэмалхэр къегъуэт. Адрей предметхэм къыщагъэсэбэп IэмалыщIэхэм хуэдэхэр адыгэбзэ, адыгэ литературэ урокхэм хэмытыныр къемызэгъыу, адыгэбзэм и пщIэр зыгъэлъахъшэу къелъытэ.

– «Уи гукъэкIхэр, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къэбгъэсэбэпыным зэран хуэхъуркъэ адыгэбзэм хухэха сыхьэт бжыгъэр зэрагъэмэщIар?» – жыбоIэ. Ауэ сытми! Тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ сыхьэтищ жыхуэпIэр егъэлеяуэ мащIэщ, къеджэфу ебгъэсэну пхурикъуркъым, адрей псори къызогъанэри, – къызжеIэ си упщIэм и жэуапу Зое. – Зы класс сыщIэтIысхьэри къэспщытат урысыбзэмкIи адыгэбзэмкIи я къеджэкIэр. Пэжщ, фIыуэ еджэ сабий закъуэтIакъуэхэр бзитIымкIи тэмэму къоджэ, ауэ я нэхъыбэр адыгэбзэм куэдкIэ нэхъ гугъу дохь. УрысыбзэмкIэ егъэджакIуэхэм жаIэ я предметми сыхьэтитI фIэкIа зэрыхухамыхыр, ауэ мыбдеж зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым адрей псори урысыбзэкIэ зэраджым Iуэхур къазэрыдигъэпсынщIэр. Анэдэлъхубзэр кууэ егъэщIэнымкIэ, фIыуэ егъэлъагъунымкIэ хэкIыпIэу диIэр къыдогъэсэбэп. Апхуэдэщ кружокхэр зэрыдгъэлажьэр, класс нэхъыжьхэм щеджэхэр драмкружокхэм къызэретшалIэр, 5-6-нэ классхэм щIэсхэр гъэхуауэ къеджэным зэрыхуэдгъэсэр.

Ядж тхыгъэхэр и тегъэщIапIэу, Зое и гъэсэнхэр къыхешэф псалъэмакъ щхьэпэм, нобэрей цIыхум иIэн хуей Iуэху еплъыкIэ пэрытхэм щегъэгъуазэ. Дерсым кърит Iэмалхэр нэсу къэзыгъэсэбэп егъэджакIуэм абы къыщыпещэ классщIыб лэжьыгъэми. МащIэкъым мыбдежым адыгэпсэ зиIэ егъэджакIуэм щигъэхъейр. Абы игъэлажьэ драмкружокым и зэфIэкIыр езы еджапIэм щеджэхэмрэ хьэщIэ лъапIэ къэрихьэлIэхэмрэ я пащхьэм зэкъым къызэрыщигъэлъэгъуар. Ахэр щэнейрэ хэтат Адыгэбзэ Хасэм илъэс къэс зэхишэ «Адыгэ щIалэгъуалэ театр» фестивалми, тIэу пашэ щыхъуащ. Артист ныбжьыщIэхэм утыку кърахьащ IутIыж Борис и «Кушыкупщ» пьесэм щыщ пычыгъуэ, Дэбагъуэ Мухьэмэд и «Анэр нэм хуэдэщ», Журт Биберд и «УкъуликъущIэнумэ, къеблагъэ» жыхуиIэхэр. Лэжьыгъэр къазэрехъулIам и щыхьэтщ Дэбагъуэм и пьесэр Къэрэшей-Шэрджэсым къыщагъэлъэгъуэжыну, Журт Биберд и пьесэр Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я пащхьэ ихьэн

хуейуэ Адыгэбзэ Хасэм къызэрилъытар. ХамэщIыр натIэ зыхуэхъуа, ауэ хэкужьымкIэ къаплъэ зэпыт адыгэ гупрэ Адыгэбзэ Хасэм и Хасащхьэмрэ я жэрдэмкIэ ди сабий гуп Тыркум тхьэмахуэкIэ щыIащ, адыгэбзэр щагъэIуу, зи лъэпкъыбзэм щIэбэгхэм жьыIурыхьэгъуэ яхуэхъуу. Ахэрат зыщIэхъуэпсар драмкружокым хэтхэри езы Мэрзейри.

Здынэсам къыщыувыIэу емыса егъэджакIуэмрэ и гъэсэнхэмрэ иджыпсту я зэфIэкI ирахьэлIэ КIэрэф Мухьэмэд и «Адэ щIэин мылъку хъурэ?» повестым, абы къытращIыкIыу спектакль ягъэувыну я мураду. ХъуэпсапIэхэри мащIэкъым: «Куэд щIауэ си нэ къыхуокI IутIыж Борис и «Тыргъэтауэм», – жеIэ Зое.

ГъащIэм хэлъ ныкъусаныгъэхэм гушыIэкIэ уепыдж зэрыхъунур икIи езыхэми ар зэрахузэфIэкIыр наIуэ къащIу, Зое и гъэсэнхэр хэтащ гушыIэрейхэмрэ къэщIэрейхэмрэ я «Джэгурэш» нэгузыужь зэпеуэм. Илъэс къэс Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIуэкI «Си анэбзэ, си адыгэбзэ...» тхыгъэ зэпеуэм Мэрзейм иригъаджэхэм увыпIэ къыщыщамыхь къэхъуркъым. Апхуэдэу, я ныбжь итхэм я гупсысэхэмкIэ ядэгуэшэну хуейуэ, ахэр зэпымыууэ хохьэ илъэсым хуэзэу плIэ «Къэухь» клубым иригъэкIуэкI тхылъеджэ зэхэсым. ЗэIущIэр зытеухуа тхыгъэм къыщыхъу-къыщыщIэхэмрэ абы хэт лIыхъужьхэм я шыфэлIыфэмрэ хьэлэмэту зэпкърах. ЦIыкIухэм я къэпсэлъэныгъэр нэхъ гъэщIэгъуэн зыщIыр зэджа тхылъым къыхаха гупсысэр, зэрагъэпэща Iуэху еплъыкIэр нобэрей гъащIэм Iэзэу къызэрырапхыжыфыр аращ. Апхуэдэ зыужьыкIэ еджакIуэм игъуэтын папщIэ, егъэджакIуэм и лэжьыгъэр шэщIауэ, купщIафIэу екIуэкIыу, езыгъаджэмрэ иригъаджэмрэ яку дзыхь илъыныр хабзэу увауэ щытын хуейщ. Зое къелъытэ сабийм щхьэщыт балигъым дежкIэ нэхъыщхьэр дэтхэнэ и гъэсэнми пщIэ зэрыхуэпщIыр, и лъэкIыныгъэр уи фIэщ зэрыхъур зыхебгъэщIэныр арауэ.

ЕджапIэм и ехъулIэныгъэхэр нэхъыщхьэу къызэрапщытэр предметымкIэ екIуэкI олимпиадэхэращи, зы илъэси къанэркъым Мэрзей Зое иригъаджэхэр апхуэдэ зэхьэзэхуэм щытемыкIуэу. Дауи, ар къызыпэкIуэр егъэджэныгъэ лэжьыгъэм гъэсэныгъэр екIуу къызэрыпыувэращ, егъэджакIуэм и Iэзагъэрщ.

Адыгэбзэм и пщIэр зэрехуэхам, хуэфащэ гулъытэ дыщыпсэу щIыналъэми, унагъуэми, еджапIэхэми зэрыщимыгъуэтыжым псори дыщыгъуазэщ. «АтIэ, сабийхэм я зэфIэкIыр, я лъэкIыныгъэр нэхъ мащIэ хъуауэ ара, хьэмэ бзэм, ар джыным зэрыбгъэдыхьэра зызыхъуэжауэ къыпщыхъур?» – жысIэу илъэс куэд щIауэ анэдэлъхубзэр езыгъэдж Зое сыщеупщIкIэ, мыр жэуапу къызет: «Сыхьэт бжыгъэр зэрагъэмэщIам, унэм адэ-анэр къазэрыщыдэмыIэпыкъум къешэ а зэфIэкI жыхуэпIэр елъэхъшэхыныр. Урысыбзэмрэ инджылызыбзэмрэ нэхъыфIу я бынхэм зэращIэм щыгуфIыкIыу, анэдэлъхубзэр зэраIэщIэхум гу лъызымытэ адэ-анэм сыт уазэрыщыгугъынур?! Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэхэр мымащIэу щыIэщ».

Мэрзейм куэдрэ ирегъэкIуэкI район, республикэпсо семинархэр, зэхуэс, зэхьэзэхуэ гъэщIэгъуэнхэр, «стIол хъурейхэр», абыхэм утыку къыщрехьэ егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэм къыщигъэсэбэп Iэмалхэр, и къэхутэныгъэхэм егъэджакIуэхэр щегъэгъуазэ. Зое и урокхэм щIэх-щIэхыурэ щIэсщ нэгъуэщI щIыпIэхэм къикI егъэджакIуэхэри, езыр Iэзэ зыхуэхъуа бгъэдыхьэкIэщIэхэм я щэхухэр абы къахузэIуех зи лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэну хуей псоми. Псалъэм папщIэ, адыгэбзэм иджыри къэскIэ зыми къыщимыгъэсэбэпа, ШэджыхьэщIэ Марие и структурэ методикэмкIэ дерсхэр еухуэ. А щIыкIэм тету къызэгъэпэща егъэджэкIэм Iэмал къует бзэм теухуауэ школым щаджыпхъэ Iыхьэхэр зэпэщхьэхуэу, чэзууэ мыхъуу, зэхэлъ-зэщIэлъу ухуэнымкIэ. «ЩыуагъэншэуткэнымкIи, сабийм и бзэм зиужьынымкIи мы бгъэдыхьэкIэр сэбэпышхуэщ», – жеIэ Зое.

И гъэсэнхэр и гъусэу егъэджакIуэр щыплъагъунущ гъэм и зэман къэс ирихьэлIэу «Жан» литературэ зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI усэ пшыхьхэм.

Адыгэ театрым игъэув спектаклхэми ешэ Зое иригъаджэхэр. Ди артистхэм пьесэм псэ зэрыхалъхьэр, тхылъымпIэм итым гъащIэ зэрыратыр ярегъэлъагъу. Драмкружокым хэт цIыкIухэм дежкIэ ар щапхъэфIщ утыку итыкIэм, образ къэгъэщIыкIэм и щэхухэм щыгъуазэ хъунымкIэ. Апхуэдэурэ егъэджакIуэм щIэблэр культурэм пэгъунэгъу ещI, литературэм хуаIэ лъагъуныгъэр егъэбагъуэ. А псор хэкIыпIэ мэхъу фIыкIэ дызыщыгугъ щIэблэр адыгэ дунейм хэшэнымкIэ, гупсысэкIэ узыншэ яIэнымкIэ, фIыр я хъуэпсапIэу, Iейм пэувыфу къэтэджынымкIэ. ЕгъэджакIуэ пэрытым къыгуроIуэ цIыкIум бгъэдумылъхьар балигъ хъуам деж зэрыщумыгъуэтыжынур, нобэрей гугъуехьыр пщэдейрей зэIузэпэщыныгъэм зэрытелажьэр.

«Урысейм и егъэджакIуэ нэхъыфI» цIэ лъапIэр къэралпсо зэпеуэм къыщихьыфащ Зое.

– Сыт хуэдэ дамыгъэ, щIыхь тхылъ къызамытами, сэ ар нэхъ лейуэ схуэфащэу зэи къэслъытакъым. КъапщтэмэтIэкIуи сроукIытэ, сыту жыпIэмэ си гъусэу лажьэхэм яхэткъым ар къэзымылэжь, – жеIэ егъэджакIуэм. – Дауэ мыхъуми, дамыгъэхэракъым си дежкIэ нэхъыщхьэр, адэ-анэмрэ сабийхэмрэ къыпхуэарэзыным нэхъ тыгъэ лъапIэ щымыIэу къызолъытэ.

Дауэ си лэжьыгъэр езгъэфIэкIуа хъуну, жызыIэхэм дежкIэ щапхъэщ Мэрзей – Нот Зое. Ар къилъытэри, КъБР-м ЩIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм абы къыхуигъэфэщащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр. Апхуэдэ цIыху пэжхэрщ, егъэджакIуэ нэсхэрщ щIыхьыцIэхэри дамыгъэхэри щIыщыIэр, ауэ Зое Тхьэшхуэм къыбгъэдилъхьащ зыми къыуимытыфын тыгъэ – и лъэпкъым зэрыбгъэдэтын гу пцIанэ.

**ИСТЭПАН Залинэ**

*Нарт ШукIасэ и хъыбархэм щыщщ*

# ШУКIАСЭРЭ ЩАУЭМРЭ

Зы щауэ гъуэгу техьауэ, жэщ къытехъуэри, жэщыр мэз щIагъым щрихын хуей хъуащ. Шым уанэр трихщ, мафIэ ищIри, гъуэлъащ, щIакIуэр зытриубгъуэри.

Жэщыбг хъуауэ, мафIэм зы шу къыбгъэдыхьащ. Шур епсыхащ, мафIэр зэщIигъэстыжри, щауэм и нэгу къыщIэплъащ. Щауэм зигъэхъеякъым, жей нэпцI зищIауэ щылъщ: «Мы шум ищIэнум сеплъынщ», – жери.

Шур мафIэм заулрэ бгъэдэсри щIалэм къеджащ:

– Уи шым уанэ къытелъхьи, си ужь къиувэ.

И шым уанэ трилъхьэжри, щауэр шум и ужь иуващ.

Шур мэзым щIыхьащ, нэху щыху къызэтеувыIакъым.

Нэху щауэ, санэ жыг ирихьэлIащ. Шур епсыхащ. Шур щепсыхым, щауэри епсыхащ. Мэз нэщI щIэтами, шур санэм еIусакъым. Щауэри жыгым дэIэбеякъым.

Санэ жыгым бгъэдишыжри, шум щауэр иришэжьэжащ. ЖэщищмахуищкIэ кърришэкIауэ, зы гъэхъунэ деж къыщыувыIащ шур.

– Сэ къэзгъэзэжыху мыбдей щыт, – къыжриIэри шур IукIащ.

Заул дэкIауэ шум къигъэзэжащ, щауэр зэдзэкъэн къиихьри.

– УзгъэмэжэлIащ, шхэ, – къыжриIащ шум.

Игъашхэри иришэжьэжащ. ЗдэкIуэм псы ирихьэлIащ. Псыр къиуауэ, нэри пэри ихьырт.

– Псым дикIын хуейщ, – къыжриIащ шум. – Уи шым сыт и лIыгъэ?

– ДикIын хуеймэ, дикIынщ, – жиIащ щауэм.

Псым зэпришри, куэд ямыкIужу, чо лъагэ ирихьэлIащ. Шур щIопщкIэ теуIуэри, куэбжэр зэIужащ, пщIантIэм дишэри, шум щауэр хьэщIэщым иришащ.

ХьэщIэщым пщащэ тхьэIухуд къиихьащ, Iэнэ кърихьэри. Iэнэр ирахыжа нэужь, бысымым жиIащ:

– Уезгъэшащ. Зызгъэпсэхунщ жыпIэмэ, зыгъэпсэху.

Езыр хьэщIэщым икIыжащ.

Щауэр жейм езэгъакъым. Жейм щемызэгъым, хьэщIэщым икIащ: «УкIыпIэ сыкърашами сщIэркъым – зыкъэсплъыхьынщ», – жери.

Щауэр шэщымкIэ кIуащ. Шы пщIэгъуалэ ес щIэтт шэщым, и тхьэкIумитIыр дзасэ хуэдэ. ПщIэгъуалэ есым итхьэкъуауэ, щауэр хьэщIэщым ихьэжащ.

Нэху щыри, бысымыр къихьащ.

– ПщIэгъуалэр уигу ирихьа?

Щауэр шэщым зэрыщIыхьам гу лъитат бысымым.

– Ирихьащ, – жиIащ щауэм.

– Жэщ къыптехъуауэ мэзым ущыщIэсым мафIэм сныбгъэдыхьэри, ущтэн си гугъами, ущтакъым. «Шым уанэ къытелъхьи, си ужь къиувэ» бжесIати, псалъэ къыхэбгъэкIакъым. Псыр къиуа-

уэ дыкъыщрихьэлIэм, «дикIынущ» жысIати, «хьэуэ» жыпIакъым. Жэщищ-махуищкIэ укъесшэкIри си хьэщIэщ укъисшащи, си цIи си щхьи укъыщIэупщIэркъым. Сэ сызылъыхъуэр уэ пхуэдэ малъхъэщ: хьэщIэщым Iэнэ къизыхьар си шыпхъущи, узот. ПщIэгъуалэ есри ууейщ. «Ухэт, хэт ущыщ?» жыпIэмэ, нартхэ сащыщщ, нарт ШукIасэ жыхуаIэр сэращ.

ПщIэгъуалэ есым шэсщ, и шыплIэм нарт ШукIасэ и шыпхъур къыдигъэтIысхьэри, щауэр и гъуэгу техьэжащ.

## ШУКIАСЭ И ХЬЭЩIЭ

ШукIасэ зы шу къеджащ:

– ШукIасэ! – жери.

ШукIасэ хьэщIэщым икIащ.

– Еблагъэ!

– Себлэгъэнущ, – жиIащ шум, – сыбгъэхьэщIэфынумэ. Себлагъэмэ, уи хьэщIэщым мазищкIэ сисынущ. Махуэ къэс зы мэл схуэбукIынщ, сишми зы мэкъу Iэтэ ишхынущ махуэ къэс, зы шы Iэдэжи сIыгъщи, абыи махуэ и зы Iэтэ ишхынущ. Ар пхузэфIэкIынумэ, себлэгъэнущ.

– СхузэфIэкIынущ, – жиIащ ШукIасэ, хьэщIэр хьэщIэщым иришащ, и шымрэ и шы Iэдэжымрэ шэщым щIигъэзэгъащ.

ХьэщIэр хьэщIэщым ихьэри, мазищкIэ исащ. МазищкIэ здисым, махуэ къэс зы мэл ишхащ. Мазищыр кIуэри, хьэщIэм жиIащ:

– Ыхьы, ШукIасэ, накIуэ иджы, шым дегъэплъ.

ШукIасэ шым я ныбэ игъэныкъуатэкъыми, хьэщIэр арэзы хъуащ.

– Гъуэгу дытехьэнущи, уи шым къэшэс, – жиIащ хьэщIэм.

ШукIасэ и шыр шэщым къыщIишащ. Шым и кIэпкъым къекъури, хьэщIэм ШукIасэ и шыр пхэщIкIэ игъэтIысащ.

– Ар шы пхуэхъунукъым, гъуэгум укъытринэнщ. Си шы Iэдэжым къэшэси, нежьэ, – жиIащ хьэщIэм.

ХьэщIэмрэ ШукIасэрэ гъуэгу техьэри, мазищ гъуэгу якIуауэ, хы тIуащIэ нэсащ.

– Иджы, – жиIащ ШукIасэ и хьэщIэм, – сэ мы тIуащIэм сыдыхьэнущ, уэ хы Iуфэм къыщыспэплъэ. Зы тхьэмахуэкIэ къэзмыгъазэмэ, кIуэж, укъыщIыспэплъэжын щыIэкъым.

ШукIасэ и хьэщIэр хы тIуащIэм дыхьащ.

Зы тхьэмахуэ дэкIауэ, хы тIуащIэм шыбз гуартэ къыдихури, ШукIасэ и хьэщIэм къигъэзэжащ:

– Упсэу? – жери.

– Сыпсэущ, – жиIащ ШукIасэ.

– Упсэумэ, шыбзым и ужь къиувэ, сэ шыбзым и пэ сиувэнщ. Хы тIуащIэм зы шу къыдэкIынущи, и гугъу умыщI, ар зыхуейр сэращи, ныблэгъэкI, – къыжриIэри, ШукIасэ и хьэщIэр шыбзым и пэ иуващ.

Зы теуэгъуэ якIуауэ, хы тIуащIэм къыдэкIа шур ШукIасэ къыщIыхьащ.

– Шыбзыр зыхур хэт? – къыщIэгубжьащ шур.

– Зыхур плъагъунщ, ущIыхьэмэ, – жери шур блигъэкIащ ШукIасэ. Шур, ихъу-илъри, и джатэ кърихауэ блэжащ.

– Мыбы игу фIы илъкъым, – жери ШукIасэ шум и ужь иуващ.

Хы тIуащIэм къыдэкIа шумрэ ШукIасэ и хьэщIэмрэ уанэгум къызэриудауэ, ШукIасэ ящIыхьащ: хы тIуащIэм къыдэкIа шум и псэр хэкIат, ШукIасэ и хьэщIэри лъым хэлът.

– Сыт къэхъуар, щхьэ фызэрыукIа?

– Зэшибл дыхъурти, си къуэшихыр мыбы къиукIащ, – жиIащ ШукIасэ и хьэщIэм. – Мыбы и шыбзыракъым сыкъызылъежьар, и щхьэрати, силъ сщIэжащ. Си бийм и щхьэр уанэкъуапэм епхи, си шыр утIыпщыж – уигъэгъуэщэнукъым. Сэ гъащIэ сиIэжкъым, си псэр хэкIмэ, сыщIэлъхьэжи, шыбзыр ху.

Ар жери ШукIасэ и хьэщIэм и псэр хэкIащ, и къуэшихым ялъ ищIэжауэ. Хьэдэр щIилъхьэри, зэшиблым я бийм и щхьэр уанэкъуапэм ирипхащ, шыбз гуартэр къызэщIикъуэжри, ШукIасэ гъуэгу къытехьэжащ.

## ШУКIАСЭРЭ ЩIАЛЭМ И АДЭМРЭ



ШукIасэ зекIуэ ежьэри, илъэс гъуэгуанэ зэпичащ. Илъэс гъуэгуанэ щызэпичым зы щIалэ и гъусати, и цIи-и щхьи щIэупщIакъым, щIалэми зыкъригъэцIыхуакъым.

ЩIалэм лIыгъэ дилъэгъуати, и унэ ихьэжа нэужь, щIалэм и хъыбар иIуэтэжащ ШукIасэ.

– Хэт щыщ уи гъусар? – къеупщIащ ШукIасэ и унэгуащэр.

– И цIи-и щхьи сщIэркъым, зыщыщкIи сеупщIакъым, – жиIащ ШукIасэ.

– ЕмыкIу къэпхьри укъекIуэлIэжащ, – къыжриIащ унэгуащэм. – Илъэс хъурейкIэ уи гъуса щIалэм и цIэрэ и щхьэрэ зэбгъэщIакъым, зыщыщкIэ уеупщIакъым – ар хабзэ?

«ЩIалэм и цIэрэ и щхьэрэ зэзмыгъэщIауэ сыкъекIуэлIэжынкъым», – жери ШукIасэ дэшэсыкIащ, щIалэм и шыфэлIыфэкIэ щIэупщIэурэ и псэупIэ зригъэащIэри и хьэщIэщым ихьащ. ЩIалэр къыщыгуфIыкIащ, къигъэхьэщIащ, къигъэлъэпIащ. ЩIалэм и цIэрэ и щхьэрэ зригъэащIэри, игу зэгъауэ, махуищкIэ исащ хьэщIэщым.

ХьэщIэщым махуищ иса нэужь, щIалэм ШукIасэр унэм иригъэблэгъащ. Унэм ихьэмэ – жьантIэм зы лIыжь дэсщ, и пащIэ-жьакIэ къетхъухауэ.

ФIэхъус ириха щхьэкIэ, лIыжьым зы псалъи къыпидзыжакъым, зымащIэкIэ зыкъытриIэтыкIа фIэкIа. Ар зыхуихьынур имыщIэу, ШукIасэ унэм къикIыжащ. ХьэщIэщым ихьэжа нэужь, ШукIасэ щIалэм еупщIащ:

– Унэм сыщихьэм лIыжьым зыкъиIэтакъым, фIэхъус есхати, псалъэ къыпидзыжакъым. СыткIэ игу зэзгъэбгъа? – жери.

– Ар си адэщ, – къыжриlащ щlалэм. – Си адэм и лъэ къыщlэувэркъым, и бзи псалъэркъым. «Нарт ШукIасэ уи унэ къихьэрэ къыпщlэупщlэмэ, уи лъэри къыпщlэувэжынущ, уи бзэри къиутIыпщыжынущ» къыжраlауэ, лlы ныбжьым щита лъандэрэ къыппоплъэ – и пащlэ-жьакlэр зэрытхъуар плъэгъуащ. Иджы ди унэ укъихьащи, хъужынкlэ дыщыгугъынущ. Алъандэм сыщlалэти, гъусэ зыпхуэсщlыфакъым. Зекlуэ сежьэ хъури, илъэскlэ сыщlыпщlыгъуар ди унэ укъисшэн щхьэкlэщ.

– Сывэкъуэншэкlащ жыпlэркъэ атlэ – ар сэ сщlакъым, – игурэ и щхьэрэ зэбгъэжащ ШукIасэ.

ШукIасэ хьэщlэщым здисым, щlалэм и адэр къызэфlэувэжащ, и бзэри къиутlыпщыжащ.

# ИУЖЬРЕЙ НАРТ

1

Зы щакlуэ мэз лъапэм техьауэ, мэзым зы бланэ къыхэжащ. «Бланэр тхьэм къызитащ», – жери щакlуэм и шабзэр зэlуидзащ. Щакlуэм и шабзэр зэlуидза къудейуэ, мэзым зы шу къыхэжащ, бланэм къыкlэлъысри, зэ уэгъуэм и пlэ къригъэкlакъым. Шур епсыхри, бланэм бгъэдэуващ.



Шум бланэр зэlихыху, щакlуэр лъэныкъуэкlэ щытащ.

Бланэр зэlихри, шур щакlуэм къеджащ:

– Мыдэ къакlуэт, – жери.

Шум блатхьэр къыщlигъэхури, щакlуэм къыхуигъэтlылъащ.

Щакlуэм блатхьэр къыхуэlэтакъым.

– Нартхэ ди ужь къихъуэнум гуащlэ яlэжынукъым къыджаlэрти, си нэгу щlэбгъэкlащ, – жиlащ шум. – Уэ пхуэдэ защlэ ди ужь къихъуэнур?

– Схуэдэщ, – жиlащ щакlуэм. – Уэ усыт лъэпкъ?

– Сынарт лъэпкъщ, – жиlащ шум. – Нарт ШукIасэ слъэгъуащ жыпlэмэ, ущыуэнукъым.

Шум блатхьэр щакlуэм и шыплlэм къыдилъхьащ. Щакlуэм и шыр блатхьэм игъэтlысащ.

– Мыр шы пхуэхъункъым, щlалэфl, – къыжриlащ шум. – Си лъэужьым унрикlуэмэ, шы пхуэхъун уэстынщ. Си лъэужьыр илъэсиблкlэ кlуэдыжынукъым.

Бланэм и лыр фэм кlуэцlишыхьыжщ, и шыплlэм дилъхьэри, нарт шур мэзым хыхьэжащ.

2

Зы щlалэ хьэжэбажащэ ежьауэ зылl ирихьэлlащ. Лlым бланэ къиукlауэ зэlихырти, бгъэдыхьэн ирикуакъым. Кlэлъыплъурэ, лlым

бланэр зэІихащ, лыр фэм кІуэцІишыхьыжщ, и шыплІэм дилъхьэри шэсыжащ.

«Мыр здэкІуэм сеплъынщ», – жери щІалэр лІым и ужь иуващ.

КъызэплъэкІри, щІалэм гу къылъитащ лІым. Гу къыщылъитэм, шыр къыжьэдикъуэри, щІалэм къеджащ:

– Мыдэ къакІуэт, щІалэфІ, – жери.

ЩІалэр лІым бгъэдыхьащ.

– ЩакІуэм я хабзэщ, – лІым блатхьэр къыщІигъэхури, гъуэгум къытрилъхьащ.

ЛІыр ежьэжащ. ЕІэбыха щхьэкІэ, щІалэм блатхьэр къыхуэІэтакъым. КъыщыхуэмыІэтым, лІым къигъэзэжри, блатхьэр щІалэм и шыплІэм къыдилъхьащ.

– Хэт ухуэза жаІэмэ, хэт и цІэ исІуэнур? – еупщІащ щІалэр лІым.

– Нарт ШукІасэ сыхуэзащ яжеІэ. Нартым я ужь къинар сэращ.

Ар къыжриІэри, лІыр ежьэжащ, итІани, шыр къыжьэдикъуэжри, щІалэр зыбгъэдишащ.

– Сызыхуейуэ укъызихьэлІащ, – къыжриІащ лІым. – Сэ зы гъэщ къысхуэнэжар – си гъащІэр сухащ. Зы гъэ дэкІмэ, мыпхуэдэ щІыпІэм некІуалІи, сыщІэлъхьэж.

ЛІымрэ щІалэмрэ зэбгъэдэкІыжащ. Зы гъэ дэкІри, щІалэр лІым къыхуигъэлъэгъуа щІыпІэм кІуащ, ШукІасэ лІауэ ирихьэлІэри, и хьэдэр абдеж щыщІилъхьэжащ.



ШукІасэ и кхъащхьэкІэ йоджэ иужьрей нартыр щыщІалъхьа Іуащхьэм. Іуащхьэр Щхьэгуащэ псыхъуэ дэтщ.

## *Таурыхъхэр* ПЕРРО Шарль



*Перро Шарль франджы тхакIуэщ, 1627 гъэм Париж къалэм къыщалъхуащ. Юристу еджэри, пащтыхьым и къулыкъущIэхэм яхыхьащ. ИужькIэ щIэныгъэмрэ литературэмрэ дахьэхыжри, и гъащIэ псор абыхэм ятриухуащ. Ар усакIуэт, критикт. Франджы Академием («Уахътыншэу плIыщI» жыхуаIэм) хагъэхьат. Дуней псом щыцIэрыIуэщ 1697 гъэм абы къыдигъэкIа «Къаз анэм и псысэхэр» жыхуиIэр. Ар езым зэритхар ибзыщIыпхъэу къилъытэри, и къуэ Дарманкур и цIэр триткъэгъат а тхылъым. Иджы бзэ IэджэкIэ зэрадзэкIащи, псоми дихьэхыу ядж абы и псысэ нэхъыфIхэр. Апхуэдэщ «Яжьэгуащэ е хрусталь туфлъэ цIыкIу» («Золушка»), «ПыIэ плъыжь цIыкIу» («Красная шапочка»), «Шырыкъу зылъыгъ джэду» («Кот в сапогах»), «ТхьэIухудым и тыгъэхэр» («Подарки феи»), «АкIэ зытет Рике» («Рике с хохолком»), нэгъуэщIхэри.*

*Сабиипсэм и щэхухэм кууэ щыгъуазэ а тхакIуэ хъэлэмэтым и IэдакъэщIэкIхэм цIыкIури инри зэхуэдэу дахьэх. Фи пащхьэ идолъхъэ абыхэм ящыщ таурыхъитI, Нало Заур зэридзэкIауэ.*

# ПЫIЭ ПЛЪЫЖЬ ЦIЫКIУ

Еуэри, жеIэ, къуажэ гуэрым зы хъыджэбз цIыкIу дэст, дахэ дыдэрэ абы нэхъ дахэ мы дунейм темыту. И анэм ар и псэм хуэдэу илъагъурт, и нанэм нэхъыфIыжу илъагъурт.

Къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу, абы нанэ пыIэ плъыжь цIыкIу кърищат. Абы лъандэрэ хъыджэбз цIыкIур дэнэ кIуэми пыIэ плъыжь цIыкIур щхьэрыгът.

Гъунэгъухэри абы къызэреджэрат:

– Мес, ПыIэ Плъыжь цIыкIу къокIуэ! – жаIэрти.

Йоуэри, зэгуэр, анэм хьэлывэ егъэжьэри, и пхъум жреIэ:

– ПыIэ Плъыжь цIыкIу, мы хьэлывэхэмрэ мы тхъу кхъуэщынымрэ хуэхьи, нанэ деж кIуэ, и узыншагъэри зэгъащIи къэкIуэж.

Йожьэ ПыIэ Плъыжь цIыкIу нэгъуэщI къуажэ кIуэну, нанэ деж.

Мэзым щIэту здэкIуэм, Дыгъужьым IуощIэ.



Щхъуэжьым и гурыIупсыр къажэрт ПыIэ Плъыжь цIыкIу ишхыну, арщхьэкIэ ирикуртэкъым – мэзакIуэхэм я джыдэ макъыр гъунэгъуу къыщыIурт. Дыгъужьыр зэIуробзаери, хъыджэбз цIыкIум къоупщI:



– Дэнэ укIуэрэ, ПыIэ Плъыжь цIыкIу? – жери.

ПыIэ Плъыжь цIыкIу иджыри ищIэртэкъым мэзым ущIэтыну, дыгъужьхэм уепсэлъэну зэрышынагъуэр. Абы фIэхъус ирех дыгъужьми жреIэ:

– Нанэ деж сокIуэ, мы хьэлывэхэмрэ мы тхъу кхъуэщынымрэ хузохьри.

– Жыжьэ уи нанэ щыпсэур? – къоупщI Щхъуэжьыр.

– Гъунэгъукъым, – жи ПыIэ Плъыжь цIыкIу. – Мес, мо къуажэращ, щхьэлым уфIэкIмэ, къуажэбгъум деж япэ узыхуэзэ унэм щIэсщ.

– Хъунщ, – жи Дыгъужьым, – сэри слъагъунщ уи нанэр. Сэ мы гъуэгумкIэ сыкIуэнщ, уэ мобыкIэ накIуэ. Деплъынщ япэ нэсым.

Ар жиIэщ Щхъуэжьми, гъуэгу благъэм теувэри, и къару къызэрихькIэ щIэпхъуащ. ПыIэ Плъыжь цIыкIу гъуэгу жыжьэм тету ежьэжащ. МакIуэ мыпIащIэу, зэзэмызэ къэувыIэрэ удз гъэгъа къричу, ахэр Iэрамэ дахэу зэхилъхьэу.

Ар щхьэлым нэсатэкъым, Дыгъужьыр нанэ и унэм бгъэдэлъадэу бжэм «тIыкъ, тIыкъ!» – жиIэу щытеуIуам.

– Хэт ар? – жи нанэм.

– Уи пхъурылъхуращ, ПыIэ Плъыжь цIыкIущ! – жи Щхъуэжьым макъ псыгъуабзэкIэ. – ХьэщIэу сыкъыпхуэкIуащ, хьэлывэрэ тхъу кхъуэщынрэ къыпхуэсхьащ.

А зэманым нанэ сымаджэу хэлът. Пэж дыдэу къэкIуар ПыIэ Плъыжь цIыкIу фIощIри, нанэр къоджэ:

– КIапсэ цIыкIум екъуи, бжэр езыр IукIынущ, си нэнау!

Дыгъужьыр кIапсэм екъури – бжэр IукIащ.

Щхъуэжьыр щIэлъэщ аби, нанэр зэуэ зыIуридзащ. МахуищкIэ мышхауэ мэжэщIалIэт ар.

Нанэр зыІуридза нэужь, бжэр хуещІыжри, абы и пІэм хогъуалъхьэ, ПыІэ Плъыжь цІыкІу пэплъэу. Мыгувэу ари къос аби, бжэм къытоуІуэ:

– ТІыкъ-тІыкъ! – жери.

– Хэт ар? – жи Дыгъужьым.

Ар макъейт, макъ икІат.

ПыІэ Плъыжь цІыкІу гузэват, ауэ иужькІэ игу къокІ: нанэ щІыІэ къеуэкІыу и макъыр икІауэ ара хъунщ, – жеІэри.

– Ар сэращ, уи пхъурылъхуращ, – жи ПыІэ Плъыжь цІыкІу. – Хьэлывэрэ тхъу кхъуэщынрэ къыпхуэсхьащ.

Щхъуэжьым зегъэпсчэуІури, макъ псыгъуэкІэ жеІэ:

– КІапсэ цІыкІум екъуи, бжэр езыр ІукІынущ, си нэнау!

ПыІэ Плъыжь цІыкІу кІапсэм екъури – бжэр ІукІащ.

ПыІэ Плъыжь цІыкІу унэм щІохьэ, Щхъуэжьым шхыІэным зыщІегъапщкІуэри, къоджэ:

– А си нэнау, хьэлывэр Іэнэм телъхьэ, кхъуэщыныр лъэщІэсым щІэгъэувэ, уэ къакІуи си гупэм къэгъуэлъ. Уеша мыгъуэ хъунщ.

ПыІэ Плъыжь цІыкІу Дыгъужьым и гупэ мэгъуэлъри, итІанэ йоупщІ:

– Нанэ, уи Іэхэр щхьэ мыпхуэдизу ин?

– Ар уэ нэхъ быдэу ІэплІэ пхуэсщІын щхьэкІэщ, си нэнау.

– Нанэ, нтІэ, уи тхьэкІумэхэр щхьэ мыпхуэдизу ин?

– НэхъыфІу зэхэсхын щхьэкІэщ, си нэнау.

– Нанэ, нтІэ, уи нэхэр щхьэ мыпхуэдизу къижрэ?

– НэхъыфІу слъагъун щхьэкІэщ, си нэнау.

– Нанэ, нтІэ, уи дзэхэр щхьэ мыпхуэдизу ин?

– Нэхъ псынщІэу усшхын щхьэкІэщ, си нэнау!

ПыІэ Плъыжь цІыкІум «уай!» жиІэну хунэмыс щІыкІэ, Дыгъужьыр епхъуэщ аби, и бэщмакъ цІыкІухэри и пыІэ плъыжь цІыкІури дэкІуэу, зыІуридзащ.

Ауэ нанэмрэ нэнаумрэ я насыпти, а дакъикъэм мэзакІуэхэр, я джыдэхэр я дамэм телъу, а унэмкІэ блэкІырт.

Іэуэлъауэ зэхахри, ахэр унэм щІэлъадэщ аби, Дыгъужьыр яукІащ. ИтІанэ и хьэныбэжьыр зэгуагъэжри, абы къикІыжащ ПыІэ Плъыжь цІыкІур, абы и ужь иту нанэжьри – тІуми лажьи-хъати ямыІэу.

# ШЫРЫКЪУ ЗЫЛЪЫГЪ ДЖЭДУ

Еуэрэ-еуэрэт, жи, щхьэлтет гуэрым къуищ иІэти, езыр щылІэм, къахуигъэнаращ – щхьэлыр, зы шыд, зы джэдуухъу.

Адэ щІэиныр зэшхэм езыр-езыру зэдагуэшыжащ, суди нотариуси къыхамыгъэІэбэу – хагъэІэбэмэ, абыхэм зыІурадзэнут зэшхэм къахуэна мылъку тІэкІур. Нэхъыжьым щхьэлыр лъос, курытым – шыдыр. Къэнэжар джэдурати, ар нэхъыщІэм къыхуонэ.

ТхьэмыщкІэр куэдрэ иринэщхъеящ щІэиным щыщу афІэкІа къызэрылъымысам.

– Си къуэшитІым я шхыныр хьэлэлу къалэжьыфынущ, – жиІэрт абы. – Сэ, джэдур сшхыжрэ и фэр Іэлъэ сщІыжа нэужь, къысхуэнэжыр сыт? Шхын щхьэкІэ сылІэн хуей хъунущ.

Джэдум ар зэхихащ, ауэ зыкъримыгъащIэу, Iэдэбу, егупсысауэ къепсэлъащ:



– Умыгузавэ, зиусхьэн, – жи. – Мыдэ зы къэп къызэт, шырыкъуитIи схуегъэщI, мэзым къыщрипкIухь хъуну – мис итIанэ плъагъунщ щIэиным ухэнарэ ухэмынарэ!

Езы джэдур зей дыдэм ищIэртэкъым абы жиIэр уи фIэщ пщIы хъунрэ мыхъунрэ, ауэ абы фIыуэ ищIэжырт, дзыгъуэ щещэкIэ, а бзаджэм хъуагъэщагъэу къылъыкъуэкIыр: и кIэбдзыр зыгуэрым фIигъанэрэ, зыкъригъэлэлэхыу е хьэжыгъэм хэпщхьэрэ, лIаифэ зытригъауэу... Хэт ищIэрэ, и нэм щынэсам деж, ар къызэрыпщхьэпэжынур.

Джэдум, зыщIэупщIа псори къыщыIэрыхьэм, шырыкъуитIыр псынщIэу зылъитIагъэщ, зигъэщIагъуэу тепкIэжри, къэпыр и дамэм едзэкIарэ къэпщхьэпсыр езым фIалъэкIэ иIыгъыу, ежьащ, зыщIамыгъэхьэ мэзым кIуэну – абы тхьэкIумэкIыхь щIэзт. Къэпым илът хуэнщIейрэ тхьэкIумэкIыхь къэбыстэрэ.

Джэдур удзыпцIэм хэгъуалъхьэщ аби, лIауэ фэ зытригъауэри, пэплъэу щIидзащ тхьэкIумэкIыхь делэ – бзаджагъэрэ щIэпхъаджагъэу дунейм щызекIуэр зымыгъэунэхуа насыпыншэ гуэр – и къэпым къихьэным. – Абы илъ IэфIхэм зыгуэр къамышэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Куэдрэ зримыгъажьэу, къэсащ апхуэдэ насыпыншэри – ар щIалэ дыдэрэ жыIэзыфIэщу тхьэкIумэкIыхь делэжь цIыкIути, занщIэу и къэпым къипкIащ.

Джэдуми зимыIэжьэу къэпыщхьэр щхьэщепхыкIыжри, тхьэкIумэкIыхьыр пIэтIауэ-лъэкъуауэу ирехьэжьэ.

Абы и ужькIэ джэдур, и къуентхъым иригушхуэу, уардэунэм макIуэри, королым деж щIагъэхьэну мэлъаIуэ.

Йоуэри, щIашэ ар королым и пэшым.

Джэдум, пщIэшхуэ хэлъу, зи щIыхь иным щхьэщэ хуещIри, мэуэ жреIэ:

– Си тепщэ, – жи, – мы тхьэкIумэкIыхьыр маркиз де Къэрэбас (а цIэр иджыпсту къыхуигупсысауэ арат и зиусхьэным) и мэзым къыщаубыдащ. Си зиусхьэным унафэ къысхуищIащ мы тыгъэ мащIэр уи пащхьэм ислъхьэну.

– Уи зиусхьэным «тхьэм уигъэпсэу» тхужеIэж, – жи королми. – Куэду ди гуапэ зэрыхъуари гурыгъэIуэж.

Махуэ зытIущ докIри, джэдур губгъуэм макIуэри, гуэдзым зыхегъапщкIуэр аби, и къэпыщхьэ гуэрыр етIатэ.

МызэкIэ абы и хъым ныбгъуитI къохьэ. Джэдум къэпыщхьэр занщIэу епхэжри, тIури королым хуехь.

Королым ахэри и гуапэу Iех аби, джэдуми тыгъэ къыхуащIыну блыгущIэтхэм яжреIэ.

Апхуэдэу кIуащ мазитI-мазищ хуэдиз. Джэдум мызэ-мытIэу королым лэучыцI къыхуихьурэ къритащ, мыр зиусхьэн маркиз де Къэрэбас щакIуэм къыщиукIащ, жриIэурэ.

Ауэрэ зэгуэр джэдум къещIэ королыр каретэкIэ нэгузегъэужь псыIуфэм кIуэну зигъэхьэзыру. Абы и гъусэнут ипхъури – мы дунейм принцессэ нэхъ дахэ дыдэу тетыр.

– Чэнджэщэгъу сыпхуэхъу хъуну? – йоупщI джэдур и зиусхьэным. – Хъунумэ, насыпыр уи пащхьэ илъщи, уемылъэпауэ. Уэ пщIэн хуейр зы закъуэщ – сэ жыхуэсIэ псым зыгъэпскIакIуэ кIуэ. Адрейр сэ си Iуэхущ.

Маркиз де Къэрэбасым, зыри къыгурымыIуэ пэтми, джэдум къыжриIа псори, хьэуэ хэмылъу, егъэзащIэ.

Арати, абы зигъэпскIыу псым здыхэсым, королым и каретэр псы Iуфэм къыIуохьэ.

Джэдур цIытхъытхъыу мажэ абы дежкIэ, и тхьэ къызэрихькIэ кIийуэ:

– Уэхьэхьей, – жи, – псынщIэу мыдэ фыкъажэ, псынщIэу: маркиз де Къэрэбас псым ехь!

Королым а кIий макъыр щызэхихым, каретэбжэр къыIуех: апхуэдизрэ лэучыцI къыхуэзыхьа джэдур къыщицIыхужым, занщIэу и плъырхэр игъэкIуащ маркиз де Къэрэбас къыхахыжыну.

Маркиз тхьэмыщкIэр псым къыхахыжыху, мыдкIэ джэдум королым пцIы хуеупс: зиусхьэным зыщигъэпскIым, и щыгъыныр къанэ щымыIэу ядыгъуащ, жеIэри. (Ауэ, пэжыр жыпIэмэ, езы бзаджэжь цIыкIум и фIалъитIымкIэ мывэ щIагъым щIигъэпщкIуауэ арат).

Королым пIалъэ къыхимыгъэкIыу блыгущIэтхэм яжреIэ пащтыхь гардеробым нэхъ фащэфIу хэлъыр маркиз де Къэрэбас къыхуагъэсыну. Фащэр маркизым хуэхъуу икIи екIуу къьпцIэкIащ. Ар езыр и дахагъкIи, и къуданагъкIи дагъуэншэти, зыкъыщихуапэм, нэхъ бжьыфIэж хъуащ. Принцессэр абы щыIуплъэм, езым фIэфI дыдэм хуэдэу къилъытащ.

Маркиз де Къэрэбасри королым и пхъум Iэдэбу икIи гуапэу щыхуеплъэкIым, тIуми лъагъуныгъэшхуэ зэхуащIащ.

И адэми игу ирихьат маркиз щIалэр. Королыр абы гумащIэ къыхуэхъури, каретэми иригъэтIысхьащ, ди нэгузыужьым къыхыхьэ, жиIэри.

Джэдури гуфIащ, Iуэхур зэрыхуейм хуэдэу хъурти, икIи каретэм и пэм иувэри, нэжэгужэу щIэпхъуащ. Здэжэм, абы къелъагъу мэкъумэшыщIэ гуп мэкъу еуэу губгъуэм иту.

– Ей, тхьэм и нэфI зыщыхуэнхэ, – жи абы жэрыжэм тету, – мы губгъуэр маркиз де Къэрэбас ейуэ мо королым жевмыIэмэ, фэ псори, дэлэн дэлъхьэм хуэдэу, цIыкIу-цIыкIуу фаупщIэтэнущ! Зыщывмыгъэгъупщэ ар!

Абы хэту, пащтыхь каретэр къос, королым и щхьэр кърегъэжри, щIоупщIэ:

– Хэт и мэкъу мы пывупщIыр? – жи.

– Маркиз де Къэрэбас и мэкъущ! – зыжьэу къыжраIэ мэкъуауэхэм: ахэр джэдум и псалъэм Iейуэ игъэшынат.

– Iэу, маркиз, сыту щIапIэ гъуэзэджэ уиIэ! – егъэщIагъуэ королым.

– Пэжщ, зиусхьэн, мы губгъуэм гъэ къэс мэкъу дэгъуэ къыщокI, – жи маркизым Iэдэбу.

АпщIондэху джэдур жэм-лъэм, жэм-лъэурэ къелъагъу цIыху гуп гуэдз къахыу губгъуэм иту.

– Ей, тхьэм и нэфIыр зыщыхуэнхэ, – жеIэри, маджэ ар, – мы гъавэр маркиз де Къэрэбас ейуэ мо королым жевмыIэмэ, фэ псори, дэлэн дэлъхьэм хуэдэу, цIыкIу-цIыкIуу фаупщIэтэнущ.

Дакъикъэ нэхъ дэмыкIыу королыр къосри, мы гуэдз къахыр зейм щIоупщIэ.

– Маркиз де Къэрэбас и гъавэщ! – жаIэ гуэдзыххэм.

Королыр аргуэру маркизым и хэхъуэм щыгуфIыкIащ.

Джэдури мажэ, каретэм и пэ иту, зыхуэзэ псоми унафэ яхуещI жаIэн хуеймкIэ: «мыр маркиз де Къэрэбас и унэщ», «мыр маркиз де Къэрэбас и жыг хадэщ»...

Королым, хуэмыухыу, егъэщIагъуэ маркиз щIалэм и беягъэр.

Ауэрэ, икIэм-икIэжым, джэдур нос уардэунэ дэгъуэ гуэрым и куэбжэм. Мыбы щыпсэурт иныжь цIыхуш гуэр. Абы нэхъ иныжь бей мы дунейм теттэкъым. Пащтыхь каретэр къызрикIуа щIыр псори абы ейт.

Джэдум нэхъапэм зригъэщIат а иныжьыр зищIысри, абы и къарур зыхэлъри. Иджы куэбжэIутхэм йолъэIу, я зиусхьэным деж щIагъэхьэну. «Сэ сыблэкIыфынукъым, – жи, – абы хуэфэщэн пщIэ хуэзмыщIу».

ЦIыхушхым ар ирегъаблагъэ хабзэкIэ, цIыхушхым хэлъынкIэ хъуну хабзэкIэ, икIи тIэкIу зигъэпсэхуну къыжреIэ.

– Сэ зэхэсхащ, – жи джэдум, – уэ сыт хуэдэ хьэкIэкхъуэкIи зыпщIыфу. Псалъэм папщIэ, аслъэн е пыл зыпщIыф хуэдэу...

– ЗызощIыф! – къыжьэхолъэ абы иныжьыр. – Ар уи фIэщ хъун щхьэкIэ иджыпсту зысщIыни аслъэн. Къеплъыт!

Аслъэныр щилъагъум, джэдур щтэщ, псы къежэхыпIэ бжьамийм зридзри, напIэ Iэтыгъуэм дэжеящ унащхьэм – ар гугъут икIи шынагъуэт: шырыкъу зылъыгъ джэдум дежкIэ тыншытэкъым кхъуэщын джафэм къыщыпкIухьыныр.

Иныжьыр и сэфэтым ихьэжа нэужьщ джэдур унащхьэм къыщехыжар, икIи бысымым зыхуиумысыжащ щтэуэ лIэ зэрыпэтамкIэ.

– Абы нэмыщIкIи зэхэсхащ, – жи джэдум, – ауэ ар си фIэщ хъункIэ Iэмал иIэкъым – уэ нэхъ псэущхьэ цIыкIу дыдэхэм хуэди зыпщIыфу. Псалъэм щхьэкIэ, дзыгъуэ зыпщIыфу. Пэжыр бжесIэнщи, апхуэдэ къэхъункIэ хъуну си фIэщ схуэщIыркъым сэ.

– Iагъу! Си фIэщ схуэщIыркъым, жыпIа? – къэгъуэхъуащ иныжьыр. – Мыдэ къаплъэт-тIэ!

А напIэзыпIэм иныжьыр дзыгъуэ мэхъу. Дзыгъуэжь цIыкIум унэ лъэгум къыщижыхьу щIедзэ, арщхьэкIэ джэдуухъужьыр – джэдур сыт щыгъуи джэдукъэ! – кIэлъыщIопхъуэ аби, къеубыдри зыIуредзэ.

Мис а зэманым королыр абыкIэ блэжырти, гу лъетэ уардэунэ дэгъуэм, икIи абы щIыхьэну игу къокI.

Джэдум къызэхех лъэмыжым къытехьа каретэм и шэрхъиплIым къаIэта Iэуэлъауэр, къапожьэри, королым жреIэ:

– Неблагъэ, зи щIыхь ин, маркиз де Къэрэбас и уардэунэм! – ДынолъэIу!

– Iау, зиусхьэн маркиз! – егъэщIагъуэ королым. Мы уардэунэри ууей? Мы пщIантIэмрэ мыбы дэт псэуалъэхэмрэ нэхъ дахэ къыпхуэгупсысынкъым. Мыр пащтыхь унэ дыдэщ! НакIуэт, хъунумэ, и кIуэцIыр зыхуэдэми девгъэплъыт.

Маркизым и Iэр принцессэ дахэм хуешийри, королым и ужь иту ирешажьэ – ар хабзэкIэ япэ итыпхъэтэкъэ?!

Щыри зэгъусэу залышхуэ гуэрым щIохьэ – абы пщыхьэщхьэшхэм ирихьэлIэу Iэнэ гъуэзэджэ къыщаухуат. А махуэм цIыхушхым и ныбжьэгъухэр кърегъэблагъэрт, ауэ королыр щыхьэщIэу щызэхахым, къыщIыхьэну тегушхуакъым.

Маркиз де Къэрэбас Iэдэб дахэу хэлъымрэ къулеигъэу бгъэдэлъымрэ королыр апхуэдизкIэ дихьэхати, бжьитху-бжьих ирифа нэужь, абы зыхуегъазэри, мыр жреIэ:

– Зиусхьэн маркиз, уэращ иджы зэлъытар си малъхъэ ухъунрэ умыхъунрэ. Сэ сыарэзыщ.

Маркизыр егъэлеяуэ щыгуфIыкIащ а псалъэхэм. Абы королым фIыщIэ хуищIащ, пщIэшхуэ къызэрыхуищIам папщIэ, икIи, дауикI, арэзы хъуащ мы дунейм принцессэ нэхъ дахэ дыдэу тетыр къишэну.

А махуэ дыдэми хьэгъуэлIыгъуэр ящIащ.

Абы и ужькIэ, шырыкъу зылъыгъ джэдум и щхьэр лъагэу илъагъуж хъури, дзыгъуэ ещэн щигъэтыжащ – кIуэ, зэштегъэу хуэдэу, зэзэмызэххэ къиубыд мыхъумэ, шхынкIэ щымыгугъыу.

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ






*ЕкIуэкIыу:* **1.** ... Светланэ — Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сабий фондым и унафэщI. **3.** «Ленэ ...» — Къардэн Хьэсэнрэ Бахъуэ БетIалрэ зэдатха уэрэд цIэрыIуэ. **6.** ... зыIущIым къуэщIий егъуэт *(псалъэжь)*. **10.** Алэрыбгъум ещхьу, къамыл щабэ зэIуща. **11.** Жьыгъэм и нэщэнэщ, зымылъагъум и нэщ *(къуажэхь)*. **12.** ... илъыр фэм къеIуатэ *(псалъэжь)*. **13.** Бицу Анатолэ и усэ. **14.** ... — Къаныкъуэ Анфисэ — «Хьэтхэр» романыр зи IэдакъэщIэкI тхакIуэ. **15.** Бжыгъэ. **16.** ... Валентинэ — уэрэджыIакIуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ артисткэ. **18.** Адыгэ бзылъхугъэ усакIуэ. **21.** АдыгэбзэкIэ къыдэкI сабий журнал. **22.** Къуэр унэм и пкъопщи, ... унэм и щIэращIэщ *(псалъэжь)*.

**23.** Анэр ... гъэкIуэдщ *(псалъэжь)*. **26.** Адыгэ волейболисткэ, Олимпиадэм и чемпионкэ. **27.** ЦIыхубз ... хущанэ *(псалъэжь)*. 28. ЦIыхубз щыгъын. **29.** КIуащ БетIал и усэ. **31.** «Си гъуэлъыпIэм сыт щIауэ / Уэ уис ущхьэукъуэу, / Си анэ лIам и фэеплъ ... щхьэнтэ!» — Гъубжокъуэ Лиуан и усэ сатырхэм щыщщ. **33.** «... мин Iэджэ бгъэщIэну, Сэ абыкIэ сохъуахъуэ!» — ПащIэ Бэчмырзэ и усэ сатырхэм щыщщ. **34.** ЦIыхубзыцIэ. **35.** Сэхусэплъ лIэужьыгъуэ. **36.** ... Каринэ — дунейм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэ Эверест къэзыгъэIурыщIа адыгэ бзылъхугъэ. **37.** Нартхэм я гуащэ. **38.** ЦIыхубзхэм къыздрахьэкI хьэпшып цIыкIу.

*Къехыу:* **2.** Нартыху хьэжыгъэм къыхэщIыкIа пIастэ лIэужьыгъуэ. **4.** Анэ и ... пхъум и бзыпхъэщ *(псалъэжь)*. **5.** ... Майе — Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакIуэу щыта, профессор. **7.** «Сэ, уанэгу сыкъихуу, губгъуэм сыкъинами, / Сызыпылъ ... и гум сумыгъэху» — ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ КIыщокъуэ Алимрэ зэдатха уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **8.** Тхьэвым къыхэщIыкIауэ, дагъэкIэ гъэжьа адыгэ шхыныгъуэ. **9.** ... Лизэ — Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ. **17.** Тхьэмахуэ зэхуакум и етхуанэ махуэ. **19.** Адыгэ лъэпкъ шхыныгъуэ. **20.** Зи лIым къыбгъэдэкIыжа цIыхубз. **24.** Акъсырэ Залымхъан и пьесэ цIэрыIуэ. **25.** УэрэджыIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ. **29.** ЩоджэнцIыкIу Алий и усэ. **30.** «... и гъатхэ» — ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и повесть. **31.** ЗэрыпщафIэ хьэкъущыкъу (шыуан). **32.** ... щIыхьэху — пасэ зэманым хъыджэбзхэм ящIу щыта щIыхьэху лIэужьыгъуэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**

---

**Япэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **5.** Къэжэр. **6.** Дахэм. **9.** Щхьэгуэ. **11.** Къардэн. **12.** Хьэнфэн. **13.** Уащхъуэ. **16.** Сытхъу. **20.** Бжэн. **21.** АнэдэкIуэ. **22.** Псэр. **23.** Джанэ. **25.** Ущысыпэ. **27.** Iэжьэ. **28.** ФIыуэ. **30.** Фэдэн. **33.** Ерэхъурэ. **34.** Тэрмэш. **35.** Ацкъан. **37.** Шэшэн. **38.** Благъуэ.

*Къехыу:* **1.** «Хьэтхэр». **2.** Зэщщ. **3.** Балэ. **4.** Щэрмэт. **7.** Лъэпщ. **8.** «Лашын». **10.** КIэрэф. **14.** Ашэмыхъэ. **15.** ХъугъуэфIыгъуэ. **17.** ХъуаскIэ. **18.** Къарур. **19.** Шэджэм. **20.** БыныфI. **24.** Джэгурэ. **26.** Думэн. **29.** Ерстэм. **31.** Дакъэ. **32.** Дэбагъуэ. **35.** Азэт. **36.** Нало.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№2**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Истепанова Залина (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 03.04.19. Выход в свет 29.04.19
Формат 70x108 $^{1}/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,7.Уч-изд. л. 12,0. Тираж 1.930 экз. Заказ №75
Подписная цена на 2 месяца 33 р. 28 к.
Подписная цена на 6 месяцев 99 р. 84 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Калюжнэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 1, ООО «Печатный двор».